

(Haitian Creole)

LIV KÒD

KONDWIT POU ELÈV



Broward County Public Schools

2022-2023 rive 2023-2024

BAY FO ADRÈS KAPAB FÈ YO ARETE OU

AVI ENPÒTAN POU PARAN

SIJÈ: DOMISIL - ADRÈS-OU

Pitit-ou andwa ale lekòl nan zòn ou-menm kòm fanmi rete. Se responsablite manman oswa papa pou bay lekòl-la papye ki kòrèk epi egzakt kòm prèv kote ou-menm ak elèv-la rete. **Lekòl-la andwa verifye tout ransèyman ou ba-li.**

Si ou depoze fo papye nan bi pou fè yon fwòd

Konfòmman ak regleman School Board Policy 5.1, lè manman oswa papa depoze fo papye pou enskri yon elèv se va rezon pou fè **yo retire elèv-la touswit** epi refere elèv-la pou anwolman nan lekòl zòn kay-li, kote li rete.

Fo enfòmasyon

Lalwa Florid Florida Statute 837.06 espesifye klèman: “nenpòt moun ki konsyamman fè yon deklarasyon ki fo, bay manti nan yon papye avèk entansyon pou twonpe yon anlwaye nan fonksyon ofisyèl-li, **moun-sa-a koupab yon deli dezyèm degre, lalwa pini.**” Diplis, yon moun ki konsyamman fè yon deklarasyon ki pa vre lalwa kapab pini-li paske li fè fo sèman epi moun-sa-a **konmèt (koupab) yon krim yo rele fo sèman nan yon deklarasyon ekri, yon krim (feloni), twazyèm degre** dapre lwa Florid Statute 92.525. Yo va va notifye biwo pwosekitè, *State’s Attorney’s office*.

Se posib ou ka pèdi egzansyon taks pwopriyete (Homestead Exemption)

Lalwa Florida Statute 196.031 ekzije ou rete nan kay ki elijib pou egzansyon taks pwopriyete (Homestead Exemption).

Lwe yon pwopriyete ki gen egzansyon tax Homestead

Lalwa Florida Statute 196.061 deklare lwe tout oswa yon pati kay rezidans, reklame anvan pou egzansyon taks pwopriyete, vin fè pwopriyete a abandone dwa egzansyon taks pwopriyete sou kay-la. **Egzansyon taks pwopriyete ka pèdi.**

Tanpri revwa liv-sa-a avèk pitit-ou konsa fanmi-ou va konnen ki sa ki kòrèk e sa ki pa kòrèk nan lekòl-la, diran aktivite sou patwonaj lekòl-la ak diran transpòtasyon nan bis lekòl-la.

BAGAY ENPÒTAN POU OU FÈ

Yo ka rann *paran responsab aksyon pitit-yo, se poutètsa li enpòtan pou paran-yo konnen regleman ak konsekans/pinisyon ki prevwa lè pitit-yo pa konfòme-yo ak regleman-yo. Sepandan, fanmi gen dwa pran defans pitit-yo. Kifè, sistèm lekòl-la dwe gen prèv chak elèv, chak fanmi te gen opòtinite fè lekti Liv Kòd Kondwit-sa-a pou Elèv.

1. Siyen fòm Prèv elèv ak fanmi resevwa liv Kòd Kondwit pou Elèv (Acknowledgement Form) ki nan paj [xv](#) Liv Kòd Kondwit sa pou Elèv epi retoune fòm la nan 3 jou apre ou resevwa fòm la. Lè ou siyen sa pa vledi ou dakò oswa pa dakò avèk regleman yo, men savledi ou te revwa yon kopi liv la sou fòm elektwonik epitou ou konnen regleman yo. Nan paj [xiv](#) liv sa, gen yon kopi fòm Prèv elèv ak fanmi resevwa Liv Kòd Kondwit pou Elèv, kenbe fòm la pou dosye ou.
2. Chwazi opsyon ou nan fòm Otorizasyon piblikasyon nan laprès ak medya (Media Release) nan paj [xvi](#). Ou dwe chwazi yon opsyon nan Seksyon A ak yon lòt opsyon nan Seksyon B. Si ou pa chwazi yon opsyon nan okenn seksyon, nou va chwazi otomatikman opsyon ki otorize lekòl-la fè foto pitit-ou, videyotep pitit-ou, otorize laprès ak medya oswa Distri eskolè a (School District) entèvyouve pitit-ou pou bezwen edikasyonèl lekòl-la ak Distrik-la.
3. Fanmi elèv k'ap fè nenpòt klas (oswa elèv endepandan ki gen 18an oswa plis) kapab chwazi (anpeche) pou lekòl-la pa kominike sèten ajans deyò yon pati oswa tout ransèyman ki konsènen pitit-li e ki nan dosye enfòmasyon lekòl-la. Fanmi ka chwazi anpeche lekòl-la itilize sèten enfòmasyon andedan lekòl-la oswa andedan distri eskolè a (egzanp, enfòmasyon pibliye nan albòm pwomosyon ak pwogram eskolè).

Ou ka mande lekòl-la pa kominike sèten gwoup espesifik, ransèyman ki nan dosye enfòmasyon lekòl-la (directory information). Konplete fòm Notifikasyon chwa-ou ki nan paj [xvii](#) epi retounen fòm la nan lekòl la.
4. Pou elèv k'ap fè klas 11^{zyem} ak 12^{zyem} ane (grade) ki pa vle lekòl la pataje avèk Lame ak rekritè Lame ak/oswa enstitisyon apre lekòl segondè, ransèyman pèsonèl ki nan dosye enfòmasyon an, konplete fòm Notifikasyon chwa ou ki nan paj [xix](#) epi depoze/ soumèt fòm la nan lekòl.
5. Plan Disiplin Distri a (District's Discipline Matrix) fikse konsekans espesifik pou vyolasyon regleman ki nan Kòd Kondwit pou Elèv epi fè pati plan Disiplin lekòl-la. Na jwenn yon kopi Plan Disiplin-la nan Annèks A liv-sa-a. Pou plis ransèyman, sou Plan Disiplin-la, pale ak yon administratè lekòl-la.

**Nenpòt kote yo itilize mo "paran" li fè referans a manman oswa papa oswa touledè, oswa responsab/ gayden legal yon elèv, nenpòt moun ki gen relasyon paran ak yon elèv, oswa nenpòt moun ki gen otorite sipèvize elèv la nan plas fanmi-li.*

Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) moun andikape ki bezwen akomodasyon ka rele departman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158

Office of the Superintendent

Dr. Vickie L. Cartwright,

Superintendent of Schools

600 Southeast Third Avenue

Fort Lauderdale, Florida 33301

phone: 754-321-2600 • fax: 754-321-2701

Supt_Cartwright@browardschools.com

browardschools.com

**The School Board of
Broward County, Florida**

Laurie Rich Levinson, Chair
Patricia Good, Vice Chair

Lori Alhadeff
Daniel P. Foganholi
Debra Hixon
Donna P. Korn
Sarah Leonardi
Ann Murray
Nora Rupert

Dr. Vickie L. Cartwright
Superintendent of Schools

Byenveni nan Nouvo Ane Eskolè a!

Pou tout Elèv ak Paran-yo:

Kòm Sipèrentandan, se avèk anpil devouman m'ap kolabore avèk estaf, fanmi, epi kominote a pou satisfè bezwen edikatif chak elèv nan yon anviwonman ki favorize aprann, epi ki ofri sekirite.

Liv Kòd Kondwit pou Elèv Regleman 5.8 (Code of Student Conduct, Policy 5.8), ap ba-ou enfòmasyon espesifik konsènan regleman tout elèv-yo dwe respekte, ak konsekans vyolasyon direktiv ak regleman ki esplike nan dokiman sa. Direktiv ak regleman Liv Kòd Kondwit pou Elèv adrese sa yo atann de elèv-yo, regleman an trete kesyon nòm kondwit pou elèv tankou elèv yo dwe prezan lekòl, vin lekòl regilyèman, respè pou moun ak pwopriyete, abiman kòrèk, izaj teknoloji, piblikasyon elèv, aktivite elèv, dosye elèv ak dwa pou fè apèl desizyon, epitou dwa pou pote plent. Tanpri revwa enfòmasyon ki nan liv Kòd Kondwit pou Elèv avèk anpil atansyon epi pale ak pitit ou sou konsekans vyolasyon regleman-yo.

Nou va distribye liv Kòd Kondwit pou Elèv, Policy 5.8 atravè yon mwayen elektwonik. Yo blije elèv ak paran siyen yon deklarasyon ki endike yo gen aksè, sou entènèt, nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, yo okouran esplikasyon regleman liv la bay, sou regleman ak direktiv, epitou yo chwazi opsyon, yo vle, konsènan otorizasyon piblikasyon nan medya ak jan lekòl dwe kominike ransèyman pa-yo ki nan dosye lekòl-la (directory information).

Chak ane, li enpòtan pou ou revwa regleman ki nan liv Kòd Kondwit pou Elèv, Policy 5.8, paske li gen ladann tout chanjman ki te fèt nan vèsyon anvan-yo. Ou kapab jwenn lis chanjman enpòtan nan paj ix. Ou kapab gade Liv Kòd Kondwit pou Elèv anba seksyon School Board Policies sou sitweb Distri a (www.browardschools.com). Ou kapab gade videyo Liv Kòd Kondwit pou Elèv sou chenn televizyon BECON ak sou sitweb distri a. Chak lekòl va bay fanmi ak elèv-yo orè pwogramasyon.

Mwen swete ou fè yon esperyans anrichisan, enteresan epi pase yon ane eskolè an sekirite, kòm nou-menm, bò pa-nou, n'ap fè tout efò posib pou kontinye prepare epi fè edikasyon elèv jodi pou lemond demen.

Sensèman,



Dr. Vickie L. Cartwright
Superintendent

Si ou wè yon bagay, di yon bagay

Nan ka emèjensi/ijans, rele 911 touswit. Pou soumèt yon pwoblèm sekirite oswa ensidan, ou ka fè sa konfidansyèlman epi rete anonim. Ede idantifye epi entèvni bòkote moun ki se yon danje ANVAN yo fè tèt yo oswa lezòt ditò, lè ou rapòte mennas ki pa ijan, konpòtman arasman, aktivite ki pa legal (vandalis, vòl, vant dwòg), ak enfòmasyon ou konnen sou krim ki planifye alavans.



FortifyFL

Vizite sit www.getfortifyfl.com epi soumèt yon enfòmasyon sou entènèt oswa telechaje epi itilize aplikasyon an. Enfòmasyon an pral jwenn touswit fòsdelòd ak lekòl Broward. Enfòmasyon ap rete konfidansyèl epi anonim.



Lekòl Broward Enfòmasyon sou entènèt

Vizite sit www.browardschools.com/SecurityTips pou soumèt sou sit entènèt yon enfòmasyon anonim epi konfidansyèl.



Lekòl Broward Liy telefòn 24/7 pou alètte fòsdelòd


Konpoze nimewo 754-321-3500 pou soumèt enfòmasyon konfidansyèl san ou pa bay non ou. Liy telefòn dirèk disponib 24trè nan yon jou, 7 jou nan yon semenn.



Lekòl Broward Imèl Enfòmasyon

Soumèt enfòmasyon konfidansyèl lè ou imèl SecurityTips@browardschools.com.





Bezwen Èd?

2-1-1 ofri sèvis-sa-yo:

- Enfòmasyon sou diferan sèvis nou ofri
- Rekòmandasyon ak referal
- Entèprèt disponnib nan nenpòt lang, 24è nan yon jouen
- Sèvis gratis, konfidansyèl epi anonim
- Yon konseye antrene, diplome reponn chak apèl (kòl)
- Slpò emosyonèl
- Entèvansyon nan ka kriz ak sisid (nan ka yon moun ta anvi tiye tèt-li)

Konpoze nimewo 2-1-1 pou jwenn èd avèk:

- Nouriti/abri (shèltè)
- Chèche yon anplwa, djòb
- Swen sante
- Gadri pou timoun, siveye timoun
- Abi dwòg ak sibstans
- Bezwen espesyal
- Pwoblèm adolesan (tinedjè)
- Vyolans domestik
- Lè ou fè depresyon
- Pwoblèm dezaz natirèl lakòz

*2-1-1: Premye kote ou kapab
rele pou jwenn èd!*



2-1-1 Sèvis espesyalize avèk asistans telefonik

Si ou pa gen lojman rele liy telefòn dirèk pou w jwenn èd 954-563-HELP (4357)

Pòt louvri pou jwenn aksè nan tout sèvis pou moun san lojman nan Broward County.

Koneksyon pou bezwen espesyal

2-1-1 oswa 954-537-0211

Asiste fanmi, pèsonel swayan, ak pwofesyonèl ki okipe timoun andikape
www.211specialneeds.org

TeenSpace 211

2-1-1 oswa 954-567-TEEN (8336)

Sèvis asistans telefonik pou jènjan ak jènfi. Se yon liy telefòn sekirize, nou pap janm divilge non-ou. Pale dirèkteman ak yon konseye kap ba-ou asistans ak èd nesese. Konpoze nimewo 954-390-0490 pou jwenn odyotep. Sit entèaktif pou nou kominike avèk ou: www.teenspace211.org

Sèvis enfòmasyon sou sante konpòtman- Behavioral Health INFOLine 954-396-INFO (4636)

Rele pou w jwenn sèvis swen sante mantal oswa sèvis pou abi dwòg ak sibstans. Se timoun, jènjan ak jènfi ki kapab benefisye de sèvis-la.

Touchline for Seniors

954-390-0485

Konseye nan sèvis-la rele toulejou moun ki gen 60 ane oswa plis, ki viv poukont yo. Se yon sèvis gratis ki asiste granmoun, ba-yo reyasirans epi tcheke-yo.

TTY

954-390-0942

www.211-broward.org

Dial 2-1-1 or (954) 537-0211

TRAFIK IMEN

Potokòl Sekirite nan Lekòl

Kisa Trafik Imen ye?



Trafik imen/trafik moun, anba lwa gouvènman federal ak lwa Florid, se transpòte, mande, rekrite, ebèje, livre, oswa jwenn moun pa-mwayen lafòs, fwòd, oswa kontrent nan bi fòse moun travay kont volonte yo ak/oswa eksplwate moun nan komès seksyèl. Moun ki viktim trafik moun se gason, fanm, jenn gason, jennfi, ak moun transseksyèl. Trafik imen timoun aplike nan ka moun ki anba laj 18 an, lalwa rele trafik la trafik imen timoun kit fòs, fwòd ak/oswa kontrent te itilize.

Siy posib ki endike trafik moun:

- Elèv la gen anpil absans lekòl, absans ki pa jistifye, san okenn espikasyon.
- Toudenkou chanjman nan vètman, kondwit, oswa relasyon.
- Toudenkou elèv la gen plis byen ak afè pèsonèl oswa gen plis vètman ki chè anpil.
- Elèv la sove kite kay li souvan.
- Elèv la sanble li kapon, anksye, deprime, reziye, sou tansyon, nève, oswa paranoyd.
- Kite lòt moun pale nan non li, spesyalman ak otorite, administratè ki responsab nan lekòl la.
- Elèv la dekri yon granmoun kòm yon zanmi oswa mennaj li.
- Siy abi fizik ak/oswa seksyèl, kontrent fizik, oswa lòt doule grav, oswa soufrans.
- Nouvo etanp ak/oswa tatou.
- Li sanble yo pa bay elèv-la manje, dlo, li pa dòmi byen, li pa resevwa swen medikal, oswa pa gen pwodi premyè nesesis.
- Elèv la pa ka montre papye/dokiman idantifikasyon li (egzanp, papye idantifikasyon leta, lisans chofè, oswa paspò).

Kisa mwen dwe fè si mwen wè siy-yo oswa mwen sispèk yon timoun viktim?

Si ou se yon elèv BCPS:

- Pale ak yon granmoun ou fè konfyans nan lekòl la.
- Pale ak moun ki idantifye sou afich Child Trafficking Free Zone (Trafik timoun zòn lib).
- Fè yon rapò konfidansyèl oswa anonim lè ou swa:
 - Kontakte FortifyFL sou entènèt sit www.getfortifyfl.com oswa telechaje aplikasyon an.
 - Rele Sant Operasyon Sekirite Distri a (DSOC) nan nimewo 754-321-3500, Sant la fonksyone 24trè chak jou, 7 jou nan yon semèn.
 - Soumèt yon enfòmasyon nan adrès elektwonik SecurityTips@BrowardSchools.com.

Si ou se yon anplwaye BCPS:

- Asire sekirite ak byennèt elèv la.
- Kontakte youn nan sèvis asistans Florida Child Abuse Hotline (Liy telefonik Abi Timoun Florid):
 - Rele Liy telefòn gratis ki ofri asistans 1-800-962-2873.
 - Rapòte enfòmasyon sou sit <https://reportabuse.dcf.state.fl.us/Child/ChildForm.aspx>.
- Kontakte liy telefòn nasyonal pou National Human Trafficking Hotline, nimewo 1-888-373-7888.
- Notifye administratè lekòl la.

Si ou se yon Paran/Moun ki okipe timoun nan BCPS:

- Kontakte youn nan sèvis asistans Florida Child Abuse Hotline (Liy telefonik Abi Timoun Florid):
 - Rele Liy telefòn gratis ki ofri asistans 1-800-962-2873.
 - Rapòte enfòmasyon sou sit <https://reportabuse.dcf.state.fl.us/Child/ChildForm.aspx>.
- Kontakte liy telefòn nasyonal National Human Trafficking Hotline, nimewo 1-888-373-7888.
- Notifye administratè lekòl la ak/oswa Ofisye polis resous nan lekòl-la (School Resource Officer) pou sipò adisyonnèl.

Kisa mwen dwe fè si mwen sispèk gen trafik moun nan kominote a?

- Nenpòt kilè pinga eseye konfwonte dirèk trafikè ou sispèk k'ap fè trafik moun oubyen pa eseye fè yon viktim trafik imen konnen ou gen anpil soupson.
- Rele 911 nan sityasyon ijans/emèjens – mennas vyolans, agresyon fizik, ak/oswa bezwen medikal nan ka ijans.

Resous ak Trening Disponib

- Depatman Edikasyon Florid/Trafik Imen sou sit <https://www.fldoe.org/schools/healthy-schools/human-trafficking.stml>.
- Depatman Divèsite & Klima Pozitif nan Lekòl sou sit <https://www.browardschools.com/Page/32906>.



School Resource Locator

Èske ou eseye itilize resous Lokalize Resous Lekòl (SRL)?

SRL ede ou idantifye epi jwenn enfòmasyon sou sèvis nan kominote a ak pèsonèl ki disponib NAN chak lekòl atravè Distri a.

Ou ka fè yon rechèch sou sit entènèt la seleksyone swa wòl estaf, pri sèvis, kalite sèvis, oswa non ajans. Ou ka menm jwenn sèvis espesyal, èd pou elèv, ki disponib nan lekòl OU.



Vizite www.BrowardSchools.com/SRL pou fè rechèch enfò SRL



Kesyon?

Kontakte Broward County Public Schools
Diversity & School Climate Department, 754-321-1655

THE HOPE SCHOLARSHIP PROGRAM

KISA PWOGRAM BOUS HOPE SCHOLARSHIP PROGRAM YE?

- Hope Scholarship Program se yon pwogram chwa lekòl Eta Florid ofri.
- Lejislati Florid kreye pwogram Bous sa pou bay paran/gadyen legal, elèv lekòl piblik (K-12), ki kwè yo te viktim youn nan katòz ensidan elijib, opòtinite:
 1. Mande yon transfè pou pitit gason/pitit fi li nan yon lòt lekòl piblik Broward County Public School (BCPS), ki gen kapasite asepte nouvo elèv (transpòtasyon pap disponib pou elèv la),
 2. Aplike pou yon bous avèk òganizasyon ki pa pou pwofi, Scholarship Funding Organization (SFO), Step Up for Students, pou anwole elèv la epi elèv la ap frekante yon lekòl prive ki elijib (premye moun ki vin se li ki jwenn sèvis, sa depann tou si gen ase fon), oubyen
 3. Aplike pou yon bous, SFO Step Up for Students, pou yon montan \$750; montan sa va peye depans transpòtasyon elèv la nan yon lekòl piblik andeyò BCPS.

KILÈS KI ELIJIB POU BOUS HOPE SCHOLARSHIP PROGRAM?

- Nenpòt elèv BCPS ki kwè li te viktim youn nan 14 ensidan elijib e ki liste anba a, ensidan ki pase nan yon lekòl piblik K-12, nan menm ane eskolè, pandan pwogram oswa aktivite anrapò ak lekòl la oswa sou patwonaj lekòl la, pandan elèv la nan bis lekòl la, oswa pandan lap tann nan estasyon bis.
- Fè rapò ensidan elijib nan menm ane eskolè a ensidan an rive.

Ensidan ki elijib selon Rule 6A-1.0017 SESIR*

- | | |
|-----------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 1. Bat/Maspine | 8. Vòl |
| 2. Zak Bullying | 9. Atak seksyèl |
| 3. Goumen | 10. Agresyon seksyèl |
| 4. Arasman | 11. Arasman seksyèl |
| 5. Hazing-inisye nouvo elèv | 12. Enkondwit seksyèl/Ofans seksyèl-Lòt ofans seksyèl |
| 6. Kidnapin | 13. Mennas/Entimidasyon |
| 7. Atak fizik (sou kò) | 14. Lòt ensidan: Akizasyon oswa demann anrapò ak, oswa alaswit potokòl sanitè COVID-19 distri eskolè a, ikonpri egzijans mete mask/kachnen |

KOUMAN POU MWEN APLIKE POU HOPE?

- Pou konmanse pwosedi aplikasyon Hope Scholarship, yon paran dwe kontakte lekòl elèv la epi rapòte bay Direktè lekòl la, Hope ensidan elijib ki pase sipozeman. Direktè lekòl la va founi dokiman ki nesèsè.
- Paran ki chwazi aplike pou bous Hope dwe fè sa nan 15 jou epi dwe notifye lekòl zòn kay li, si li chwazi retire pitit li nan lekòl la ak/oswa ale pito nan yon lekòl prive.

KONBEN TAN SA PRAN POU RESEVWA YON BOUS?

- Yon fwa paran an fin ranpli aplikasyon an epi retounen fòm la nan ofis Office of School Choice, Office of School Choice va verifye aplikasyon nan 2 jou (swa 48è) apre li resevwa aplikasyon an.
- Lè wap aplike pou finansman bous prive, òganizasyon SFO responsab detèmine elijibilite ak distribisyon finansman. Kontakte SFO pou plis enfòmasyon.

KI KOTE MWEN KA JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU BOUS HOPE?

- Vizite pajweb, Hope FAQ, kesyon moun poze souvan, sou sit Depatman Edikasyon ak sit web SFO.
- Paj entènèt BCPS School of Choice Hope: <https://www.browardschools.com/Page/56756>
- Lwa Section 1002.40, F.S. oswa Direktiv, Rule 6A.6-0951, F.A.C.



Lekòl Broward ak Bibliyotèk Broward County Kanpay kominikasyon pou enfòmè piblik-la de kat bibliyotèk

Pou chache epi dekouvri tout kalite enfòmasyon ak resous edikasyonèl, ou bezwen yon kat bibliyotèk Konte Broward (*Broward County Library - BCL*)! Avèk kat-la, ou kapab:

- Gen aksè nan plis pase twa milyon liv, videyo, CDs, DVDs, CD ROMs ak liv odyo!
- Resevwa sou sit Entènèt nou éd gratis pou prepare elèv pase tès baze sou nòm Leta Florid ekzije, tès tankou SAT/ACT/GED, Angle/*Language Arts*, Laboratwa lang etranje Lab Ekriti, Matematik (aljèb, kalkilis ak lòt sijè matematik), Syans ak Syans Sosyal aksesib tou.

Li trè fasil pou w gen yon kat BCL! Si ou se yon rezidan Broward County, ou ka **APLIKE ANLIY** sou sit www.broward.org/library (*Klike sou Get a Library Card*), oswa ale nan nenpòt BCL bibliyotèk. Si ou pa yon rezidan Broward, oswa ou bezwen re-enskri pou fè yon kat bibliyotèk, tanpri vizite youn nan bibliyotèk BCL pou asistans.

Pyès didantite ki ekzijib

Lé w ap aplike pou yon kat bibliyotèk (Library Card) nan yon bibliyotèk, oubyen apre ou fin aplike pou youn sou sit Entènèt-la epi ou vle pou lapremye fwa prete liv ak materyèl, ale dirèkteman nan biwo *Circulation Services Desk* bibliyotèk-la kote ou va prezante yon pyès idantite valid. Yon pyès idantite valid se kapab youn:

- Lisans chofè Leta Florid (*State of Florida Driver's License*)
- Kat idantite ak foto ou Leta Florid ba-ou (*State of Florida Photo ID Card*)

Si ou pa gen okenn nan fòm idantifikasyon sa-yo, ou va prezante YON dokiman nan Seksyon A ak yon lòt dokiman nan Seksyon B.

Seksyon A:


Foto idantite, tankou:

- Lisans chofè andeyò Leta Florid oswa lisans entènasyonnal (si kounyea ou se rezidan nan Broward County)
- Kat rezidan oswa kat kondò • Paspò • Kat kredi -*credit card* (ak foto ou sou kat la)
- Kat idantifikasyon (ID) elèv-la • Kat Broward County Transit pou bis • Kat idantite travay ou (ak foto w sou kat-la) • Kat klib magazen ki vann an gwo (Wholesale club card)
- Kat rezidans (Resident alien card) • Kat idantifikasyon Lame (U.S. Uniformed Services Identification Card)

Seksyon B:

Verifikasyon adrès, tankou:

- Kat idantite Voté/kat rejistrasyon voté
- Rejistrasyon machin • Bil sévis itilite piblik pou dlo, kouran • chèk enprime ak non e adrès ou
- Etadkont labank • Kontra lwaye *Standard lease agreement* (pa bay resi lwaye)
- Papyè kay-ou vledi dokiman ipotèk (mògej)



Tab Matyè yo

FÒM	Fòm Prèv elèv ak Paran resevwa Liv Kòd Kondwit pou Elèv - Acknowledgement Form.....	xv
	Fòm Otorizasyon piblikasyon nan laprès - Media Release Form	xvi
	Fòm FERPA Notifikasyon chwa ou (Tout klas) - FERPA Opt Out Notification Form	xvii
	ESSA Fòm Notifikasyon chwa ou (11 ^{zyèm} ak 12 ^{zyèm} ane).....	xix
	Fòm pou mande Egzansyon pou klas lavi/sekswalite imen (Tout klas)	xxi
	Fòm Otorizasyon pou bay yon elèv medikaman (Tout klas)	xxv
	Fòm Otorizasyon espesifik pou medikaman ki achte sou kontwa (OTC) avèk konsantman paran (Klas 9-12).....	xxvii
	Fòm Otorizasyon pou pwodi topikal ki achte sou kontwa (OTC) avèk konsantman paran (Tout klas).....	xxix
	Fòm Otorizasyon pou tretman maladi respiratwa	xxxi
	Fòm otorizasyon pou tretman gastroenstetinal/jenito-irinè (Tout klas)	xxxiii
	Fòm Kosantman paran/gadyen legal pou sèvis sante (Tout klas).....	xxxv
	Fòmilè Konsantman elèv pou tès Covid-19 ki se yon opsyon (Tout klas)	xxxvii
	Fòm Florida Heiken Children's Vision Program	xl
	Sondaj pou paran konsènan elèv ki pral lekòl sou bisiklèt oswa apye (Tout klas)	xli
	Kesyonè sou Lojman Elèv (SHQ) (Tout Klas).....	xli
	Fòm notifikasyon chwa ou Aprantisaj sosyal e emosyonèl (SEL) (Tout klas).....	xliii
	Fòm Prèv elèv ak Paran resevwa Liv Kòd Kondwit pou Elèv (Kopi pou Paran).....	li
Regleman	Prensip k'ap Gide nou ak Dwa Paran	1
	Entwodiksyon	7
	Seksyon I: Prezans ak absans lekòl (Attendance)	7
	Seksyon II: Respè pou Moun ak Pwopriyete	13
	Kondwit aseptab	14
	Kondwit ki pa aseptab ki lakòz aksyon disiplinè	15
	Konpòtman ak kondwit nan bis lekòl	19
	Diskriminasyon ak/oswa Arasman.....	21
	Seksyon III: Kòd abiman	23
	Seksyon IV: Itilizasyon teknoloji	27
	Itilizasyon medya sosyo ak Direktiv	30
	Seksyon V: Aktivite ak asanble elèv	33
	Seksyon VI: Dwa lib pou pale ak distribisyon materyèl	37
	Seksyon VII: Piblikasyon lekòl la andòse	41
	Seksyon VIII: Konfidansyalite dosye elèv	43
	Kolekte, Itilize epi kominike/divilge nimewo kat sosyal elèv	44
	Lwa sou dwa edikasyon fanmi ak lavi prive - Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA).....	45
	Notifikasyon amannman dwa sou pwoteksyon dwa elèv (PPRA)	48
	Privacy Practices Related to Students and Family Medical/Mental Health Records (HIPAA).....	50
	Seksyon IX: Entèvansyon ak konsekans	53
	Entèvansyon posib ak/oswa konsekans pou move kondwit/konpòtman.....	54
	Konsekans pou move kondwit ki lakòz sispansyon ak/oswa espilsyon ou.....	55
	Prevni residivis avèk opòtinite, mentoring, entèvansyon, sipò epi Edikasyon (PROMISE).....	57
	Medikaman: Itilize, Posede, Vant ak/oswa Fè pase medikaman ka lakòz sispansyon ak espilsyon posib....	58
	Ofans pou dwòg ak abi sibstans ki lakòz sispansyon ak espilsyon posib	59
	Lòt ofans (nan ka ki pa dwòg ak abi sibstans ki pa toksik) ki ka lakòz sispansyon ak espilsyon posib	
	Ofans ki lakòz espilsyon obligatwa	71

Espilsyon/Espilsyon tanporè.....	75
Pwogram Workback	75
Espilsyon andeyò distri	76
Definisyon zam	77
Lòt definisyon nan Regleman sa (Policy)	78
Seksyon X: Dwa pou fè apèl/Rekonsidere desizyon administrativ ak Pwosedi pou pote plent	83
Anèks A: Plan Disiplin -Discipline Matrices.....	87
Ane K-2 -Grades K-2.....	91
Ane 3-5 -Grades 3-5.....	101
Ane 6-8 -Grades 6-8.....	111
Ane 9-12- Grades 9-12.....	121

Haitian-Creole Liv Kòd Kondwit pou Elèv
 Spanish El Código de Conducta de Estudiantes
 Portuguese O Código de Conduta do Estudante



Rezime Chanjman

Tèks Siprime, Revizyon ak Klarifikasyon Langaj anrapò ak:

- Entwodiksyon & Prensip k'ap Gide nou
- Entwodiksyon & Prensip k'ap Gide nou – Seksyon C
- Seksyon III – Kòd Abiman
- Seksyon IX – Zewo Tolerans
- Seksyon IX – Prevni Residivis avèk Opòtinite, Mentoring, Entèvansyon, Sipò & Edikasyon
- Seksyon IX - Medikaman: Izaj, Posesyon, Vant, ak/oswa Fè Pase ka Lakòz Sispansyon ak Espilsyon Posib
- Seksyon IX – Konsekans Move Konpòtman Grav ka lakòz Sispansyon ak/oswa Espilsyon
- Seksyon IX – Ofans Dwòg ak Abi Sibstans ka lakòz Sispansyon ak/oswa Espilsyon Posib
- Seksyon IX – Izaj, Posesyon, Vant, ak/oswa Fè Pase Tabak, Pwodi Tabak, Nikotin, Sigarèt elektwonnik, (E-Cigarettes), Aparèy pou rale lafimen, ak/oswa pwodi vapotaj oswa similè
- Seksyon IX – Itilize ak/oswa Posede Fèy Mariwana (mwenske 20 gram), Alkòl, ak/oswa lòt Sibstans ki chanje Imè/Karakètè
- Seksyon IX – Anba enfluyans Fèy Mariwana, Alkòl, ak/oswa lòt Sibstans ki chanje Imè/Karakètè
- Seksyon IX – Itilize, Posede, Vann, Eseye Vann, Fè Pase Akseswa pou Dwòg
- Seksyon IX – Itilize, Posede Sibstans ki pa Otorize, Entèdi
- Seksyon IX - Anba enfluyans Sibstans ki pa Otorize, Entèdi
- Seksyon IX – Pwosedi Vann, Eseye Vann, ak/oswa Fè Pase Alkòl, oswa Bweson Alkòl, oswa lòt sibstans ki ofri oswa ki sanble alkòl oswa bweson ki gen alkòl ladann
- Seksyon IX - Pwosedi pou Posesyon avèk entansyon Vann, Eseye Vann, ak/oswa Fè Pase Fèy Mariwana (Mwenske 20g). Vant, Eseye Vann, ak/oswa Fè Pase Dwòg oswa Sibstans sikoaktif, ki Chanje Imè, Sibstans ki pa Otorize, oswa Lòt Sibstans ki Ofri oswa ki sanble Dwòg oswa Lòt Sibstans ki chanje Imè
- Seksyon IX – Lòt Ofans (Nan ka ki pa Enplike Dwòg ak Abi Sibstans ki pa Toksik) ki ka Lakòz Sispansyon ak Espilsyon Posib
- Seksyon IX – Ofans ki Lakòz Espilsyon Obligatwa
- Seksyon IX – Espilsyon Obligatwa
- Seksyon IX - Zam - Kategori B - Class B (Posede, Montre, Itilize, Vann, Fè Pase) zam. Gen restriksyon sou zam sou teren lekòl/pwopriyete, aktivite ak transpòtasyon lekòl la apwouve.
- Seksyon IX – Lòt Definasyon nan Dirketiv ak Regleman sa
- Seksyon X – Dwa pou Fè Apèl/Rekonsidere Desizyon Administratif ak Pwosedi pou Pote Plent
- Anèks – Plan Disiplin - Discipline Matrices

Langaj Adisyonèl:

- Prensip k'ap Gide nou ak Dwa Paran
- Seksyon II – Pwogram Hope Scholarship Program
- Seksyon VI - Moman Silans
- Seksyon IX – Tolerans Zewo
- Seksyon IX - Konsekans Kondwit Grav ki ka lakòz Sispansyon ak/oswa Espilsyon
- Seksyon IX – Ofans Dwòg ak Abi Sibstans ki ka lakòz Sispansyon Ak Espilsyon Posib
- Seksyon IX – Ofans ki lakòz Espilsyon Obligatwa
- Seksyon IX - Pwogram Workback Program Ofri Opòtinite
- Seksyon IX - Lòt Definasyon nan Dirketiv ak Regleman sa

Nou kite paj sa vid espre.



Edi Aj

Fòm

Nou kite paj sa vid espre.



Nan liv sa, yo pibliye regleman Distri-a nan Policy 5.8, Code of Student Conduct pou elèv nan lekòl piblik Broward County. Regleman- yo aplikab pou tout aktivite k'ap fèt sou teren yon lekòl oswa nan tout lòt kote lekòl-la chwazi pou òganize aktivite; regleman- yo aplikab nan tout machin ki otorize transpòte elèv. Lè ou siyen anba a sa pa vledi ou dakò oswa ou pa dakò avèk regleman- yo, **men savledi ou revwa regleman- yo nan yon fòm elektwonik ki se yon kopi** (<http://www.browardschools.com/codeofconduct>). Retounen fòm- sa- a nan lekòl- la nan 3 jou apre premye jou lekòl louvri oswa retounen fòm- nan, nan twa jou apati dat anwolman elèv- la. Si ou pito ranpli tout fòm ki egzijib, sou fòm elektwonik, ale sou sit (<https://www.browardschools.com/bts-onlineforms>) pou jwenn aksè nan fòm- yo ak gid rantrè klas (Back to School Toolkit).

Manman/Papa dwe patisipe nan edikasyon pitit- yo epi gen responsablite:

- Konnen pou sekirite nan lekòl- la, lekòl- yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit anvan lè ofisyèl lekòl- la kòmanse, ni lekòl- yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit apre lè ofisyèl lekòl- la fèmen (FS 1003.31(2)).
- Konnen pou sekirite lekòl- la, epi konsènan elèv ki pran bis lekòl- la, chofè bis- la PA gen dwa rete sou wout pou kite elèv desann bis- la sòf nan estòp ki prevwa pou elèv- yo desann.
- Bay lekòl la, chak ane, non ak/oswa nimewo telefòn kounyea moun lekòl- la kapab kontakte nan ka ijans (emèjensi) epi fè lekòl- la konnen lè gen chanjman nan ransèyman- an.
- Avèti lekòl- la sou tout sa ki kapab afekte kapasite pitit- yo pou yo aprann, vini lekòl regilyèman, oswa patisipe nan aktivite eskolè.
- Konnen yo dwe bay pitit- yo medikaman annakò ak regleman SB Policy 6305 ak 6305.1, respekte dispozisyon amannman ki pase, konnen konsekans fè pase ak oswa vann oswa eseye vann medikaman achte sou kontwa, genyen ak/oswa itilize medikaman ki pa otorize se regleman ki esplike nan Regleman SB Policy 5006. Regleman SB Policy 6305 esplike regleman konsènan medikaman achte sou kontwa ak medikaman doktè preskri epi SB Policy 5006 esplike konsekans vyolasyon regleman- sa- yo. Ou kapab gade okonplè regleman sou keksyon sante, sispansyon ak/oswa espilasyon epi tout regleman School Board sou sit <https://www.browardschools.com/Page/37754>
- Andwa konnen si lekòl pitit- ou kenbe dosye elèv- yo konfidansyèl epi prive jan sa defini nan seksyon VIII liv- sa- a.
- Konnen ni School Board of Broward County ni anplwaye- li pap responsab pou bagay ki entèdi epi pèdi, yo vòlè oswa konfiske; epitou pou aparèy telekomunikasyon san fil (wireless communication devices) oswa lòt aparèy teknolojik pèsonnèl ki pèdi, vòlè, oswa konfiske.
- Konnen bagay lekòl- la sezi epi yo pa reklame nan fen ane eskolè- a, yap bay- yo nan òganizasyon charitab zòn- lan.
- Konnen yo responsab pou kondwit pitit- yo aleritou ant lekòl- la ak lakay- yo epi nan estòp bis- la. Yon anviwonman aprantisay ki ofri sekirite e ki favorize aprann se kle pou siksès akademik; kifè, tout aksyon yon elèv fè andeyò kanpis lekòl- la kapab afekte seryèzman abilite yon lòt elèv pou li aprann lekòl oswa kapab afekte abilite yon manm pèsonnèl lekòl- la pou li anseye, aksyon- an ap trete kòm yon enfraksyon disiplinè. Pou ensidan grav ki pase nan estòp bis ak/oswa ki pa pase sou pwopriyete School Board, fanmi dwe pran kontak ak lapolis dirèkteman. Pou ensidan ki konsènen zak bully tankou nwi, entimide, agrese, britalize elatriye (gade definisyon bullying, Section II), yo ta dwe notifiye administratè lekòl- la ki va mennen yon envestigasyon ak/oswa founi asistans ak entèvansyon si direktè lekòl- la/anplwaye ki deziye, jije sa nesèsè. Youn nan entèvansyon yo kapab fè, se rele ofisye polis lekòl- la (School Resource Officer).
- Asire pitit- yo sèvi ak teknoloji tankou rezo konpitè, zouti dijital, Entènèt, lojisyèl (sofwè), yon fason legal, moral epi responsab, jan sa defini nan Seksyon IV liv Kòd kondwit- sa- a.
- Fanmi va kontinye asime responsablite- yo vizavi elèv ki rive laj majorite (dizwitan -18 ane oswa plis) pou tout bi edikatif ak bi disiplin, esepite nan kèk sikonstans lalwa prevwa.

Pran Nòt: Seleksyon Paran fè sou chak fòm ap rete valab jis lè li soumèt/depoze yon nouvo fòm.

Non elèv- la (EKRI AN LET DETACHE)

Siyati Elèv

Non Paran/Gadyen (EKRI AN LET DETACHE)

Siyati Paran/Gadyen

Dat

Fòm Otorizasyon Piblikasyon nan laprès 2022/2023 Ane Eskolè (Tout Klas)

Kòm paran yon elèv Broward County Public Schools (Lekòl Piblik Broward County), mwen konprann laprès, medya lekòl oswa Distri a kapab pran foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) oswa entèvyouve-li nan bi enfòmè lezòt ak oswa fè pwomosyon, jan sa endike anba a.

Ou dwe tcheke yon chwa nan toude Seksyon A ak Seksyon B

Si ou pa tcheke okenn chwa nan toude seksyon-yo, nou va otomatikman chwazi #1 pou ou)

Seksyon A - Medya/Laprès

Tanpri tcheke Chwa #1 oswa Chwa #2

1. ____ **MWEN PÈMÈT** laprès, medya, fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li sèlman lè medya-a resevwa otorizasyon nesèsè de lekòl piblik Broward County.
2. ____ **MWEN PA PÈMÈT** laprès, medya, fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep), ak/oswa entèvyouve-li.

Seksyon B - Lekòl Piblik Broward County

Tanpri tcheke Chwa #1 oswa Chwa #2

1. ____ **MWEN PÈMÈT** yo fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li pou piblikasyon lekòl-la (egzanp, albòm pwomosyon-yearbooks-, ak jounal lekòl), pou zouti ak mwayen kominikasyon lekòl epi Distri a (egzanp, sitweb ak medya sosyo), BECON-TV, epitou evènman ak aktivite lekòl-la. *Note: Pou fasilite piblikasyon lekòl la, Distri a ka kominike enfòmasyon bay founisè ak vandè ki apwouve, enfòmasyon tankou non elèv-la, adrès kay elèv-la, nimewo telefòn elèv/paran, klas elèv-la ap fè, non pwofesè ak nimewo saldeklas. Pozisyon kòm manm nan ekip espò ak nimewo jèzè ka divilge diran evènman espòtif.*
2. ____ **MWEN PAP PÈMÈT** yo fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li pou piblikasyon lekòl-la (egzanp albòm pwomosyon-yearbooks- ak jounal lekòl), pou zouti ak mwayen kominikasyon lekòl epi Distri a (egzanp sitweb ak medya sosyo), BECON-TV, epitou evènman ak aktivite lekòl.

Non Elèv-la (EKRI AN LET DETACHE)

Siyati Elèv-la

Dat

Non Paran/Responsab (LET DETACHE)

Siyati Paran/Responsab (Gadyen)

Dat

FERPA Fòm Notifikasyon Chwa ou Ane Eskolè 2022/2023 (Tout klas)

ATANSYON! Si ou tcheke yon ransèyman oswa plis savledi ransèyman ki tcheke pap parèt nan piblikasyon lekòl, menmsi ou bay otorizasyon nan Seksyon B sou Fòm Otorizasyon piblikasyon nan laprès (Media Release Form). Albòm pwomosyon ak lòt fòm ladann tou.

Egzanp: Si ou tcheke "Non Elèv-la" anba a, foto elèv-la petèt pap parèt nan albòm pwomosyon (yearbook).

REZON KI FÈ NOU KA KOMINIKE ENFÒMASYON

Repètwa/dosye enfòmasyon (Directory Information) gen ransèyman ki kapab idantifye pèsònèlman yon elèv; jeneralman yo pa konsidere enfòmasyon-an kòm nwizib oswa kòm yon atak sou lavi prive si yo revele/divilge-li. Konfòmman avèk lwa FERPA, SBBC, kapab revele, si li vle, ransèyman ki nan dosye enfòmasyon pa-li epi ki konsènen yon elèv, k'ap fè nenpòt klas, si paran-an oubyen elèv aje de 18 ane (dizwitan) oswa plis pa mande bloke enfòmasyon-an. SBBC rezève dwa-li pou li revele/kominike enfòmasyon ki nan Directory Information sèlman:

- (a) bay kolèj, inivèsite oswa lòt enstitisyon edikasyon siperyè elèv-la anwole, ap chache anwolman oswa enstitisyon ki kapab rekrute elèv-la;
- (b) pou evènman spòtif, piblikasyon lekòl, materyèl edikatif ak lòt zouti kominikasyon pou lekòl (tankou albòm pwomosyon, pwogram espò, pwogram gradyasyon, bwochi rekritman, pwogram teyat, pou sit Entènèt lekòl-la, ak sit Distri-a, medya sosyo, mesaj (postings) ak afich andedan lekòl-la epi pou tout lòt bi ki pa mansyone);
- (c) bay ofisyèl sante piblik Broward County ransèyman pou kominike ak paran, adrese kondisyon ki gen enpòtans sou plan sante piblik jan Depatman Sante Florid (64D-3, F.A.C.) detèminen sa; enkli enfòmasyon ki va ede reprezantan ofisyèl afwonte oswa prepare pou yon pwoblèm sante piblik potansyèl epi konfime; ak/oswa
- (d) pou pataje ransèyman avèk komite k'ap òganize reyinyon ansyen elèv (ak lòt komite sanblab) pou aktivite ki regade reyinyon yon pwomosyon."

KALITE RANSÈYMAN KI NAN "DIRECTORY INFORMATION"

Fanmi/gadyen elèv k'ap fè nenpòt klas, oswa elèv ki elijib (vledi elèv ki gen plis pase dizwitan, minè emansipe, elèv k'ap frekante yon enstitisyon apre lekòl segondè), kapab chwazi pou lekòl-la pa revele yon pati oswa tout ransèyman ki nan Directory Information, lè li endike avèk yon tchèk (✓), ki ransèyman LEKÒL-LA PA DWE DIVILGE OSWA KOMINIKE:

<input type="checkbox"/> Non Elèv-la	<input type="checkbox"/> Non Paran	<input type="checkbox"/> Adrès Rezidansyèl
<input type="checkbox"/> Nimewo Telefòn	<input type="checkbox"/> Dat Nesans	<input type="checkbox"/> Kote Elèv la Fèt
<input type="checkbox"/> Matyè Prensipal li etidye	<input type="checkbox"/> Aktivite ak Espò sou Parenaj Lekòl la	<input type="checkbox"/> Wotè ak Pwa Manm Ekip Espò
<input type="checkbox"/> Klas Elèv la ap fè	<input type="checkbox"/> Dat Elèv-la Prezan/Absan Lekòl	<input type="checkbox"/> Nimewo Jèzè/mayo ak Pozisyon nan Ekip la
<input type="checkbox"/> Diplòm & Pri/rekonpans*	<input type="checkbox"/> Non Lekòl oswa Pwogram elèv-la te ale anvan/resaman	<input type="checkbox"/> Nimewo saldeklas

*Diplòm, pri ak rekonpans enkli travay egzantplè (travay atistik), tout kalite distenksyon, ak ransèyman sou gradyasyon (egzanp, lis elèv k'ap diplome), epi ekskli mwayèn jeneral GPA).

Note: Chak ane, kit ransèyman ki anwo-a tcheke oswa pa tcheke, fòm-sa-a dwe konplete epi soumèt/depoze nan lekòl-la, NAN 10 JOU APRE PREMYE JOU LEKÒL LOUVRI oswa apati dat anwolman nan ka elèv-la anwole apre kòmansman chak ane eskolè.

Non Elèv-la _____ Lekòl _____

Non Paran/Responsab (Gadyen)/Elèv ki Elijib (Enprime) _____

Siyati Paran/Gadyen/Elèv ki Elijib _____ Dat _____

Pran nòt: Ansyen elèv, si yon elèv te frekante yon lekòl BCPS, SBBC va kontinye respekte tout demand valid pou pa divilge ransèyman ki fè pati Dosye enfòmasyon, sòf nan ka elèv-la annile otorizasyon-la (34 CFR 99.37(b)).

Pou paran k'ap egzèse pwofesyon ak metye ki elijib:

Note: Konfòmman avèk lwa Florida Statute 119.071, pou moun k'ap egzèse sèten pwofesyon (mari oswa madanm ak timoun konsènen tou), enfòmasyon pèsònèl seleksyonne ap rete konfidansyèl e lekòl-la pap revele enfòmasyon-an piblikman pouvike yo jwenn yon egzansyon. Soumèt yon demann alekri pou jwenn egzansyon-an. Si ou se yon anplwaye yon pwofesyon elijib epi ou vle mande pou enfòmasyon pèsònèl ou rete konfidansyèl ensike enfòmasyon mari/ madanm ou ak pitit-ou, tanpri pran yon randevou avèk lekòl pitit-ou epi ranpli fòm Parental Request for Exemption of Personal Information for Selected Occupations.

Nou kite paj sa vid espre.

ESSA Fòm Notifikasyon chwa ou (11^{zyèm} & 12^{zyèm} Ane)Ane Eskolè 2022/2023

MILITÈ & APRE LEKÒL SEGONDÈ

Konfòmman avèk lwa Chak Elèv dwe Reyisi/Every Student Succeeds Act (ESSA), Distri-a blije, sito li resevwa yon demann, san li pat bezwen konsantman alekri anvan de paran, Distri a va revele epi kominike **non elèv, adrès ak nimewo telefòn** elèv k'ap fè klas 11zyèm ak 12zyèm ane (grade), bay:

- **Lame/rekritè pou sèvis militè** (tankou District Commander oswa Senior Officer biwo rejyonal Lame oswa biwo annèks Lame, ak *United States Coast Guard/GadKòt Etazini*); Lame kapab itilize enfòmasyon-an pou voye notis pa lapòs bay elèv-yo konsènan opòtinite disponib nan Lame Etazini. Pèsonnèl Lame ki responsab jere lis-la dwe sekirize epi pwoteje konfidansyalite lis ki gen ransèyman elèv-yo.
- **Enstitisyon ansèyman siperyè** (enstitisyon apre lekòl segondè). Pèsonnèl enstitisyon ansèyman siperyè, ki responsab jere lis-la, dwe pwoteje konfidansyalite lis ki gen ransèyman elèv-yo.

Sepandan, fanmi/gadyen ak elèv ki elijib (elèv ki gen 18 ane oswa plis) kapab chwazi anpeche lekòl-la kominike/revele ransèyman-sa-a si li fè konnen chwa-li anba-a.

Ransèyman lekòl-la kapab bay Lame/rekritè pou sèvis militè:

1. _____ MWEN **PÈMÈT** lekòl-la kominike Lame/rekritè pou sèvis militè, ransèyman limite, ki mansyonne anwo a.
2. _____ MWEN **PA pèmèt** lekòl-la kominike Lame/rekritè pou sèvis militè, san mwen pat bay konsantman mwen anvan, ransèyman limite, ki mansyonne anwo a.

Enfòmasyon lekòl-la kapab bay enstitisyon apre lekòl segondè:

1. _____ MWEN **PÈMÈT** lekòl-la kominike enstitisyon apre lekòl segondè ransèyman limite ki mansyonne anwo-a.
2. _____ MWEN **PA** pèmèt lekòl-la kominike enstitisyon apre lekòl segondè, san mwen pat bay konsantman mwen anvan, ransèyman limite, ki mansyonne anwo-a.

Note: Chak ane, kèlkeswa opsyon ki chwazi-a, ou dwe ranpli fòm-sa-a epi soumèt fòm-la nan lekòl-la, NAN 10 JOU APRE PREMYE JOU LEKÒL LOUVRI oswa apati dat anwolman nan ka elèv-la anwole apre kòmansman chak ane eskolè.

Anplis fòm-sa-a, tout elèv onzyèm ak douzyèm ane (11th and 12th grade) dwe konplete FERPA Fòm notifikasyon chwa-ou (FERPA Opt Out Notification), fòm la disponib nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv.

Non elèv-la _____ Anne (Grade) _____

Non lekòl-la _____

Non Paran/Gadyen/Elèv Elijib (Ekri an lèt detache) _____

Siyati Paran/Gadyen/Elèv elijib _____

Dat _____

Nou kite paj sa vid espre.

Fòm pou mande egzansyon pou klas Lavi Fanmi/Edikasyon Seksyèl 2022/2023 (Tout Klas)

Lwa Leta Florid Statute 1003.42 ekzije pou yo anseye klas Edikasyon seksyèl (Human Sexuality Education) nan kad Pwogram ansèyman konplèt sou sante (Comprehensive Health Education Program). School Board of Broward County, Florida, otorize lekòl-yo anseye klas Lavi Fanmi/Edikasyon Seksyèl ak Prevansyon VIH/SIDA (Family Life/Human Sexuality and HIV/AIDS Prevention) kòm yon konpozan klas Edikasyon Lasante.

Regleman Family Life/Human Sexuality Policy, Policy 5315 deklare:

“Li esansyèl pou nou gen yon kourikoulòm konplèt sou sante ak edikasyon seksyèl, pwogram ki dwe konfòm ak rekòmandasyon nòm nasyonnal sou Edikasyon seksyèl. Konsa chak elèv kapab resevwa menm kalite enfòmasyon, ki nesèsè pou ede-li konprann klas-sa-a epi viv an bon sante.”

Lekòl piblik Broward County respekte dwa fanmi ak wòl-yo nan edikasyon pitit-yo. Selon lwa Florid Florida Statute 1003.42(3), “Nenpòt elèv fanmi-li ekri direktè lekòl-la pou mande yo egzante pitit-li nan klas kote pwofesè anseye sante repwodiksyon (reproductive health) oswa bay enfòmasyon sou nenpòt maladi, nan klas kote pwofesè diskite VIH ak SIDA (HIV/AIDS), sentòm maladi-a, devlopman ak tretman-li, ap jwenn yon egzansyon pou klas-la, san elèv-la pa bezwen pè yo pini-li.”

Si ou pa vle pitit-ou patisipe epi ou vle nou eskize l pou klas-sa-a, ranpli fòm ki anba-a epi retounen-ni nan lekòl pitit-ou. Nou kapab fè aranjman pou pitit-ou gen yon lòt aktivite lè pwofesè ap esplike leson Lavi Fanmi/Edikasyon seksyèl (Family Life/Human Sexuality).

Nou apresye enterè-ou ak kowoperasyon-ou nan egzekisyon Pwogram ansèyman konplèt sou sante.

Direktè lekòl-la te chwazi pwofesè ki resevwa fòmasyon Distri-a rekòmande epi yap vin fè prezantasyon kourikoulòm Family Life/Human Sexuality (Lavi Fanmi/Edikasyon seksyèl). Espè ke Distri-a apwouve kapab fè prezantasyon tou sou prevansyon enfeksyon ak maladi seksyèlman transmisib, kòm yon resous siplemantè.

Ou kapab revwa epi gade kontni kourikoulòm ak materyèl edikatif lè ou vizite sit Entènèt <https://www.browardschools.com/page/33679> oswa pran yon randevou ak lekòl pitit ou. Ou kapab jwenn resous adisyonèl pou paran, ak videyo ki prezante estrateji sou jan ou ka pale ak pitit-ou osijè sante seksyèl, resous yo disponib sou sit <https://www.browardschools.com/page/45860>.

Note: Tanpri tcheke sou liy anba a epi siyen anba a, si ou pa vle pitit-ou patisipe epi ou vle nou eskize l pou klas sa. Fòm-sa-a dwe ranpli epi soumèt/depoze nan lekòl-la, chak ane, NAN 10 JOU APRE PREMYE JOU LEKÒL LOUVRI oswa apati dat anwolman nan ka elèv-la anwole apre kòmansman chak ane eskolè. Si ou pa retounen fòm-sa, sa va ban-nou pèmisyon kite pitit-ou patisipe nan klas Family Life/Human Sexuality epi swiv leson kourikoulòm-la.

_____ MWEN PA vle pitit-mwen patisipe nan okenn leson Family Life/Human Sexuality (Lavi Fanmi/Edikasyon Seksyèl).

Non lekòl-la _____

Non elèv-la _____ Klas (Grade) _____

Non Paran/Gadyen (ekri an lèt detache) _____

Siyati Paran/Gadyen _____ Dat _____

Nou kite paj sa vid espre.



THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

1400 N.W. 14th Court • Fort Lauderdale, Florida 33311 • Office: 754-321-1575 • Fax: 754-321-1696

Coordinated Student Health Services
Gail Adams, Director (Task Assigned)
www.browardschools.com
gail.adams@browardschools.com

The School Board of
Broward County, Florida

Laurie Rich Levinson, Chair
Patricia Good, Vice Chair

Lori Alhadeff
Daniel P. Foganholi
Debra Hixon
Donna P. Korn
Sarah Leonardi
Ann Murray
Nora Rupert

Dr. Vickie L. Cartwright
Superintendent of Schools

Pou Paran,

Bi lèt sa se pou ede w, paran/gadyen, bay lekòl pitit-ou enfòmasyon sou sante pitit-ou. Lekòl Piblik Broward County blije mande-ou enfòmasyon an. Si ou gen kesyon, tanpri pa jennen kontakte lekòl pitit-ou.

Maladi Kontajye/Maladi

Tanpri enfòme lekòl la si pitit ou malad epi yo dyagnostike li ak yon maladi kontajye, COVID-19, mennenjitt, lawoujòl, salmonelòz, etc.

Tanpri gade pitit-ou lakay-ou si pitit-ou gen:

- Sentòm lagrip (Flou sentòm)
- Gwo lafyèv plis pase 100.4 degre
- Tous ki pèsiste
- Maltèt
- Pa ka pran gou oswa odè
- Souf li kout/pitit ou pa respire byen
- Frison
- Doulè nan misk oswa kò fè mal
- Noze
- Vomi
- Dyare
- Fatig
- Konjesyon oswa nen koule
- Malgòj
- Bouton (rashes); pi koulè jòn k'ap soti nan je-li; flèm, glè koulè vèt-jòn;

Pwoblèm sante/Maladi kwonnik

Tanpri enfòme lekòl-la si pitit-ou malad, gen pwoblèm sante tankou las, dyabèt, fibwòz sistik (cystic fibrosis), anemi falsifòm (sickle cell) kriz (seizures), reyaksyon alèjik a manje, piki ensèk, etc. Se pa yon lis konplèt. Rapòte tout lòt pwoblèm sante.

Paran ta dwe:

- Dokimante pwoblèm sante/maladi kwonnik sou kat Enfòmasyon elèv pou lè gen ijans ak moun ki kontak (Student Emergency Contact Card) epi nan do kat-la konplete istwa ak ransèyman medikal pitit-ou.
- Rankontre ak administratè lekòl-la pou diskite swen elèv-la dwe resevwa lè li lekòl
- Si pitit-ou bezwen pran medikaman li, ranpli fòm Otorizasyon pou bay medikaman (Medication Authorization form) ki pi ajou. Doktè a/ founisè swen sante ak paran dwe siyen fòm la. Retounen fòm-la nan lekòl-la.

- Bay lekòl-la lis medikaman ki sou lis fòm Otorizasyon bay Medikaman epi remèt medikaman-yo nan flakon orijinal.

Note: Pou elèv ki gen dyabèt, doktè a dwe ranpli fòm Otorizasyon pou medikaman/tretman dyabèt (Diabetes Medication/Treatment Authorization form). Elèv ki itilize ponp ensilin pou delivre ensilin nan kò-li, dwe ranpli fòm Insulin Pump Medication/Treatment Authorization form.

Administre Medikaman nan Lekòl (Preskripsyon medikaman oswa medikaman achte sou kontwa - Prescription or Over-the-Counter)

- Nou pap bay yon elèv medikaman nan lekòl-la oswa diran aktivite sou patwonnaj lekòl-la; nou dwe gen otorizasyon alekri paran/gadyen pou bay elèv-la medikaman epi nou dwe gen preskripsyon alekri yon doktè otorize. Sa valab pou toulede preskripsyon medikaman ak medikaman achte sou kontwa (OTC).
- Paran/gadyen responsab ranpli Pati I fòm la epi paran/gadyen dwe mande doktè a preskripsyon li otorize epi doktè a dwe siyen Pati II fòm la. Ranpli yon nouvo fòm Otorizasyon bay Medikaman (Medication Authorization form) chak 12 mwa oubyen lè gen chanjman nan fòm Medication Authorization. Enfòmasyon ou bezwen pou ranpli fòm-la non elèv-la, dyagnostik, alèji (espesifye okenn oswa n/a si pa gen youn), non medikaman, fòs medikaman, dòz, akilè pou yo bay medikaman an, fason pou administre li, efè segondè posib, siyati doktè epi doktè a date fòm-la.
- Se manb pèsonèl pwofesyonèl lasante oswa manm estaf lekòl ki resevwa fòmasyon ke direktè lekòl la deziye ki va bay elèv-la medikaman
- Pote medikaman an nan flakon famasi a ba-ou epi etikèt la dwe byen kole sou flakon an. Etikèt la dwe gen yon dat ki pa espire. Medikaman OTC ki pa preskri dwe nan pakè orijinal avèk so sekirite entak, ki poko louvri. Se konsa nou va resevwa medikaman an
- Lakay ou, bay pitit-ou premye dòz medikaman nan yon sityasyon kote pa gen ijans ansuit nou va bay pitit-ou medikaman an nan lekòl la
- Paran/gadyen responsab dwe vin chache pòsyon medikaman ki pat itilize apre dat espirasyon medikaman an oswa nan dat espirasyon medikaman an preskri. Paran/gadyen ki pa vin reklame medikaman an apre lekòl la kontakte li an twa fwa, nou va voye medikaman an bay departman Risk Management ki va detwi medikaman an.
- Yon preskripsyon doktè ak pèmisyon paran/gadyen nesèsè pou yon elèv pote medikaman an sou li/pran medikaman poukont li nan sityasyon ijans tankou inalè pou las (asma) oswa epinephrine auto-injectors/Auvi-q auto injectors pou anafilaksi (anaphylaxis). **Li enpòtan pou elèv la konprann li dwe rapòte bay enfimyè lekòl la oswa bay manm estaf lekòl la, li pran medikaman an poukont li men li pa kontaste okenn amelyorasyon oubyen li pran poukont li epinephrine/Auvi q auto injector pat gen amelyorasyon kifè elèv la dwe mande lekòl la rele 911**
- Enfimyè/enfimyè lekòl-la ka rele doktè a oswa pwofesyonèl lasante ki otorize preskripsyon medikaman an, si yon pwoblèm sòlve osijè elèv-la ak/oswa medikaman elèv-la. Lwa asirans sante Health Insurance Portability and Accountability Act (HIPAA) otorize li kontakte doktè a.

Otorizasyon pou medikaman espesifik ki achte sou kontwa (OTC) avèk konsantman paran (Sèlman pou Klas 9-12)

Nan lekòl-la oswa nan sòti òganize (field trips) pitit-ou ka bezwen pran yon medikaman espesifik ki achte sou kontwa (over-the-counter OTC). Ranpli fòm Otorizasyon pou medikaman espesifik ki achte sou kontwa avèk konsantman Paran [Authorization for Selected Over-the-Counter Medication (OTC)]. Se paran/gadyen, elèv ki dwe ranpli fòm-la epi siyen fòm-la ansuit fè notarye fòm la.

- Men lis medikaman espesifik ki achte sou kontwa, elèv-la ka pote sou li youn nan medikaman sa-yo, epi pran medikaman an poukont li:
 - o Tylenol
 - o Midol
 - o Ibuprofen
 - o Tums
 - o Allegra
 - o Claritin
 - o Lactaid

Otorizasyon pou pwodi topikal ki achte sou kontwa (OTC) avèk konsantman Paran

- Elèv k'ap fè nenpòt klas kapab pote epi pase poukont li sou po li, pwodi pou repouse ensèk, moustik (avèk wiper, ti sèvyèt oswa losyon). Yon elèv ka pase sou po li krèm solè (sunscreens) (note espre -aerosol products - entèdi)
- Fòm Otorizasyon pou pwodi topikal ki achte sou kontwa (OTC) avèk konsantman paran dwe konplete epi paran/gadyen dwe siyen fòm-la.

Note: Planifye alavans si pitit-ou prale nan sòti òganize (field trips) epi lap pase nwit deyò, chonje li ka bezwen pran kanmenm yon medikaman li pa pran lè li lekòl. Kòm paran, toujou enfòmè lekòl-la depi ou konstate chanjman nan eta sante pitit-ou.

Vaksen - Immunizations (Tanpri konsilte F.S. 1003.22)

- Asire pitit-ou pran tout vaksen li dwe pran epi kat vaksen pitit-ou ajou. Si ou pa fin si sa pou ou fè, tcheke avèk doktè/founisè swen sante pitit-ou, oswa avèk Departman Sante Broward (Florida Department of Health-Broward) nan nimewo (954) 467-4700
- Paran ka obteni egzansyon medikal nan men pwofesyonèl sante oswa jwenn yon egzansyon relijye nan men departman Florida Department of Health-Broward).

Plis enfòmasyon disponib sou kondisyon ki egzijib pou admisyon nan lekòl, sit entènèt <https://www.browardschools.com/Page/56759>. Si ou gen kesyon, tanpri kontakte lekòl pitit ou.

Fòm Otorizasyon bay yon Elèv Medikaman 2022/2023 (Tout Klas)

THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

Debra Hixon
Donna P. Korn
Sarah Leonardi
Ann Murray
Nora Rupert

Dr. Vickie L. Cartwright
Superintendent of Schools

19 Jiyé, 2022

POU: Paran ak/oswa Responsab

DE: Elementary and Secondary Learning Departments

SIJÈ: Apèsi sou Entèkansyon, Sipò ak Sèvis pou Tout Elèv

Tout Lekòl Piblik Broward County gen pwosesis an plas pou satisfè bezwen aprantisaj elèv-yo nan domèn akademik, sosyal, emosyonèl, ak konpòtman fonksyonèl. Sitou, chak lekòl ofri yon kad pedagojik avèk enstriksyon ki founi elèv-yo divès nivo sipò akademik ak konpòtman baze sou bezwen endividyèl chak elèv. Kad pedagojik fè referans a Sistèm Sipò Plizyè Nivo [Multi-Tiered System of Support (MTSS)].

Nan chak lekòl gen yon komite fòm de pwofesyonèl konni sou non Ekip Kolaboratif pou Rezoud Pwoblèm [Collaborative Problem-Solving Team (CPS Team)]. Manm ekip la reyini regilyèman pou revwa done ak enfòmasyon ki va sèvi nan priz desizyon konsènan bezwen aprantisaj espesifik elèv-yo pou entèkansyon ak/oswa evalyasyon. Pwosesis rezoud pwoblèm angloge plizyè etap; ekip nan chak lekòl itilize etap sa yo pou detèmine jan elèv-yo reponn a enstriksyon an epi entèkansyon lekòl la founi. Metòd sa fokal sou entèkansyon ki koresponn a bezwen aprantisaj elèv epi kontwòl regilyèman pwogrè elèv; metòd sa konni sou non Repons a Entèkansyon [Response to Intervention (RtI)]. Grasa enfòmasyon ki aksesib, manm pèsonek lekòl la va adapte enstriksyon selon nivo aprantisaj chak elèv konsa sa va ede elèv reyisi lekòl.

Patisipasyon ak angajman paran enpòtan pou asire siksè pwosesis la. Paran jwe yon wòl enpòtan paske yo ka ede pitit yo epi ranfòse sa pitit-yo ap aprann lekòl. Plis paran patisipe nan aprantisaj pitit li, pitit yo (elèv-yo) va travay mye lekòl epi reyisi. Paran, estaf lekòl, selon wòl-yo, ka mande yon reyinyon nan lekòl la avèk Ekip CPS Team pou diskite pwoblèm ak enkyetid yo genyen.

Paran ki gen enkyetid sou repons a enstriksyon/entèkansyon pou pitit li, oswa paran ki enkyè akòz nenpòt pwoblèm sosyal, emosyonèl, oswa konpòtman ta dwe kontakte moun ki lyezon, MTSS Contact, oswa direksyon lekòl pitit li epi mande yon reyinyon avèk ekip CPS Team pou revwa entèkansyon lekòl la ap founi kounyea epi pwogrè elèv la. Paran ki gen enkyetid epi ki vle konnen si pitit li ap travay pou reyalize bi akademik ak/oswa konpòtman, ki dekri nan plan IEP elèv la, ta dwe kontakte Espesyalis ESE oswa direksyon lekòl la epi mande yon reyinyon IEP pou revwa aktyèl sèvis lekòl la ap founi epitou pwogrè elèv la. Sa ki pi enpòtan, reyinyon sa-yo fèt sou yon baz endividyèl selon bezwen aprantisaj chak elèv.

Chak elèv potansyèlman gen aksè nan divès sipò ak/oswa sèvis, enkli: edikasyon jeneral, entèkansyon onivo sosyal, emosyonèl, ak konpòtman; seyans konsèy (counseling) nan lekòl la, ak konsèy epi sipò kominote a; evalyasyon elèv douwe (gifted), evalyasyon Section 504, ak evalyasyon pou Edikasyon Elèv Esepasyonèl (ESE).

Si ou gen kesyon, tanpri kontakte Office of Academics nan nimewo 754-321-2618. Anplis, tout lekòl gen entèkansyon, èd ak sèvis adapte a bezwen inik elèv-yo epi lekòl la. Pou enfòmasyon espesifik, kontakte lekòl pitit-ou.

Enfòmasyon MTSS pou Paran ak Fanmi

Kisa Sistèm Sipò Plizyè Nivo ye (MTSS) –

MTSS se yon tèm ki itilize pou dekri yon kad pedagojik kontini ki fè referans a akademik, estrateji konpòtman ak sosyal-emosyonèl, entèvansyon, sipò ak resous ke lekòl la itilize pou ede tout elèv epanwi epi reyisi. MTSS anglobe Repons a Entèvansyon (RtI) epi Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif (PBIS).

Kisa Repons a Entèvansyon (RTL) ye?


What is Response to Intervention (RtI)?

RtI founi bon kalite enstriksyon ak entèvansyon ki matche bezwen edikatif elèv la epitou kontwole deprè kijan elèv la reyaji a diferan tip enstriksyon epi sipò.

Kisa Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif (PBIS) ye?

What are Positive Behavior Interventions and Supports (PBIS)?

PBIS se metòd ki itilize pou idantifye epi ankouraje konpòtman ki aseptab nan milye eskolè avèk ankourajman kondwit pozitif onivo lekòl.



Inivèsèl – Nivo 1

Anviwonman Edikasyon Jeneral
Tout elèv resevwa bon kalite enstriksyon,
akademik ak konpòtman epi sipò ak èd.

Sible – Nivo 2

Anviwonman Edikasyon Jeneral
Kèk elèv ki bezwen èd anplis resevwa plis
enstriksyon/entèvansyon sible lè yo an ti gwoup epitou
yo resevwa plis èd anplis kourikoulòm akademik Inivèsèl
ak kourikoulòm konpòtman epi enstriksyon.

Entansif – Nivo 3

Anviwonman Edikasyon Jeneral
Kèk elèv ki bezwen enstriksyon pi entansif baze sou bezwen
endividyèl avèk kourikoulòm akademik epi siplemantè epi
kourikoulòm konpòtman, enstriksyon ak sipò.

Ki avantaj MTSS ofri?

Bi jeneral MTSS se amelyore rezilta eskolè tout elèv-yo; lekòl-la idantifye bonè bezwen aprantisaj elèv-yo epitou fè sèten bezwen edikatif elèv-yo satisfè.

MTSS itilize done nan pwosesis priz desizyon, adapte ansèyman oubyen bay elèv-yo èd siplemantè konsa elèv-yo va travay mye lekòl. Lekòl-yo itilize MTSS pou devlope yon sistèm enstriksyon konbine, entèvansyon ak sipò pou ede elèv-yo nan diferan nivo entansite, kidonk lekòl la pran an konsiderasyon bezwen aprantisaj chak elèv. MTSS se pou tout elèv san esepsyon.

Kisa mwen kapab fè si mwen kwè pitit-mwen gen difikilite lekòl?

- Patisipe nan konferans (reyinyon) ak nan reyinyon rezolisyon pwoblèm pou pitit ou!
- Revwa epi ede pitit ou ak devwademezon epi pwojè.
- Mande ki entévansyon lekòl la ap itilize pou adrese pwoblèm akademik ak/oswa konpòtman.
- Mande ki teknik yap itilize pou kontwole pwogrè ak efikasite entévansyon yap aplike.
- Mande lekòl la ba-ou regilyèman rapò sou pwogrè pitit ou fè lekòl.
- Selebri siksè pitit ou lè li reyisi!

Resous disponib pou Paran

Gade **videyo** disponib pou paran, ki enfòmasyon sou rezolisyon pwoblèm epi jan sa ka afekte pitit-ou. Ale sou sit: [MTSS Introduction for Families](#).

Itilize lyen an pou gade Gid pou Paran pou MTSS, The parent Guide for MTSS.

Klike sou lyen sit sa-yo pou enfòmasyon adisyonèl:

Broward County Public Schools MTSS

<https://www.browardschools.com/MTSS>

Florida's MTSS

<http://www.floridarti.usf.edu>

Pou plis enfòmasyon oswa kesyon, kontakte lekòl pitit-ou oswa pwogram MTSS Lekòl Piblik Broward County nan imel bcpsmtssrti@browardschools.com oswa rele 754-321-0000.



Kijan MTSS va afekte pitit-mwen?

- Pitit ou ka pran tès ki idantifye epi detekte bonè pwoblèm akademik ak/oswa kondwit konsa lekòl-la va bay èd ak sipo lè premye siy difikilite nan aprantisaj parèt.
- Èd pou pitit ou va ogmante oswa diminye, selon sa li bezwen ak jan lap aprann nouvo konesans.

Kijan mwen ka patisipe nan MTSS?

Fanmi jwe yon wòl enpòtan lè li sipòte sa pitit li ap aprann lekòl. Plis fanmi patisipe nan edikasyon ak aprantisaj elèv, plis nou konstate akonplisman elèv-yo amelyore. Poze kesyon pou ou konnen plis sou MTSS nan lekòl pitit ou epi mande klarifikasyon!

- Èske pitit-mwen ap reyisi lekòl? Kijan m'ap fè konn sa? Si li pap reyisi, poukisa epi ki sa nou ka fè diferaman pou ede?
- Si se nesesè, kijan lekòl-la va founi èd anplis? Kilès ki va ede pitit-mwen? Konben fwa? Pou konbyen tan?
- Kisa m ka fè pou m patisipe nan rezolisyon pwoblèm ki konsènen pitit mwen?
- Lakay, ki jan mwen ka ede pitit mwen epi aplike teknik entévansyon?
- Kijan m'ap fè konnen si entévansyon-yo efikas?

Nan liv sa, yo pibliye regleman Distri-a nan Policy 5.8, pou elèv lekòl piblik Broward County. Regleman-yo aplikab pou tout aktivite k'ap fèt sou teren yon lekòl oswa nan tout lòt kote lekòl-la chwazi pou òganize aktivite; regleman-yo aplikab nan tout machin ki otorize transpòte elèv. Lè ou siyen anba a sa pa vledi ou dakò oswa ou pa dakò avèk regleman-yo, **men savledi ou revwa regleman-yo nan yon fòm elektwonik ki se yon kopi** (<http://www.browardschools.com/codeofconduct>). Retounen fòm-sa-a nan lekòl-la nan 3 jou apre premye jou lekòl louvri oswa retounen fòm-nan, nan twa jou apati dat anwolman elèv-la. Si ou pito ranpli tout fòm-yo, sou fòm elektwonik, ale sou sit (<https://www.browardschools.com/bts-onlineforms>) pou jwenn aksè nan fòm-yo ak gid rantrè klas (Back to School Toolkit).

Manman/Papa dwe patisipe nan edikasyon pitit-yo epi gen responsablite:

- Konnen pou sekirite nan lekòl-la, lekòl-yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit anvan lè ofisyèl lekòl-la kòmanse, ni lekòl-yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit apre lè ofisyèl lekòl-la fèmen (FS 1003.31(2)).
- Konnen pou sekirite lekòl-la, epi konsènan elèv ki pran bis lekòl-la, chofè bis-la PA gen dwa rete sou wout pou kite elèv desann bis-la sòf nan estòp ki prevwa pou elèv-yo desann.
- Bay lekòl la, chak ane, non ak/oswa nimewo telefòn kounyea moun lekòl-la kapab kontakte nan ka ijans (emèjensi) epi fè lekòl-la konnen lè gen chanjman nan ransèyman-an.
- Avèti lekòl-la sou tout sa ki kapab afekte kapasite pitit-yo pou yo aprann, vini lekòl regilyèman, oswa patisipe nan aktivite eskolè.
- Konnen yo dwe bay pitit-yo medikaman annakò ak regleman SB Policy 6305 ak 6305.1, respekte tout dispozisyon amannman ki pase, konnen konsekans pou fè pase ak oswa vann oswa eseye vann medika-man achte sou kontwa, genyen ak/oswa itilize medikaman ki pa otorize se regleman ki esplike nan Regleman SB Policy 5006. Regleman SB Policy 6305 esplike regleman konsènan medikaman achte sou kontwa ak regleman aplikab nan ka medikaman doktè preskri epi SB Policy 5006 esplike konsekans vyolasyon regleman-sa-yo. Ou kapab gade okonplè regleman sou keksyon sante, sispansyon ak/oswa espilasyon epi tout regleman School Board sou sit Entènèt: <https://www.browardschools.com/Page/37754>
- Andwa konnen si lekòl pitit-ou kenbe dosye elèv-yo konfidansyèl epi prive jan sa defini nan seksyon VIII liv-sa-a.
- Konnen ni School Board of Broward County ni anplwaye-li pap responsab pou bagay ki entèdi epi pèdi, yo vòlè oswa konfiske; epitou pou aparèy telekomunikasyon san fil (wireless communication devices) oswa lòt aparèy teknolojik pèsònèl ki pèdi, vòlè, oswa konfiske.
- Konnen bagay lekòl-la sezi epi yo pa reklame nan fen ane eskolè-a, yap bay-yo nan òganizasyon charitab zòn-lan.
- Konnen yo responsab pou kondwit pitit-yo aleretu ant lekòl-la ak lakay-yo epi nan estòp bis-la. Yon anviwonman aprantisay ki ofri sekirite e ki favorize aprann se kle pou siksè akademik; kifè, tout aksyon yon elèv fè andeyò kanpis lekòl-la kapab afekte seryèzman abilte yon lòt elèv pou li aprann lekòl oswa kapab afekte abilte yon manm pèsònèl lekòl-la pou li anseye, aksyon-an ap trete kòm yon enfraksyon disiplinè. Pou ensidan grav ki pase nan estòp bis ak/oswa ki pa pase sou pwopriyete School Board, fanmi dwe pran kontak ak lapolis dirèkteman. Pou ensidan ki konsènen zak bully tankou nwi, entimide, agrese, britalize elatriye (gade definisyon bullying, Section II), yo ta dwe notifiye administratè lekòl-la ki va mennen yon envestigasyon ak/oswa founi asistans ak entèvansyon si direktè lekòl-la/anplwaye ki deziye, jije sa nesèsè. Youn nan entèvansyon yo kapab fè, se rele ofisyè polis lekòl-la (School Resource Officer).
- Asire pitit-yo sèvi ak teknoloji tankou rezo konpitè, zouti dijital, Entènèt, lojisyèl (sofwè), yon fason legal, moral epi responsab, jan sa defini nan Seksyon IV liv Kòd kondwit-sa-a.
- Fanmi va kontinye asime responsablite-yo vizavi elèv ki rive laj majorite (dizwitan -18 ane oswa plis) pou tout bi edikatif ak bi disiplin, esepite nan kèk sikonstans lalwa prevwa.

Pran nòt: Seleksyon Paran fè sou chak fòm Kòd Kondwit pou elèv ap rete valab jis lè li soumèt/depoze yon nouvo fòm.

Non Elèv-la (EKRI AN LET DETACHE)

Siyati Elèv-la

Non Paran/Gadyen (EKRI AN LET DETACHE)

Siyati Paran/Gadyen

Dat

Nou kite paj sa vid espre.



Prensip k'ap Gide nou ak Dwa Paran

Policy 5.8: Code of Student Conduct
Adopte 14/06/2022

Broward County Public Schools (lekòl piblik Konte Broward) kwè avèk fèmte yon kilti pozitif nan lekòl pwomouvwa chans egal nan edikasyon epi founi yon ankadreman avèk yon anviwonman sekirize ki favorize aprantisay. Liv Kòd Kondwit pou Elèv gen ladann regleman, règ ak lwa si lè yo respekte-yo, lòd etabli epi mentni nan avantaj tout moun. Disiplin andedan yon lekòl dwe afime kalite tankou objektivite, establi ak ekite. Paran gen dwa fondamantal oryante edikasyon, fòmasyon moral oswa relijye, enstriksyon, ak swen pitit yo. Sepandan, se responsablite manm pèsònèl lekòl-la, elèv, paran ak tout pati enterese, epi kominote-a pou asire milye ak anviwonman eskolè favorab nan sans li ankouraje elèv-yo aprann.

Liv Kòd Kondwit pou Elèv prepare avèk lide regleman-yo dwe enfòm sou entèvansyon epitou enfòm sou divès sipò ki anplas pou ankadre elèv. Sepandan, lè konsekans disiplinè jistifye, lekòl-la dwe aplike-yo selon yon sistèm disiplin pwogresif. Pou ti enfraksyon ak premye ofans (vyolasyon regleman), konsekans-yo mwen grav pase gwo enfraksyon ki repete souvan. Apa faktè tankou laj, klas, devlopman sosyal, devlopman emosyonèl epi devlopman entelekyèl, yo dwe konsidere tou dwa ak responsablite elèv. Lekòl la va eseye rezoud pwoblèm disiplin avèk tout mwayen posib ki disponib anvan yo mete yon elèv deyò. Lekòl-la va swiv pwosedi jis, rezonnab epi ekitab, ki respekte dwa chak elèv.

Broward County Public Schools ap pwomouvwa patisipasyon paran nan lekòl-yo epitou atann aske tout patisipan montre respè mityèl anvè dwa lezòt. Nou atann aske tout anplwaye nan ansèyman ak aprantisay toutafè asepte responsablite-yo pou yo egzanplè nan atitud ak kondwit-yo epi pratike karakteristik fòmasyon karaktè - Responsablite, Sitwayennte, Jantiyès, Onnètete, Sanfwa, Tolerans, Respè ak Kowoperasyon.

Konfòmman ak lwa F.S. §1014.05, lekòl-yo va pwomote patisipasyon paran epi travay an kolaborasyon ak paran pou amelyore kowoperasyon paran e pwofesè nan domenn tèlke devwadmezon (homework), regilarite lekòl (prezans ak absans elèv lekòl), epi disiplin, konsa paran ka ede pitit yo reyisi lekòl. Paran yon timoun dwe okouran enfòmasyon sou pitit li; enfòmasyon an pa dwe kache, swa envolontèman oswa entansyonèlman, ikonpri enfòmasyon anrapò ak sante, byennèt, epi edikasyon timoun lan pandan elèv la sou gad ak sipèvizyon distri eskolè a. Responsablite patisipan enterese enkli, san limitasyon:

Responsabilite Elèv-yo

- Ale lekòl toulejou, pare pou klas epi konplete tout devwa ak aktivite lemye ou kapab
- Mete badj idantifikasyon (ID) ofisyèl, lekòl la ba-ou, aktyèl badj, ki pa chanje, klèman vizib devan rad ou epi pa mete badj la pi ba koud ou. Mete badj la, toutan, lè ou nan lekòl la ak lè ou nan transpòtasyon sou patwonaj lekòl la.
- Respekte règ ak regleman ki esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv epi règ ak regleman lekòl la apwouve
- Imite bon lekzanp epi pratike konpòtman aseptab ak karakteristik karaktè byen fòmè
- Avèti lekòl-la lè ou wè yon konpòtman nwizib, ki ka danjere, lè ou wè yon zak bully oswa lè ou wè aktivite andedan oubyen andeyò lekòl-la ki kapab pètibe/twouble disiplin lekòl-la epi deranje pwosesis ansèyman
- Asepte epi respekte diferans chak moun epitou diferans pami moun
- Pote nan lekòl la liv ak materyèl pedagogik lekòl-la otorize
- Kenbe fanmi okouran de tout sa k'ap pase nan lekòl-la epi pote lakay-ou tout fòm ak kominikasyon lekòl-la ba-ou

Responsabilite Paran/Gadyen

- Fè lekti Liv Kòd Kondwit pou Elèv
- Asire pitit ou vin lekòl regilyèman epi alè
- Notifye/avèti atan lekòl-la si pitit ou ap absan oswa anreta
- Swiv epi kontwole pwogrè akademik pitit-ou ak pwogrè nan konpòtman epi kondwit li
- Pale ak pitit ou de lekòl-la epitou pale de konpòtman ak kondwit ki aseptab
- Vizite, pase nan lekòl pitit-ou, lè sa nesèsè
- Jwe yon wòl aktif e pozitif epi sipòte esperyans edikasyonèl pitit ou
- Bay pitit ou bon lekzanp, sèvi kòm yon wòl model pozitif epi pratike kondwit aseptab ak karakteristik karaktè byen fòmè
- Aprann pitit-ou respekte dwa ak pwopriyete lezòt, sa ki pou lezòt
- Gen aksè nan dosye eskolè pitit ou epi revwa yo, kòm sadwa.

Responsabilite Pwofesè

- Chak jou, itilize plan leson byen planifye, kreyatif epi ki angaje timoun yo
- Montre epi revwa ak elèv-yo règ Liv Kòd Kondwit pou Elèv, lè sa nesèsè
- Idantifye pou elèv yo konpòtman, sa yo atann de elèv yo, anseye, bay egzanp epi ranfòse bon kondwit pozitif
- Enfòmè elèv yo de pwogrè akademik ak pwogrè nan kondwit yo. Bay opinyon pozitif epi siyifikatif sou kondwit yo.
- Itilize estrateji ak bon teknik pou jere klas la nan bi mentni yon anviwonman ki favorize aprann
- Itilize estrateji prevansyon ak entèvansyon pou mentni sekirite, lòd ak disiplin nan saldeklas ou
- Itilize metòd retwoaksyon pozitif epi re-anseye konpòtman ki korèk lè yon elèv manifeste move kondwit
- Sèvi ak bon jijman pwofesyonnel ou pou anpeche ti ensidan dejenere oswa agrave
- Kenbe fanmi enfòmè de pwogrè akademik ak pwogrè konpòtman pitit-li grasa kominikasyon ak mesaj regilye
- Sipòte epi kowopere pou enplimante opòtinite; opòtinite ki va pèmèt fanmi patisipe nan edikasyon pitit yo
- Mande trenning ak estaj pèfeksyonman pwofesyonnel, lè sa nesèsè
- Refere elèv ki bezwen èd ak sipò anlès bay Ekip ki kolabore pou rezoud pwoblèm (*Collaborative Problem-Solving Team*)

Responsabilite Administratè

- Distribue Liv Kòd Kondwit pou Elèv. Elèv, paran ak estaf lekòl-la dwe resevwa liv la
- Itilize estrateji prevansyon ak entèvansyon pou mentni lòd, sekirite ak disiplin andedan lekòl la
- Kontwole, sipòte epi soutni mizanplas ak amelyorasyon yon kilti pozitif nan lekòl la nan yon milye ki favorize aprann
- Defini, anseye, bay lekzanp, ranfòse epi ankouraje bon konpòtman elèv pou mentni yon anviwonman pozitif nan lekòl-la
- Enfòmè elèv-yo de pwogrè akademik-yo ak pwogrè nan konpòtman ak kondwit-yo. Bay opinyon pozitif epi siyifikatif sou pwogrè yo.
- Mete an pratik règ Kòd Kondwit pou Elèv yon fason jis, ekitab epi konstan
- Elaji adopsyon ak enplimantasyon pwogram altènatif ki ranplase sispansyon nan lekòl
- Kominike enfòmasyon sou policies, regleman, direktiv, atant ak enkyetid; reponn atan lè ou resevwa konplent de elèv ak paran-yo oswa reponn kesyon ki preyokipe yo
- Bay paran enfòmasyon sou nòm leta ekzije, kondisyon ekzijib pou kanè, kondisyon pou prezans ak absans lekòl, epi direktiv distri eskolè pou chanje klas oswa double klas, ikonpri kondisyon pou diplome ayskoul.
- Kenbe paran okouran sou kesyon anrapò ak lekòl, lè sa nesèsè epi asire lekòl la voye kominikasyon lakay yo
- Sèvi ak bon jijman pwofesyonnel-ou pou anpeche ti ensidan dejenere oswa agrave
- Idantifye trenning ak resous ki apwopriye, lè sa nesèsè, pou enplimante entèvansyon ak sipò pou konpòtman pozitif
- Bay paran enfòmasyon konpreyansif sou chwa ak opòtinite pou patisipasyon yo nan edikasyon pitit yo.
- Founi yon estrikti pou bati epi ranfòse patnèchip pami paran, pwofesè, direktè lekòl, sipèntandan distri eskolè, ak lòt manm pèsone
- Bay paran enfòmasyon sou kouman yo ka fè objeksyon a materyèl enstriksyon oswa lòt materyèl pedagogik ki itilize nan saldeklas. Objeksyon yo ka baze sou kwayans konsènan moralite, sèks, ak relijyon oswa sou opinyon enfòmasyon sa yo danjere.
- Touswit notifiye paran si yon anlwaye sispèk yon ofans kriminel te komèt kont pitit gason oswa pitit fi li, sòf nan ka lekòl la rapòte ensidan an bay lapolis oswa Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families) epi notifiye paran ta bloke investigasyon.

Responsabilite estaf sipò nan lekòl la

- Bay lekzanp epi sipòte bon konpòtman elèv pou mentni lòd, sekirite ak disiplin andedan lekòl la
- Enfòmè elèv yo de pwogrè nan kondwit-yo. Epitou ba-yo opinyon pozitif epi siyifikatif.
- Itilize metòd retwoaksyon korektif epi re-anseye konpòtman ki apwopriye lè yon elèv manifeste move kondwit
- Kontwole, sipòte, soutni mizanplas ak amelyorasyon efikas yon kilti pozitif ak aprantisaj nan lekòl la
- Itilize bon jijman pwofesyonnel pou anpeche ti ensidan dejenere oswa agrave.
- Mete an plas règ Kòd Kondwit pou Elèv yon fason jis, ekitab epi konstan.

Responsabilite estaf Distri a

- Kreye epi mete anplas policies, regleman ak pwosedi ki asire sekirite ak disiplin nan chak lekòl pou tout elèv, estaf lekòl ak direktè lekòl yo
- Pwoteje dwa legal estaf lekòl, direktè lekòl, elèv ak paran
- Ofri trening ak resous ki apwopriye pou asire mizanplas yon kilti pozitif nan lekòl yo epitou trening ak resous pou ranfòse metòd entèvansyon sou konpòtman
- Itilize enfòmasyon ak done sou disiplin chak lekòl. Sa va pemèt idantifye epi alwe sèvis ak estaj devlopman pwofesyonèl pou administratè lekòl ak estaf
- Ede paran ki pa kapab rezoud pwoblèm yo rankontre onivo lekòl
- Devlope piplis adopsyon ak mizanplas pwogram altènatif ki ranplase sispansyon; elaji kad pwogram la atravè Distri a

Tout pati enterese se patnè ki kowopere nan edikasyon epi chak pati enterese jwe yon wòl enpòtan lè li pran angajman edike tout elèv atenn potansyèl yo.

DWA PARAN

Sekirite nan Lekòl-yo

Paran elèv ki frekante lekòl piblik andwa gen enfòmasyon sou rapò ensidan sekirite ak disiplin nan lekòl yo (School Environmental Safety Incident Reporting (SESIR)) konfòmman ak lwa s. 1006.07(9) epitou konfòmman ak lwa 1006.07(4) ak (7) paran andwa resevwa atan notifikasyon mennas, notifikasyon zak ki pa legal, notifikasyon sityasyon ijans/emèjensi serye, epitou notifikasyon sa yo anrapò ak zak ilegal oswa sityasyon ijans serye k'ap pase nan lekòl la, nan transpòtasyon eskolè, oswa diran aktivite sou patwonaj lekòl la:

- Posede oswa itilize zam avèk entansyon nwi yon lòt moun, sityasyon kenbe moun ann otaj, ak sityasyon atakan aktif.
- Tiye moun, omisid, oswa omisid envolonntè.
- deli seksyèl (sex offenses), ikonpri vyòl (rape), agresyon seksyèl, oswa yon manm pèsonèl lekòl la gen yon enkonwit seksyèl ak yon elèv.
- Ijans natirèl lanati lakòz, egzanp siklòn, tònad, epi gwo tanpèt.
- Espoze akòz yon ijans lèzòm pwovoke.

Egzamen envolonntè epi Sante Mantal

Chak ane, Sipèrentandan an dwe achemine yon rapò bay depatman Florida Department of Education; rapò a dwe endike kantite egzamen envolonntè (involuntary examinations) ki te inisyè nan lekòl la, nan transpòtasyon lekòl, oswa pandan aktivite sou patwonaj lekòl la selon definisyon atik seksyon s.394.455.

Paran elèv k'ap frekante lekòl piblik, direktè lekòl/reprezantan, anvan li retire yon elèv nan lekòl, transpòtasyon, oswa nan yon aktivite sou parenaj lekòl la epi mennen li nan yon etablisman akèy kote elèv la va sibi yon egzamen envolonntè, paran andwa resevwa notifikasyon tantativ rezonab konfòmman ak s. 394.463. Yon tantativ rezonab pou “notifye” vledi direktè lekòl/reprezantan li, va fè dilijans epi ak pridans, nan yon tan rezonab, kontakte paran, gadyen/responsab, elèv la, oswa lòt moun konni, non ni sou lis kontak ann ijans, ke paran oswa gadyen otorize resevwa notifikasyon egzamen envolonntè. Pou pi piti aksyon, direktè lekòl /reprezantan li dwe pran aksyon swivan:

- Apre priz desizyon pou fè elèv la sibi yon egzamen envolonntè, direktè/reprezantan li va itilize metòd kominikasyon ki disponib tankou apèl telefonik, mesaj tèks, imel, mesajri vokal, ak lòt mwayen kominikasyon ki posib pou kontakte paran, gadyen elèv la, oswa lòt moun konni, ki kontak lè gen ijans.
- Dokimante metòd ak kantite tantativ kominikasyon ki te fèt pou kontakte paran/gadyen elèv la, oswa kontak konni pou lè ijans, epitou dokimante rezilta chak tantativ kominikasyon. Yon direktè lekòl/reprezantan li, ki reyisi notifiye nenpòt moun ki kontak konni, dwe pataje sèlman enfòmasyon ki nesèsè epi avèti kontak la kominike pi vit ke posib ak paran oswa pèsonèl swayan. Tout enfòmasyon dwe konfòm ak lwa federal epi leta.

- Yon direktè lekòl/reprezantan li, ki notifiye nenpòt moun ki konni kòm kontak lè ijans, dwe pataje sèlman enfòmasyon ki nesèsè pou avèti kontak la kominike pi vit ke posib ak paran oswa pèsonèl swayan. Tout enfòmasyon sa yo dwe konfòm ak lwa federal epi leta.
- Direktè lekòl/reprezantan li, apre lekòl la retire elèv la, ka retade notifikasyon obligatwa pa pliske yon jou swa 24trè, si:
 - direktè lekòl/reprezantan li jije delè notifikasyon sa nan enterè elèv la epi si yon rapò soumèt nan liy telefònik santral asistans nan ka abi, konfòmeman ak atik s. 39.201, baze sou enfòmasyon oswa sispisyon abi, abandonman, oswa neglijan; oubyen
 - direktè lekòl/reprezantan kwè rezonableman, delè a nesèsè pou evite mete andanje sante ak sekirite elèv la.
- Anvan direktè lekòl/reprezantan li, kontakte ofisye polis, li dwe verifiye ke estrateji diminye gravite sityasyon an te itilize epi kontakte yon ekip mobil entèvansyon, esepite si direktè lekòl/reprezantan li kwè rezonableman pran reta nan retire elèv la va ogmante pwobablite elèv la ka fè tèt li mal oswa fè lòt moun mal. Kondisyon ekzijib sa pa ranplase otorite yon ofisye polis pou li aji konfòmeman ak atik lwa s. 394.463.
- Lè yon elèv nan sityasyon kriz, ofisye polis dwe fè yon tantativ rezonab pou kontakte yon pwofesyonèl sante mantal ki li-menm va inisyè yon egzamen envolontè konfòmeman ak atik s. 394.463, esepite si timoun lan poze yon danje iminan pou li-menm oswa lezòt, anvan inisyè egzamen envolontè konfòmeman ak seksyon lwa s. 394.463, . Kontak la ka fèt an-pèsonn oswa itilize telesante selon definisyon seksyon s. 456.47. Gen pwofesyonèl sante mantal ki la epi disponib nan distri eskolè a swa yo gen kontra swa akò pase ant-ajans avèk alatèt gwoup jesyon, swa yon/plizyè founisè sante konpòtman nan kominote lokal, swa ekip repons entèvansyon mobil swa anplwaye dirèk oswa anplwaye sou kontra.

Konfòmeman ak Alokasyon Asistans Sante Mantal/*Mental Health Assistance Allocation*, Distri a va kreye oswa devlope yon plan pou founi sèvis sante mantal nan lekòl la menm; antrene edikatè ak lòt pèsonèl lekòl la nan deteksyon ak repons sou pwoblèm sante mantal; epi konekte timoun, jenn, ak fanmi siseptib fè esperyans pwoblèm sante konpòtman avèk sèvis sante apwopriye.

Plan Sante Mantal Distri a/*District's Mental Health Plan* va fokis sou yon sistèm sipò plizyè nivo pou founi, baze sou evidans, sèvis evalyasyon, dyagnostik, entèvansyon, tretman, ak restorasyon sante mantal, pou elèv avèk youn oswa plis pwoblèm sante mantal oubyen dyagnostik abi sibstans asosye epi pou elèv ki prezante risk elve yo dyagnostike ak pwoblèm sante mantal sila.

Distri a va gen kontra oswa akò entè-ajans avèk youn oswa plis founisè sante konpòtman ki travay nan kominote lokal oubyen founisè sèvis Community Action Team va asire prezans yon pèsonèl sante mantal epitou ofri sèvis nan lekòl distri a. Sèvis- yo enkli, men san limitasyon, tès depistaj ak evalyasyon sante mantal, konsèy endividyèl ak asistans (individual counseling), konsèy avèk lafanmi (family counseling), gwoup counseling, sèvis sikatrik oswa sikolojik, swen ki tenikont de twomatis pasyan, sèvis mobil pou kriz, ak modifikasyon konpòtman. Yo ka founi sèvis sante konpòtman andedan oswa andeyò kanpis lekòl epi telesante ka konplete sèvis yo.

Kontra oswa akò entè-ajans ki pase avèk founisè sèvis, va asire yo refere elèv-yo a founisè sèvis sante mantal nan lekòl la menm oswa nan kominote a pou depistaj sante mantal avèk objektif idantifye pwoblèm sante mantal epitou evalyasyon elèv a risk pou twoub sante mantal ki deklare nan kenz (15) jou apre referal. Sèvis sante mantal nan milye eskolè dwe konmanse nan kenz (15) jou apre idantifikasyon epi evalyasyon, epitou founisè sèvis sante mantal kominote a va ofri sipò pou elèv yo refere pou sèvis sante mantal nan kominote a; sèvis la dwe konmanse nan trant(30) jou apre lekòl la oswa distri a fè referal la.

Nou kite paj sa vid espre.



Edi Aj

Entwodiksyon

Seksyon A

Anviwonman ki ofri sekirite esansyèl nan lekòl pou ansèyman ak akizisyon konnesans. Regleman-sa-a (policy) bay enfòmasyon espesifik sou regleman ak règ tout elèv dwe respekte ak sou konsekans vyolasyon regleman-sa-yo. Regleman-yo aplikab pou tout aktivite k'ap fèt sou teren yon lekòl oswa lòt kote lekòl-la chwazi pou òganize aktivite; regleman-an aplikab nan machin ki otorize transpòte elèv aleritou ant lekòl ak lakay, epitou nan lòt aktivite ak nan divès reyinyon/evènman lekòl-la òganize. School Board pap responsab, kondwit ak aktivite, elèv k'ap patisipe nan aktivite lekòl-la pa òganize oswa patwonnen.

Seksyon B

Lwa Florid sipòte patisipasyon aktif fanmi annatandan elèv-la diplome lekòl (F.S. §743.07, 1003.26, 1003.21). Yo sipoze ke tout elèv depandan fanmi-yo (jan sa defini nan lwa FERPA 34 C.F.R §99.31(a)(8) ak Kòd Internal Revenue Code §152). Yo va notifiye fanmi lè elèv-la vin majè (18 ane), fanmi dwe kontinye egzèse responsablite vizavi elèv-sa-a konsidere kòm depandan-li. Annatandan elèv-la diplome, fanmi dwe asime responsablite-sa-yo, -men se pa yo sèlman- rele oswa ekri yon nòt pou eskize absans ak reta epi esplike pou ki rezon, ekri nòt pèmision pou mande elèv-la soti lekòl pi bonnè, anvan lekòl lage, bay otorizasyon pou elèv-la ale nan sòti òganize (field trips) oswa nan lòt aktivite, lè sa nesèsè, enskri elèv-la lekòl oswa tèminen anwolman-li (retire-li) sòf nan sikonstans-sa-yo:

1. Elèv-la vin emansipe konfòmman avèk lwa Leta Florid (F.S. §743.015) ki tabli pwosedi pou yon tribinal tèminen "laj enkapasite" depi gen yon demann regilye ki fèt epi prezante devan yon tribinal.
2. Lè elèv-la pa gen fanmi epi administratè lekòl-la verifiye reyalyite-sa-a (egzanp nan kominikasyon avèk lòt fanmi, avèk pwogram edikasyonnel pou elèv san lojman - Homeless Education Program, oswa avèk depatman Florida Department of Children and Families, kòm sa nesèsè).
3. Elèv-la soumèt dokimantasyon espesifik epi aseptab (tankou kontra lwaye - rental agreement-, liz- lease, etcetera.) pou montre li endepandan, li pa sou kont fanmi-li epi sipozisyon ke li se yon elèv depandan pap aplike nan sitiyasyon-li.

The image features a stylized city skyline in shades of gray, with rays of light emanating from behind the buildings. In the foreground, there is a silhouette of a beach with several palm trees. A large, bold, red letter 'I' is positioned in the center of the image, overlapping the skyline and the beach. The word 'SEKSYON' is written vertically in a red, serif font to the left of the letter 'I'.


SEKSYON

Prezans lekòl

Manman/Papa yon timoun ki gen laj obligatwa pou ale lekòl responsab fè timoun-nan vin lekòl chak jou (F.S.§1003.24). Manm pèsonnèl lekòl-la, paran, elèv ak ajans Leta ki konsènen, dwe travay ansanm pou fè respekte tout lwa ki anrapò avèk prezans timoun lekòl. Pami sanksyon yo ka pran se refere ka-a bay ajans Leta ki responsab pou yon aksyon nan tribinal poutèt absans pwolonje oswa twòp absans san pèmisyon –truancy. (F.S.§ 1003.27). Regleman SB Policy 5.5 esplike règ aplikab pou prezans ak absans lekòl epi pwosedi pou yo swiv nan ka-sa-yo. Gade regleman-an ak tout lòt regleman School Board sou sit Web: <https://www.browardschools.com/Page/37754>. Lwa Florid sipòte patisipasyon aktif fanmi* annatandan elèv-la diplome lekòl (F.S. §743.07, 1003.26, 1003.21). Sila-a sèvi kòm notis pou fanmi-yo, lè yon elèv vin majè (18 ane), fanmi-li dwe kontinye egzèsè responsablite li vizavi elèv-sa-a ki konsidere kòm depandan-li. Annatandan elèv-la diplome, fanmi-li dwe asime responsablite-sa-yo –men se pa sa sèlman- rele oswa ekri yon nòt pou eskize absans ak reta epi esplike pou ki rezon, ekri yon nòt pou mande pèmisyon pou elèv-la soti anvan lekòl lage, bay otorizasyon pou elèv-la ale nan soti òganize (field trips), ak lòt aktivite, lè sa nesèsè, enskri elèv-la lekòl oswa tèminen anwolman elèv la nan lekòl la (retire-li), esepite nan ka ki endike nan Seksyon B anwo a.

*Kote yo itilize mo “paran/fanmi”, li fè referans ak manman oswa papa, toulede, oswa responsab/gadyen yon elèv, ranplasan/ sibstiti, nenpòt moun ki gen relasyon fanmi ak yon elèv, moun ki gen otorite sipèvize elèv-la nan plas fanmi-li.F.S.§1000.21 (5).

Yo ekzije prezans yon elèv nan saldeklas pou maksimòm akonplisman objektif enstriksyon. Pou elèv ki montre tandans pran abitid absan lekòl, yo kapab rekòmande entèvensyon.



Dwa

Elèv-yo andwa konnen kijan Distri-a defini absans ki eskize, absans ki pa eskize ak reta epi sa Distri-a fè nan ka-sa-yo. Plan Disiplin Distri-a (District's Discipline Matrix) fikse konsekans ak pinisyon/sankasyon espesifik pou move kondwit epi li fè pati plan disiplin lekòl-la. Plan Disiplin-la nan Annèks A liv-sa-a epi li fè pati entegral Liv Kòd Kondwit pou Elèv. PPlan Disiplin tabli direktiv pou fikse konsekans ak pinisyon lè gen vyolasyon regleman School Board. Direktè lekòl-yo gen gran libète pou aplike lòt sanksyon ak pinisyon ki apwopriye e ki diferan de direktiv Plan Disiplin-la. Kidonk, yon direktè lekòl kapab bay yon konsekans/sankasyon si li jije gen sikonstans ki apeze oswa agrave yon sityasyon. Selon Plan Disiplin, direktè lekòl gen otorite bay yon pinisyon/konsekans yon nivo pi ba, esepite nan ka ensidan ak ka espilasyon obligatwa kote yon sibstans te enplike.

Anba lwa Florid, Sipèntandan lekòl-yo/reprezantan li gen pouvwa deziye, jwenn kote apwopriye, epi sipèvize elèv pou asire sekirite ak byennèt tout elèv ak pèsònèl lekòl yo (F.S. §1001.41, §1001.42, §1001.51 (24), §1003.31, §1003.32 ak §1006.08).

Elèv-yo gen dwa fè tout devwa pou ratrape sa yo te manke pandan yon absans oswa diran tan sispansyon.

Elèv ki marye, kit se manman kit se papa oswa elèv ki ansent gen dwa rete nan pwogram regilye lekòl-yo oswa patisipe nan yon pwogram espesyal adapte a bezwen endividyèl-yo.

Elèv-yo gen dwa jwenn bon pwoteksyon pou yo pa pran okenn maladi kontajye lè yo nan lekòl-la.

Regleman

School Board of Broward County, Florida, ensiste sou enpòtans pou tout elèv ale regilyèman lekòl epi rete jiskaske yo diplome lekòl segondè (ayskoul). Sepandan, “si yon timoun rive laj sèzan (16) [oswa laj lwa Leta espesifye, ou selon laj ki pi pre] pandan ane eskolè-a li pa oblije kontinye ale lekòl si li depase laj-la epi li dwe ranpli yon deklarasyon fòmèl pou di li gen entansyon tèminen anwolman li avèk School Board Distri-a. Nan deklarasyon-sa-a elèv-la dwe rekonnèt desizyon pou li kite lekòl sa kapab diminye chans li pou li fè plis lajan pi devan. Timoun-nan ak fanmi-li dwe siyen deklarasyon-sa-a. Distrik eskolè-a dwe notifiye fanmi-an lè li resevwa deklarasyon timoun-nan avèk entansyon pou tèminen anwolman-li nan lekòl-la” (F.S. §1003.21). Nou kapab jwenn fòm “Declarasyon elèv ki gen entansyon kite lekòl” (Declaration of Intent) nan chak biwo administrasyon lekòl. Chonje: elèv ki kite lekòl pap elijib pou resevwa yon lisans chofè oswa yon pèmi kondwi oswa ankò yo va retire lisans oswa pèmi kondwi-li. (F.S. §322.091).

PRAN ABITID ABSAN LEKÒL AK SIY BONÈ KI ANNONSE ABSANS ABITYÈL (TRUANCY)

LI ENPÒTAN POU PITIT-OU VIN LEKÒL CHAK JOU. Si pitit-ou pa prezan nan lekòl la, li ka PETÈT montre tandans pran abitud absan lekòl ki endike bonè siy absans abityèl san pèmisyon (SB Policy 5.5).

Responsabilite

Elèv-yo responsab pou yo prezan nan tout klas-yo epi swiv tout kou-yo.

Elèv-yo responsab rive alè lekòl epi rive alè nan tout klas-yo.

Elèv-yo responsab fè fanmi yo avèti lekòl-la lè yo absan.

Elèv-yo responsab mande pwofesè-yo devwa pou ratrape sa yo te manke epi fin devwa-yo, dapre direktiv ak machaswiv ki presize nan Devwa Ratrapaj, *Make-Up Work* (gade Policy 6000.1: Student Progression Plan sou sit: http://www.broward.k12.fl.us/sbbcpolicies/docs/Policy%206000_1-Student_Progression_Plan_rev2020-2021_final.pdf)

Elèv-yo gen responsablite wè konseye, avèk/oswa doktè-yo ki kapab ba-yo konsèy sou jan yo kapab balanse etid-yo avèk keksyon maryaj, gwosès, epi wòl papa ak manman.

Yo pap pèmet elèv ki genyen oswa yo sispèk ki gen maladi kontajye vin lekòl. Pou elèv-la ka retounen lekòl, doktè k'ap trete li dwe bay fanmi an yon sètifika medikal ki esplike elèv la pa kontajye ankò. Varisèl se sèl maladi kontajye fanmi pa bezwen papye doktè pou li.

KISA PRAN ABITID ABSAN LEKÒL YE? (PATTERN OF NON-ATTENDANCE)

Yon elèv pwouve lap pran abitud absan lekòl lè li akimile reta, siyen pou soti lekòl anvan lè nòmral ranvwa (early sign outs), ak/oswa li gen twòp absans ki pa eskize tout absans-sa-yo rive depase 5 jou nan yon peryòd tan notasyon nèf semenn klas (marking period) oswa 10 jou nan 2 marking period. Si ekip etid pou timoun/ ekip kolaboratif pou rezoud pwoblèm, jwenn elèv la ap pran abitud absan lekòl, kit absans yo eskize oswa pa eskize, ekip la dwe pwograme yon reyinyon ak paran pou idantifye solisyon posib (F.S. §1003.26(1)(b)).

Lekòl-la kapab idantifye yon elèv kòm absan abityèl “habitual truant” lè elèv-la gen 15 absans ki pa eskize nan yon tan 90 jou, kit fanmi-li okouran kit fanmi-li pa okouran oubyen paran an bay konsantman pou jistifye absans-yo, elèv sila toujou nan laj obligatwa pou ale lekòl dapre lwa F.S. §1003.21 (1) ak (2)(a), epi li pa egzante dapre lwa F.S. §1003.21 (3) oswa §1003.24, oubyen elèv la satisfè kritè pou nenpòt egzansyon lalwa oswa regleman *State Board of Education* espesifye. (F.S. §1003.01 (8)).

Fanmi ak elèv-yo kapab verifye absans, nenpòt lè, swa lè yo nan lekòl-la oubyen lè yo lakay-yo, yo kapab kontakte lekòl-la oubyen ankò yo ka ale nan Pinnacle pou konsilte rapò elektwonik prezans ak absans lekòl.

Si apre plizyè absans ki akimile jan sa note pi wo-a, direktè-a ak/oswa anplwaye ki deziye, detèminen rezon ki fè elèv-la absan lekòl pa valab, direktè lekòl-la oswa anplwaye ki deziye dwe refere ka elèv-la bay Ekip kolaboratif pou rezoud pwoblèm (Collaborative Problem Solving Team). Ekip-la va detèminen si siy ki annonse bonè abitud absan lekòl touttan san pèmision (truancy) prezan nan ka-sa-a epitou ekip la va idantifye entèvansyon posib yo kapab pran pou korije sitiyo-sa-a. (F.S. §1003.26 (1)(b), ak/oswa yo va notifye biwo pwokirè, *State Attorney’s Office*, paske elèv-la pa konfòme l avèk lwa sou eskolarizasyon obligatwa. Sepandan, si direktè-a ak/oswa anplwaye ki deziye, detèminen rezon pou absans-yo valab epi pa gen siy bonè ki ka annonse absans abityèl, manman oswa papa dwe bay lekòl-la yon nòt (lekòl-la va kenbe nan achiv-li tout nòt-yo) pou esplike rezon absans-sa-yo. Yo pap pran plis aksyon apre sa.

RAPOTE YON ABSANS KI ESKIZE

Paran ka jwenn opsyon pou rapòte absans sou sit Entènèt chak lekòl tradisyonèl. Sou sitweb la, anba **CONTACT (KONTAK)**, seleksyone **“REPORT AN ABSENCE”** (RAPÒTE YON ABSANS) kote paran ka chwazi metòd li prefere pou rapòte absans:

- Fòm An liy (Online Form): Soumèt yon fòm sou sit entènèt lekòl, ki va ba-ou yon imel konfimasyon ki enkli dat ak akilè ou soumèt fòm la
- Kite yon mesaj nan telefòn sou mesajri vokal (Voicemail)
- Nòt ke paran an ekri li-menm esplike rezon absans elèv la epi paran va remèt nòt la nan biwo lekòl la (front office)

Papa oswa Manman dwe rapòte absans la, li-menm, epi bay dat (oswa plizyè dat) absans la (absans-yo) epi esplike rezon absans-la (absans-yo).Paran DWE rapòte absans-yo nan de (2) jou lekòl. Nan sèten sikonstans, direktè lekòl-yo KAPAB fè esepsyon. Manm pèsònèl lekòl-la gen dwa legal reklame yon doktè ekri yon nòt pou eskize absans-lan (F.S. §1003.24(4)).

Pou elèv lekòl segondè (ayskoul) sèlman, lè elèv-la ale mwaye tan nan de (2) lekòl, paran-yo dwe avèti toude lekòl-yo.

Pou lekòl primè sèlman, Pwogram entèvansyon, Broward Truancy Intervention Program (BTIP) se yon patenarya ant pwogram biwo pwokirè, Broward State Attorney’s Office, ak School Board of Broward County. Pwogram-nan bati pou prevni twòp absans lekòl; pami aksyon yo ka pran se notifye fanmi, epi rann fanmi responsab pou asire pitit-li vin lekòl, entèvansyon lekòl-la epi kontwòl prezans ak absans toulejou. Fanmi dwe kominike ak manm pèsònèl lekòl-la kèlkeswa absans-lan. Yo va voye ka tout paran ki pa konfòme-yo ak seksyon lwa F.S. §1003.27 nan biwo pwokirè, State Attorney’s Office. Lwa Leta Florid espesifye klèman yon paran komèt yon deli dezyèm degre lalwa pini, si li refize oswa neglije fè ansòt pitit-li ale lekòl regilyèman oswa si li refize patisipe nan reyinyon konsènan pitit-li ki kontinye ap absan lekòl.

KRITE POU ABSANS KI ESKIZE

Tout elèv dwe ale lekòl. Sepandan, lè sa nesese pou yon elèv absan, absans-yo kapab eskize pou youn nan rezon ki nan lis anba a. (Yo pap konsidere elèv ki ale nan sòti òganize (field trips), oswa ki fè tan sispansyon andedan lekòl-la oswa patisipe nan pwogram altènatif ki ranplase sispansyon, absan. Yap make elèv-la prezan) **Paran dwe avèti lekòl-la nan 2 jou lekòl pou absans-lan sinon yo va konsidere absans-la kòm yon absans ki pa eskize.** Sepandan, toutotan anplwaye anchaj anrejistre absans nan lekòl-la (attendance clerk) pa resevwa yon notifikasyon de paran an pou eskize absans-lan, absans-la konte pou yon absans san rezon, ki pa eskize (Gade seksyon Rapote yon absans ki eskize). **Fanmi dwe bay rezon absans-lan epi yo kapab eskize absans-yo pou youn nan uit rezon School Board bay kòm rezon valab pou yo konsidere yon elèv absan.** Nan sèten sikonstans, lekòl-la ka ekzije yon doktè oswa yon reprezantan klinik sante piblik ekri yon nòt pou eskize absans-lan. Men ka kote absans yon elèv eskize:

1. Maladi. Paran dwe kontakte anplwaye anchaj nan lekòl-la epi mande yon kopi aplikasyon ak referal (Hospital/Homebound packet) si paran an prevwa elèv-la ka manke omwens 15 jou lekòl swivi poutèt maladi, pwoblèm sante, oswa pou rezon sosyal/emosyonèl, oswa elèv-la ka manke plizyè jou lekòl pandan tout ane-a nan diferan entèval pou menm rezon-an, elèv-la ka benefisye de pwogram enstriksyon siplemantè, lakay-li
2. Maladi yon manm fanmi ki pwòch elèv-la.
3. Lanmò nan fanmi elèv-la.
4. Jou konje pou fèt espesyal nan relijyon elèv-la.
5. Yon manda konparisyon devan yon tribinal oswa sitasyon (subpoena) pou konparèt devan yon ajans ki fè respekte lalwa..
6. Evènman espesyal. Men kèk egzanp evènman ak okazyon espesyal: seremoni piblik enpòtan, aktivite anrichisman onivo edikasyon, konferans, konpetisyon Leta ak konpetisyon nasyonnal, tou/vizit sou kanpis kolèj/inivèsite ak ka espesyal, lè fanmi-an gen emèjensi (ijans).
7. Randevou kay doktè oswa dantis, oswa randevou pou tretman twoub otis varye; elèv-la dwe wè swa yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans oswa yon pwofesyonèl analist konpòtman ki gen sètifikasyon (F.S. §1003.21(2)(b)).
8. Elèv ki genyen osnon yo sispèk gen yon maladi atrapan oswa parazit pa gen dwa vin lekòl toutotan yo pa trete oswa yo pa reprezante yon danje pou lezòt (F.S. §1003.22). Men kèk egzanp maladi kontajye ak maladi atrapan: tik, pou nan tèt, pyas, bouton ki fè pi ak demanjezon/gratèl, enpetigo, gal ak tout lòt maladi kontajye ki pa mansyone. Yo pèmèt elèv-yo gen yon maksimòm senk (5) jou absans ki eskize chak fwa yo atrape maladi kontajye pou nan tèt oswa karang.

Note: Elèv ki patisipe nan sòti òganize (field trips), elèv ki ale nan pwogram altènatif ki ranplase sispansyon oswa nan pwogram sispansyon andedan lekòl, yo pap konsidere yo absan.

ABSANS KI PA ESKIZE

Se responsablite direktè lekòl-la pou li asire lekòl-la kontakte fanmi elèv-la apre chak absans ki pa eskize epi asire gen entèvansyon espesifik, apwopriye pou chak absans ki pa eskize (jistifye). Fanmi-yo ka resevwa lèt ki va avize-yo pitit-yo te absan lekòl epi absans-la/absans-yo pat eskize. Lèt-sa-yo soti dirèkteman nan dosye ofisyèl prezans ak absans lekòl-la.

1. Yo eskize absans sèlman pou rezon ki mansyone sou lis anwo a. Absans ki pa eskize ap konsidere kòm absans ki pa jistifye, ki pa eskize. Nan seksyon anvan, w'ap jwenn definisyon absans ki pa jistifye, **Sa pa aplikab nan ka sispansyon.**
2. Elèv ki pa prezante yon Sètifika vaksen (Certificate of Immunization) konplèt ki montre li pran tout vaksen nan dat li te dwe pran yo, yo pap otorize-li ale nan klas toutotan li pa founi dokiman sa-a oswa pwouve li gen yon egzansyon. Y ap bay elèv ki resevwa premye vaksen sou yon seri men ki anreta pou pran lòt dòz vaksen-yo twa (3) jou delè. Si 3 jou delè-yo pase san elèv-la pa fin pran dòz vaksen-yo, lekòl-la pap kite li rantrè nan klas-la epitou lòt absans ki vin apre ap konsidere tankou absans ki pa eskize.
3. **Pou lekòl segondè sèlman**, Depatman Division of Highway Safety and Motor Vehicles (Depatman sikilasyon) ap retire lisans oswa pèmi kondwi tout elèv ki gen ant katòzan ak dizwitan (14-18), ki kite lekòl oswa ki gen 15 absans ki pa eskize nan yon entèval 90 jou oswa Depatman-an pap bay-yo lisans oswa pèmi si yo aplike pou youn. Kifè elèv-sa-yo ap pèdi privilèj kondwi-yo. Si nou bezwen plis ransèyman sou pwosedi pou swiv osnon si nou ta renmen yo egzante-nou, pran kontak ak administrasyon lekòl-la oswa biwo konseye (guidance).

SISPANSYON

1. Elèv ki dwe fè tan sispansyon andeyò lekòl, ki chwazi pou li absan epi pa patisipe fizikman nan pwogram altènativ ki ranplase sispansyon, y ap konsidere li resevwa sispansyon an.
2. Elèv ki dwe fè tan sispansyon andeyò lekòl epi li absan tout jou-yo nan pwogram altènativ ki ranplase sispansyon, pou jou elèv-la pa ale ditou nan pwogram la, yap konsidere li resevwa sispansyon an.

DEVWA RATRAPAJ (MAKE-UP WORK)

Pou regleman ak direktiv School Board konsènan nòt ak kredi pou devwa ratrapaj, anrapò ak absans, sòti òganize (field trips) ak sispansyon, gade policy 6000.1: Student Progression Plan (Plan Pwogrè Elèv) sou sit (http://www.broward.k12.fl.us/sbbcpolicies/docs/Policy%206000_1-Student_Progression_Plan_rev2020-2021_final.pdf)

RETA

Elèv ki rive anreta kapab twouble atansyon klas-la epi sa ka genyen yon efè negatif sou reyisit elèv-la. Reta kapab konte pou pwouve elèv-la ap pran abitud absan lekòl (pattern of non-attendance), sa kapab endike bonnè siy abitud absan lekòl touttan san pèmisyon - truancy. Yo kapab pwouve abitud absan lekòl lè gen reta akimile, twòp absans (kit absans-yo eskize kit yo pa eskize), ak lè elèv-la siyen pou soti lekòl anvan lè nòmal ranvwa (early sign outs); tout absans-sa-yo rive depase senk (5) jou nan yon peryòd tan notasyon nèf semenn klas (marking period) oswa dis (10) jou nan de (2) marking periods.

1. Yon reta eskize pou menm rezon yon absans eskize. Absans eskize ak reta eskize enkli: maladi, maladi yon manm pwòch fanmi elèv-la, lanmò nan fanmi elèv-la, jou konje pou fèt espesyal nan relijyon elèv-la, manda konparisyon devan yon tribinal oswa sitasyon (subpoena) pou konparèt devan yon ajans ki fè respekte lalwa, reyinyon ak evènman espesyal, randevou kay doktè oswa dantis, oswa maladi kontajye. Nan sèten sikonstans espesyal, direktè lekòl-yo ak/oswa anplwaye ki deziyen, kapab eskize yon reta pou lòt rezon nou pa mansyonnen, depi fanmi prezante papyè valab ki jistifye reta a. Fanmi dwe swiv menm pwosesis yo swiv pou eskize yon absans, lè yo vle eskize yon reta.
2. Yo konsidere yon elèv anreta lè li pa nan saldeklas-la alè egzak klas-la dwe kòmanse. Yon elèv ki gen yon reta eskize (nòt ekri oswa fanmi-li rele nan telefòn) dwe ale dirèkteman nan saldeklas-li apre li fin tcheke anvan nan sal ki deziye nan lekòl la pou resevwa elèv ki anreta.
3. Pou elèv ki gen reta eksèsif (twòp reta), lekòl-la va konsidere chak ka. Sa va pèmèt decide si elèv-la ap pran abitud absan lekòl.
4. Reta nan nenpòt klas, san papyè ki esplike rezon reta-a, kapab konsidere kòm yon reta ki pa eskize.

SIYEN POU SOTI LEKÒL ANVAN LÈ NÒMAL RANVWA (EARLY SIGN OUTS)

Lè elèv-yo siyen pou soti lekòl anvan lè nòmal ranvwa, yon fason kontini, sa ka gen yon efè negatif sou pèfòmans akademik-yo. Sistèm eskolè-a ankouraje chak fanmi asire pitit-li prezan lekòl pandan tout yon jounen, toulejou. Siyen pou soti lekòl anvan lè nòmal ranvwa kapab konte pou pwouve elèv-la ap pran abitud absan lekòl, sa kapab endike bonnè siy abitud absans lekòl touttan san pèmisyon (truancy). Yo kapab pwouve abitud absan lekòl, lè gen reta akimile, absans (kit absans-yo eskize kit yo pa eskize), ak lè elèv-la siyen pou soti lekòl anvan lè nòmal ranvwa; tout absans-sa-yo rive depase senk (5) jou nan yon tan peryòd notasyon nèf semenn klas (marking period) oswa dis (10) jou nan de (2) marking period.

1. Chak lekòl dwe tabli pwosedi nan ka lekòl lage bonnè epi ki garanti tout elèv dwe trete menm jan.
2. Okenn elèv pa gen dwa soti lekòl-la pandan dènye 30 (trant) minit ki rete pou jounen lekòl-la fini, sòf si direktè a/anplwaye ki deziye, jije gen yon ka ijans oubyen si elèv-la gen yon randevou doktè/dantis, randevou ki pa ka ranvwaye nan yon lòt lè.
3. Pou elèv ki siyen twòp anvan lè nòmal ranvwa, yo va konsidere chak ka. Sa va pèmèt decide si elèv-la ap pran abitud absan lekòl.



SEKSYON

I

**Respè pou Moun ak
Pwopriyete**

Fòmasyon karaktè enkòpore nan direktiv ak pwosedi lekòl piblik Broward County. Responsabilite, Sivis, Jantiyès, Respè, Onètete, Sanfwa, Tolerans, ak Kowoperasyon se prensip fondamantal ki esplike nan liv Kòd Kondwit sa pou Elèv.

Dwa

Tout moun dwe trete elèv-yo ak respè epi onètete.

Elèv-yo gen dwa pwoteje vi prive yo.

Elèv gen dwa ale nan lekòl ki gen sekirite ak disiplin.

Responsabilite

Elèv yo gen responsablite montre nan kondwit yo, karakteristik karaktè byen fòme.

Elèv yo dwe trete tout moun ak respè epi onètete.

Elèv yo dwe respekte dwa lezòt.

Elèv-yo dwe trete pwopriyete lekòl, pwopriyete ak sa ki pou lezòt avèk respè epi aji yon jan ki pa entèfere ak dwa lezòt ni reprezante yon danje pou sante ak sekirite yo.

Elèv-yo responsab avèti yon anplwaye lekòl-la oswa itilize youn nan liy kominikasyon sistèm lekòl-la tabli, kote san bay non-yo, yo kapab rapòte enfòmasyon yo konnen sou yon sitiyasyon ki ka vin dangere (vizite sitweb (www.broward.k12.fl.us/siu/siunew/tipsemail.asp)).

Regleman

Li enpòtan pou elèv-yo konnen dwa ak responsablite-yo. Yo dwe obeyi pwofesè-yo ak tout lòt manm pèsonèl lekòl la, obeyi chak moun selon wòl li nan lekòl la, lekòl la defini wòl la, epitou obeyi chofè bis-yo. Tout elèv dwe pran responsablite yo epi konpòte yo yon jan ki respekte dwa tout moun. Ou va jwenn konsekans ak pinisyon kondwit ki pa aseptab nan Plan Disiplin - gade Anèks A (Discipline Matrix - see Appendix A).

Depatman Edikasyon Leta Florid dwe resevwa de lekòl-la tout rapò konsènan ensidan disiplinè konfòmman ak Rule 6A-1.0017, kondisyon ki ekzije pou Rapò sekirite sou anviwonman lekòl [*School Environmental Safety Reporting (SESIR)*]. School Board apwouve ki zouti kominikasyon lekòl la dwe itilize pou fè rapò sa. Se sèl administratè nan lekòl-la ki dwe adrese kesyon ensidan SESIR. Anba Rule 6A-10017, chak direktè lekòl, direktè lekòl charter oswa ekivalan, dwe asire tout anplwaye nan lekòl-la ki anchaj rapòte enfòmasyon SESIR patisipe nan trening selon espikasyon souseksyon (10) regleman sa epi prensipal-la (direktè lekòl-la) dwe asire tout done SESIR rapòte egzakteman epi atan. Pou plis direktiv konsènan definisyon ak atik espesifik nan lwa Florid, tanpri konsilte sit <http://www.fldoe.org/safe-schools/sesir-discipline-data/>

KONDWIT AK KONPÒTMAN ASEPTAB

- Trete lezòt ak respè epi onètete
- Vin prepare pou klas-la epi pote papyè, kreyon, plim, liv ak tout lòt founiti klasik ki nesèsè
- Fini tout devwa klas ak devwadamezon
- Byen itilize tan ou
- Pote lakay-ou tout fòmilè ak fòm epi retounen nan lekòl-la fòm ki nesèsè
- Respekte règ ak regleman, epitou règ sou sòti lekòl-la òganize (field trips)
- Pran swen tout liv, liv bibliyotèk oswa lòt materyèl lekòl-la prete-ou epi retounen-yo
- Konpòte-ou, aji kòrèkteman sou kanpis lekòl-la, nan bis lekòl-la, nan sòti ak lekòl-la (field trips), nan tout reyinyon ak aktivite sou parenaj lekòl-la, kèlkeswa kote lap fèt

- Elèv ki monte bisiklèt oblije mete yon kas pwoteksyon (helmet) byen ajiste sou tèt-yo epi konfòm ak mezi sekirite. Polis ka bay elèv anba laj 16zan yon tikè (kontravansyon) anmenmtan sitasyon pou tribinal (traffic citation) (F.S. §316.2065) si yo pa mete kas.

KONPÒTMAN KI PA ASEPTAB KI KA MERITE YON AKSYON DISIPLINÈ

ENSIDAN KI ANRAPÒ AK PREZANS LEKÒL

- Kite klas-la oswa lekòl-la san pèmisyon ofisyèl
- Absan lekòl abityèlman san pèmisyon, fè woul (truancy)
- Vin lekòl anreta twò souvan
- Deside pa ale nan klas touttan (skipping class)
- Pa nan zòn deziyen pou lekòl-li

ENSIDAN ANRAPÒ AK VYOLASYON REGLEMAN (MEN PA LIMITE AK)

- Pa respekte regleman sou abiman
- Jete fatra nan lekòl-la (Littering)
- Pran, genyen, montre, distribye, ak/oswa fè pase foto, lè ou itilize kamera selilè ou, pandan yon jounen lekòl.

Note: Itilize kamera pòtab ou ka lakòz konsekans adisyonnèl (anplis konfiske) si elèv-la itilize kamera a pou pran foto pònografik oswa endesan oswa pou pa respekte regleman oswa lalwa.

ENSIDAN KI TROUBLE LÒD (ENKLI, MEN PA LIMITE AK)

- Deranje lòd, disiplin, nan klas-la oswa nan lekòl-la se lè elèv-yo: derespektan oswa malelve, refize obeyi anplwaye lekòl-la, pa swiv regleman klas-la, kouri nan kòridò, voye bagay anlè, genyen oswa limen fedatifis oswa aktive zam, goumen, jwe jwèt aza, oswa pote nan lekòl-la bagay ki kapab distrè lòt elèv tankou men se pa yo sèlman, planchawoulèt, scooters, in-line skates/roller blades (paten an liy), paten /heelies (tennis, tennis ak wou), jwèt pou timoun, jwèt kat, tout kalite jwèt, brikè, radyo kasèt, bagèt lazè/plim lazè ak lòt aparèy lazè
- Yo entèdi elèv-yo monte scooters ak inline skates/rollerblades/heelies (paten an liy - tennis ak wou) andedan bildin lekòl.
- Gen move kondwit lè ou patisipe nan sòti òganize (field trips)
- Posede materyèl pònografik, pòtre ak foto endesan epitou tout lòt bagay (akseswa) ki ka sèvi pou pran dwòg
- Fè tèt-ou pase pou yon lòt moun lè ou triche, kopye, vòlè lide lòt moun, bay fo idantite, oswa itilize fo idantite, oswa pase pou fanmi-ou lè ou ekri nòt pou eskize absans oswa reta, siyen yon kanè eskolè, etcetera.
- Gen nan men-ou dokiman, fòm lekòl-la oswa konte-a (county) san otorizasyon
- Fè lòt elèv oswa anplwaye abi, tankou -men se pa yo sèlman- di pawòl ensiltan, mennase oswa koze donmaj nan kò, fòse moun bay sa ki pou li, detwi afè pèsennèl, fè fo akizasyon ak fèm entansyon, oswa bay fo enfòmasyon ekspres
- Dirije, rekrute, oswa patisipe nan aktivite gang jenn sou teren lekòl-la.
- Fè jès, pale langaj ak/oswa fè siy yo itilize nan gang ak/oswa kilt
- Antre sou teren, pwopriyete lekòl san otorizasyon
- **Sèlman pou elèv k'ap fè klas segondè**, pake yon machin/yon veyikil nan lekòl-la, san pèmi ofisyèl, oswa kote ak zòn yo pa otorize machin pake.
- Mete lavi elèv ak manm pèsennèl lekòl-la an danje lè ou tire sonèt alam dife san rezon
- Jwe jwèt aza/mize pou lajan (Gambling)

APARÈY KOMINIKASYON ELEKTWONIK SANFIL/ WIRELESS ELECTRONIC COMMUNICATION DEVICES

- Genyen yon aparèy telekominikasyon sanfil (wireless communication device) se pa yon vyolasyon ki nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv. Aparèy telekominikasyon san fil enkli, telefòn selilè/mobil, mont entelijan (smart watches), asistan dijital pèsone (personal digital assistant), tablet, aparèy kominikasyon bidireksyonèl/2-vwa (two-way communication devices)
- Elèv-yo dwe fèmen aparèy sanfil la, oswa mete l sou silans (silent mode) epi sere-li kote yo pa ka wè l pandan tan enstriksyon ak lò aktivite nan saldeklas-la. Itilize yon aparèy teknolojik sanfil, pèsone, otorize sèlman si yon pwofesè oswa yon administratè mande-elèv-yo sèvi ak aparèy-la pou bi ansèyman. Tan anvan oswa apre lekòl, oswa diran lanch (manje midi), yo pa konsidere sa kòm tan enstriksyon/ansèyman pou elèv segondè. Pou elèv lekòl primè, yo defini tan ansèyman se tan depi klòch-la sonnen jouk rive fen jounen lekòl.
- Pou rezon sekirite nan lekòl-la, gen restriksyon sou aparèy teknolojik pèsone [kas ak ekoutè (headphones), ekoutè nan zorèy (earbuds) oswa lòt akseswa]. Elèv k'ap itilize yon aparèy dwe mete volim-la ba, se sèl elèv-la ki ka tande. Mete aparèy-la nan yon sèl zòrèy, lòt la dwe rete lib.
- Elèv-yo pap sibi okenn sanksyon disiplinè si yo itilize yon aparèy sanfil pou rapòte yon sityasyon danjere ki ka mete andanje sekirite elèv, estaf oswa pwopriyete. Nan ka sa, tout anrejistremant/enfòmasyon dwe pataje ak pèsone administratif touswit.
- Izaj ki pa apwopriye de yon aparèy sanfil pandan yon jounen lekòl, lè ou prezan nan yon evènman oswa aktivite lekòl la òganize oswa diran transpòtasyon lekòl se yon vyolasyon regleman lekòl la. Definisyon izaj ki pa apwopriye vledi anvwonman edikasyonèl deranje oswa entèfere ak sekirite elèv, estaf oswa pwopriyete. Konfòmman ak atik F.S. §1006.07(2)(f), School Board blije enfòmasyon/avèti elèv ki itilize aparèy kominikasyon sanfil lè yap komèt yon krim pandan yo sou pwopriyete lekòl la oswa prezan diran yon evènman oswa aktivite sou patwonaj lekòl la, elèv sila ka sibi sanksyon disiplinè ak/oswa sanksyon kriminel.
- Sanksyon disiplinè pwogresif aplikab pou vyolasyon repete, jan sa esplike nan Plan Disiplin. Lekòl la ka sezi aparèy kominikasyon sanfil epi remèt li bay paran si gen vyolasyon regleman ki repete.
- Lekòl la pap responsab si elèv la gen yon aparèy kominikasyon sanfil ki pèdi oswa yo vòlè li nan lekòl-la, nan evenman sou patwonaj lekòl la oswa nan bis lekòl. Note: Aparèy kominikasyon sanfil/aktivasyon aparèy kominikasyon 2-vwa sou pwopriyete lekòl la san otorizasyon preyalab direktè lekòl la se yon vyolasyon regleman sa.

Note: Aparèy kominikasyon sanfil/aktivasyon aparèy kominikasyon 2-vwa sou pwopriyete lekòl la san otorizasyon preyalab direktè lekòl se yon vyolasyon regleman sa.

ABI SIBSTANS/ENSIDAN ANRAPÒ AK DWÒG (TANKOU MEN SE PA YO SÈLMAN)

- Genyen oswa pran/itilize dwòg, gen oswa bwè alkòl, gen ak/oswa pran/itilize pwodi tabak/nikotin, gen/fimen sigarèt elektwonik, aparèy vapotaj pou rale lafimen (vapor devices) oswa aparèy sanblab, gen medikaman achte sou kontwa epi ki pa otorize oswa gen medikaman doktè preskri epi ki pa otorize
- Vann oswa eseye vann ak/oswa fè pase dwòg, alkòl ak/oswa pwodi tabak/nikotin, sigarèt elektwonik, aparèy vapotaj, oswa aparèy sanblab, medikaman achte sou kontwa oswa medikaman doktè preskri kit yo otorize kit yo pa otorize
- Genyen akseswa pou preparasyon dwòg oswa pou pran dwòg

ZAK KONT MOUN (TANKOU MEN SE PA YO SÈLMAN)

- Aksyon bully ki se nwi, entimide, agrese, britalize, elatriye ak/oswa arasman.
- Cyberbullying - sibèntimidasyon, zak entimidasyon sou Entènèt
- Patisipe nan zak vyolans seksyèl, angaje nan arasman seksyèl, osnon ekspozè pati endesan nan kò ki ofiske lezòt.
- Itilize langaj ekri oswa vèbal pou ensilte, abize, blasfeme, itilize yon langaj chokan sou sèks ak ras, fè remake oswa jès endesan.
- Anniye/Arase lezòt poutèt laj, koulè po, sèks, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, nasyonalite, eta sivil, ras, relijyon oswa preferans seksyèl / oryantasyon seksyèl.
- Anniye/Arase lezòt paske yo andikape, yo gen yon dizabilite

- Anniye/Arase lezòt poutèt etnisite yo, milye sosyoekonomik-yo, oswa patikilarite nan langaj.
- Anniye/Arase lezòt aparans fizik (kò-yo) oswa pou nenpòt lòt rezon.
- Hazing - Patisipe nan seremoni inisyasyon nouvo elèv.
- Mennase, stalking (arase, swiv yon moun ak ensistans), frape oswa blese yon pwofesè oswa lòt manm pèsonnèl lekòl-la.
- Avèk fèm entansyon, fè fo akizasyon sou yon pwofesè oswa yon lòt anplwaye lekòl-la, ki mete an danje repitasyon pwofesyonèl, djòb oswa sètifikasyon-li.
- Komèt yon krim rayisab.
- Goumen

ENSIDAN ANRAPÒ AK PWOPRIYETE (TANKOU, MEN SE PA YO SÈLMAN)

- Detwi, kraze brize /vandalize pwopriyete lekòl-la.
- Fè move izaj teknoloji.
- Kòmanse yon dife espre (arson).
- Konmèt yon ti vòl.
- Itilize fòs pou antre nan yon kay oswa bildin ak entansyon pou komèt yon krim; kase kay; kanbriyolaj.

LÒT ENSIDAN KRIMINÈL (ENKLI, MEN SE PA YO SÈLMAN)

- Genyen epi/oswa kache yon zam (gade definisyon zam)
- Mennase oswa blese yon moun ak yon zam
- Vòlè, pran sa ki pa pou ou
- Fòse yon moun bay yon lòt moun oswa ou-menm lajan, sa ki pou li, oswa lòt bagay ki gen anpil valè. (extortion)
- Mete lavi elèv ak manm pèsonnèl lekòl-la an danje lè ou pa rapòte yon mennas vyolans kont lezòt
- Fè mennas sote bonm
- Atak seksyèl/vyolans seksyèl/agresyon seksyèl
- Kidnapin oswa fè anlèvman
- Tiye yon moun (homicide)
- Komèt lòt zak kriminèl

DEFINISYON

Hazing selon definisyon nan F.S. §1006.135 vledi patisipe nan inisyasyon nouvo elèv, vledi tout aksyon oswa sitiyasyon ki akòz ensousyans epi avèk fèm entansyon mete an danje sante fizik (kò) oswa sante mantal oswa sekirite yon elèv nan yon lekòl, k'ap fè nenpòt klas, 6 rive 12 ane, nan bi inisyasyon oswa admisyon oswa afilyasyon nan nenpòt òganizasyon k'ap fonksyone avèk apwobasyon lekòl-la, pou klas 6 rive 12 ane (grade). "Hazing" enkli, men pa limite ak:

a. Fè presyon, kontrenn, oswa fòse yon elèv:

1. Vyole lalwa Leta oswa lwa federal;
2. Konsome manje, bwè gwòg, bwè likè, pran dwòg, oswa lòt sibstans; oubyen
3. Patisipe nan aktivite fizik (sou kò), ki kapab afekte yon fason negativ sante oswa sekirite elèv-la

b. Nenpòt fòm britalite, move tretman sou kò yon moun, tankou fwete, bat, make, tanpe (branding), oswa espoze a eleman lanati.

Hazing pa enkli evènman spòtif, evènman atletik abityèl oswa lòt konkou oswa konpetisyon similè oswa nenpòt aktivite oubyen kondwit ki ede vance yon objektif legal oswa lejitim.

Pran nòt: Konfòmman ak lwa Florid F.S. §1006.135, yo dwe swiv direktiv, machaswiv/pwosedri pou envestige tout akizasyon, sipòte epi ede yon viktim, aplike sanksyon kont moun ki fè ofans-la, epi rapòte tout zak hazing.

Krim rayisab (Hate crime) sou baz prejije oswa diskriminasyon konsènen yon atak kont yon moun oswa pwopriyete li, yo chwazi espesikman poutèt ras, koulè po, relijyon, orijin nasyonnal¹, sèks, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, andikap, oswa preferans seksyèl-li. Atak-la ofans-lan ale depi nan ensilt sou ras oswa majidigri sou mi lekòl, jiska mennas oswa koze donmaj nan kò, kraponnay, lèt oswa imel/kourye elektwonik rayisab, kraze brize, mete dife espre, atake yon moun, etcetera. Elèv ki kwè yo te viktim yon krim rayisab dwe mete yon pwofesè ak/oswa administratè lekòl-la okouran touswit epi rapòte zak-la.

¹ Orijin nasyonnal konsènen kote moun oswa zansèt-li soti, tout kòm aparans fizik, tradisyon oswa patikilarite langaj-li, ak lòt karakteristik.

Bullying selon definisyon SESIR 6A-1.0017(7)(e) ak F.S. §1006.147 enkli “cyberbullying” oswa sibèentimidasyon, vledi fè yon elèv oswa plizyè elèv oswa anplwaye soufri nan kò oswa gen lapènn ki afekte lespri. Sa kapab fèt sistematikman oswa tanzantan. Yo defini aksyon bully tou kòm yon konpòtman fizik agresif, konpòtman ekri oswa vèbal endezirab ki enkli jès mennasan, ensiltan oswa ki pa respekte diyite yon moun, yon granmoun oswa yon elèv genyen, konpòtman ki gen ase potansyèl pou kreye yon anviwonman edikatif ki kapab entimidasyon, ostil oswa chokan; oswa lakòz donmaj alontèm; ki lakòz anbarasman oswa imilyasyon; ki entèfere enjisteman avèk pèfòmans eskolè oswa patisipasyon yon elèv. Konpòtman repetitif-sa-a manifeste souvan avèk yon pouvwa dominan. Men kèk egzanp bullying men se pa yo sèlman:

1. Takinen yon lòt moun san li pa vle, agase
2. Ensiste oswa fòse yon moun izole tèt-li, anpeche l patisipe nan sèten aktivite sosyal* (Eksklizyon sosyal - Social exclusion*)
3. Fè mennas
4. Entimidasyon - kraponay
5. Stalking (arase, swiv yon moun pou apwoche-li)
6. Agresyon, vyolans, atak fizik (nan kò)
7. Vòl
8. Arasman/pèsekisyon seksyèl, relijye oswa rasyal
9. Imilyasyon piblik (devan lòt moun) oswa imilyasyon an prive
10. Destriksyon pwopriyete, sa ki pou lòt moun, vandalis, kraze brize

**Pran nòt: Eksklizyon sosyal se lè tou ou iyore prezans yon moun swa ak ankourajman ak/oswa gwo presyon*

Sexting dapre definisyon an nan atik lwa F.S. §847.0141(1)(a) se lè ou itilize yon konpitè oswa nenpòt aparèy ki gen kapasite transmisyon oubyen distribisyon done elektwonik, pou fè pase oswa pataje ak yon lòt moun, foto oswa videyo yon moun, ki montre moun-nan nikò, jan sa defini nan lwa F.S. §847.001(9).

Harassment “Arasman/pèsekisyon” vledi tout jès mennasan, ensiltan oswa degradan, itilizasyon teknoloji/done, lojisye (sofwè) oswa ankò konpòtman ekri, vèbal oswa agresif, ki dirije kont yon elèv oswa yon anplwaye lekòl, ki:

1. Fè yon elèv oswa yon anplwaye lekòl gen yon lapèn kòmkiwa yo kapab fè li mal oswa detwi sa ki pou li, pwopriyete-li;ak
2. Ka deranje gravman pèfòmans edikasyon yon elèv; pèfòmans yon anplwaye nan travay li, pap jwenn opòtinite, ou avantaj;
3. Ka deranje gravman fonksyonman ak disiplin lekòl-la, adopte nenpòt liy kondwit anvè yon moun anpatikilye, sa ka lakòz yon detrès emosyonèl pou moun lan epi aksyon an pa jistifye.

“Cyberstalking” - Dapre definisyon an nan seksyon F.S. §784.048(1)(d) vledi angaje nan aktivite pou kominike mo, imaj, oswa langaj grasa zouti kominikasyon elektwonik oswa kourye elektwonik (imel), yon moun voye bay yon lòt moun oswa pou yon moun an patikilye, ki lakòz moun-sa gen lapèrèz ki afekte emosyon-ni san bon rezon. Plis definisyon nan atik F.S. §815.03 aplikab.

“Cyberbullying” sibèentimidasyon, entimidasyon sou Entènèt- se yon zak bullying oswa arasman ak/oswa entimidasyon yon moun, avèk itilizasyon teknoloji nimerik (dijital), oswa avèk nenpòt lòt kominikasyon elektwonik, enkli men san limitasyon, avèk transfè siy, siyal, imaj, son, done oswa enfòmasyon kèlkeswa nati-a, transmèt, totalman oswa an pati, avèk elektrisite, lyezon radyo, sistèm elektwomayetik, sistèm fotoelektrik, sistèm fotoelektwonik, enkli san limitasyon, avèk kourye elektwonik, kominikasyon Entènèt, mesaj enstantane, oswa faks. Zak cyberbullying dwe yon zak volontè epi repete. Cyberbullying se lè yon moun kreye yon pajweb oswa weblog kote li itilize idantite yon lòt moun, oswa gen izipasyon idantite konni yon lòt moun (impersonation) pou fè tèt-li pase kòm otè kontni oswa mesaj poste; se yon ka cyberbullying, depi kreyasyon sit-la oswa izipasyon idantite-a koresponn a nenpòt kondisyon enimere nan definisyon bullying. Cyberbullying se distribye selon mwayen kominikasyon elektwonik bay plis pase yon moun oswa se posting (piblikasyon) materyèl sou yon sipò elektwonik ke yon sèl moun oswa plizyè moun kapab jwenn aksè ladann, si distribisyon-an oswa posting koresponn a nenpòt kondisyon ki enimere nan definisyon bullying (F.S. §1006.147).

Pran nòt: Sistèm edikatif piblik K-12 konsidere sou responsablite pa l nenpòt konpitè, sistèm konpitè, oswa rezo konpitè ki sitiye sou pwopriyete lekòl oswa nan pwogram ak aktivite sou patwonaj lekòl, kèlkeswa pwopriyete a. Definisyon krim anrapò ak konpitè dapre lwa F.S. §815.03 ak definisyon cyberstalk dapre lwa FS.§ 784.048 (1) (d) aplikab pou seksyon-sa-a. Dapre lwa F.S. §810.145, vwayeris konsidere kòm yon ofans kriminèl si zak-la komèt sou sit Entènèt.

“Bullying,” “Cyberbullying,” ak/oswa “Harassment” - “Zak bully, zak bully nan Entènèt, ak Arasman” se:

1. Revanch yon elèv fè kont yon lòt elèv oswa revanch yon anplwaye fè kont yon lòt anplwaye, pou konfime oswa sipoze yon zak bully, arasman oswa diskriminasyon te poze.
2. Revanch se lè ou rapòte yon zak bully, arasman, oswa diskriminasyon, zak san fonman, ki pa fèt an tout bonn fwa.
3. Pèpetye konpòtman figire sou lis definisyon bullying, arasman, ak/oswa diskriminasyon lè yon moun oswa yon gwoup avèk entansyon rabese, diminye, anbarase oswa lakòz yon elèv oubyen yon anplwaye lekòl mal anpil swa nan emosyon-ni swa nan kò-ni paske:
 - a. Gen ankourajman oswa gwo presyon;
 - b. Gen aksè, konsyamman oswa volontèman lakòz zak-la, founi aksè nan baz donne ak nan sof wè konpitè grasa konpitè, sistèm konpitè oswa rezo konpitè sistèm distri eskolè-a; oswa ankò
 - c. Ajisman-an gen menm efè ak bullying, arasman oswa diskriminasyon.

“Bullying,” “Cyberbullying,” “Arasman,” ak “Diskriminasyon” kapab enkli, men se pa sa sèlman, yon zak ki komèt san move entansyon kont yon elèv oswa yon anplwaye, konsènan karakteristik pèsònèl reyèl oswa pèsèpsyon sou: sèks, ras, koulè po, relijyon, nasyonnalite, laj, andikap (nan kò, mantal oswa edikasyonnel) eta sivil, milye sosyoekonomik, zansèt, etnisite, enfòmasyon jenetik, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, patikilarite lengwistik, konviksyon politik, oryantasyon seksyèl, milye sosyal/familyal, yo gade elèv-la oswa anplwaye a kòm diferan nan pwogram edikatif oswa admisyon nan pwogram edikatif; kidonk, yo entèdi kikonk poze zak, aksyon bully sou manm Konsèy Edikasyon, anplwaye Distri, konsiltan, kontraktè, ajan, paran, vizitè, volontè, elèv oswa lòt moun anedan oswa andeyò lekòl-la, diran aktivite oswa reyinyon sou patwonaj lekòl-la, nan bis lekòl, ak kote gen trenning oswa pwogram trening Distri-a patwonnen.

Si yo jwenn yon konneksyon ant kondwit andeyò kanpis lekòl ak kondwit anndan lekòl oswa ak kondwit diran reyinyon sou parenaj lekòl-la, yo kapab enpoze sanksyon disiplinè pou ensidan bully, sibèntimidasyon, arasman oswa diskriminasyon, ensidan sipozeman ki pase andeyò lekòl. Yo kapab detèminen konneksyon-an pou chak ka, apre yo revwa fè reyèl ak sikonstans patikilye nan chak sityasyon. Si yo tabli yon konneksyon ant kondwit andeyò lekòl-la ak anndan lekòl-la, yo kapab aplike sanksyon disiplinè selon regleman-sa-a epi konfòmman ak dispozisyon lwa kounye-a.

“Yo pa dwe entèprete anyen nan seksyon-sa-a kòm kwa pou restrenn dwa elèv oswa anplwaye shool board, ki gen pwoteksyon premye amannman” Konstitisyon Leta oswa federal(F.S. §1006.147)(10)).

Note: Zak ak aksyon bully yo sispekte k’ap repete epi pèsiste epi ki anrapò avek Diskriminasyon, ke elèv, manb Board-la, anplwaye Distrik, konsiltan, kontraktè, ajan, vizitè, volontè, elèv oswa lòt moun anedan oswa andeyò lekòl-la, fè kont nenpòt nan kategori ki pwoteje “Protected Category” diran aktivite oswa konpetisyon sou parenaj lekòl-la, nan bis lekòl, nan kote gen trenning, oswa nan pwogram fòmasyon Distrik-la anchaj, rapòte-yo touswit (konsilte School Board of Broward County (SBBC) Policy 4001.1, Nondiscrimination Policy Statement)”. Se direksyon lekòl-la ki dwe resevwa rapò-a; pote plent devan EEO/ Title IX Coordinator, ki va mennen yon envestigasyon, telefòn (754) 321-2150.

KONPÒTMAN AK KONDWIT NAN BIS LEKÒL

Nenpòt elèv ki gen move kondwit pandan li nan bis lekòl-la reprezante yon gwo danje pou sekirite tout pasaje ki nan bis-la ansanm ak tout lòt chofè lòt veyikil, pou pyeton sou wout-la, epi pou manm kominote-a. Tout regleman aplikab sou teren lekòl ak diran aktivite lekòl, aplikab nan bis lekòl-la tou. Fanmi responsab pou kondwit pitit-yo sou wout aleritou ant lekòl ak lakay epitou nan estòp bis. Alòske Distri-a pa asime responsablite pou ensidan ki pase nan estòp bis oswa ensidan ki pase sou wout lekòl aleritou, yon elèv, manman oswa papa oswa yon temwen kapab pote plent dapre menm pwosedi yo swiv pou pote plent kont aksyon bully yon elèv poze. Lekòl-la va envestige ak/oswa founi asistans ak entèvansyon si direktè lekòl-la/anplwaye ki

deziyen, jije sa nesèsè, tankou mande asistans School Resource Officer (polis). Direktè-a/anplwaye ki deziyen dwe itilize tout resous sistèm Distrik-la genyen pou rapòte ensidan epi note tout rapò ak entèvansyon.

Konpòtman/kondwit ki pa Aseptab nan Bis Lekòl ki ka Lakòz yon Aksyon Disiplinè

Vyolasyon Regleman Premye Nivo

- Manje oswa bwè nan bis-la
- Si ou pa chita nan chèz chofè a mande pou chita a

Konsekans ak Sanksyon Premye Nivo

Premye ofans	Direktè lekòl-la oswa reprezantan-ni bay elèv-la reprimann vèbal oswa ekri
Dezyèm ofans	Konferans ak fanmi
Twazyèm ofans	Elèv-la ap gen yon sispansyon pou 3 jou. Li pap jwenn transpò nan bis lekòl-la pandan tan-sa-a
Ofans Repete	Move kondwit, premye nivo ki repete, epi ki pa aseptab ap trete tankou yon zak dezobeyisans ak oswa defi kont otorite lekòl, kondwit ki lakòz elèv-la resevwa yon sispansyon; transpò nan bis lekòl-la pap disponnib pou rès ane eskòlè-a ak/oswa posiblite espilsyon

Vyolasyon Regleman Dezyèm Nivo

- Distrè, deranje oswa dezobeyi chofè yon bis
- Pa sèvi ak ekipman sekirite ki ekzije nan bis-la
- Kite plas-ou pandan otobis-la an mouvman
- Pale fò, fè remak ki pa apwopriye, oswa voye krache deyò nan fennèt bis-la sou lòt elèv, pyeton oswa chofè lòt machin

Konsekans ak Sanksyon Dezyèm Nivo

Premye ofans	Direktè lekòl-la oswa reprezantan-ni bay elèv-la yon reprimann vèbal oswa ekri
Dezyèm ofans	Y ap bay elèv-la yon sispansyon k'ap dire ant 1 ak 10 jou. Elèv-la pap jwenn transpò nan bis lekòl pandan tan-sa-a
Ofans repete	Move konpòtman dezyèm nivo ki pa aseptab epi ki repete ap trete tankou dezobeyisans ak/oswa defi kont otorite. Konpòtman an ka lakòz yon sispansyon; transpò nan bis lekòl-la pap disponnib pou tout rès ane-a ak/oswa sispansyon ak/oswa posiblite ekspilsyon

Vyolasyon Regleman Twazyèm Nivo

- Mete tèt, bra, oswa janm deyò fennèt bis-la
- Louvri pòt ijans bis-la ak/oswa desann bis-la lè li kanpe esepite si chofè bis-la bay lòd desann bis-la nan ka ijans (emèjenssi) oswa nan yon egzèsis pou evakye bis-la si gen ka ijans
- Mennase chofè bis-la, asistan-li, oswa pasaje bis-la.
- Joure
- Goumen nan bis-la
- Fimen/rale lafimen (vaping) nan bis-la
- Louvri pòt ijans bis-la pandan li an mouvman
- Voye bagay nan lari padeyò fennèt bis-la, sa ka blese oswa pa blese yon moun oswa lakòz dega.
- Voye bagay sou yon bis apre ou fin desann bis-la sa ka blese oswa pa blese moun, oswa lakòz dega
- Kraze brize chèz oswa lòt ekipman nan bis-la
- Monte oswa eseye monte yon bis ki pa sou wout regilye bis elèv-la oswa eseye desann bis-la nan yon estòp ki pa estòp regilye elèv-la, san otorizasyon direktè lekòl-la oswa anplwaye ki deziyen

Konsekans ak Sanksyon Twazyèm Nivo

Premye ofans:	Yap bay elèv-la yon sispansyon k ap dire ant 1 ak 10 jou. Li pap jwenn transpò nan bis lekòl-la
Dezyèm ofans:	Yap bay elèv-la yon sispansyon k ap dire 10 jou. Li pap jwenn transpò nan bis-la pandan tan-sa-a
Ofans repete:	Move kondwit, twazyèm nivo ki repete, pa aseptab ap trete tankou dezobeyisans ak/oswa defi

kont otorite. Konpòtman-sa ka kòz yon sispansyon; transpò nan bis lekòl pap disponnib pou rès ane a ak/oswa sispansyon oswa posiblite ekspilasyon

Note: Pou lòt tip ensidan, definisyon, entèvansyon ak konsekans, tanpri konsilte Seksyon IX direktiv ak regleman-sa.

**Anvan yo bay yon elèv ESE yon sispansyon oswa ekspilasyon epi elèv-la elijib pou resevwa sèvis dapre IDEA, yo dwe swiv lwa ki aplikab, direktiv School Board ak rekòmandasyon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP). Nan ka sispansyon, ekspilasyon, ak tout lòt mezi disiplinè aplikab pou elèv yo idantifye kòm andikape dapre Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973, yo dwe swiv lwa ki aplikab, regleman School Board ak Section 504 Accommodation Plan.*

Direktè/Direktris lekòl oswa anplwaye ki deziye kapab revwa chak sityasyon anvan li deside sou ki konsekans ki aplikab.

Diskriminasyon ak/oswa Arasman

School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, etnisite, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, *orijin nasyonnal, eta sivil, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board founi Boys Scouts of America, tout lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele Director, depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kowòdonatè Distri a pou Ekite/Kodonatè Title IX nan nimewo telefòn 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.

Nenpòt **elèv ki kwè li viktim diskriminasyon oswa arasman kapab rapòte sa. Gen pwosedi espesifik yo kapab swiv pou rapòte ofans-sa-yo. Gade nan Seksyon X pou plis ransèyman.

**Chak fwa mo “elèv-la” parèt, fanmi-an ka konsènen oubyen enplike.

KALITE DISKRIMINASYON

Arasman se yon kalite diskriminasyon. Arasman ki baze sou laj, koulè po, andikap, etnisite, sèks (gason/fi), idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, *orijin nasyonnal, eta sivil, ras, relijyon, oswa preferans seksyèl se vyolasyon regleman School Board, vyolasyon dwa sivil ak dwa, lap trete menm jan yo esplike sa anwo-a.

**Orijin nasyonnal konsènen kote yon moun oswa zansèt-li soti, tou kòm patikilarite fizik (kò), tradisyon oswa patikilarite langaj-li ak tout lòt karakteristik ki pa mansyone.*

ARASMAN SEKSYÈL AK VYOLASYON SEKSYÈL

Arasman seksyèl se yon kalite aksyon seksyèl ki vyole Lwa dwa sivil 1964, Amannman 1972 Title IX sou Edikasyon ak SB Policy 4001.1 (Civil Rights Act of 1964, Title IX of the Education Amendments of 1972, ak SB Policy 4001.1). Vyolans seksyèl se yon agresyon fizik (nan kò) yon moun fè sou yon lòt moun pou eseye fè yon zak seksyèl. Dapre menm lwa-sa-yo nenpòt moun ki komèt yon zak vyolans seksyèl ka koupab yon zak kriminel. Distri lekòl-la entèdi tout kalite arasman ak vyolans seksyèl.

Arasman seksyèl ak vyolans seksyèl pa legal epi yo ka antrene sanksyon disiplinè sevè. Nenpòt elèv ki kwè li viktim arasman seksyèl oswa vyolans seksyèl dwe fè yon pwofesè ak/oswa yon administratè lekòl-la konnen touswit zak ki sipoze pase-a. Gen plizyè kalite pèsekisyon ak arasman seksyèl, men definisyon kèk kalite arasman seksyèl oswa vyolans seksyèl.

DEFINISYON ARASMAN SEKSYÈL/VYOLANS SEKSYÈL

Selon SESIR 6A.1.0017(7)(t) arasman seksyèl vledi fè avans seksyèl dezagreyab, vèbal ou san pawòl, endezirab, oubyen yon kondwit ak jès pou fè avans seksyèl, sijere sèks, mande fè lanmou, kondwit sèks motive, kominikasyon ki anrapò avèk sèks ak jès oswa pawòl. Yon granmoun oswa elèv ka gen enkonwit seksyèl nou fèk site yo. Enkonwit la grav oswa pèsistan ase pou kreye yon anviwonman edikasyon entimidasyon/ostil oswa chokan, anbarasan, oswa imilyan oswa entèfere yon fason ki pa aseptab avèk pèfomans oswa patisipasyon moun nan yon lekòl dapre definisyon Rule 6A-19.009, F.A.C. Egzanp, arasman seksyèl, enkli men pa limite ak, kondwit sa-yo:

- Pawòl sou sèks moun pa enterese tande (relasyon entim fi ak gason).
- Mande oswa fè presyon sou yon moun sa pa enterese ditou pou li angaje nan aktivite seksyèl.
- Fwote kò-ou espere ak yon lòt moun, manyen/tate, penchen kò yon lòt moun.
- Voye lèt ki pale sou sèks oswa pou mande fè sèks, nòt, envitasyon, pawòl chokan, betiz, blag, move non, kontak fizik (ak kò) lòt moun pa vle, oswa bare mouvman lòt moun.
- Fè je dou, jès seksyèl, montre bagay ki met lide sou sèks, tankou pòtre, postè oswa desen anime ki gen rapò avèk sèks.

PWOGRAM BOUS HOPE - THE HOPE SCHOLARSHIP PROGRAM

Konfòmman ak lwa F.S. §1002.40, Pwogram Bous *Hope Scholarship Program* te kreye pou bay paran, yon elèv ki frekante lekòl piblik, e ki te viktim yon ensidan espesifik, opòtinite jwenn transfè nan yon lòt lekòl piblik pou pitit-li oswa jwenn yon bous pou elèv-la al anwole epi frekante yon lekòl prive ki elijib.

Apati ane eskolè 2018-2019, selon disponibilite fon, epi sou baz moun ki premye vini, se li yo sèvi, yon elèv ki anwole nan yon lekòl piblik Leta Florid, klas kindègadenn rive 12zyèm ane, elijib pou yon bous detid anba pwogram sa si elèv-la te viktim yon ensidan atak kou e blesi (battery); arasman; hazing (inisyasyon nouvo elèv); zak bullying tankou entimidasyon, agresyon, etc; kidnapin; atak sou kò; vòl; ofans seksyèl; arasman seksyèl; agresyon seksyèl; mennas oswa entimidasyon; oswa goumen nan lekòl.

Konfòmman ak desizyon Konsèy Edikasyon Leta adopte pou Règ sityasyon ijans Rule 6AER21-02 COVID-19 Bous Hope Pwosedi transfè (*State Board of Education adopted Emergency Rule 6AER21-02 COVID-19 Hope Scholarship Transfer Procedures*). Règ sityasyon ijans sa bay paran yo yon mekanis pou mande yon transfè pou pitit yo ale nan yon lekòl prive, mande transfè nan yon lòt lekòl piblik nan distri a, oswa resevwa yon bous transpòtasyon nan yon lòt distri sou kondisyon Hope Scholarship tabli lè yon elèv sibi arasman anrapò ak, oswa alaswit potokòl sante pou COVID-19 nan distri eskolè a.

NÒT: Dapre Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973 -Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973- ak lwa Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA) epi SB Policy 4001.1, yo pa kapab refize yon elèv aksè nan pwogram, sèvis ak aktivite poutèt li andikap. Se yon diskriminasyon ki entèdi. Nenpòt elèv ki kwè li viktim diskriminasyon akòz andikap-li oswa pèsesyon yon andikap, gen pwosedi espesifik pou rapòte ofans-sa-yo. Gade nan seksyon X.



SEKSYON

III

Edi Aj

Kòd Abiman

Vètman ak abiman apwopriye, byen prezante, kapab kreye yon anviwonman pozitif ki favorize aprantisay. Direksyon lekòl-la kapab apwouve lòt abiman diferan lè lekòl-la gen aktivite espesyal. Na jwenn konsekans posib pou vyolasyon regleman kòd abiman nan Plan Disiplin (Discipline Matrix.) Chanjman ki fèt nan lamòd pa dwe afekte regleman ki apwouve nan kòd abiman.

Dwa

Elèv-yo gen dwa chwazi rad alamòd, depi yo kòrèk pou vin lekòl, yo pa reprezante yon danje pou sante ak sekirite lekòt epi yo pa lakòz dezòd serye epi enpòtan nan lekòl-la.

Responsabilite

Elèv-yo dwe toujou byen abiye, byen pwòp ak tèt-yo byen penyen epi byen prezantab kit yo sou kanpis lekòl-la, ap patisipe nan aktivite sou patwonaj lekòl-la, oswa nan yon anviwonman klas k'ap fèt nan yon sesyon vityèl.

Aparans yon elèv sou ekran konpitè lè enstriksyon ap fèt nan klas vityèl, (sou entènèt) dwe konfòm ak règ kòd abiman.

Regleman

Tout elèv dwe pran responsablite yo epi abiye yon jan ki respekte dwa lezòt. Si yon elèv pa respekte direktiv Distri a, ki esplikè enpòtans kachnen/mask, nan *Face Covering Policy* (Policy 2170)/Regleman Pwoteksyon Figi, yo va konsidere sèlman entansyon aksyon an, men yo pap konsidere aksyon nan sikonstans aksidantèl, okazyonèl, oswa anrapò ak andikap yon elèv. Règ la aplikab lè elèv sou kanpis lekòl la, nan transpòtasyon lekòl la oswa nan evennman sou patwonaj lekòl-la.

1. Elèv-yo dwe mete soulye toutan. Paran dwe veye aske pitit-li mete soulye ki pa antrave sekirite pandan pitit la lekòl. Yo pap pèmèt elèv klas kindègadenn rive douzyèm ane (K-12) vin lekòl ak pantouf nan pye-yo. Elèv klas Kindègadenn rive 8tyèm ane pa dwe mete soulye san dèyè, soulye ak bann dèyè (sling-backs), oswa soulye louvri devan. Elèv klas 9-12zyèm ane ka mete soulye san dèyè, soulye ak bann dèyè ak soulye ki louvri devan (open-toed footwear).
2. Pou rezon sekirite, yo kapab oblije elèv-yo mete rad ak soulye espesyal lè yo nan pwogram oswa aktivite tankou pwogram edikasyon fizik, ekonomi domestik, pwogram fòmasyon ak oryantasyon pou yon karyè/ansèyman teknik, epi syans.
3. Elèv-yo pa dwe mete rad transparan oswa rad ki espoze pwatrin-yo. Men egzanp rad elèv-yo pa ka mete, men se pa yo sèlman: chemiz oswa rad ak bretèl, san manch sòf si yo kouvri avèk yon blouz long (kòsaj long) oswa avèk yon blouzon/jakèt – kifè, pa mete tank tops oswa rad ak spaghetti straps; elèv pa ka mete rad transparan, mini-jip ak wòb mini; kòsaj mayodben; rad do touni, jakèt, chemiz oswa blouz ki mare nan tay oswa ki montre vant deyò; teni ki ekspozè vant.
4. Elèv-yo pa kapab mete rad ki pa konvab oswa ki pa byen tache, oswa ki dechire donk ki *endesan. Tout pantalon dwe byen mare nan tay. Pantalon gran janm laj ak pantalon ki rive anba senti dwe byen mare nan tay.
5. Rad tankou pijama, kaleson (boxer shorts), bloomers, ak bustiers, yo konn mete kòm souvètman, rad pou dòmi oswa pou ale sou plaj, pa ka sèvi kòm rad pou vin lekòl men se pa yo sèlman. Gen lòt rad yo pa vle elèv-yo mete tankou pantalon kolan san yon gwo blouz (chemiz long) sou li ki rive nan mitan kwis, kolan, bodysuits, ba, ba ak dantèl, vètman pou konpetisyon bisiklèt sòf si yo mete yo anba rad, jip oswa chòt longè nòmal. Mayo (T-shirts) konvab kapab pase kòm vètman.
6. Elèv-yo pa gen dwa mete rad ki montre anlè kwis-yo. Yo ka mete chòt ki rive nan mitan kwis-yo tankou “walking” chòt, “Bermuda” chòt, ak split skirts (culottes). **Pou klas Pre-K -3** elèv-yo ka mete chòt ki pi kout kòm se longè nòmal pou laj-yo.
7. Elèv-yo pa gen dwa vin lekòl ak rad, bijou, bouton, koup cheve oswa ni lòt bagay ni siy ki gen mo *sijestif, *pwovokan, oswa *endesan, ki anrapò ak gang oswa kilt, ki ankouraje pran dwòg, bwè alkòl, oswa kòmèt zak vyolans, oswa ki apiye diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, etnisite, sèks, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, eta sivil, lang moun pale, nasyonnalite, ras, relijyon, milye sosyoekonomik, preferans seksyèl, patikilarite fizik (kò), oswa pou nenpòt lòt rezon.
8. Elèv-yo pa gen dwa mete anyen sou tèt-yo tankou kaskèt ak chapo, men se pa yo sèlman. Pou rezon sekirite yo ka kouvri tèt-yo lè yap patisipe nan pwogram ekonomi domestik, ansèyman teknolojik, fòmasyon vokasyonèl, pwogram spòtif oswa ankò yo ka kouvri tèt-yo pou rezon relijye oswa medikal. Yo pa ka mete foula (bandanna). Kòm yon prekosyon pou pwoteje-yo kont ravaj solèy, elèv-yo ka met chapo lè yo deyò pandan klas kilti fizik ak pwogram edikasyon fizik oswa pandan rekreyasyon. Sepandan, yo dwe respekte sa ki ekri nan regleman #7.

Note: Direktè lekòl/reprezantan li gen diskresyon fè yon esepsyon pou yon elèv, baze sou sikonstans espesyal. Li ka otorize elèv la mete yon chapo oswa akseswa ki kouvri tèt.

*Mo endesan, sijestif, pwovokan, fè referans ak pati entim kò yon moun, avèk/oswa pòtre, foto oswa mo ki gen yon siyifikasyon seksyèl.

9. Elèv-yo pa dwe vin lekòl ak woulo nan tèt-yo epi akseswa kwafi. Lè yo bezwen penyen tèt-yo, bwose cheve-yo, epi/oswa mete espre nan cheve-yo, fè makijaj, men se pa sa sèlman, yo dwe ale nan twalèt ak/oswa kote ki deziye pou sa.
10. Elèv-yo pa gen dwa mete linèt solèy andedan lekòl-la sòf si yo gen otorizasyon doktè nan dosye-yo. Kòm yon prekosyon pou pwoteje-yo kont ravaj solèy, mete linèt solèy lè ou deyò lò pwogram edikasyon fizik oswa rekreyasyon.
11. Elèv-yo pa gen dwa mete rad oswa bijou ki ka blese tankou bagay ki pwenti oswa gen pwenti ladann men se pa yo sèlman; chenn potfèy ak chenn gwo may (wallet chains, and heavy link chains) entèdi.
12. Lekòl-la delivre bay chak elèv yon badj idantifikasyon (ID) ofisyèl. Elèv dwe mete badj idantifikasyon-li (ID), aktyèl badj, ki pa chanje, klèman vizib devan rad yo epi pa mete badj la pi ba koud ou. Mete badj la, toutan, lè ou nan lekòl la ak lè ou monte transpòtasyon sou patwonaj lekòl-la. Pou elèv k'ap fè klas 6 -12yèm ane, badj idantifikasyon dwe gen nimewo telefòn moun ka rele pou asistans nan sityasyon kriz ak sisid. Kòl la gratis epi èd la disponib onivo leta epi nasyonal F.S. §1008.386(3).

Note: Konfòmman ak atik lwa F.S. §1006.07(2)(g), mete vètman oswa akseswa ki reprezante yon zamafe oswa zam oswa esprime yon opinyon konsènan yon dwa ke Dezyèm Amannman Konstitisyon Etazini garanti, se pa yon rezon pou sanksyon disiplinè oswa pouswit lajistis oswa pouswit nan sistèm jistis jivenil. Sepandan, yon elèv ki mete vètman oswa akseswa ki lakoz gwo deranjman nan aprantisaj elèv, elèv sila dwe resevwa yon konsekans pou aksyon li jan sa esplike nan Plan Disiplin.

Se pap yon vyolasyon regleman sa oswa direktiv Kòd abiman, si yon elèv mete yon bouton, brasa oswa lòt vètman pou egzèsè dwa li pou pale libremman jan Premye Amannman ansanm ak regleman aplikab School Board garanti dwa a. Bouton, brasa, oswa lòt vètman dwe respekte nòm ak estanda ki tabli nan regleman sa.

13. Paran/gadyen ka mande yon egzansyon pou anpeche pitit-yo patisipe nan pwogram inifòm obligatwa (unified dress program). Direktè lekòl-la dwe fè yo konnen, nan yon lèt, pwosedi-sa-a, yo dwe swiv:
 - a. Fanmi/gadyen legal kapab mande yon aplikasyon egzansyon pou inifòm (Application for exemption). Lekòl aktyèl pitit-ou kapab ba-ou aplikasyon-an.
 - b. Chak ane, paran dwe ranpli yon aplikasyon egzansyon pou inifòm.
 - c. Ranpli aplikasyon pou egzansyon inifòm nètale epi soumèt-li bay direktè lekòl-la nan premye dis (10) jou elèv-la vin lekòl.
 - d. Direktè lekòl-la (oswa administratè ki deziye nan lekòl-la) va kominike avèk fanmi-yo pou pale sou regleman inifòm-la ak nati demann pou egzansyon. Bi kominikasyon-sa-a dwe enkli:
 1. Asire fanmi ak gadyen legal konprann regleman sou inifòm ak objektif-li.
 2. Verifye egzaktitud enfòmasyon ki sou aplikasyon egzansyon pou inifòm.
 - e. Direktè lekòl-la dwe bay fanmi ak gadyen yon repons, alekri, sou Aplikasyon egzansyon pou inifòm (Application For Exemption form) nan dis (10) jou lekòl apre fanmi/gadyen legal soumèt aplikasyon-an.

Direktè-a kapab refize yon aplikasyon si li resevwa aplikasyon-an 11^{zyèm} jou lekòl oswa apre 11zyèm jou-a, apre elèv-la fin anwole.

14. Elèv-yo ki pa konfòme-yo ak regleman sou inifòm (SB Policy 5309) ap resevwa menm sanksyon ak elèv ki pa konfòme-yo ak regleman ki esplike nan kòd abiman. Pou plis klarifikasyon, gade Plan Disiplin Distri-a (District's Discipline Matrix) ki fikse konsekans espesifik epi ki fè pati plan disiplin lekòl-la. Ou kapab gade okonplèt regleman sou inifòm ak lòt direktiv School Board sou sit Web <https://www.browardschools.com/Page/37754>.

Nou kite paj sa vid espre.

SEKSYON

IV

Itilizasyon Teknoloji

Chak ane, nou remake izaj konpitè (òdinatè), rezo konpitè, rezo telekominikasyon ak sistèm enfòmasyon tankou Entènèt ak kourye elektwonik/imel vin plis jeneralize andedan saldeklas ak bibliyotèk-nou-yo (Sant medya - media centers). Nou remake tou elèv-yo itilize Kourikoulòm ak Resous Dijital, ke BCPS founi, izaj yo jeneralize epi aksesib sou sit Entènèt. Alòske sistèm-sa-yo gen kont pwisans pou founi bon valè resous nan saldeklas-yo, efikasite sèvis yap founi elèv ak pwofesè-yo depann sou prensip, etik ak serye moun k'ap itilize chak aparèy ak chak sistèm.

Yo entèdi itilizasyon teknoloji ak/oswa lojisyèl (sòfwè) distri eskolè a pou rezon ki pa otorize. Sa enkli itilizasyon konpitè ak teknoloji ki pa otorize, rantr epi san otorizasyon, chache aksè nan kont konpitè oswa rezo konpitè ki gen restriksyon, kreye, modifiye, oswa detwi fichye/dosye san pèmision, kopye sòfwè (lojisyèl), rantr, distribye oswa enprime fichye ak dosye ki pa otorize, telechaje (upload) sou sit Entènèt ak/oswa pataje oswa distribye materyèl ofansif ki pa apwopriye tankou videyo, ak tout lòt move izaj oswa vyolasyon regleman itilizasyon aseptab teknoloji eskoul bòd, seksyon 6/*School Board of Broward County Technology-Acceptable Use Policy 5306, Section 6*). Lòt entèdiksyon posib.

Dwa

Elèv-yo gen dwa sèvi ak rezo telekominikasyon, sistèm enfòmasyon, Entènèt epi rezo konpitè apwopriye pou ogmante epi divèsifye sous enfòmasyon ak resous-yo.

Elèv-yo andwa itilize rezo telekominikasyon ak sistèm enfòmasyon, Entènèt ak rezo konpitè ki apwopriye pou chache enfòmasyon, kreye epi devlope pwojè entelektyèl, kolabore epi kominike pou bezwen edikatif.

Elèv andwa itilize rezo telekominikasyon, sistèm enfòmasyon, Entènèt, rezo konpitè ki apwopriye san krenn lòt moun ka vyole sekre dokiman-yo oswa atake repitasyon pèsonnèl-yo, defòmè, chanje dokiman-yo, detwi oswa vòlè-yo.

Regleman

Yo atann aske elèv-yo sèvi ak teknoloji yon fason responsab. Regleman SB Policy 5306 esplike kijan pou yo sèvi kòrèkteman ak teknoloji atravè Distri-a. Regleman-sa-a esplike jan yo dwe sèvi ak konpitè (òdinatè) epi rezo konpitè pou sipòte rechèch ak aktivite ki anrapò ak enstriksyon nan saldeklas, nan laboratwa ak nan bibliyotèk (sant medya/media centers) lekòl-nou-yo. Regleman-an adrese itilizasyon resous dijital ki disponnib sou Entènèt pou elèv-yo, se SBBC ki founi resous-yo. Premyèman, regleman-an pwomouvwa itilizasyon teknoloji tankou yon zouti edikasyonnel pwisan, jeneralize, disponnib epi ki fè pati esperyans elèv-la diran jounen li pase nan lekòl-li. Dezyèmman, regleman-an ekzije elèv-yo aji an fonksyon règ ki tabli, epi dapre règ kondwit, ki esplike an detay nan direktiv-sa-a, lè elèv yo ap itilize konpitè ak rezo konpitè konekte ak konpitè pa yo. Nou relve plizyè dispozisyon ak pasaj enpòtan ki ekri pi ba nan paj-sa-a. Tout tèks SB Policy 5306 disponnib nan Sant medya chak lekòl si fanmi-an fè demann-nan epi disponnib sou sitwèb School Board. Ou kapab gade okonplè direktiv sou teknoloji ak tout lòt direktiv ak regleman School Board sou sit Web <http://www.broward.k12.fl.us/sbbcpolicies/>.

Dispozisyon majè nan Direktiv ak Regleman (Policy)

- Itilizasyon konpitè, rezo konpitè, Entènèt, rezo telekominkasyon an liy ak sistèm enfòmasyon dwe anrapò ak aktivite edikatif elèv-yo.
- Elèv-yo dwe rekonnèt, konpitè, rezo konpitè (networks), ak ekipman ki pèmèt yo akèri konesans sou sit Entènèt se mwayen pou sèvi. Se aparèy yo pataje ak lezòt. Elèv-yo dwe dakò pou sèvi ak chak aparèy yon jan ki kapab pèmèt aparèy-la kontinye mache byen pou lòt itilizatè.

- Konpitè, rezo konpitè, oswa rezo telekomunikasyon anliy, ak sistèm enfòmasyon pa sipoze sèvi pou okenn aktivite ilegal paske yo se pou Distri-a
- Elèv-yo pa dwe gen aksè nan materyèl gwosye, endesan, pwovokatè oswa pònògrafik ni distribye-yo, oubyen patisipe nan aktivite “sexting” (gade Seksyon II pou definisyon-an)
- Elèv-yo pa dwe entansyonèlman pwopaje ni seye pwopaje viris nan konpitè, detwi/vandalize done ak enfòmasyon, enfiltre sistèm, degrade oswa deranje konpitè ak/oswa pefòmans rezo-a
- Tout moun k’ap sèvi ak konpitè, rezo konpitè ak rezo telekomunikasyon entènèt epi sistèm enfòmasyon dwe respekte lwa sou dwa moun ki ekri materyèl-yo

Regleman pou Administrasyon tès evalyasyon selon nòm Florid, *Florida Standards Assessment (FSA)*

- Sa pa legal pou yon moun konsyamman epi volontèman vyole règ sekirite tès, State Board of Education adopte, pou egzamen obligatwa, tankou FSA, epi yo konsidere tou kòm zak ilegal lè yon moun, konsyamman epi volontèman, pa swiv enstriksyon espesifik sou jan pou administre ekzamen dapre espplikasyon manyèl administrasyon tès (F.S. §1008.24)
- Manyèl administrasyon tès FSA entèdi:
 “Pandan egzamen, si oumenm elèv an posesyon yon aparèy elektwonik ki repwodi, transmèt, fè kalkil oswa anrejistre, sa ka lakòz tès-la anile. Yo defini “Posesyon” kòm “toupren men,” menmsi aparèy elektwonik-la pa vizib, lòt moun pa wè l. Paregzanp, elèv-yo pa dwe gen telefòn selilè nan pòch-yo, tache nan senti-yo, sou biwo-yo oswa nenpòt kote aparèy-la aksesib fasil, pandan yap pran ekzamen-an.”
- Pandan egzamen, lekòl-yo va òdonnen elèv-yo depoze, sere aparèy elektwonik-yo kote ki apwopriye.
- Nou konseye-ou pa pote yon selilè oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik ki entèdi diran nenpòt egzamen kèlkeswa kote lap fèt, kit se diran ekzamen: Advanced Placement exam (egzamen Plasman avanse), ekzamen PSAT oswa ekzamen Bakaloreya Entènasyonal oswa pandan nenpòt lòt tès. Si aparèy elektwonik-la fè bwi, oswa yo wè w ap itilize-li nenpòt lè – brèk ladann tou – yo kapab ranvwaye elèv-la touswit, anile rezilta tès-la, epi yo ka menm sezi aparèy-la.

*Itilize teknoloji avèk/oswa lojisyèl (sofwè) distri eskolè-a pou chanje enfòmasyon se yon zak ilegal yo ka trete tankou yon krim. Lè yon elèv itilize teknoloji epi/oswa sofwè distri eskolè-a pou transmèt mesaj nan yon langaj ekri ensiltan, pou blasfeme, langaj chokan sou kekasyon ras oswa jès endesan se yon konpòtman ki pa aseptab epi ka lakòz yon aksyon disiplinè. Sèvi ak teknoloji tankou konpitè, rezo konpitè, rezo telekomunikasyon entènèt, telefòn selilè ak kamerafòn -men se pa yo sèlman-pou bully (nwi) lezòt, fè presyon pou pran sa ki pa pou ou, fè difamasyon sou yon lòt elèv oswa yon manm pèsennèl se yon vyolasyon regleman ki nan **Liv Kòd Kondwit pou Elèv**, ki ka lakòz yon aksyon disiplinè.*



Direktiv pou itilizasyon medya sosyo Lekòl Piblik Broward County

Broward County Public Schools (BCPS) rann li kont aprantisay nan 21inyèm syèk dwe adapte ak nouvo chanjman metòd komunikasyon. Pwofesè, elèv ak fanmi dwe patisipe, kolabore, aprann epi pataje nouvo zouti dijital-sa-yo (zouti nimerik) ki fè pati ansèyman 21inyèm syèk. Kounyea, nòm edikasyon ekzije itilizasyon zouti edikatif baze sou teknoloji sou Entènèt, pou demontre nivo konpetans elèv. Pou adrese keksyon-sila, BCPS devlope direktiv-sa-yo pou oryante anplwaye, elèv ak kominote distri eskolè-a, lè yap itilize oswa gen aksè nan zouti BCPS, rezo konpitè-li, lè yap jwenn sipò ak sèvis asistans sou sitweb epi resous pou patisipe nan aktivite medya sosyo.

Medya sosyo fè referans ak teknoloji wèb epi mobil, teknoloji ki pèmèt patisipan andedan e andeyò Lekòl Piblik Broward County, konnekte, kolabore, epi fòme kominote vityèl grasa konpitè ak/oswa Entènèt. Kèk moun itilize medya sosyo sèlman pou rezon sosyal, men pou kèk lòt moun, yo itilize pito sit ak teknoloji-sa-yo pou anseye epi konnekte avèk kominote-a.

Premye amannman (First Amendment) pwoteje dwa moun lè yo patisipe nan aktivite sou sit medya sosyo. Sepandan, lalwa ak tribinal deside lekòl kapab pran sanksyon kont elèv ak estaf si nan diskou, postings (mesaj) sou Entènèt, elèv ak estaf pètibe bon fonksyonman lekòl. Piplis sanksyon aplikab si gen vyolasyon lwa federal oswa lwa leta oswa ankò regleman School Board. Direktiv BCPS pou medya sosyo kite anplwaye-yo patisipe nan aktivite sosyal an liy (sou Entènèt). Sepandan, patisipasyon anplwaye sou medya sosyo dwe kreye yon atmosfè konfyans, ensiste sou responsablite endividyèl; chonje tout enfòmasyon estaf ak elèv BCPS pwodi, reflete sou distri-a nètale epi dwe konfòm ak Itilizasyon aseptab teknoloji Distri-a [District's School and District Technology Usage (Policy 5306)], Acceptable Use Policy (AUP), Federal and State Statutes (lwa federal ak lwa leta), Educator Code of Ethics and the Principles of Professional Conduct for the Education Profession in Florida (Kòd etik edikatè ak prensip kondwit pwofesyonèl pou edikatè nan Florid) ak lòt regleman epi direktiv aplikab.

Lè estaf, elèv ak fanmi itilize sit medya sosyo, yo chak dakò respekte regleman ak direktiv-yo. Tanpri li ak anpil atansyon direktiv-yo anvan ou itilize, poste oswa fè kòmantè sou sit rezo sosyo. Li enpòtan pou ou chonje paran ak gadyen legal jwe yon wòl enpòtan lè yo sipòte epi ranfòse objektif-sa-yo.

Respè règ byenseyans ak konvans sou sit medya sosyo

- Montre ou onnèt/di laverite: Montre ou sensè epi byen reprezante lekòl-ou. Jan ou prezante tèt-ou anliy se yon ekstansyon ou-menm. Pa fè tèt ou pase pou yon lòt moun; pa itilize idantite moun-nan.
- Kenbe konfidansyalite enfòmasyon: Pa poste enfòmasyon konfidansyèl oswa prive, enfòmasyon ki konsènen ou-menm ak/oswa lezòt.
- Elèv-yo kapab revele kèk enfòmasyon sou yo-menm tankou (etnisite, opinyon politik, pozisyon-yo sou sèten sijè, sa ki enterese yo) men elèv-yo pa dwe janm divilge okenn ransèyman konfidansyèl (kote yo rete, nimewo telefòn, enfòmasyon pèsònèl idantifyab, kote ou-menm ak zanmi-ou frekante souvan - *'hang-out'*).
- Konnen sit medya sosyo-ou toujou "louvri": aprann konnen ke lè ou itilize yon sit medya sosyo, piblik-la ka wè sit-la. Jere ki enfòmasyon w'ap pataje epi ak kilès. Pa bliye tanzantan nou kapab fristre, men pa esprime fristrasyon-ou sou sit medya sosyo. Tout kòmantè ou poste sou sit medya sosyo aksesib pou tout moun wè.
- Respekte tout moun: Evite remake andeyò sijè oswa remake chokan. Toujou montre ou respekte pwennvi lezòt, menmsi yo pa retounen koutwazi-a. Pa janm bully (nwi) lezòt, pa montre ou toujou sou goumen, epi pa reponn si yon moun fè kòmantè enpoli, kòmantè abizif. Si wap viv yon esperyans negatif, aji yon jan pozitif.
- Antisipe: Chèche pwoteje tèt-ou, lavi prive-ou ak lavi prive lezòt. Epitou pwoteje enfòmasyon pèsònèl oswa konfidansyèl. Tousa ou pibliye aksesib epi ap la pou lontan, ositou konsidere ak anpil atansyon kontni ak konsekans sa ou pibliye. Egzèsè bon jijman paske kòmantè ou fè kapab defavorab, pa nan avantaj ou lè w'ap chèche alavni yon anplwa ak/oswa opòtinite akademik.
- Entènèt pa anonim, li pa janm bliye: Yo kapab retrase fasilman tousa yon otè ekri sou yon sit Entènèt. Enfòmasyon sovgade souvan epi repete, ak post nan yon fowòm, yo ka repwodi-yo plizyè fwa atravè retwolyen (trackbacks), poste

anouvo oswa pou referans.

- Evite materyèl enfòmasyon “danje”: Pa poste sou sit oswa konekte ak lyen (link) ki espoze materyèl enfòmasyon ak lide pwovokatif, kalomye, entimidan, arasan oswa endesan.
- Konpòtman ak kondwit-ou an liy dwe reflekte onètete, respè ak konsiderasyon.
- Lè w'ap pote aparèy teknolojik pa-ou nan travay-ou, asire ou swiv tout direktiv tabli nan *Gid BCPS Personally Owned Device Guidelines* (BCPS Direktiv pou posasyon aparèy pèsonnèl).

Direktiv pou Pwofesè ak Estaf

- Nan kad travay-ou lè w'ap founi elèv ak estaf, sèvis, pa janm pataje oswa divilge sou sit medya sosyo ransèyman pèsonnèl anplwaye epi lòt moun. Pa poste enfòmasyon konfidansyèl yon elèv oswa yon anplwaye lè w'ap pibliye oswa kontribye sou yon sit an liy. Siyati fanmi, non lekòl, adrès oswa nimewo telefòn pa dwe janm parèt sou sit medya sosyo. Tout enfòmasyon ki kapab idantifye yon elèv, jan lwa FERPA defini-ni, pa dwe janm poste sou sit rezo sosyo.
- Nan Regleman 5306 -Policy 5306, yo entèdi pwofesè ak estaf itilize foto elèv sou sit medya sosyo pa-yo; yo kapab itilize foto-yo sèlman sou sit medya sosyo Distri-a apwouve konfòmman ak regleman Board-la epi lwa ki aplikab.
- Anplwaye BCPS responsab pou kontni yo pibliye an liy. Fè atansyon sa ou pibliye kapab rete endefiniman sou sit Entènèt kote piblik-la ka wè l. Epitou lwa Leta Florid, *Florida Public Records Law ak Educator Code of Ethics and the Principles of Professional Conduct for the Education Profession in Florida* (Achiv Piblik Florid, Kòd etik pou pwofesyon anseyan nan Florid), reglemante kontni piblikasyon. Si yon anplwaye pa respekte prensip ak direktiv sa kapab lakòz aksyon disiplinè.
- Yo rekòmande pou anplwaye BCPS enkli avètisman (disclaimers) sou sit rezo sosyo pa-yo epi esplike tout moun pwennvi ki poste sou sit-la reflekte pwennvi pa-yo, se pa nesèsman pwennvi ak pozisyon BCPS.
- Pwofesè-yo ta dwe kontwole kontni piblikasyon elèv-yo sou sit medya sosyo sou parenaj lekòl-la; pwofesè-yo dwe kontakte Legal Department (Sèvis jiridik) si epi lè gen keksyon konsènan First Amendment (premye amannman) ki souleve.
- Pwofesè-yo dwe kominike avèk paran, lè sa nesèsè, sou patisipasyon pitit-yo nan pwojè, kote elèv-yo dwe itilize sit medya sosyo an liy, aplikasyon ak sèvis, vledi blog, wikis, podcast, etcetera.
- Chonje sit medya sosyo sou patwonaj lekòl-la se yon ekstansyon saldeklas-ou ak lye travay-ou. Sa ki pa apwopriye andedan saldeklas oswa lye travay-ou, pa kòrèk tou sou Entènèt.
- Respekte pwopriyete entelektiyèl, dwa otè ak itilizasyon aseptab teknoloji. Pa kopye san otorizasyon (plagiarize) epi bay yon otè kredi pou travay-li, kan sa nesèsè.
- Lè w'ap telechaje foto dijital oswa avatar pou prezante tèt-ou sou sit rezo sosyo sou patwonaj lekòl-la, chwazi yon foto lekòl, kote ou prezantab. Epitou, chonje pa itilize imaj ki gen pwoteksyon lalwa.
- Tout postings (mesaj) sou sit medya sosyo fè pati aktivite ofisyèl BCPS epi dwe konfòm ak reglemantasyon Konsèvasyon dosye nan Eta Florid (*Florida Records Retention Schedules*) ki ekzije yo konsève postings-sa-yo pandan yon sètan tan.

Direktiv pou Elèv

- Konnen sa w'ap montre nan posting-ou (mesaj). Medya sosyo tankou wikis, blogs, foto ak sit pataj videyo se sit aksesib pou piblik-la wè. Tousa ou kontribye oswa pibliye kite yon anprent nimerik (dijital) pou tout moun wè. Pa mete post (mesaj) ou pa ta renmen zanmi, ennmi, paran, pwofesè, oswa yon anplwaye potansyèl wè.
- Lè w'ap ekri sou yon sit Entènèt, swiv regleman kòd kondwit lekòl la. Se toutafè aseptab pou ou pa dakò ak opinyon yon moun, sepandan, aji yon mannyè koutwa. Tout kritik ou fè dwe pozitif epi kritik-la pa dwe fè moun-nan mal. Sa ki pa apwopriye andedan saldeklas-ou, pa apwopriye, pa kòrèk tou sou Entènèt.
- Lè ou sou yon sit Entènèt, pwoteje tèt-ou. Pa janm bay ransèyman pèsonnèl-ou, siyati, nimewo telefòn, adrès, bon dat nesans, ak foto-ou. Se pa yon lis ransèyman konplèt. Pa janm pataje modèpas-ou kèlkeswa moun-nan. Se sèl pwofesè-ou oswa paran-ou ki dwe konnen modèpas-ou.
- Konekte sou lòt sitwèb pou pataje panse ak lide-ou. Nou rekòmande ou fè sa lè sa apwopriye. Anvan ou konekte sèten sit, fè lekti atik-la nètale pou asire enfòmasyon-an aseptab nan milye lekòl-la.
- Travay pou kont-ou! Pa itilize pwopriyete entelektiyèl lòt moun san pèmasyon-yo. Se yon vyolasyon dwa otè lè ou kopye -kole panse, imaj, design, etcetera, lòt moun fè. Lè w'ap parafraze lide lòt moun, li bon pou ou site sous-ou avèk URL-la (adrès Entènèt). Se yon bon pratik pou site sous-yo an liy ipètèks (hyperlink).

- Tout imaj ak foto gen pwoteksyon lwa sou dwa otè. Verifye ou gen pèmision pou ou itilize imaj-la oswa imaj-la ki anba lisans Creative Commons’.
- Jan ou prezante tèt-ou an liy se yon ekstansyon ou-menm. Pa fè tèt-ou pase pou yon lòt moun; pa itilize idantite moun-nan. Redije byen tout post w’ap mete nan blòg ak wiki. Swiv règ ekriti, gramè kòrèk, lèt majiskil, ak ponktiyasyon kòrèk. Si w’ap edite travay yon lòt moun, asire ou fè sa nan lespri pou amelyore tèks ekriti-a.
- Si ou tonbe sou enfòmasyon ki pa aseptab, ki fè ou santi malalèz, oswa derespektan, di pwofesè-ou sa touswit.
- Elèv ki pa respekte direktiv-sa-yo kapab pèdi opòtinite patisipe nan yon pwojè ak/oswa jwenn alavni aksè nan zouti Entènèt BCPS. Yo kapab menm pran yon aksyon disiplinè oswa yon aksyon legal kont elèv-la.

Direktiv pou Paran

- Fanmi dwe atann aske pwofesè-yo enfòmasyon yo lè pitit-yo ap travay sou yon pwojè ki mande pou elèv-yo itilize aplikasyon medya sosyo sou entènèt (vledi blog, wikis, podcast, etcetera).
- Paran pa dwe eseye siprime enfòmasyon sou sit Entènèt. Anfèt yo dwe rapòte bay yon administratè nan lekòl-la materyèl enfòmasyon ki soulve objeksyon oswa ki reprezante yon danje.
- Paran pa dwe itilize sit rezo sosyo saldeklas-la pou fè aktivite ki pa legal; vyolasyon pwoteksyon done konfidansèl lalwa reglemante ladann tou.
- Nou ankouraje paran pou yo chache okouran aktivite kominikasyon elektwonik pitit yo; nou ankouraje-yo chèche konnen lè pitit-yo ap patisipe nan yon pwojè kote medya sosyo itilize.
- Nou ankouraje patisipasyon paran. Paran kapab ede-nou nan lekòl la lè elèv-yo ap itilize rezo sosyo. Fanmi kapab jije si sit medya sosyo kòrèk epitou si ransèyman sou lavi prive pwoteje.

Referans sou sit: socialmediaguidelines.pbworks.com/

Lis Referans Dokiman Distri a Itilize :

School Board Policy 5306: School and District Technology Use - Policy 5306 School Board: Izaj teknoloji nan lekòl ak Distri a
 TINKER Rule: Desizyon-an deklare administratè ki anchaj nan yon lekòl pa ka anpeche elèv-yo eksprime-yo jis paske yo pa renmen sa. Administratè-yo dwe prevwa, baze sou evidans, libète ekspresyon elèv-yo, ka swa (a) pètibe disiplin ak lòd nan lekòl-la, oswa (b) yon atak sou dwa ak libète lezòt. Administratè-yo dwe reyalis nan desizyon-yo epitou okenn desizyon pa dwe pran, baze sou “laperèz oswa paske yo pè yon gwo dezòd ka rive.

Children’s Internet Protection Act (CIPA) - Lwa Pwoteksyon timoun sou Entènèt (CIPA)

Children’s Online Privacy Protection (COPPA) - Pwoteksyon vi prive timoun an liy(COPPA)

Neighborhood Children’s Internet Protection Act - Lwa sou Pwoteksyon timoun nan katye lè yo sou sit Entènèt

School Board Policy 5.9: Anti-Bullying Policy - Regleman School Board 5.9 kont zak Bullying

School Board Policy 6000.1: Pupil Progression - Regleman School Board 60001.: Plan Pwogrè elèv

Code of Student Conduct (in District Discipline Matrix) - Liv Kòd Kondwit pou Elèv (nan Plan Disiplin Distri a)

Teacher Professional Standards - Adopsyon nòm etik pou Pwofesyon Pwofesè

Education Code of Ethics - Kòd Etik nan Edikasyon

Web publishing guidelines - Direktiv pou piblikasyon sou sit web

National Education Technology Standards for Students and Teachers - Nòm nasyonnal edikasyon teknolojik pou elèv ak pwofesè

School Board Policy 6318: Copyright - Regleman 6318 School Board sou Dwa otè

School Board Policy 4212: Intellectual Property - Regleman School Board 4212: Pwopriyete entelektiyèl



SEKSYON



**Aktivite ak Asanble
Elèv**

Aktivite lekòl ofri elèv-yo opòtinite fè entèaksyon yon jan pozitif. Youn aprann nan men lòt sou jan yo ka mete tèt-yo ansanm, travay ann amoni pou reyalize menm bi komen.

Dwa

Tout elèv san diskriminasyon poutèt laj, koulè po, andikap, etnisite, sèks, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, diferans nan lang li pale, eta sivil, nasyonnalite, ras, relijyon, milye sosyoekonomik, oryantasyon seksyèl, aparans oswa pou nenpòt lòt rezon, gen dwa:

- Patisipe nan aktivite paraskolè (andeyò lekòl), nan asanble, ak nan òganizasyon lekòl-la apwouve.
- Patisipe nan eleksyon manm asosiyasyon komite elèv (officers for Student Government)
- Konsilte ak konseye pedagogik (faculty advisors) ki ka ba-li sipò nan klib ak gwoup lekòl-la apwouve
- Kandida pou yon pozisyon nan komite elèv (Student Government) ak/oswa nan klib ak gwoup lekòl-la apwouve
- Patisipe nan sòti òganize (field trips) ki gen rapò ak edikasyon oswa nan aktivite edikatif lekòl-la apwouve.

Sepandan, sòti òganize (field trips) ki pa gen rapò ak edikasyon se yon privilèj. Elèv ki patisipe nan sòti òganize gen dwa mande fè devwa ratrapaj (make up work).

Regleman

Anpil elèv patisipe nan aktivite ki anrapò ak lekòl epi ki konsidere kòm aktivite andeyò pwogram regilye-yo (savledi aktivite ki fèt apre lè klas), patisipe nan aktivite sosyal ak aktivite ant lekòl (savledi konpetisyon ak lòt lekòl). Pou yon elèv ka patisipe nan yon aktivite li dwe prezan nan mwaye klas-yo jou aktivite-a sòf si direksyon lekòl-la davans te eskize-li oswa li te resevwa yon egzansyon pou li pa ale nan klas. Elèv-yo dwe resevwa otorizasyon direksyon lekòl-la anvan yo patisipe nan aktivite klib ak nan aktivite, an gwoup, lekòl-la apwouve epi patwonnen. Elèv-yo bezwen otorizasyon pou:

- Prezante yon pwogram oswa òganize yon asanble
- Òganize epi fè reyinyon pou klib oswa òganizasyon sou kanpis lekòl-la
- Kolekte lajan. Swiv direktiv SB policy. Manje, bijou, T-shirts (mayo), etc. pa ka vann nan lekòl-la si se pou pwòp benefis pèsonèl-ou.
- Kolekte lajan (fundraising) anndan oswa andeyò lekòl-la pou pwojè pa-yo. Nan lekòl-yo, yo entèdi elèv-yo mennen aktivite fundraising (kolekte lajan) pou òganizasyon tankou Salvation Army, United Way, Girl Scouts, etc.
- Òganize yon manifstasyon
- Gen yon konferansye, envite k'ap vin pale ak/oswa vandè sou kanpis-la.

SOTI ÒGANIZE - FIELD TRIPS

Gen sèten sikonstans espesyal, kote yo ka refize elèv patisipe nan sòti edikatif oubyen patisipe nan sòti ki pa edikatif, oswa

Responsabilite

Elèv-yo pa dwe kite aktivite ki fèt apre klas anpeche-yo etidye epitou yo dwe konnen epi swiv regleman aktivite yo chwazi a.

Elèv-yo responsab asire kondwit ak aksyon-yo kòm manm klib ak gwoup lekòl, konfòm ak kritè direksyon lekòl-la tabli.

Elèv-yo dwe enfòme yo sou kalite yon elèv bezwen pou egzèse yon bon lidèchip epi chwazi manm komite (officers) ki gen kalite sa-yo.

Elèv ki nan pozisyon, responsab aprann kijan pou yo fè travay-yo, sipòte bi manm gwoup ki eli-yo epi trete lòt moun nan gwoup-la avèk jistis.

Elèv ki patisipe nan sòti òganize (field trips), aktivite sosyal ak/oswa nan aktivite andeyò pwogram regilye lekòl-la apwouve ak/oswa patisipe nan klib oswa gwoup sou patwonaj lekòl-la dwe respekte regleman ki nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, tout kote regleman-yo aplikab swa nan konferans swa nan konvansyon oswa nan konpetisyon yo ale. (Gade nan regleman SB Policy 6303.) Ou kapab wè okonplè tout direktiv sou sòti ak lekòl (field trip) epi tout regilasyon School Board sou sit Web: <http://www.broward.k12.fl.us/sbbcpolicies/>.

ankò lekòl-la ka refize elèv-yo patisipe nan aktivite edikatif sou patwonaj lekòl-la (Gade SB Policy 6303).

AKTIVITE ANT LEKÒL AK AKTIVITE ANDEYÒ PWOGRAM REGILYE LEKÒL

Regleman

Elèv-yo dwe kenbe yon bon kondwit lè yo lekòl ak nan kominote-a pou yo ka patisipe nan aktivite ant lekòl epi aktivite andeyò pwogram kourikoulòm regilye-yo (Gade SB Policy 6201). Regleman ak direktiv-sa esplike ki kondisyon ki ekzijib pou patisipasyon nan aktivite sa-yo. Ou kapab gade okonplèt regleman konsènan elijibilite yon elèv epi tout regleman ak direktiv sou sit Web: <http://www.broward.k12.fl.us/sbbcpolicies/>.

ELIJIBILITE MIDÈLESKOUL (Baze sou chak tan peryòd notasyon 9-semenn- marking period)

Elèv midèleskoul ki vle patisipe nan konpetisyon spòtif, ant lekòl, k'ap fèt andeyò pwogram regilye, dwe ranpli kondisyon-sa-yo:

1. Elèv-yo dwe pase regilyèman pou pwochen klas la epi kenbe chak trimès yon mwayèn jeneral 2.0 oswa plis sou yon nechèl nòt 4.0. Elèv midèleskoul dwe pase 5 sou 6 klas, oswa 4 sou 5 klas, selon orè-yo
2. Elèv k'ap fè klas midèleskoul dwe kenbe yon bon kondwit; yo dwe resevwa yon "U" pou kondwit ki pa satisfèzan yon sèl fwa pou piplis
3. Yon elèv/elèv-atlèt pap elijib pou okenn konpetisyon k'ap fèt pandan pwochen nèt semenn klas si li pa satisfè tout kondisyon-yo. Mezi sa a ap efektiv sou sizyèm jou lekòl nan pwochen tan peryòd notasyon nèt semenn klas (marking period). Pou elèv k'ap fè klas setyèm ak uityèm ane, yo va detèminen elijibilite pou premye *marking period* dapre nòt elèv-atlèt obteni, nòt li te pran nan dènye *marking period* ane anvan an
4. Direktè-a ka mande modifikasyon kondisyon-yo baze sou sikonstans espesyal enpòtan. Li dwe prezante yon demann apèl (appeal). Yon kopi demann direktè-a dwe depoze nan Depatman Atletis Konte-a, *County Athletic Department*

ELIJIBILITE AYSKOUL (Baze sou semès 18-semmen klas kèlkeswa orè klas, an blòk ou wotasyon)

Yon elèv ki kounyea pa resevwa yon sispansyon akòz aktivite ant lekòl oswa andeyò lekòl, oswa pa resevwa yon sispansyon oswa yo pa espilse l de lekòl, konfòmman ak SB Policy, atik F.S. §1006.07, 1006.08 epi 1006.09, elèv sila elijib pou li patisipe nan aktivite ant lekòl ak aktivite anndan lekòl epi andeyò pwogram regilye-yo.

Elèv ayskoul ki vle patisipe nan aktivite ant lekòl epi nan aktivite andeyò pwogram regilye-yo, dwe ranpli kondisyon-sa-yo:

1. Yon elèv elijib touswit pou li patisipe nan yon ekip spòtif nan lekòl li anwole anpremye chak ane; elèv-la ka pratike espò a pou li vin manm ekip-la anvan menm li anwole oswa transfere nan lekòl-la konfòmman ak atik F.S. §1006.20(2)(a)
2. Yon elèv petèt pap patisipe nan yon espò si li te deja patisipe nan menm espò a nan yon lòt lekòl nan menm ane eskolè a, sòf si elèv sila satisfè kritè ki espesifik nan atik F.S. §1006.15(3)(h) ak SB Policy 5004.1(III)(A)
3. Elijibilite yon elèv pou li patisipe nan aktivite ant lekòl oswa paraskolè, nan okenn fason, pa dwe afekte si gen sipozisyon yon vyolasyon lè rekritman; tann desizyon final konsènan akizasyon an konfòmman ak atik F.S. §1006.20(2)(b)
4. Fè pwogrè satisfèzan pou ou gradye kòm sa prevwa dapre plan pwogrè pou elèv, Distri a apwouve
5. Yon elèv dwe pase nòmman pou nevyèm ane soti nan uityèm ane (8th grade) epi dwe kenbe yon mwayèn jeneral kimilatif 2.0 oswa plis sou yon nechèl nòt 4.0 oswa ekivalan-an nan tout klas obligatwa pou diplome ayskoul. Mwayèn jeneral kimilatif ak klas obligatwa pou diplome gen ladann tout kredi elèv-la seye pran nan ayskoul.
6. Si yo rekonnèt yon elèv koupab oswa yo jwenn li komèt yon krim oswa yon zak delenkan ki tap trete kòm krim si elèv-la te majè, san konsidere si wi oswa non te gen yon desizyon jijman, yap refize kite elèv-la patisipe.
7. Etandone se yon onnè epi yon privilèj pou yon elèv reprezante lekòl-li swa kòm eli ofisyèl lekòl-la swa ankò nan aktivite paraskolè, se sèlman elèv ki satisfè kondisyon klib-yo, lekòl, sèvis enstriksyon, ak/oswa kondisyon Board-la, elèv sila elijib pou reprezante lekòl-yo.

Nou kite paj sa vid espre.



SEKSYON

V

**Dwa Lib pou Pale ak
Distribisyon Materyèl**

Konstitisyon Etazini garanti tout sitwayen andwa bay lide-yo an tout libète. Yon edikasyon fondalnatal dwe prepare elèv-yo egzèse dwa-sa-a yon jan responsab. Pou regleman ki reji kesyon non-diskriminasyon, gade Policy 4001.1.

Dwa

Elèv-yo andwa tande opinyon tout moun sou sijè moun pa dakò.

Elèv-yo andwa bay opinyon ak pwennvi-yo.

Elèv-yo andwa pale lib, esprime yo san entèdiksyon, pouvi youn respekte lòt.

Elèv-yo dwe gen asirans yo pap otorize nan lekòl-yo materyèl ki esplike nan Seksyon 1 pi ba-a.

Responsablite

Elèv-yo responsab konnen opinyon tout pati sou kesyon k'ap debat.

Elèv-yo responsab koute pwennvi lòt moun san entèwonp, avèk politès.

Elèv-yo responsab gen bon jijman anvan yo ekri atik nan piblikasyon pou elèv.

Elèv-yo responsab gen bon jijman lè yap chwazi sous enfòmasyon.

Règ

Note: Konfòmman ak atik 20 U.S.C. §7904, pa gen anyen nan regleman sa ki anpeche oswa refize patisipasyon yon elèv nan priyè. Priyè gen pwoteksyon konstitisyon an nan lekòl piblik, primè ak segondè.

1. Elèv-yo dwe gen pèmisyon direktè-a/anplwaye ki deziye, anvan yo distribye nan lekòl-la oswa sou lakou lekòl-la materyèl enprime oswa ekri, materyèl medya elektwonik (nan tèks-la "materyèl"). Direktè a oswa anplwaye ki deziye- kapab refize bay pèmisyon pou distribisyon si materyèl-la (enfòmasyon ak aktivite) kapab entèprete kòm:
 - a. Gwosye oswa pònagrafik;
 - b. Pou fè difamasyon oswa pou fè kalomni;
 - c. Kapab lakòz dezòd oswa materyèl-la gen gwo chans pwovoke kondwit dezòdonnen diran aktivite nòmal lekòl-la oswa pètibe disiplin nan fonksyonman lekòl-la. Yo pa konsidere materyèl dwe rantre nan souseksyon sa-a paske elèv, pwofesè, oswa manm pèsennèl andwa pa dakò ak kontni materyèl-la (enfòmasyon-an) oswa twouve kontni an chokan;
 - d. Langaj gwosye, vilgè, oswa chokan;
 - e. Vann pwodi kòmèsyal oswa eseye fè yon benefis ak vant pwodi-yo. [Pou regleman ki reji aktivite fundraising (kolekte lajan) pou lekòl-la oubyen lè elèv-yo ap fè fundraising, konsilte Seksyon V, Aktivite ak Asanble Elèv].]
2. Si direktè a oswa anplwaye ki deziye refize distribisyon yon materyèl enfòmasyon, li dwe bay rezon espesifik poukisa li refize distribisyon enfòmasyon an.
3. Si yo refize distribisyon materyèl la dapre souseksyon (1)(c) paske enfòmasyon an kapab lakòz dezòd oswa gen gwo chans pwovoke kondwit dezòdonnen oswa pètibe lòd ak disiplin nan lekòl-la, direktè oswa anplwaye ki deziye-a dwe fè elèv-la konnen sa. Li dwe deklare rezon espesifik poukisa lòd ak disiplin kapab pètibe akòz distribisyon-an epi poukisa dezòd-la kapab serye epi grav.
4. Avi reyinyon elèv, pou diskite kesyon san rapò ak pwogram etid epi ki afiche sou tablo annons rezève pou elèv, pa nesèsman reprezante pwennvi School Board-la (Komisyon eskolè) ak/oswa administrasyon-an. Board-la sèlman pèmèt elèv-yo itilize espas sila san li pa fè pwomosyon, andòse, oswa pran responsablite pou materyèl-sa-yo. Nou ankouraje elèv-yo pou yo respekte pwennvi ak kwayans lezòt anvan yo afiche yon avi.
5. Elèv-yo pa gen dwa distribye ni petisyon ni sondaj/ankèt lè klas-la ap fonksyone.

6. Si yon elèv fè yon demand pou distribye materyèl, direktè lekòl oswa anplwaye ki deziye gen vennkatrè (24è) apre li resevwa demann-la pou li apwouve oswa derefize demand-la. Si direktè-a oswa anplwaye ki deziye pa reponn nan 24è, elèv-la ka konsidere demann-lan apwouve; ekskli jou pa gen lekòl.
 - a. Pou materyèl enfòmasyon ak aktivite ki apwouve, direktè a oswa anplwaye ki deziye, kapab fikse kèk restriksyon ki fè sans konsènan tan, kote, ak pwosesis distribisyon.
 - b. Pou materyèl ki apwouve, piblikasyon-an dwe gen fraz-sa-a: “SCHOOL BOARD PA APWOUVE OSWA PRAN RESPONSABLITE POU OPINYON AK/OSWA AKTIVITE-YO.”
7. Nenpòt elèv ki panse desizyon administrasyon an pran pa jis, dapre esplikasyon ki nan seksyon sa, gen dwa konteste desizyon sa, fè yon rekèt pou fè apèl jan sa espesifye nan Seksyon X regleman sa

Moman Silans

Konfòmman ak lejislasyon Eta Florid F.S. §1003.45, lekòl nan Distri a va obsève yon moman silans k'ap dire 1-2 minit. Moman silans sa va fèt pandan premye peryòd klas oswa okonmansman chak jounen lekòl.

Konfòmman ak lwa sa, Distri a pa ka konseye elèv yo sou jan pou yo itilize tan refleksyon diran moman silans. Nou ankouraje tout fanmi pale ak pitit li (pitit li yo) sou moman silans epitou bay pitit li bonjan konsèy sou jan li ka itilize kòm sadwa moman sa.



Chak jou, pledge of allegiance (fidelite ak alejans o drapo) resite nan chak lekòl primè, midèskoul ak ayskoul nan Leta Florid. Elèv-yo andwa pa patisipe. Fanmi kapab fè yon demann alekri pou eskize pitit-li resite “pledge”-la, kanpe epitou plase men dwat sou kè-li. Diran resitasyon “pledge”-la, elèv ki pa eskize dwe montre respè pou drapo-a, kenbe yon posti kòrèk; gason dwe retire chapo-yo, pou rezon relijye swiv règ an vigè si yon gason vle kite kwafi oswa chapo sou tèt li. (F.S. §1003.44).

Nou kite paj sa vid espre.



SEKSYON

VII

Publikasyon Lekòl
La Andose

Elèv yo ap fè piblikasyon sou parenaj lekòl-la. Se konpozan enpòtan pwogram enstriksyon lekòl-la. Tout piblikasyon eskolè dwe annakò avèk kourikoulòm pwogram edikasyonnel, annakò avèk valè kiltirèl kominote lekòl-la epitou yo dwe apwopriye pou milye lekòl-la. Sou kesyon-sa-a, yo bay lidèchip chak lekòl gran libète pou plannifye epi kreye piblikasyon eskolè pa-li.

Kontri nan tout piblikasyon eskolè dwe konfòm ak estanda jounalis distri-a, ki entèdi materyèl gwosye, ensiltan, difamatwa, oswa kalomnye, ki entèdi langaj vilgè oswa endesan, oswa materyèl ki ka lakòz gwo dezòd k'ap twouble aktivite ak fonksyonman nòmal lekòl-la. Tout piblikasyon lekòl-la andòse epi apwouve dwe enkli deklarasyon-sa-a: *Opinyon ki esprime nan piblikasyon-sa-a pa nesèsman opinyon [insert name of school] oswa opinyon lekòl Broward County Public Schools esprime.*

Apwobasyon yon piblikasyon dwe baze sou:

1. Konfòmite avèk kourikoulòm pwogram edikatif Komisyon eskolè (School Board) apwouve;
2. Respè nòm kominotè rezonab epi valè kiltirèl kominote eskolè a; epi
3. Bi jeneral piblikasyon-an dwe anrapò avèk kourikoulòm akademik epi milye lekòl-la.

Direktè-a oswa anplwaye ki deziye va gen otorite final pou apwouve plan ak konsepsyon epi kontri tout piblikasyon eskolè anvan piblikasyon oswa anvan afichaj oswa posting. Nenpòt piblisite ki nan yon piblikasyon lekòl-la andòse dwe konfòm avèk Regleman epi direktiv School Board sou Piblisite (Policy 6300-Advertising). Piblikasyon enkli -men se pa sa sèlman- jounal lekòl-la, albòm pwomosyon (yearbooks), jounal elèv, ak piblikasyon PTA, Booster Clubs, epi piblikasyon asosiyasyon similè fè sikile.





SEKSYON

VIII

Konfidansyalite Dosye Elèv

Dwa

Elèv yo gen asirans lekòl yo kenbe dosye yo an sekirite, pwoteje epi konfidansyèl. Elèv ki gen dizwitan (18) oswa plis andwa mande wè enfòmasyon nan dosye eskolè pa-yo.

Elèv yo andwa atann aske yo respekte afè pèsònèl yo.

Responsablite

Elèv yo responsab konnen kijan lekòl la jwenn enfòmasyon ki nan dosye eskolè yo, kouman yo itilize li, epi ki sa enfòmasyon an vledi.

Kolekte, itilize ak kominike (divilge) nimewo kat sosyal sekirite elèv

Konfòmman ak Lwa Leta Florid §119.071(5), School Board of Broward County, Florida (SBBC) kolekte, itilize, ak/oswa kominike nimewo kat sosyal sekirite (*Social Security numbers* – SSN) lè lalwa ekzije oswa otorize l, lè yon paran oswa elèv adilt/elèv emansipe ba-li otorizasyon alekri (lwa Leta Florid FS §119.071(5)(a)6c)). Elèv-yo pa blije bay nimewo kat sosyal-yo kòm kondisyon pou yo anwole oswa diplome. Nimewo kat sosyal dwe rete konfidansyèl epi li pa dwe janm aksesib pou piblik-la wè l dapre lwa Florid Statutes FS §119.071(5)(a)(5). Distri-nou kolekte, itilize, ak/oswa kominike (divilge) nimewo kat sosyal elèv ak/oswa fanmi pou rezon-sa-yo:

1. Konpansasyon oswa èd finansye, Leta oswa gouvènman federal finansye. Se Depatman Edikasyon Leta Florid ki administre sibvansyon-yo. (F.S. §1009.90 et seq. otorize)
2. Verifikasyon antesedan kriminel, verifikasyon antesedan Nivo 1 ak Nivo 2 sitou pou pwogram Youth Mentoring (Konseye jenn) ak lè aplikan gen entansyon fè volontarya. (lalwa F.S. §119.071(5)(a)(2), (6) ekzije).
3. Tout dokiman anrapò ak anplwa, ke yo itilize pou anboche elèv. (lwa F.A.C. 6A-10.0341 ak F.S. §119.071(5)(a)(6)) ekzije)
4. *Enrollment & Salary Reduction Authorization Form (Benefits Department)* - Fòm otorizasyon pou anwolman ak rediksyon salè (Depatman Benefis) pou anplwaye ak depandan-li (elèv) lè yo ajoute non elèv-la sou plan Benefis. (lwa F.S. §119.071(5)(a)(6)(f)) otorize sa).
5. Èd finansye, Aplikasyon gratis èd federal pou elèv [Free Application for Federal Student Aid (FAFSA)], fòm Florida Pre-Paid, sibvansyon (Pell Grants pou lekòl pwofesyonèl), fòm taks 1098T (Tuition Payment Statement) pou elèv nan lekòl teknik ak pwofesyonèl, etc. (lwa F.S. §119.071(5)(a)(6)(b)) otorize.)
6. Enfòmasyon Depatman Edikasyon Leta Florid (Florida Department of Education) voye ban-nou pou lokalize timoun nan lekòl Florid ki disparèt. (lwa F.A.C. 6A-6.083 ak F.S. §119.071(5)(a)(6)) ekzije pataj enfòmasyon-an).
7. Pataj ak echanj enfòmasyon selon akò ant plizyè ajans ak SBBC, Department of Juvenile Justice (Depatman Jistis Jivenil), *Circuit 17, the Broward County Chiefs of Police Association, Inc., the Seventeenth Judicial Circuit In and For Broward County, Florida, the Florida Department of Children and Families, the State Attorney of the Seventeenth Circuit In and For Broward County*, ak Sheriff of Broward County, Florida. (lalwa 20 U.S.C. §1232(g); "F.E.R.P.A.," 34 C.F.R. §99.31(5)) otorize)
8. Rapò Depatman Sikilasyon (Department of Motor Vehicles) voye ban-nou avèk non elèv yo retire lisans-yo poutèt twòp absans ki pa eskize. Epitou rapò nou voye bay Depatman ki okipe kesyon anwolman ak regilarite elèv, pou kontwole ki elèv ki pa swiv lòd al anwole oswa frekante yon lekòl. (lalwa F.S. §322.091(5), 1003.27, ak 119.071(5)(a)(6)) ekzije).
9. Depatman Edikasyon Florid mande nou fè rapò sou elèv (lalwa F.S. §119.071(5)(a)(2), (6)) otorize)
10. SBBC jesyon sistèm enfòmasyon ak baz done distri eskolè (lwa F.S. §1008.386 ak 119.071(5)(a)(6)) ekzije)
11. Tès Leta ak tès nasyonnal ki seleksyone, kote idantifikasyon elèv ak pwosedi entegrite epi sekirite tès, enpòtan. (lwa F.S. §119.071(5)(a)(6)(b)) otorize)
12. Enskripsyon elèv ak nimewo idantifikasyon elèv. (lalwa F.S. §1008.386 ak 119.071 (5)(a)(6)) otorize nou mande. Konfòmman ak règ §1008.386, nimewo kat sosyal (SSNs) se pa yon kondisyon pou anwolman oswa gradyasyon. Lwa F.A.C. 6A-10.0381 ekzije nou mande elèv adilt nimewo kat sosyal yo.)
13. Kolekte ak oswa kominike nimewo kat sosyal esansyèl pou bon pèfòmans Distri eskolè a lè l'ap egzekite devwa ak responsablite li selon egzijans lalwa, enkli, san limitasyon, rapò abi timoun nou voye bay Depatman *Department of Children* (elèv viktim nou fè rapò sou yo); idantifikasyon modèpas pou rezo konpitè Distri eskolè a, rapò nou voye bay ajans federal ak ajans Leta k'ap mennen envestigasyon sou diskriminasyon; ak enfòmasyon anrapò ak asistans *Social*

Security, òdonnans tribinal ak sitasyon (subpoenas), ak ransèyman militè. (F.S. §119.071(5)(2) .(a)) otorize; lalwa F.A.C. 65C-29.002, F.S. §39.201, ak F.S. §119.071(5)(a)(6)(b)) ekzije; epi tout lòt rapò ki pa mansyone.

14. Nou ka revele/divilge nimewo kat sosyal si yon gwoup kòmèsyal ka itilize-l selon izaj pèmisiy lwa federal rekòmande nan ka lisans chofè, lwa sou evalyasyon kredi - (*Driver's Privacy Protection Act of 1994, 18 U.S.C. § 2721 et seq; the Fair Credit Reporting Act, 15 U.S.C. Sec. 1681 et seq.*); oswa lwa *Financial Services Modernization Act of 1999, 15 U.S.C. §6801 et seq.*, ki mòdènize sèvis finansye - pouvi gwoup kòmèsyal la respekte kondisyon nan paragaf 5 in F.S. §119.071. (F.S. §119.071(5)(a)(6)) otorize. Divilgasyon enfòmasyon an nesesè pou ajans k'ap resevwa l oswa antite gouvènmantal ki bezwen enfòmasyon an pou egzèsè devwa ak responsablite li, jan lalwa presize (F.S. §119.071(5)(a)6b) otorize)
15. Revele/divilge nimewo kat sosyal pou prevni epi konbat tewoyis, pou respekte dispozisyon lwa USA Patriot Act of 2001, Pub. L. No. 107-56, oswa *Presidential Executive Order 13224* (Dekrè prezidansyèl) (lwa 31 U.S.C. §5318 ak F.S. §119.071(5)(a)(6)) ekzije.
16. Divilge nimewo kat sosyal ede ajans oswa antite gouvènmantal egzekite devwa ak responsablite-yo, (jan lalwa mande l (F.S. §119.071(5)(a)(6)(b)) otorize)
17. Detèmine elijibilite pou pwogram lench nan lekòl. (lalwa 42 U.S.C. § 1758, 7 C.F.R. §245.6a, ak F.S. §119.071(5)(a)(6))
18. Reklamasyon donmaj ak avi reklamasyon donmaj kont SBBC. (Règ F.S. § 768.28(6) ak F.S. §119.071(5)(a)(6)) otorize)
19. Relvednòt (transkrip), aplikasyon, ak lòt dosye nou voye bay administratè enstitisyon edikasyonèl, lekòl, kolèj, ak inivèsite (FERPA 34 C.P.R. §99.31(2)) otorize)
20. Anplwayè mande alekri verifikasyon enfòmasyon pou rezon edikasyon pwofesyonèl, ak swivi elèv (F.A.C. §6A-10.0341).

Regleman

Tout elèv andwa gen lavi prive-yo epi gen responsablite respekte dwa lòt moun.

1. Trete avèk respè tout enfòmasyon ki konsènen yon lòt moun epi kenbe ransèyman an konfidansyèl.
2. Elèv k'ap ede pa dwe nan sal kote yo kapab li dosye lòt elèv ak dokiman pèsonnèl-yo ki konfidansyèl.

Avi sou Lwa Dwa Fanmi nan Edikasyon ak Konfidansyalite Dosye (FERPA) Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) Notice

Lejislasyon sou Dwa Fanmi nan dosye edikasyon ak konfidansyalite dosye [Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)] se yon lwa federal ki garanti tout sa ki nan dosye edikasyon yon elèv egzak epi sekrè.

Lwa FERPA, F.S. §1002.22, F.S. §1002.221 ak SB Policy 5100.1 (*Student Records: Confidentiality and Family Educational Rights*- Dosye elèv: Konfidansyalite ak Dwa Fanmi sou dosye edikasyon) bay paran, gadyen oswa elèv ki elijib (elèv ki gen plis pase 18 ane oswa k'ap frekante yon enstitisyon apre lekòl segondè) sèten dwa anrapò ak dosye edikasyon yon elèv. Distri-a konsève dosye sa-yo. Dwa-sa-yo se:

1. **Dwa konsilte epi revize dosye edikasyon yon elèv nan 30 jou apre Distri a resevwa demann aksè nan dosye.** Paran oubyen elèv ki elijib dwe depoze pou direktè-a yon demann alekri ki esplike egzakteman ki dokiman li ta renmen konsilte. Direktè-a (prensipal-la) ap pran dispozisyon pou fasilite aksè nan dosye-a epi fè fanmi oswa elèv ki elijib konnen kilè epi ki kote li kapab vin konsilte dokiman-an oswa dokiman-yo. Lè dosye edikasyon elèv-la gen enfòmasyon sou plis pase yon elèv, fanmi-an dwe konsilte ransèyman ki konsènen pitit-li sèlman. Kourye elektwonik (imel) ki pa klase nan katab dosye elèv-la men lekòl-yo oswa depatman Distri-a konsève pa konsidere kòm dosye edikasyon. Diplis, dosye *Special Investigative Unit (SIU)*, (Inite Envestigasyon Spesyal), kreye epi konsève pa konsidere kòm dosye edikasyon.
2. **Dwa pou yo fè chanjman nan dosye edikasyon elèv-la.** Fanmi oswa elèv elijib kapab mande School Board of Broward County, Florida (SBBC) pou li chanje yon dokiman si li kwè dokiman-an pa kòrèk, dokiman-an gen erè ladann oswa vyole dwa ki konsènen lavi prive elèv-la. Fanmi dwe ekri yon lèt voye bay direktè lekòl-la pou esplike egzakteman ki pati nan dosye-a yo vle pou yo chanje epi esplike pou ki rezon yo fè demann-nan. Si Distri-a deside li pap chanje dokiman-sa-a jan fanmi-an oswa

elèv ki elijib mande-li, Distri-a va notifiye fanmi-an oswa elèv ki elijib desizyon an epi fè konnen dwa fanmi an pou mande yon odyans (hearing) nan yon tan rezonnab pou diskite demand pou chanjman-an. Fanmi-an oswa elèv ki elijib-la va resevwa plis ransèyman sou pwosedi odyans la lè yap avize-li sou dwa-li.

3. Dwa pou bay konsantman yo pou transmèt ransèyman ki kapab idantifye elèv-la epi ki nan dosye edikasyon elèv-la, jis rive nan pwen lwa FERPA otorize pou kominike/revele enfòmasyon, san konsantman pat nesesè anvan. FERPA pèmèt transmèt dosye edikasyon, san konsantman pat nesesè, nan diferan sitiyasyon, tankou:

- a. transmèt SBBC ofisyèl lekòl¹ ki gen yon enterè byen fonde nan edikasyon² dosye yo bezwen,
- b. kominike ak ajans epi òganizasyon deyò ki sou kontra, e manm estaf-la asime responsablite-yo kòm “ofisyèl lekòl” epi yo defann-yo re-divilge enfòmasyon pèsonèl idantifyab e ki fè pati dosye edikasyon elèv, sòf nan ka lalwa ekzijè oswa otorize sa,
- c. kominike ak ofisyèl lekòl lòt enstitisyon nan bi otorize transfè elèv oswa anwolman elèv,
- d. kominikasyon dosye bay ofisyèl ki otorize onivo federal, leta ak lokal, ak responsab edikasyon, epitou pou odit oswa evalyasyon pwogram federal ak leta sibvansyon,
- e. respekte òdonnans lajistis oswa sitasyon (subpoenas) ki delivre legalman; SBBC va notifiye alavans paran oswa elèv ki majè entansyon l pou reponn nan dis (10) jou konsa paran oswa elèv majè kapab chache aksyon pwoteksyon, sòf nan ka lalwa entèdi sa oswa notifikasyon an pa nesesè,
- f. kominike bay gwoup ki apwopriye ransèyman anrapò ak ijans sanite oswa sekirite,
- g. kominike ak anplwaye k’ap travay sou dosye (caseworker) yon ajans oswa reprezantan Leta oubyen reprezantan lokal ajans pwoteksyon anfans oswa òganizasyon tribal, lè ajans-la legalman anchaj swen ak pwoteksyon elèv-la

Gen obligasyon ak kondisyon adisyonnèl ki aplikab lè pa gen konsantman mityèl pou divilgasyon ransèyman. Konsilte SB Policy 5100.1 pou lis konplèt FERPA-ki detaye divilgasyon ki otorize e konsantman alekri pat nesesè anvan.

Kalite ransèyman ki nan “Directory Information”:

Dosye enfòmasyon (Directory Information) gen ransèyman ki kapab idantifye pèsonnèlman yon elèv; enfòmasyon-an pa konsidere kòm nwizib ou kòm yon atak sou lavi prive si yo revele-li. Dapre lwa FERPA, SBBC kapab revele - selon diskresyon li - ransèyman ki nan dosye enfòmasyon pa-li epi ki konsènen yon elèv k’ap fè nenpòt klas, si paran-an ou elèv-la aje de 18 ane oswa plis pat notifiye chwa li epi mande bloke enfòmasyon an. SBBC chwazi ki ransèyman ki ka fè pati Dosye enfòmasyon: non elèv-la, non paran, adrès rezidansyèl, nimewo telefòn, dat elèv-la fèt ak ki kote, matyè prensipal li etidye, patisipasyon nan aktivite ak espò sou patwonaj lekòl-la, wotè ak pwa manm ekip spòtif, nimewo mayo ak pozisyon nan ekip spòtif, klas lap fè, dat elèv-la prezan ak absan lekòl, diplòm, pri ak rekonpans* ak non lekòl ak pwogram elèv-la te ale anvan/resaman, ak nimewo saldeklas.

**Note: Diplòm, ak pri enkli travay egzaplè, (travay atistik), tout kalite distenksyon, ransèyman sou gradyasyon (lis elèv k’ap diplòm), epi ekskli mwayèn jeneral - GPA)*

REZON DIVILGASYON DOSYE ENFÒMASYON

SBBC rezève dwa li pou li divilge/kominike enfòmasyon ki nan Dosye Enfòmasyon pa-li (Directory Information)

- a. bay kolèj, inivèsite oswa lòt enstitisyon edikasyon siperyè elèv-la anwole, ap chache anwolman oswa enstitisyon ki

1. *Ofisyèl lekòl se yon moun Distri-a anboche. Li kapab yon administratè, yon sipèvizè, yon enstriktè oswa yon manm pèsonnèl sipò (pwofesyonnèl swen sante ak medikal epi lapolis ladann tou); li kapab yon moun ki okipe yon fonksyon nan School Board; yon moun oswa yon konpani Distri-a kontrakte pou fè yon travay espesyal ki nòmalman yon anplwaye SBBC ta dwe fè (tankou yon avoka, kontab, konsiltan medikal oswa terapis); yon anplwaye biwo oswa yon parapwofesyonnèl ki kòm anplwaye asiste yon lòt ofisyèl lekòl-la nan kad travay pwofesyonnèl-li.*

2. *Enterè byen fonde nan edikasyon se lè yon ofisyèl lekòl bezwen konsilte yon dosye edikasyon pou li kapab akonpli responsablite pwofesyonnèl-li.*

ki kapab rekrute elev la

- b. pou evènman spòtif, piblikasyon lekòl, materyèl edikatif ak lòt zouti kominikasyon pou lekòl (tankou albòm pwomosyon, pwogram espò, pwogram gradyasyon, bwochi rekritman, pwogram teyat, sit Entènèt lekòl-la ak sitweb Distri-a, medya sosyo, mesaj (postings) ak afich andedan lekòl-la epi ak tout lòt bi ki pa mansyone);
- c. bay reprezantan ofisyèl sante piblik Broward County ransèyman pou yo ka kominike avèk paran epi adrese kondisyon ki gen enpòtans sou plan sante piblik selon sa Regleman Florida Department of Health (64D-3, F.A.C.) detèminen; reprezantan-yo ka resevwa tou enfòmasyon ki va ede-yo afwonte oswa prepare pou yon pwoblèm sante piblik potansyèl epi konfime; ak/oswa
- d. pou pataje ransèyman avèk komite k'ap òganize reyinyon ansyen elèv (ak lòt komite sanblab) pou aktivite ki regade reyinyon yon pwomosyon.

Pwosedi pou Notifikasyon chwa ou - Opt Out Procedure:

Paran/gadyen elèv k'ap fè nenpòt klas (oswa elèv ki elijib, elèv ki gen plis pase 18an oswa k'ap frekante yon enstitisyon apre lekòl segondè) kapab fè chwa (refize otorize) kominikasyon yon pati oswa tout enfòmasyon ki nan Directory Information ki mansyone anwo a. Sou fòm FERPA Notifikasyon chwa ou, ki nan liv Kòd Kondwit pou Elèv, paran/gadyen oswa elèv ki elijib dwe endike ki kalite enfòmasyon yo pa vle divilge. Fòm FERPA notifikasyon chwa-ou dwe soumèt/depoze chak ane nan lekòl-la pou direktè lekòl-la. Konsènan ansyen elèv ki te frekante yon lekòl BCPS, SBBC va kontinye respekte tout demand valid pou pa divilge ransèyman ki nan Dosye enfòmasyon, sòf nan ka elèv-la annile otorizasyon-la (34 CFR §99.37(b)) ak/oswa ansyen elèv la soumèt yon nouvo fòm FERPA Opt Out Notification Form.

Note: Seleksyon sou fòm notifikasyon FERPA ap rete valab jiskaske paran oswa elèv (18 ane oswa pi gran) soumèt/depoze yon nouvo fòm.

Kominikasyon enfòmasyon bay Militè, Lame ak Enstitisyon Apre Lekòl Segondè:

SBBC blije kominike/revele, sou demand, non, adrès ak nimewo telefòn **elèv k'ap fè klas 11zyèm ak 12zyèm ane** bay lame, rekritè lame, ak/oswa enstitisyon apre lekòl segondè, san li pat bezwen konsantman anvan, sòf si paran/gadyen oswa elèv ki elijib, mande bloke enfòmasyon an. Sou chak ESSA Fòm Notifikasyon chwa ou/Chak elèv dwe reyisi [Every Student Succeeds Act (ESSA) Opt Out Form] disponib nan Manyèl Kòd Kondwit pou Elèv, paran/gadyen ak elèv ki elijib dwe endike ki kategori li pa vle lekòl-la divilge oswa kominike. Fòm ESSA Opt Out Form dwe soumèt chak ane. Direktè lekòl-la dwe resevwa fòm-la.

4. **Dwa pou ou pote plent nan U.S. Department of Education (Depatman Edikasyon Etazini) si Distri a sipozeman pa respekte dispozisyon lwa FERPA.** Men non ak adrès biwo ki administre FERPA se: Student Privacy Policy Office • U. S. Department of Education • 400 Maryland Avenue, S.W. • Washington, DC 20202. Si ou vle diskite epi eseye rezoud pwoblèm ou genyen ak FERPA anvan ou kontakte biwo Student Privacy Policy Office, ou kapab kontakte ofisye anchaj konfidansyalite dosye, *SBBC Privacy Officer*, nan nimewo telefòn 754-321-1914.

Pou plis enfòmasyon, konsilte SB Policy 5100.1. Regleman ak direktiv sa esplike pwoteksyon dwa paran ak elèv genyen konsènan dosye edikasyon elèv. Ou kapab gade okonplè direktiv konsènan dosye elèv ak tout Regleman School Board sou sit Web: <https://www.browardschools.com/Page/37754>.

NOTIFIKASYON AMANNMAN DWA SOU PWOTEKSYON DWA ELÈV (PPRA)

Amanman Dwa sou pwoteksyon dwa elèv [Protection of Pupil Rights Amendment (PPRA) (20 USC §1232h; 34 C.F.R §98)], bay paran, gadyen, oswa elèv ki elijib (ki gen plis pase 18 ane oswa emansipe) sèten dwa anrapò ak ekzekisyon sondaj/ ankèt, koleksyon epi itilizasyon enfòmasyon pou bi maketin epitou pou sèten tès medikal.

DWA PPRA AKÒDE

1. Dwa pou bay konsantman preyalab, alekri, konsantman an dwe bay byen anvan lekòl-la ekzije ke tout elèv reponn epi soumèt kesyon ankèt/sondaj ki gen "enfòmasyon pwoteje", si ankèt/sondaj finanse an pati oswa an totalite pa yon pwogram Depatman Edikasyon Etazini. Enfòmasyon pwoteje "Protected information" enkli:
 - Pwoblèm mantal oswa pwoblèm sikolojik elèv-la oswa fanmi-li genyen;
 - Konpòtman oswa atitud anvè seksyalite;
 - Konpòtman ki pa legal, anti-sosyal, konpòtman kote elèv-la akize tèt-li; oswa konpòtman avilisan;
 - Jijman kritik elèv-la blije pote sou lòt moun ki se fanmi pwoch;
 - Relasyon privejye ki rekonnèt legalman, tankou relasyon ak avoka, doktè oswa prèt, pastè;
 - Revni (inkòm) apa revni lalwa ekzije yo rapòte pou detèmine elijibilite nan yon pwogram

Konfòmeman ak lwa Leta Florid F.S. §1002.222, Distri a pap kolekte, chèche obteni oswa konsève enfòmasyon sou afilyasyon politik, patisipasyon ou ak fason ou vote, afilyasyon relijye oswa enfòmasyon biometrik yon elèv oubyen enfòmasyon biometrik yon paran oubyen ankò enfòmasyon biometrik yon frè/sè elèv-la.

"Biometric information" - Enfòmasyon biometrik vledi enfòmasyon kolekte apati mezi elektwonnik oswa apati evalyasyon nenpòt karakteristik fizik (nan kò) oswa karakteristik konpòtman, tout se enfòmasyon ki pèmèt idantifye yon sèl moun. Anprent dijital, karakteristik men, karakteristik zye, karakteristik vwa, ak nenpòt lòt karakteristik fizik (kò), kapab itilize tou nan bi idantifye avèk anpil sètitud moun-sa-a selon yon mwayen elektwonnik.

2. Dwa pou resevwa yon notis ak opòtinite fè chwa pou yon elèv pa patisipe nan okenn lòt ankèt/sondaj avèk enfòmasyon ki pwoteje, kèlkeswa sous finansman.
3. Dwa pou resevwa yon notis ak opòtinite fè chwa pou yon elèv pa patisipe nan tès evalyasyon sante oswa tès deteksyon pwoblèm sante /tès depistaj (screening) kote yo itilize pwosede medikal nwizib, epi pa gen ijans reyèl. Lekòl oswa ajan-li ka deside fè tès sa-yo kòm kondisyon pou elèv-la frekante yon lekòl epi tès la pa nesèsman endispansab pou pwoteksyon sante ak sekirite elèv-la.
Konfòmeman ak lwa Florid F.S. §381.0056(4)(a)(6-9) ak (6)(e), paran/gadyen andwa fè chwa pa patisipe nan tès evalyasyon medikal (screenings) ki seleksyone e ki liste nan Kòd Administratif Florid 64F-6.003(1-4) ak Plan Sèvis Sante Eskolè. Tès evalyasyon medikal – ke lekòl-la ofri nan klas ki seleksyone – enkli, tès pou konnen jan elèv-la wè, tandè, tès eskolyòz, ak mas endis kòporèl (BMI), ke yo rele tou "kwasans ak devlopman" epi ki enkli kalkil wotè ak pwa.
4. Dwa pou resevwa yon notis ak opòtinite fè chwa pou yon elèv pa patisipe nan aktivite kote yo kolekte, divilge, oswa itilize enfòmasyon pèsònèl obteni de elèv-yo, pou bi maketin, oswa pou vann oswa distribye enfòmasyon an bay lezòt. Sa pa enkli enfòmasyon kolekte epi obteni de elèv-yo nan sèl bi eksklizif devlope, evalye, oswa founi pwodi oswa sèvis edikasyonèl pou elèv-yo ak enstitisyon edikasyonèl.
5. Dwa pou ou vin egzamine, an pèsòn, apre ou fè yon demann epi avan administrasyon oswa itilizasyon (a) sondaj pou elèv avèk enfòmasyon pwoteje, epi twazyèm pati devlope sondaj (b) enstriman(dokiman) ki sèvi pou kolekte enfòmasyon de elèv-yo pou bi maketin, vant, oswa distribisyon, epi (c) materyèl edikatif ki fè pati kourikoulòm pwogram eskolè.
6. Anba Lwa Florid, transfè dwa-sa-yo dwe fèt de paran/gadyen a elèv ki gen 18 ane oswa a yon elèv minè emansipe.

PWOTEKSYON VI PRIVE AK NOTIFIKASYON

Distri-a va asire ransèyman sou lavi prive elèv-yo rete konfidansyèl lè elèv-yo ap reponn kesyon ankèt avèk enfòmasyon pwoteje epitou lè Distri a ap kolekte, revele, oswa itilize ransèyman pèsònèl pou bi maketin, vant, oswa distribisyon.

Chak ane, okòmansman ane eskolè omwens yon fwa pa ane epi apre chanjman sibstansyèl, Distri-a va notifie dirèkteman fanmi de dwa PPRA-yo. Notifikasyon dirèk enkli, Liv Kòd Kondwit pou Elèv, lapòs, imel, an pèsòn, oswa fòmilè aseptans. Notifikasyon dirèk k'ap fèt tou atravè lòt mwayen kominikasyon. Distri-a va notifie san pèdi tan fanmi tout elèv ki pral patisipe nan aktivite oswa ankèt espesifik ki site anwo-a epitou Distri-a va bay fanmi opòtinite chwazi pou pitit-li pa patisipe nan aktivite oswa ankèt espesifik. Nan kòmansman chak ane eskolè, Distri-a va avèti fanmi nan yon notifikasyon lè li idantifye dat espesifik oswa dat apeprè aktivite oswa ankèt-yo va fèt. Pou ankèt ak aktivite plannifye apre ane eskolè-a kòmanse, Distri-a va bay fanmi nan yon tan rezonnab notifikasyon aktivite ak ki ankèt/sondaj ki plannifye. Fanmi va gen opòtinite chwazi pou pitit-li pa patisipe nan aktivite ak sondaj-yo epitou egzaminen byen fonde ankèt-yo.

Si yon moun kwè yo vyole dwa-li, li kapab pote plent nan biwo Family Policy Compliance Office, U.S. Department of Education, 400 Maryland Avenue, S.W., Washington, D.C. 20202. Si ou ta vle diskite oswa eseye rezoud yon pwoblèm ou genyen, ou ka kontakte SBBC Ofisye anchaje dosye konfidansyèl (SBBC Privacy Officer), telefòn 754-321-1914 anvan ou pran kontak ak biwo Family Policy Compliance Office.

PWOSEDI PPRA

1. Paran/gadyen dwe soumèt demann yo alekri bòkote lekòl-la pou fanmi an ka vin egzamine sondaj, enstriman (dokiman) ki itilize pou kolekte enfòmasyon pèsonnèl epitou egzamine materyèl enstriksyon. Fanmi ka vin egzamine an pèsonn dokiman-yo anba sipèvizyon yon manm estaf ki deziye pou akonpaye li nan lokal direktè lekòl-la deziye li-menm.
2. Anvan lekòl-la mande elèv-yo reponn kesyon ankèt/sondaj avèk enfòmasyon pwoteje, direktè lekòl oswa estaf Distri a ki deziye va bay paran, gadyen oswa elèv ki elijib notifikasyon dirèk (swa nan lapòs, imel, an pèsonn oswa nan fòmilè aseptans swa atravè lòt mwayen kominikasyon) epitou va ba fanmi fòmilè konsantman ki nesèsè. Retoune tout fòm ki konplete nan lekòl pitit-ou .
3. Direktè lekòl oswa estaf ki deziye va voye dirèkteman bay paran fòm notifikasyon chwa, pou nenpòt enstriman ki va itilize pou kolekte enfòmasyon pèsonnèl, pou bi maketin, vant oswa distribisyon. Retoune tout fòm ki konplete nan lekòl pitit-ou.
4. Tout ankèt/sondaj avèk enfòmasyon pwoteje epi tout enstriman (dokiman) itilize pou kolekte enfòmasyon pèsonnèl avèk pou objektif maketin, vant oswa distribisyon, sondaj la va fèt nan yon fason ki pwoteje lavi prive elèv-yo.
5. Konsènan tès deteksyon pwoblèm sante ki pa itilize pwosede nwizib, paran/gadyen dwe fè konnen chwa li pou pitit-li patisipe ou pap patisipe, paran dwe konplete Fòm deteksyon pwoblèm sante - Notifikasyon chwa ou (Health Screening Opt-Out Form) disponib nan Kòd kondwit pou elèv epi soumèt fòm-la nan delè ki mansyone sou fòm-la.
6. Lekòl-la va bay paran notifikasyon alavans nan yon tan rezonnab, lè (a) lekòl la va fè sondaj avèk enfòmasyon pwoteje ke elèv-yo dwe reponn, (b) lè koleksyon, divilgasyon, oswa itilizasyon enfòmasyon pèsonnèl de elèv-yo pou bi maketin, vant, oswa distribisyon, epi (c) lè tès evalyasyon sante oswa tès depistaj ki pa itilize pwosede nwizib e ki pa ijan. Notifikasyon dokiman (a), (b), ak (c) dwe fèt okòmansman chak ane eskolè, si lekòl-la idantifye dat sondaj ak aktivite-yo, oubyen apre ane eskolè kòmanse si dat-yo pat disponnib byen anvan sa, sa ki enpòtan, paran-yo gen opòtinite fè chwa pitit-li patisipe oswa pap patisipe.

HEALTH INSURANCE PORTABILITY AND ACCOUNTABILITY ACT (HIPAA) NOTICE

Avi sou Asirans Sante ak Responsablite - Dat avi antre an vigè: 14/06/2022

TANPRI LI AK ANPIL ATANSYON

SCHOOL BOARD OF BROWARD
COUNTY NAN FLORID - AVI
SOU JAN HIPAA PWOTEJE
KONFIDANSYALITE DOSYE
MEDIKAL AK DOSYE SANTE
MANTAL PITIT-OU AK FANMI.

Devwa School Board of Broward County (SBBC) dapre HIPAA

Dosye medikal ak dosye sante gen pwoteksyon lwa Leta Florid, Lwa Dwa Fanmi konsènan Edikasyon ak konfidansyalite dosye (FERPA) oswa HIPAA selon ki founisè swen sante ki kreye dosye-yo epi selon kilès ki an posesyon dosye-yo. Kopi dosye medikal oswa dosye anrapò ak sante ke pwofesyonèl lasante soumèt nan lekòl-yo (egzanp doktè soumèt dosye-yo), devni kounyèa dosye edikasyon (sou pwoteksyon FERPA) lè yo an posesyon lekòl-la.

Avi-sa-a dekri kòman yo kapab itilize epi kominike ransèyman sou sante ou ak pitit ou, epi kòman ou-menm kapab gen aksè nan enfòmasyon sa a.

HIPAA, yon lwa Federal, ekzije tout antite ke lwa sa reji, ikonpri distri eskolè, nan sèten sitiyasyon, pou yo kenbe sekre epi konfidansyèl tout dosye medikal sou sante fizik (kò) ak sante mantal. Yo rele dosye-sa-yo pwoteksyon enfòmasyon sou sante "protected health information" (PHI).

KOUMAN DISTRI ESKOLÈ-A ITILIZE EPI PATAJE RANSÈYMAN SOU SANTE, KI PWOTEJE, OU-MENM AK PITIT-OU

PHI gen ladann ransèyman medikal ak demografik sou pase, prezan oswa fiti, sante fizik (lekò) oswa mantal yon moun. Enfòmasyon demografik ki gen non, adrès, nimewo telefòn, nimewo kat sosyal sekirite, ou-menm ak pitit-ou, epi tout lòt fason pou idantifye ou-menm ak/oswa pitit-ou, kòm yon moun espesifik.

Si yon lekòl oswa yon depatman Distri a reyalize yon tranzaksyon atravè yon mwayen elektwonik pou mande peman sèvis sante li founi (egzanp bil/bòdwò Medicaid), lwa HIPAA reji kijan kominikasyon enfòmasyon an dwe fèt.

Distri a ka itilize oswa ka pataje PHI pitit-ou oswa PHI-ou pou rezon medikal ak/oswa tretman sante mantal, peman sèvis, ak pou sistèm operasyonèl swen sante. (Sistèm operasyonèl swen sante se tout aktivite konpatib epi dirèkteman anrapò ak tretman epi peman, aktivite jesyon ofis toulejou, aktivite administrativ, ak sèvis alakliyantèl). Pwofesyonèl sante kapab sèvi ak enfòmasyon sa nan klinik, lekòl ak/oswa lopital pou yo ka pran swen ou-menm oswa pitit-ou.

Li enpòtan pou ou konnen lwa-sa-a pèmèt distri eskolè-a bay ransèyman li genyen nan PHI-ou ak PHI pitit-ou san li pat bezwen konsantman ou nan sikonstans sa-yo:

1. Avèk yon founisè swen sante pou tretman ou oswa tretman pitit ou.
2. Ak konpani asirans, Medicaid, oswa ajans lokal, Leta oswa federal, pou peye sèvis yo founi pou ou-menm oswa pitit ou
3. Pou rapòte abi timoun, adilt, oswa moun andikape
4. Pou envestigasyon anrapò avèk yon timoun ki disparèt (missing child) ak/oswa envestigasyon sou abi timoun
5. Pou envestigasyon entèn ak verifikasyon kontabilite (odit) distri eskolè a fè oswa nenpòt ajans ki bay finansman
6. Pou envestigasyon ak odit Enspektè Jeneral fè, Depatman Edikasyon oswa Kontab Jeneral fè
7. Pou rezon sante piblik, tankou estatistik demografik, rapòte maladi epi reglemante pwofesyonèl lasate
8. Pou envestigasyon medsen lejis fè
9. Pou rechèch distri eskolè a apwouve
10. Pou reponn òdonnans tribinal ak/oswa sitasyon pou konparèt nan tribinal (subpoenas) (SBBC va fè efò rezonab pou avèti ou nan yon notis pou gen opòtinite chache obteni yon òdonnans pwoteksyon, *protective order*)
11. Pwosedi legal ak pwosedi administratif
12. Lè epi selon sa lalwa ekzije. Tout restriksyon lalwa rekòmande (kit se lwa federal oswa lwa leta) va satisfè

Sòf si sa espesifye anwo-a, distri eskolè-a pap janm pataje ransèyman sou PHI-ou ak/oswa PHI pitit-ou, esepite nan ka ou bay otorizasyon ou alekri. Konsantman-sa-a

ap gen yon dat espirasyon. Ou kapab anile konsantman ekri ou te bay nenpòt kilè. Sèten sèvis ak nòt sikoterapis (seyans konseye fè avèk ou - counseling) ap ekzije konsantman ekri-ou, sòf nan ka kote yon sitasyon (subpoena) oswa òdonnans tribinal fè demann-nan. Enfòmasyon PHI ki itilize epi kominike pou bi maketin, epitou divilgasyon enfòmasyon lè gen vant PHI, tousa ekzije ou bay yon otorizasyon alekri.

DWA CHAK MOUN

Ou andwa mande Distri eskolè-a pou limite izaj epi ak ki moun yo kapab pataje PHI ou ak/oswa PHI pitit-ou. Ou andwa mande restriksyon oswa limitasyon nan PHI-ou ki itilize epi ki transmèt pou tretman, peman oswa nan sistèm operasyonnel swen sante. Ou andwa mande yo limite izaj PHI-ou lè distri eskolè-a dwe revele epi kominike enfòmasyon bay yon moun ki patisipe nan swen-ou oswa ki kapab peye pou swen sante-ou, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi. Pou mande yon restriksyon, ou dwe fè yon demann alekri epi voye demann-nan bay depatman k'ap founi sèvis-la, oswa ou kapab voye demann-la bay SBBC Privacy Officer (Ofisyèl anchaj konfidansyalite dosye) nan adrès 600 S.E. 3rd Avenue, 11th Floor, Fort Lauderdale, FL 33301. Nan demann ou adrese-nou, ou dwe di nou (1) ki kalite enfòmasyon ou vle yo limite izaj-la; (2) oswa si ou vle limite jan nou itilize, kominike (divilge) ransèyman, oswa toulede alafwa; epi (3) sou kilès nou dwe ekzije yo aplike restriksyon. Distri eskolè-a ap pran an konsiderasyon nenpòt demann ou fè, men li pa bezwen dakò ak ou pou otan.

Ou andwa resevwa asirans enfòmasyon ki konsènen-ou ak kominikasyon nou gen ak ou ap rete konfidansyèl. Distri eskolè-a kapab voye pa lapòs lèt rapèl randevou oswa rele-ou nan telefòn pou raple-ou randevou oswa ankò rele-ou konsènan responsablite-ou pou peye sèvis ou resevwa. N'ap kominike ak ou selon fason ou vle nou kontakte-ou epi nan adrès oswa telefòn ou chwazi ba-nou. Ou kapab bay yon lòt adrès ki pa menm ak adrès kote ou rete si se la ou vle resevwa lèt epi se kote yo kapab kontakte-ou. Nou kapab mande-ou tou ekri ransèyman sou jan yo ka kontakte-ou (kontak enfòmasyon).

Ou andwa egzaminen epi resevwa yon kopi PHI-ou, sòf nan ka lalwa mete restriksyon. N'ap sipèvizite ou lè wap egzaminen PHI-ou epi sa ap fèt nan tan ak kote ki konvni pou ou e pou reprezantan distri eskolè-a. Yo kapab refize aksè nan PHI jan sa espesifye nan Lwa-a. Sa kapab rive nan ka pitit-ou konsanti resevwa swen epi konsantman-ou pat nesese dapre Lwa-a oswa kote pitit-ou ap resevwa swen sou òdonnans yon tribinal oswa ankò tribinal-la deziyen yon moun. Si yo refize-ou aksè nan PHI, ou gen dwa mande yon pwofesyonnel sante ki gen lisans epi ki pat patisipe nan desizyon pou derefize aksè, pou li revize ka-a. Se distri eskolè-a k'ap deziyen pwofesyonnel sante-a ki gen lisans. Si ou mande yon kopi, yap mande ou peye yon frè abòdab. N'ap fè ou jwenn aksè nan PHI-ou nan fòm ak fòm-a ou mande-a depi fòm ak fòm-a deja pare, sinon n'ap prezante-ou dokiman-yo sou fòm-a kopi konfòm pou ou kapab fè lekti yo. Apre ou fin fè demann-nan, n'ap ba-ou nan 30 jou aksè nan dosye-a (revwa ak/oswa fè kopi) oubyen n'ap notifie-ou n'ap akòde yon ekstansyon 30 jou, yon sèl fwa, si sa nesese; n'ap esplike rezon pou ekstansyon-an epi nan ki dat nou va mete adispozisyon-ou enfòmasyon-an.

Ou andwa pote koreksyon nan PHI-ou ak/oswa PHI pitit-ou. Ou dwe fè yon demann alekri pou nou ka pote kòreksyon nan PHI-ou oswa PHI pitit-ou epi bay yon rezon pou sipòte demann koreksyon. Si yap aksepte kòreksyon-ou, Distri eskolè-a pral fè kòreksyon-an, la fè ou konnen sa ansanm ak tout lòt moun ki dwe okouran. Distri lekòl-la kapab refize demann-ou, antou oswa an pati, si li jwenn PHI-a:

- Se pa distri-a ki te kreye-li;
- Se pa yon PHI;
- Lalwa-a mande pou yo pa mete PHI-a aksesib pou ou kapab egzaminen-li; oswa
- Li egzakte epi konplèt.

Si yo refize demann-ou Distri eskolè-a pral mete demann pou koreksyon ansanm ak deklarasyon an nan PHI-ou. Ou kapab voye tou yon lèt ki detaye rezon ou pa dakò avèk desizyon-an. Distri eskolè-a ap ba-ou yon repons ekri. Ou andwa pote plent jan sa esplike nan seksyon Plent (konplent).

Ou gen dwa resevwa yon lis moun ak/oswa ajans avèk kilès distri eskolè-a te pataje enfòmasyon ki nan PHI-ou. Tout demann pou lis-sa-a (konni sou non accounting of disclosures -kontablite divilgasyon-) dwe tabli yon peryòd ki petèt pap enkli yon dat plito sizan (6) anvan dat demann-nan. Si ou fè yon demann, premye lis-la ap gratis dimoman demann-la fèt nan yon peryòd tan 12 mwa. Pou lis adisyonnèl, si ou fè yon demann, n'ap chaje-ou frè. Lis-sa-a pap gen ladann:

- Enfòmasyon nou pataje ak ou pou otorize tretman, peman sèvis, oswa pou sistèm operasyonnel swen sante;
- Enfòmasyon nou pataje ak ou;
- Enfòmasyon ki akonpaye tout komunikasyon enfòmasyon otorize oswa ekzijib, konfòmman ak regleman ki aplikab;
- Enfòmasyon ou otorize nou pataje;
- Enfòmasyon nou pataje avèk moun k'ap patisipe nan swen ou;
- Enfòmasyon nou pataje pou rezon sekirite nasyonnal oswa pataje avèk Sèvis ransèyman;
- Enfòmasyon nou pataje avèk enstitisyon koreksyonnel oswa avèk responsab lapolis lè nou kapab revele enfòmasyon-an san konsantman ou pat nesèsè anvan;
- Enfòmasyon nan yon sistèm done restriktif (PHI ekskli enfòmasyon idantifyab non, adrès, nimewo sosyal sekirite, elatriye.)

Ou gen dwa resevwa notis lè gen vyolasyon sekirite enfòmasyon pèsonnel-ou. Si yo pirate òdinatè sistèm la, epi enfòmasyon PHI-ou divilge san otorizasyon, ou andwa pou yo enfòmè ou epi notife-ou.

Ou gen dwa resevwa yon kopi avi-sa-a sou papye, apre ou fin fè demann-nan. Pou ou jwenn yon kopi dokiman-an, sou fòm papye, kontakte lekòl-la oswa depatman Distri-a k'ap founi sèvis-la.

Avi-sa-a di-ou jan yo ka itilize PHI-ou oswa PHI pitit-ou epi jan Distri eskolè-a kenbe enfòmasyon-sa prive e konfidansyèl. Distri eskolè-a toujou kenbe enfòmasyon-sa-a konfidansyèl; avi-sa-a esplike yon jan senp responsablite legal Distri eskolè-a, pou sa ki konsènen PHI.

Lalwa egzije Distri eskolè-a ba-ou avi-sa-a Notice of Privacy Practices (Avi sou pwoteksyon ak konfidansyalite dosye enfòmasyon pèsonnel). Distri eskolè-a blije fè, sa Avi, ki an vigè, kounyea, mande pou li fè. SBBC blije avize-ou nan yon notis devwa ak responsablite legal-li ak metòd pwoteksyon konfidansyalite dosye enfòmasyon pèsonnel, pou sa ki konsènen PHI; SBBC dwe notife dirèkteman chak moun lè gen enfòmasyon PHI ki divilge san otorizasyon. SBBC rezève dwa-li pou li chanje tèm ak kondisyon avi-sa-a epitou tabli nouvo dispozisyon regleman ki efektif pou tout PHI li konsève. Si Distri eskolè-a ta vin chanje fason li jere dosye PHI ou-menm ak dosye PHI pitit-ou, lap enfòmè-ou. Avi ki pi resan va poste sou sitweb SBBC, <https://www.browardschools.com/Page/36133>.

POU PLIS ENFÒMASYON

Demann pou plis enfòmasyon sou keksyon ki kouvri nan avi-sa-a kapab ale jwenn SBBC Privacy Officer (ofisye anchaj konfidansyalite dosye-yo), Risk Management Department, yo ka kontakte li nan nimewo telefòn 754-321-1914.

PLENT - KONPLENT

Si ou kwè gen vyolasyon dwa HIPAA-ou pou konfidansyalite dosye w, ou kapab pote plent nan biwo SBBC Privacy Officer, adrès 600 S.E. 3rd Avenue, 11th Floor, Fort Lauderdale, FL 33301/ Telefòn (754) 321-1914 ak/oswa Region IV, Office for Civil Rights, U.S. Department of Health and Human Services, Sam Nunn, Atlanta Federal Center, Suite 16T70, 61 Forsyth Street, SW, Atlanta, GA 30303-8909/ HIPAA Privacy Hotline – liy telefòn dirèk avèk bwat vokal (800) 368-1019; Faks: (404) 562-7881; TDD: (800) 537-7967. N'ap fè ou konnen SBBC pap fè revanch kont ou oswa kont pitit-ou si ou pote plent.

Avi-sa-a sou Notice of Privacy Practices va rete anvigè annatandan yon nouvo Avi apwouve epi poste.



SEKSYON

IX

Entèvansyon ak/
oswa Konsekans

Entèvansyon Posib ak/oswa Konsekans pou Move Konpòtman

Lè elèv-yo pa respekte epi yo pa aplike regleman ki esplike nan Liv Kòd Kondwit-sa-a pou Elèv, yo kapab pran youn oswa plizyè aksyon sa-yo jiskaske pwoblèm-nan regle.

Distri-a va fè efò rezonab pou korije move kondwit elèv avèk resous limite lekòl-la epi sipòte elèv-yo pou yo akeri abilitè nesèsè pou amelyore yon anviwonman pozitif nan lekòl-la epi evite kondwit negatif. Se pwofesè-yo ki dwe rezoud pifò keksyon konsènan disiplin nan saldeklas-la. Yo ka refere elèv ki manifeste pwoblèm konpòtman grav oswa repete bay *Collaborative Problem Solving Team (CPST)*, yon Ekip kolaborasyon pou rezoud pwoblèm, pou li devlope yon plan entèvansyon a plizyè nivo avèk asistans nan konpòtman sible. Pou yon apèsi pwosedi Jwenn solisyon pwoblèm ak Repons a entevansyon/*Collaborative Problem Solving and Response to Intervention (CPS/RtI)*, gade nan lyen-sa-a oswa pale ak ak yon administratè: <https://www.browardschools.com/Page/32437>.

Konfòmman ak lwa F.S. §1006.08 ak F.S. §1003.31, elèv ki gen yon konpòtman vyolan oswa kondwit dezòd, ki se yon mennas pou sekirite estaf lekòl-la oswa pou lòt elèv-yo, elèv sila dwe ale nan pwogram edikatif altènatif oswa yo kapab refere elèv sila nan sèvis sante mantal ke distri eskolè idantifye. Konfòmman ak lwa Florid F.S. §1006.07(7), referal ak rekòmandasyon pou sèvis sante mantal dwe pran an konsiltasyon ak ekip evalyasyon gravite mennas (threat assessment team).

Antouka, disiplin lekòl-la dwe rezonab, jis, avèk entèvansyon atan, apwopriye pou laj elèv-la epitou matche gravite move kondwit elèv-la. Nenpòt aksyon disiplinè oswa aksyon nan tribinal yo pran kont yon elèv ki pa respekte regleman sila dwe fonde sou sikonstans espesyal ki lakòz move kondwit elèv-la.

Lè yap pran sanksyon kont yon elèv pou move konpòtman, li pa nesèsè pou yo konsidere chak konsekans oswa tout konsekans-yo ni yo pa oblije swiv lòd yo ye nan lis anba a. Sepandan, dapre Plan Disiplin-la (Discipline Matrix), vyolasyon sèten regleman egzije konsekans ak sanksyon espesifik. Nou va jwenn Plan Disiplin Distri-a nan Annèks liv-sa-a epitou li disponnib sou sit web Distri a: <https://www.browardschools.com/codeofconduct>.

- Entèvansyon Guidance Counselor lekòl-la (Konseye oryantasyon lekòl-la)
- Entèvansyon travayè sosyal (Social Worker)
- Entèvansyon konseye pou lafanmi (Family Counselor intervention)
- Elèv-la gen yon pinisyon (Timeout)
- Pwofesè ka fè yon konferans (reyinyon) avèk elèv-la, epi revwa dosye-li
- Pwofesè a inisyè/pran yon aksyon/sanksyon disiplinè
- Restitasyon, travay espesyal, elatriye.
- Elèv-la dwe prezan pou pinisyon-li anvan oswa apre lekòl (fanmi responsab transpò-li).
- Elèv-la dwe vin lekòl samdi pou fè tan pinisyon-li (fanmi responsab transpò elèv-la)
- Yo ka refere ka elèv-la bay yon administratè
- Lekòl-la kontakte epi kominike avèk fanmi
- Konferans (reyinyon) ant lekòl ak fanmi
- Òganize yon medyasyon (abitrè) pou konfli a
- Kontra altènatif lekòl-la sipèvize (pwobasyon)
- Konfiske/sezi sa ki pou elèv-la
- Direktè a entèvni nan kesyon an
- Biwo oryantasyon (guidance)/administrasyon refere ka elèv-la bay yon travayè sosyal
- Pwofesè a mande retire elèv-la ki pap kapab vini nan klas-la
- Sispanasyon nan bis lekòl-la men elèv-la dwe vin lekòl, fanmi anchaj transpò elèv-la.

Sèlman pou lekòl segondè, avètisman, notifikasyon, oswa remòkay machin pou ofans:

- a. Premye ofans (vyolasyon regleman): Avètisman
 - b. Dezyèm ofans: Lekòl-la notifiye fanmi
 - c.. Twazyèm ofans: Remòkay machin-nan (Tow vehicle)
- Direksyon lekòl-la ka rekòmande elèv-la ale nan sèvis pou elèv, sèvis ajans deyò, pwogram counseling (ki bay konsèy), pwogram edikatif altènatif, ak/oswa plasman nan lòt pwogram espesyal, tankou pwogram reyabilitasyon pou dwòg, ki gen lisans Leta.
 - Sispanasyon andeyò lekòl-la. Elèv-la pa ka vini nan tout klas ak nan tout aktivite lekòl-la selon SB Policy 5006. Direktiv-la esplike vyolasyon regleman ak pwosedi pou sispanasyon andeyò lekòl ak espilasyon. Ou kapab gade okonplè tout regleman sispanasyon/espilasyon ak direktiv sou sit Web: <http://www.broward.k12.fl.us/sbbcpolicies/>.
 - Rekòmande espilasyon dapre direktiv SB Policy 5006
 - Refere ka-a bay Inite Envestigasyon Spesyal/polis
 - Mande fanmi peye tout donmaj elèv-la dapre règ SB Policy 2303. Regleman sa esplike pozisyon School Board sou responsablite finansyè fanmi pou zak timoun-yo komèt. Gade okonplè direktiv School Board sou sit: <http://www.broward.k12.fl.us/sbbcpolicies/>.

Lekòl-la va voye yon fòmilè avi sispanasyon, distri-a apwouve, pou notifiye yo bay elèv-la yon sispanasyon. Notifikasyon-an dwe sot dimoman yo pran desizyon-an epi lekòl-la gen vennkatrè (24trè) pou notifiye fanmi-an. Lekòl-la va voye avi sispanasyon-an pa lapòs oubyen delivre l nan men bay fanmi-an/gadyen legal elèv-la (FS.§1006.09(1)(b) oswa lekòl-la va voye avi sispanasyon-an pa lapòs oswa delivre l bay elèv-la, ki pa yon depandan (18 ane oswa plis) selon definisyon Kòd Internal Revenue Code §152 pou mo elèv; lekòl-la va voye avi sispanasyon pa lapòs oubyen delivre l nan men bay elèv-la si se yon elèv ki te emansipe selon lwa Florida Statute, Section §743.015 oubyen ankò elèv-la gen fanmi men yo pa konnen kowòdone fanmi-li dapre Policy 5.5:Attendance.

**Anvan pou lekòl-la bay elèv ESE yon sispanasyon oswa ekspilse-li epi elèv-sa-a kalifye pou li resevwa sèvis IDEA, yo dwe swiv lwa ki aplikab- yo, regleman School Board, ak sa ki prevwa nan Plan Edikasyon Endividyèl (IEP). Nan ka sispanasyon, ekspilasyon ak tout lòt mezi disiplinè ki dwe aplike pou elèv yo idantifye kòm andikape dapre Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973, yo dwe swiv lwa ki aplikab, regleman School Board ak sa ki prevwa nan Section 504 Accommodation Plan.*

Konsekans pou Move Konpòtman/Kondwit Grav ki lakòz Sispanasyon ak/oswa Espilasyon (Seksyon II-V regleman SB Policy 5006: Regleman sou Disiplin: Sispanasyon ak/oswa Espilasyon)

Liv Kòd Kondwit pou Elèv prevwa dispozisyon pou aksyon yo DWE pran lè gen gwo pwoblèm grav ki anrapò ak zam, dwòg (alkòl ladann), medikaman ak sibstans ki chanje imè moun, dwòg sikoaktif, estewoyid epi zak kriminèl. Yo va pran aksyon espesifik, ki esplike nan regleman SB Policy 5006, kòm konsekans vyolasyon-sa-yo. Si direktè lekòl-la jije yon elèv te itilize yon enstriman oswa yon bagay pou li defann tèt-li, yo ka pa bay elèv-la yon sispanasyon oswa ekspilse-li. Defans tèt-ou vledi seye “pare” yon atak oswa yon mennas reyèl ki ka lakòz donmaj oswa rete yon konfwontasyon. Sa pa rele defans tèt-ou, lè yon elèv itilize yon enstriman/objè pou vin li-menm yon agresè oswa kontinye konfwontasyon-an byen lontan apre premye agresè-a kite sa.

Note: Lwa F.S. §776.012, 776.032, lwa konni sou non Florida Stand Your Ground, pa aplikab nan ka enkilpasyon (charges) anrapò ak vyolasyon regleman ki esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv ak/oswa regleman Board Policy 5006.

Konfòmman ak lwa F.S. §§1001.32(2) and 120.52(16), Konsèy Edikasyon Distri yo gen otorite egzèsè nenpòt pouwa, esepite pouwa konstitisyon eta a oswa lalwa entèdi espreseman. Yo ka egzèsè pouwa pou devlope, implimante, entèprete, preskri lwa oswa direktiv oubyen dekri kondisyon egzijib pou pwosedi ak pratik règ la.

Regleman SB Policy 5006 esplike tout vyolasyon regleman ki ka lakòz sispanasyon andeyò lekòl ak ekspilasyon ak/oswa konsekans-yo. Ou kapab gade okonplèt regleman konsènan sispanasyon/ekspilasyon epi tout regleman ak direktiv School Board sou sit Web at: <http://www.broward.k12.fl.us/sbbcpolicies/>.

Nan ka vyolasyon regleman anba SB Policy 5006, lekòl-la va swiv etap-sa-yo:

- Direktè lekòl-la entèveni nan kesyon an
- Avèti fanmi elèv-la touswit
- Elèv-la resevwa yon sispansyon; elèv la pap ka vini sou lakou lekòl-la, nan tout klas ak nan aktivite lekòl-la òganize.
- Refere ka-a bay Inite Espesyal Envestigasyon ak lapolis, kòm sa espesifye nan Policy 5006, Seksyon VI

SISPANSYON ANDEYÒL LEKÒL

Se lè direksyon lekòl-la ranvwaye yon elèv lakay-li, elèv-la pa ka vin lekòl, patisipe nan aktivite lekòl-la òganize andedan oswa andeyò lekòl-la.

ESPILSYON

Se lè School Board ekspilse yon elèv. Elèv-la pa ka retounen nan lekòl-la, nan aktivite lekòl-la òganize anndan oswa andeyò lekòl-la.

TOLERANS ZEWÒ - ZERO TOLERANCE

Konfòmman ak lwa F.S. §1006.13, Konsèy eskolè chak Distri dwe pwomote yon anviwonman aprantisay ki ofri sekirite epi ki favorize aprann. Mizanplas mezi sekirite va ede pwoteje elèv ak estaf de tout kondwit ki ka poze yon mennas pou sekirite nan lekòl-la. Yon ekip evalyasyon gravite mennas va pran oserye tout ensidan mennas konfòmman ak School Board Policy 4380: Behavioral Threat Assessment (BTA)/Evalyasyon Mennas Konpòtman. Yon ekip evalyasyon gravite mennas va itilize lòt mwayen altènatif ki ranplase espilasyon oswa va voye yon referal bay ajans ranfòsman lalwa pou adrese konpòtman dezòd, avèk entèvansyon tankou restitasyon, sitasyon sivil (civil citation), tribinal ki konpoze ak jenn (teen court), pwogram jistis reparatris disponib nan katye, ak lòt pwogram similè. Politik tolerans zewò pap egzekite yon jan sevè nan ka zak move kondwit ak enfraksyon ki pa gen gwo enpòtans. Politik tolerans zewò dwe aplike egalego a tout elèv kèlkeswa estati ekonomik, ras, oswa dizabilite.

Ekip evalyasyon gravite mennas dwe an konsiltasyon ak ajans ranfòsman lalwa idantifye abitud kondwit yon elèv baze sou kondwit li te gen anvan oswa gravite yon zak. Konsa yo ka evalye ki zak ki ka plis poze yon mennas pou sekirite nan lekòl-la. Konsilte Policy 4380: Behavioral Threat Assessment (BTA)/Mennas Evalyasyon Konpòtman.

Distri a dwe siyen yon akò avèk ofis sherif Konte a epi depatman polis lokal; akò a dwe espesifye direktiv pou asire zak ki poze yon mennas pou sekirite nan lekòl la, kit yon elèv kit yon adilt komèt zak la, yo rapòte zak la bay lapolis. Akò dwe espesifye wòl polis resous nan lekòl la (school resource officers), si se nesèsè, espesifye wòl li nan ka ensidan ki ta pase, kouman pou yo trete ensidan siyale epitou gen pwosedi ki egzijè pèsònèl lekòl la konsilte ak polis lekòl la osijè zak delenkan ak krim.

Direktè lekòl la dwe notifiye tout manm pèsònèl lekòl la responsablite yo osijè rapò ensidan yo resevwa, osijè zak ki poze yon mennas sekirite pou lekòl la ak krim dwe rapòte kòrèkteman bay direktè lekòl/reprezantan ni, epitou dispozisyon ensidan dwe dokimante kòrèkteman, vledi desizyon final la.

Nenpòt elèv k'ap frekante yon lekòl piblik epi yon tribinal jije li koupab oswa delenkan, oswa yo jwenn li komèt yon krim, selon definisyon F.S. §1006.13 (6)(a) kit desizyon jistis pat egzekite, kit li plede koupab oswa nolo contendere, epi anvan oswa omoman desizyon jistis, desizyon pat egzekite, oswa pledwaye, elèv ki koupab la tap frekante menm lekòl ak viktim la oswa frè oswa sè viktim la, Depatman Jistis Jivenil va notifiye konmisyon eskolè distri ki apwopriye de jijman oswa desizyon jistis ki te pran oswa jan elèv koupab la plede, kondisyon ki enonse nan paragaf sa, epi si yo entèdi elèv koupab la frekante lekòl sa oswa monte nan bis lekòl, chak fwa viktim la oswa yon frè oswa sè viktim la frekante menm lekòl oswa monte menm bis, esepite si gen yon òdonans ekri tribinal la anba seksyon lwa 985.455(2). Kou komisyon eskolè distri a resevwa notis la, li dwe pran aksyon ki apwopriye.

.PREVNI RESIDIVIS avèk OPÒTINITE, MENTORING, ENTÈVANSYON, SIPÒ epi EDIKASYON (PROMISE)
[PREVENTING RECIDIVISM through OPPORTUNITIES, MENTORING, INTERVENTIONS, SUPPORTS and EDUCATION (PROMISE)]

PROMISE se yon pwogram eskolè prearestasyon/divèsyon, avèk objektif redrese konpòtman elèv, kondwit konsidere kòm vyolasyon regleman sila oswa vyolasyon règ Policy 5006: Sispansyon ak Espilasyon; pwogram la ofri yon seri entèvansyon sipò ak edikasyon. Pwogram PROMISE adrese vyolasyon regleman elijib, premye nivo antre nan sistèm jivenil delenkans.

PROMISE se yon pwogram obligatwa, elèv ki elijib se elèv ki gen omwen 11zan ak/oswa anwole nan yon pwogram eskolè Distri a 6-12. Pou elèv sa yo ensidan PROMISE akimile avèk maksimòm twa (3) referal nan pwogram la; pwogram la asepte yo jouk rive klas 12zyèm ane. Patisipasyon elèv yo dwe byen dokimante nan sistèm enfòmasyon, Juvenile Information System Prevention Web.

Note:

1. An konsiltasyon ak lapolis pou ensidan elijib, ofisye polis, selon bon jijman li, ka chwazi afekte elèv la nan pwogram sitasyon sivil Broward County/prearestasyon, (Broward County's Civil Citation/Prearrest program), kidonk yo pap mande elèv la patisipe nan pwogram eskolè Distri a prearestasyon/divèsyon, PROMISE.
2. Lapolis gen anpil libète nan pwosesis desizyon se pa entansyon pwogram PROMISE pou mete restriksyon.
3. Yon elèv ki akimile twa (3) ensidan mansyone nan lis anba a, lekòl la dwe ofri elèv la sipò entèvansyon adisyonèl grasa pwogram pou jenn nan kominote a, epi refere ka a bay komite Behavior Intervention Committee, lè sa apwopriye.

Men lis ensidan PROMISE ki elijib.

1. Dezòd sou kanpis - gwo dezòd
2. Antre sou teren, pwopriyete lekòl san otorizasyon (Trespassing)
3. Alkòl –Bwè/Gen alkòl
4. Alkòl Vann/Eseye Vann
5. Dwòg–Pran dwòg/Posede
6. Akseswa pou pran dwòg
7. Goumen-de elèv goumen sou pwòp volonte yo -Mutual Combat
8. Vòl/Ti vòl <\$750
9. Vandalis/Donmajman, kraze brize sou yon Pwopriyete <\$1,000

Byenke regleman sila Policy 5006: Sispansyon ak Ekspilasyon esplike yon fason presi konsekans pou ofans dwòg pou chak ensidan (savledi premye, dezyèm, twazyèm ofans, etcetera), continuum konsekans pou tout ensidan PROMISE yo pale de yo nan Plan Disiplin: –Annèks A (Discipline Matrix – Appendix A).

[Pou PROMISE ensidan/vyolasyon règ ki elijib: si paran/elèv refize patisipasyon nan pwogram PROMISE jan sa esplike nan direktiv la, yo va refere ka elèv la nan pwogram Juvenile Justice System of Care (Sistèm jistis jivenil).

Lè yon paran/elèv pa ranpli tout kondisyon ekzijib pwogram prearestasyon/divèsyon Distri a (District's prearrest/diversion program), yo va refere ka elèv la nan biwo pwosèkityè (State Attorney's Office).



Medikaman: Izaj, Posesyon, Vant, ak/oswa Fè Pase Medikaman sa kapab lakòz Sispansyon ak Espilsyon Posib

Pou ensidan nan kategori sa, ensidan akimile selon nivo klas (Klas K-5, 6-8 ak 9-12).

Regleman School Board Policy 6305 (Administration of Medications/Treatments - Bay Elev Medikaman/Tretman), gen esplikasyon ak direktiv sou jan pou yo bay elèv medikaman ak/oswa tretman doktè preskri. Epiou regleman-an esplike jan pou yo bay elèv medikaman ki achte sou kontwa [over-the-counter (OTC) medication.]

Yon fòm Authorization for Medication/Treatment (Otorizasyon pou medikaman/tretman) nesèsè lè yon elèv dwe pran medikaman/tretman doktè preskri l ak lè pou li pran medikaman achte sou kontwa. Doktè/founisè swen sante ak paran/gadyen legal dwe konplete fòm-la.

Elèv ki gen maladi, yon eta sante espesyal paegzanp las, dyabèt ak ipèsanzitivite, kèlkeswa nan klas yo ye a, kapab pote medikaman-yo avèk yo touttan. Elèv-sa-yo dwe gen pèmisyon doktè-yo epi yo dwe repòte sa sou fòm Otorizasyon pou medikaman/tretman.

Pran nòt: Sèlman pou elèv k'ap fè klas, Grades 9-12, pou yo ka pote sou yo epi pran poukont yo medikaman espesifik achte sou kontwa (OTC), chak anne ranpli yon fòm Otorizasyon pou medikaman achte sou kontwa avèk konsantman paran, epi paran/gadyen ak elèv-la dwe konplete epi siyen fòm-la chak ane. Tanpri konsilte Policy 6305: Administration of Medications/Treatments pou konnen lis medikaman achte sou kontwa (OTC), ki apwouve, ke elèv ka pote epi pran poukont yo.

Pou tout preskripsyon medikaman ak medikaman achte sou kontwa, paran/gadyen dwe pote medikaman-an nan flakon byen fèmen ak etikèt famasi-a sou flakon-an, ansanm ak fòm Otorizasyon ke tout pati konsènen siyen. Kifè, yo entèdi elèv-yo genyen okenn medikaman pandan yo nan lekòl-la, oswa pandan yap patisipe nan aktivite sou patwonaj lekòl-la, oswa lè yo nan bis transpòtasyon lekòl-la sòf nan ka yo gen otorizasyon valid. Medikaman espesifik OTC ki otorize epi ki idantifye nan Policy 6305: Administration of Medications/Treatments, pa ladann.

Tout elèv yo jwenn ki pa respekte regleman School Board Policy 6305: Administration of Medications/Treatments (Bay yon Elèv Medikaman/Tretman) ap sibi sanksyon disiplinè ki idantifye pi ba-a.

A. IZAJ, AK/OSWA POSESYON MEDIKAMAN ACHTE SOU KONTWA, KI PA OTORIZE, ENTÈDI.

Pwosedè aplikab pou Premye ak Dezyèm Ofans

Pou elèv lekòl primè - Elementary students, (Klas K-5): Lè yon elèv komèt premye oswa dezyèm ofans, lekòl-la va konfiske sibstans-la nan men elèv-la. Yap bay elèv-la yon avètisman vèbal epi lekòl-la va notifiye paran-an. Direksyon lekòl-la va enfòmè paran-an de tout pwosedè sou jan yon elèv kapab jwenn pèmisyon pou pran medikaman-li lè li lekòl.

Pou elèv lekòl segondè - Secondary students, (Klas 6-12): Lè yon elèv komèt premye oswa dezyèm ofans, lekòl-la va konfiske sibstans-la nan men elèv-la. Yap bay elèv-la yon avètisman vèbal epi lekòl-la va notifiye paran-an. Direksyon lekòl-la va enfòmè paran-an de tout pwosedè sou jan yon elèv kapab jwenn pèmisyon pou pran medikaman-li lè li lekòl.

Pwosedè aplikab pou twazyèm ofans ak tout lòt ofans ki vin apre

Pou elèv lekòl primè, (Klas K-5): Lè yon elèv komèt twazyèm ofans ak lòt ofans ki vin apre, lekòl-la va konfiske sibstans-la nan men elèv-la. Lekòl-la va notifiye paran elèv-la epi elèv-la va resevwa yon sanksyon/konsekans jan sa esplike nan Plan Disiplin - Anèks A.

Pou elèv lekòl segondè, (Klas 6-12): Lè yon elèv komèt twazyèm ofans ak lòt ofans ki vin apre, lekòl-la va konfiske sibstans-la nan men elèv-la. Lekòl-la va notifiye paran elèv-la epi elèv-la va resevwa yon sanksyon/konsekans jan sa esplike nan Plan Disiplin - Anèks A.

Note: Si yon elèv pran yon medikaman achte sou kontwa epi li pran plis pase döz fabrikan-an rekòmande a, yo va trete ka-a kòm si elèv-la te pran yon sibstans sikoaktif, ki chanje imè epitou sanksyon aplikab dapre Seksyon III Policy 5006: Suspension and Expulsion

B. VANT, ESEYE VANN, AK/OSWA FÈ PASE MEDIKAMAN ACHTE SOU KONTWA, ENTÈDI.

Pwosedid aplikab pou premye ofans

Pou elèv lekòl primè (Klas K-5): Lè yon elèv komèt yon premye ofans, lekòl-la va konfiske sibstans-la nan men elèv-la. Lekòl-la va notifiye paran elèv-la epi elèv-la va resevwa yon sanksyon/konsekans jan sa esplike nan Plan Disiplin - Anèks A.

Pou elèv lekòl segondè (Klas 6-12): Lè yon elèv komèt premye ofans, lekòl-la va konfiske sibstans-la nan men elèv-la. Lekòl-la va notifiye paran elèv-la epi elèv-la va resevwa yon sanksyon/konsekans jan sa esplike nan Plan Disiplin - Anèks A.

Pwosedid aplikab pou dezyèm ofans

Pou elèv lekòl primè, (Klas K-5): Lè yon elèv komèt yon dezyèm ofans, lekòl-la va konfiske sibstans-la nan men elèv-la. Lekòl-la va notifiye paran elèv-la epi administrasyon va refere elèv-la bay Konseye oryantasyon lekòl-la (School Counselor) epi elèv-la va resevwa yon sanksyon/konsekans jan sa esplike nan Plan Disiplin - Anèks A.

Pou elèv lekòl segondè (Klas 6-12): Lè yon elèv komèt yon dezyèm ofans, lekòl-la va konfiske sibstans-la nan men elèv-la. Lekòl-la va notifiye paran elèv-la epi administrasyon va refere elèv-la bay Konseye oryantasyon lekòl-la (School Counselor) epi elèv-la va resevwa yon sanksyon/konsekans jan sa esplike nan Plan Disiplin - Anèks A (Discipline Matrix - Appendix A).

Pwosedid ki aplikab pou twazyèm ofans ak tout lòt ofans ki vin apre:

Pou elèv lekòl primè, (Klas K-5) - Lè yon elèv komèt yon twazyèm ofans ak lòt ofans ki vin apre, lekòl-la va konfiske sibstans-la nan men elèv-la. Lekòl-la va notifiye paran elèv-la epi administrasyon va refere elèv-la bay Konseye oryantasyon lekòl-la (School Counselor) epi elèv-la va sibi sanksyon/konsekans disiplinè jan sa esplike nan Plan Disiplin - Anèks A.

Pou elèv lekòl segondè (Klas 6-12) - Lè yon elèv komèt yon twazyèm ofans ak lòt ofans ki vin apre, lekòl-la va konfiske sibstans-la nan men elèv-la. Lekòl-la va notifiye paran elèv-la epi administrasyon va refere elèv-la bay manadjè nan Distrik-la ki jere ka abi sibstans danjere (District substance abuse case manager) epi elèv-la va resevwa yon sanksyon/konsekans jan sa esplike nan Plan Disiplin - Anèks A (Discipline Matrix - Appendix A).

Ofans Pou Dwòg Ak Abi Sibstans Ki Ka Lakòz Sispansyon Ak Espilyon Posib

Ensidan akimile selon nivo klas (Klas K-2, 3-5, 6-8 ak 9-12), esepite si direktiv bay plis presizyon; Direktiv *Shool Environmental Safety Incident Reporting (SESIR)* egzije nou fè rapò epi achemine yo bay Depatman Edikasyon Florid.

Chak direktè lekòl va afiche, yon kote fasil tout elèv ka wè, yon avi ki deklare yo kapab fouye kazye (lòkè) yon elèv oswa nenpòt lòt kote li sere efè-li si gen bon rezon yo sispekte elèv-la genyen bagay/materyèl oswa sibstans ki entèdi, ki pa otorize oswa ki pa legal. Si gen sispisyon, sa va lakòz yo fouye elèv-la, sa ki pou li, lòkè (kazye) ak/oswa machin-ni.

Manm pèsònèl lekòl-la dwe rapòte bay direktè lekòl/anplwaye ki deziye, aksyon ilegal, ki sispèk, lè yon elèv itilize, genyen, vann oswa eseye vann dwòg, tabak oswa pwodi anrapò ak tabak, nikotin, sigarèt elektwonik, aparèy vapotaj (pou rale lafimen, aspire vapè), oswa aparèy similè, medikaman achte sou kontwa oswa sibstans preskri, esepite medikaman ki otorize anba regleman Policy 6305 (Administration of Medication/Treatments); manm pèsònèl-la dwe rapòte tou bweson alkòl oswa inalan. Lè yon manm pèsònèl lekòl fè rapò sou sibstans ilegal sa pa antrene okenn responsablite sivil pou anplwaye a.

Nòt: Sou pwopriyete lekòl-la, nan transpòtasyon sou patwonaj lekòl oswa diran aktivite sou patwonaj lekòl, izaj, posesyon, vant, eseye vann oswa fè pase tabak/nikotin oswa pwodi ki gen tabak/nikotin, sigarèt elektwonnik, aparèy pou rale lafimen, oswa aparèy sanblab, tousa entèdi (gade Policy 2401: Tobacco Free pou plis ransèyman oswa gade nan Plan Disiplin - Anèks A pou konsekans ak sanksyon).

Sepandan, nenpòt efè pèsonnèl yon elèv pote anndan lekòl-la, yo kapab fè chen ki antrenen pou santi alkòl, dwòg, ak lòt sibstans ki entèdi, enspekte-yo. Efè pèsonnèl yo kapab enspekte enkli, men se pa sa sèlman, machin ki pake nan lakou lekòl-la, biwo, sakado, kazye (lokè-lockers), valiz ak sak jimnastik. Yo pap itilize chen ki espesyalize nan deteksyon dwòg pou enspekte efè pèsonnèl elèv menm si gen bon rezon pou sispekte yon kondwit ki pa konfòm. Yo pap sèvi non plis ak chen espesyalize nan deteksyon dwòg pou enspekte elèv pou alkòl, dwòg ak lòt sibstans ki entèdi.

Si elèv-la te gen yon sispansyon oswa yo te espilse l deja poutèt dwòg nan yon lòt lekòl swa piblik, prive, charter, oswa yon lekòl oryante sou pwogram rechèch, andedan yon Eta oswa andeyò yon lòt Eta, yap konsidere se yon dezyèm ofans epi yap aplike pwosedi pou dezyèm ofans.

Konfòmman ak lwa F.S. §1006.07 (7)(e), si yo sispèk yon sityasyon kote yon elèv bezwen swen sante mantal imedyatman oswa gen abi yon sibstans, yon kriz toksikomani, anplwaye lekòl-la dwe swiv règ ak direktiv ekip evalyasyon gravite mennas tabli pou aji touswit epi itilize resous ki disponib nan swen sante konpòtman.

Apati ane eskolè 2022-23, yon elèv yo rekonmande ale swiv pwogram kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract (PSC)*, ap nan pozisyon li pa respekte kondisyon kontra PSC a, si pandan tan aktyèl PSC, li komèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik, oswa akseswa pou dwòg. Yap bay elèv-la dis (10) jou sispansyon avèk rekonmandasyon pou espilasyon oswa Behavior Intervention (Entèvansyon pou konpòtman) grasa dilijans biwo espilasyon tanporè, Expulsion Abeyance Office, pou vyolasyon ki vin apre.

Note: Pou yon elèv andikape, nan ka yon chanjman nan plasman posib, aktyèl ekip, IEP/504 Team lekòl-la dwe rankontre san pèdi tan epi detèmine aksyon apwopriye yo ka pran.

UTILIZE, POSEDE, VANT AK/OSWA FÈ PASE TABAK, PWODI TABAK, NIKOTIN, NIKOTIN SENTETIK, SIGARÈT ELEKTWONNIK, APAREY VAPOTAJ AK/OSWA KONPOZAN SIGARÈT ELEKTWONNIK, APAREY VAPOTAJ POU RALE VAPÈ OSWA APAREY SIMILÈ

Itilize, posede, vann ak/oswa fè pase tabak, pwodi tabak, nikotin, nikotin sentetik, sigarèt elektwonnik, aparèy pou rale lafimen, aspire vapè (pwodi vapotaj-vapor devices) ak/oswa konpozan pwodi vapotaj oswa aparèy similè, entèdi.

A. IZAJ, POSESYON, VANT, AK/OSWA FE PASE TABAK AK/OSWA PWODI TABAK

Pwosedi pou premye ofans

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Elèv-la gen yon pinisyon (detansyon) pou yon (1) jou epi refere elèv-la bay Konseye lekòl-la.

Elèv lekòl segondè, (Klas 6-12): Elèv-la gen yon sispansyon andedan lekòl-la k'ap dire yon jou rive de jou (1-2) epi yo va refere elèv-la bay yon anplwaye sipò ki jere entèvansyon nan lekòl la; direktè lekòl-la/reprezantan li apwouve anplwaye a pou tach sa.

Pwosedi pou dezyèm ofans ak ofans ki vin apre:

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Elèv-la va gen yon jou rive de jou (1-2) sispansyon anndan lekòl-la. Li dwe pase jou sa-yo anndan lekòl-la epi yo va refere elèv-la bay Manadjè ki jere ka abi sibstans (Substance Abuse Case Manager).

Elèv lekòl segondè (Klas 6-12): Elèv-la va gen twa a senk (3-5) jou sispansyon anndan lekòl-la. Li dwe pase jou sa-yo anndan lekòl-la epi yo va refere elèv-la bay Manadjè ki jere ka abi sibstans (Substance Abuse Case Manager.)

B. UTILIZE, POSEDE, VANT AK/OSWA FÈ PASE NIKOTIN, NIKOTIN SENTETIK, SIGARÈT ELEKTWONNIK, APAREY VAPOTAJ AK/OSWA KONPOZAN SIGARÈT ELEKTWONNIK, APARÈY VAPOTAJ POU ASPIRE VAPÈ OSWA APAREY SIMILÈ

Seksyon sa entèdi nenpòt aparèy elekwonnik ki administre nikotin/akseswa pou aspire vapè, rale lafimen oswa twal Lekòl la va konfiske tout aparèy pou rale nikotin (nicotine vapor devices) epi va plase aparèy la nan yon resipyan apwopriye pou eliminasyon epi destriksyon.

Pwosedid pou premye ofans

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Elèv-la gen yon pinisyon (detansyon) k'ap dire yon (1) jou; refere elèv-la bay Konseye Lekòl.

Elèv lekòl segondè, (Klas 6-12): Elèv-la va gen yon jou rive de jou (1-2) sispansyon anndan lekòl, li dwe konplete tout aktivite entèkansyon anrapò ak itilizasyon sigarèt elekwonnik epi refere elèv-la bay anplwaye sipò ki jere entèkansyon, nan lekòl la; direktè lekòl/reprezantan li apwouve anplwaye a pou tach sa.

Pwosedid pou dezyèm ofans

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Elèv-la va gen yon jou rive de jou (1-2) sispansyon anndan lekòl-la epi refere elèv-la bay Manadjè Distri a ki jere ka abi sibstans.

Elèv lekòl segondè, (Klas 6-12): Elèv-la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon sis (6) jou epi yap refere-li bay manadjè nan Distri a ki jere ka abi sibstans, ki li-menm va refere elèv-la nan yon bon pwogram tretman. Men yo ka wete jiska twa (3) jou sispansyon sou sis jou-yo si elèv-la ale nan pwogram altènativ ki ranplase Sispansyon ekstèn [External Suspension (AES)] ki rekonmande epi li konplete aktivite entèkansyon anrapò ak itilizasyon sigarèt elekwonnik nan twa (3) premye jou-yo. Si elèv-la pa konplete tout aktivite entèkansyon anrapò ak sigarèt elekwonnik, nan twa (3) premye jou, elèv-la va kontinye ale nan pwogram AES pandan twa (3) jou ki rete sou sis (6) jou sispansyon.

Pwosedid pou twazyèm ofans

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Elèv-la va gen yon jou rive de jou (1-2) sispansyon anndan lekòl-la. Li dwe pase jou sa-yo anndan lekòl-la epi yo va refere elèv-la bay Manadjè nan Distri a ki jere ka abi sibstans (Substance Abuse Case Manager).

Elèv lekòl segondè, (Klas 6-12): Elèv-la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon uit (8) jou. Elèv-la ap gen yon kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract (PSC)*. Pandan lap swiv pwogram regilye lekòl li, elèv-la dwe konplete tout kondisyon egzijib kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract*. Manadjè ki jere ka abi sibstans nan Distri a va refere elèv la pou patisipasyon nan yon pwogram tretman Distri a apwouve avèk asistans yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon, va plase elèv la nan pwogram, Probationary Substance Contract, epitou kontwòle/verifye si la si elèv-la respekte tèm ak kondisyon kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract.

Si elèv-la pa respekte kondisyon kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract, epi si pandan tan aktyèl PSC, li kòmèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III, pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik, oswa akseswa pou dwòg, alò yo va bay elèv la yon sispansyon dis (10) jou avèk rekonmandasyon obligatwa pou espilsyon. Yo va pran yon desizyon administratif epi elèv la va ale nan pwogram espilsyon tanporè (Expulsion Abeyance Program) avèk Substance Workback, pandan yon (1) ane kalandriye, konte apati dat konferans pre-espilsyon. Espilsyon ap tanporè si elèv-la konplete plan tretman Distri a apwouve avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Elèv-la ka retounen nan pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram tretman ki rekòmande a. Manadjè nan Distri a ki jere ka abi sibstans va kontwòle/verifye si elèv-la konplete pwogram ki rekòmande a. Si elèv-la pa rete pou li konplete pwogram ki rekòmande a, yo va egzekite plan orijinal la, kifè elèv-la dwe konplete tan konplèt ki te prevwa pou pwogram espilsyon tanporè.

Pwosedì pou katriyèm ofans ak lòt ofans ki vin apre:

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Elèv-la va gen yon jou rive de jou (1-2) sispansyon anndan lekòl-la. Li dwe pase jou sa-yo anndan lekòl-la epi yo va refere elèv-la bay Manadjè nan Distri a ki jere ka abi sibstans (Substance Abuse Case Manager).

Elèv lekòl segondè, (Klas 6-12): Elèv-la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon dis (10) jou epi espilasyon ap obligatwa. Yon desizyon administratif va plase elèv-la nan yon pwogram tanporè Expulsion Abeyance Program pandan yon (1) ane, apati dat konferans pre-espilasyon, avèk pwogram Substance Contract. Espilasyon ap tanporè si elèv-la konplete plan tretman Distri a apwouve avèk yon pwofesyonnel ki sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri a ki jere ka abi sibstans va kontwòle/verifye lè elèv-la konplete pwogram ki rekòmande a. Elèv-la ka retounen nan pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman ki apwouve e preskri.

Note: Sibstans/dwòg konsidere kòm ilegal anba Chapit 893, se dwòg oswa sibstans reglemante ki konstitye yon krim (felony) selon lwa Florid. Sa enkli kalite plant cannabis, enkli, men pa limite ak, mariwana ak hemp, epi pwodi derive tankou, enkli, men pa limite ak pwodi THC epi CBD. Gade konsekans pou Sibstans ki pa Otorize pou dwòg ak/oswa Akseswa pou dwòg pou nenpòt sistem elektwonik ki livre nikotin/aparèy pwodi vapotaj itilize avèk yon dwòg selon espikasyon nan Chapter 893.

C. UTILIZE AK/OSWA, POSEDE FÈY MARIWANA (MWENSKE 20 GRAM), ALKÒL AK/OSWA LOT SIBSTANS SIKOAKTIF

Itilize ak/oswa posede fèy mariwana (mwenske 20g), alkòl/bweson alkòl, ak/owsa sibstans sikoaktif, ki chanje karaktè ak eta emosyonèl moun (mood-altering substances), entèdi.

Pwosedì aplikab pou premye ofans

Elèv k'ap fè klas primè, (Grades K-5): Elèv-la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou kat (4) jou, epi yap refere-li bay manadjè nan Distrik-la ki jere ka abi sibstans ak toksikomani, ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram apwopriye ki ofri sèvis konsèy ak asistans (counseling). Men yo ka wete jiska de (2) jou sou 4 jou sispansyon-an si elèv-la konsanti ale epi konplete yon pwogram counseling, apwouve pa Manadjè Distri ki jere ka abi sibstans danjere ak toksikomani. Si elèv-la pa rete pou konplete pwogram counseling ki rekòmande, yap aplike tout kat (4) jou sispansyon-an.

Elèv k'ap fè klas segondè, (Grades 6-12): Elèv-la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou sis (6) jou, epi yap refere ka-li bay manadjè Distri-a ki jere ka abi sibstans ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram apwopriye ki ofri sèvis konsèy ak asistans (counseling). Men yo ka wete jiska twa (3) jou sou 6 jou sispansyon-an si elèv-la konsanti ale epi konplete yon pwogram counseling, Manadjè Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere ak toksikomani otorize. Si elèv-la pa rete pou konplete pwogram counseling yo rekòmande pou li ale-a, yap aplike tout sis (6) jou sispansyon-an.

Pwosedì aplikab pou dezyèm ofans

Elèv k'ap fè klas primè (Grades K-5): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou uit (8) jou epi yap plase elèv-la nan yon pwogram Probationary Substance Contract (PSC). Elèv la dwe konplete tout kondisyon ekzijib kondisyon kontra, Probationary substance contract, pandan li toujou ap swiv pwogram regilye lekòl-li. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans ak toksikomani va refere elèv la pou patisipasyon nan yon plan tretman Distri a apwouve avèk yon pwofesyonel sètifye nan tretman adiksyon ak toksikomani; li va plase elèv la sou kontra pwobasyon, Probationary substance contract, epi li dwe kontwòle/verifye si elèv-la respekte kondisyon kontra Probationary Substance Contract.

Si elèv la vyole/pa respekte kondisyon kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract, si pandan tan aktyèl PSC, li kòmèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik oswa akseswa pou dwòg; yo va bay elèv la yon sispansyon dis (10) jou epi administrativman yo va rekonmande pou li ale nan pwogram entèvansyon konpòtman, *Behavior Intervention Program*, avèk asistans biwo espilasyon tanporè, *Expulsion Abeyance Office*,

avèk Substance Workback, pou yon (1) ane apati dat konferans *Behavior Intervention* avèk asistans biwo Expulsion Abeyance. Elèv la dwe konplete pwogram reyabilitasyon dwòg/alkòl leta sètifye oswa plan tretman avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon. Elèv-la kapab retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman rekòmande. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere va kontwole epi verifye si elèv-la fini pwogram-la. Si elèv-la pa rete pou li konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa plan tretman, nan ka-sa-a, yo va otorize egzekite tan konplèt ki te prevwa pou Behavior Intervention (Entèvansyon pou Konpòtman).

Elèv k'ap fè klas segondè (Grades 6-12): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou uit (8) jou epi yap plase elèv la nan yon pwogram Probationary Substance Contract (PSC). Elèv la dwe konplete tout kondisyon ekzijib kondisyon kontra, Probationary substance contract, pandan li toujou ap swiv pwogram regilye lekòl-li. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans ak toksikomani va refere elèv la pou patisipasyon nan yon plan tretman Distri a apwouve avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon ak toksikomani; li va plase elèv la sou kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract*, epi li dwe kontwole/verifye si elèv-la respekte kondisyon kontra pwobasyon an.

Si elèv la vyole/pa respekte kondisyon kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract*, lè pandan tan aktyèl PSC, li kòmèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik oswa akseswa pou dwòg, alò yo va bay elèv la yon sispansyon (10) jou avèk rekonmandasyon obligatwa pou espilsyon. Epi yon desizyon administratif va plase elèv la nan pwogram espilsyon tanporè, *Expulsion Abeyance Program*, avèk Substance Workback, pou yon (1) ane apati dat konferans pre-espilsyon. Espilsyon ap tanporè si elèv la konplete pwogram reyabilitasyon dwòg/alkòl leta sètifye oswa plan tretman avèk yon pwofesyonèl sètifye nan pwogram tretman adiksyon. Elèv-la kapab retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman rekòmande. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere va kontwole/verifye si elèv-la fini pwogram ki rekòmande a. Si elèv-la pa rete pou li konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa pwogram tretman, nan ka-sa-a, yo va otorize egzekite tan konplèt pwogram espilsyon tanporè.

Pwosedi ki aplikab pou twazyèm ofans ak lòt ofans ki vin apre

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou dis (10) jou, epi avèk asistans biwo Espilsyon Abeyance Office yap rekòmande pou elèv-la ale nan yon *Behavior Intervention Program* (Pwogram Entèvansyon pou Konpòtman) pou yon tan k'ap dire yon (1) ane apatide dat konferans Entèvansyon pou konpòtman avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office (F.S. §1006.09(3)), avèk pwogram Substance Workback. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa Distri-a apwouve oubyen konplete pwogram tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere ak toksikomani va kontwole/verifye lè elèv-la fini pwogram-la. Elèv-la ka retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman ki rekòmande.

Elèv lekòl segondè, (Klas 6-12): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou dis (10) jou, epi espilsyon obligatwa (F.S. §1006.09(3)). Epi yon desizyon administratif va plase elèv la nan pwogram espilsyon tanporè, *Expulsion Abeyance Program*, avèk Substance Workback, pandan yon (1) ane apati dat konferans pre-espilsyon. Espilsyon ap tanporè si elèv la konplete pwogram reyabilitasyon dwòg/alkòl Distri a oswa Leta apwouve, oswa pwogram tretman avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere va kontwole/verifye si elèv-la fini pwogram la. Elèv-la ka retounen swiv pwogram regilye lekòl li apre li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman, ki rekonmande.

D. ANBA ENFLIYANS FÈY MARIWANA, ALKÒL AK/OSWA SIBSTANS SIKOAKTIF, KI CHANJE IMÈ

Anba enfliyans fèy mariwana, alkòl/bweson alkòl, ak/owsa sibstans sikoaktif, ki chanje eta emosyonèl moun (mood-altering substances), entèdi.

Pwosedì ki aplikab pou premye ofans

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Elèv-la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou kat (4) jou, epi yap refere elèv-la bay manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans ak toksikomani, ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram apwopriye ki ofri sèvis konsèy ak asistans (counseling). Men yo ka wete jiska de (2) jou sou 4 jou sispansyon-an si elèv-la konsanti ale epi konplete yon pwogram counseling, otorize annakò avèk manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere. Si elèv-la pa konplete pwogram counseling ki rekòmande, yap aplike epi enpoze tout kat (4) jou sispansyon-an.

Elèv k'ap fè klas segondè, (Klas 6-12): Elèv-la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou sis (6) jou, epi yap refere ka-li bay manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram apwopriye ki ofri sèvis konsèy ak asistans (counseling). Men yo ka wete jiska twa (3) jou sou 6 jou sispansyon-an si elèv-la konsanti ale epi konplete yon pwogram counseling, otorize annakò avèk manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere. Si elèv-la pa rete pou konplete pwogram counseling ki rekòmande, yap aplike epi enpoze tout sis (6) jou sispansyon-an.

Pwosedì pou dezyèm ofans

Elèv lekòl primè (Klas K-5): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou uit (8) jou epi yap mete elèv-la nan pwogram kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract (PSC)*. Elèv-la dwe konplete tout kondisyon ekzijib kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract*, pandan lap kontinye swiv pwogram regilye lekòl li. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va refere elèv la pou patisipasyon nan yon plan tretman Distri a awpouve avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon, plase elèv la sou kontra pwobasyon *Probationary Substance Contract* epi kontwole si elèv-la ap respekte kondisyon kontra *Probationary Substance Contract*.

Si elèv-la vyole/pa respekte kondisyon kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract*, lè pandan aktyèl kontra PSC li komèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik oswa akseswa pou dwòg, alò yo va bay elèv la yon sispansyon dis (10) jou epi administrativman avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office, plase elèv la nan pwogram entèvansyon pou konpòtman (Behavior Intervention Program) avèk Substance Workback pou yon peryòd tan yon (1) ane apati dat konferans Behavior Intervention, avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa konplete yon plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Elèv-la kapab retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman ki rekòmande. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere va kontwole/verifye si elèv-la fini pwogram-la. Si elèv-la pa konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa pwogram tretman, yap aplike epi enpoze tan konplèt Pwogram Entèvansyon pou Konpòtman, ke elèv-la te dwe swiv.

Elèv lekòl segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou uit (8) jou epi yap mete elèv-la anba kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract (PSC)*. Elèv-la dwe konplete tout kondisyon ekzijib kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract*, pandan lap kontinye swiv pwogram regilye lekòl li. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va refere elèv la pou patisipasyon nan yon plan tretman Distri a awpouve avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon, plase elèv la anba kontra pwobasyon *Probationary Substance Contract* epi kontwole si elèv-la ap respekte kondisyon kontra *Probationary Substance Contract*.

Si elèv-la vyole/pa respekte kondisyon kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract*, lè pandan aktyèl kontra PSC li komèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik oswa akseswa pou dwòg, alò yo va bay elèv la yon sispansyon dis (10) jou ak rekonmandasyon obligatwa pou espilsyon. Epi apre desizyon administratif, elèv la dwe swiv pwogram espilsyon tanporè, *Expulsion Abeyance*, avèk Substance Workback pou yon peryòd tan yon (1) ane apati dat konferans pre-espilsyon. Espilsyon kenbe tanporèman si elèv-la konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa pwogram tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Elèv-la kapab retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman ki rekòmande. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere va kontwole/verifye si elèv-la fini pwogram-la. Si elèv-la pa konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa plan tretman, yo va egzekite tan konplèt pou espilsyon tanporè.

Pwosedì aplikab pou twazyèm ofans ak lòt ofans ki vin apre

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou dis (10) jou, epi avèk asistans biwo Espilasyon Abeyance Office yap rekòmande pou elèv-la ale nan yon Behavior Intervention Program (Pwogram Entèkansyon pou Konpòtman) pou yon tan k'ap dire yon (1) ane apatide dat konferans Behavior Intervention gras a asistans biwo Expulsion Abeyance Office (F.S. §1006.09(3), avèk Substance Workback. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta oswa Distri-a apwouve oubyen konplete pwogram tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere ak toksikomani va kontwole/verifye lè elèv-la fini pwogram-la. Elèv-la ka retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman, ki rekòmande.

Pou elèv k'ap fè klas segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl-li, yap ba-li yon sispansyon pou dis (10) jou epi espilasyon-an ap obligatwa. (F.S. §1006.09(3). Apre desizyon administratif, yap plase elèv-la nan pwogram Expulsion Abeyance Program pou yon tan k'ap dire yon (1) ane apatide dat konferans pre-espilasyon, avèk pwogram Substance Workback. Espilasyon kenbe tanporèman si elèv-la konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta oswa Distri-a apwouve, oubyen konplete pwogram tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans ak toksikomani va kontwole/verifye si elèv-la fini pwogram-la. Elèv-la kapab retounen nan pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman ki rekòmande.

E. UTILIZE/POSEDE/VANN /ESEYE VANN/FE PASE AKSESWA POU DWOG

Ensidan sa aliye ak Chapit 893.147 epitou aplikab nan ka ensidan anrapò ak sistèm elektwonik ki livre nikotin/aparèy pwodi vapotaj pou rale lafimen, itilize anmentan ak yon dwòg selon espikasyon nan Chapit 893.

Pwosedì pou premye ak dezyèm ofans

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Elèv-la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou kat (4) jou, epi yap refere elèv-la bay manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans ak toksikomani, ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram apwopriye ki ofri sèvis konsèy ak asistans (counseling). Men yo ka wete jiska de (2) jou sou 4 jou sispansyon-an si elèv-la konsanti patisipe nan yon pwogram counseling, otorize annakò avèk manadjè Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere. Si elèv-la pa konplete pwogram counseling ki rekòmande, yap aplike epi enpoze tout kat (4) jou sispansyon-an.

Elèv k'ap fè klas segondè, (Klas 6-12): Elèv-la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou sis (6) jou, epi yap refere ka-li bay manadjè Distri-a ki jere ka abi sibstans ak toksimani, ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram apwopriye ki ofri sèvis konsèy ak asistans (counseling). Men yo ka wete jiska twa (3) jou sou 6 jou sispansyon-an si elèv-la konsanti patisipe nan yon pwogram counseling, otorize annakò avèk manadjè Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere. Si elèv-la pa rete pou li konplete pwogram counseling ki rekòmande, yap aplike epi enpoze tout sis (6) jou sispansyon-an.

Pwosedì pou twazyèm ofans

Elèv lekòl primè (Klas K-5): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou uit (8) jou epi yap mete elèv-la anba pwogram kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract (PSC)*. Elèv la dwe konplete tout kondisyon ekzijib kontra pwobasyon, pandan lap swiv pwogram regilye lekòl-li. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va refere elèv la pou patisipasyon nan yon pwogram tretman Distri a apwouve avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon, plase elèv la anba kontra pwobasyon *Probationary Substance Contract* epi kontwole si elèv-la ap respekte kondisyon kontra *Probationary Substance Contract*.

Si elèv-la vyole/pa respekte kondisyon kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract, lè pandan aktyèl kontra PSC li komèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik oswa akseswa pou dwòg, alò yo va bay elèv la yon sispansyon dis (10) jou epi administrativman avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office, rekonmande pou li ale nan pwogram entèkansyon pou konpòtman (Behavior Intervention Program) avèk Substance Workback pou yon peryòd tan yon (1) ane apatide dat konferans Behavior Intervention, avèk asistans biwo

Expulsion Abeyance Office. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa konplete yon pwogram tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Elèv-la kapab retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman ki rekòmande. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere va kontwòle/verifye si elèv-la fini pwogram-la. Si elèv-la pa konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa pwogram tretman, yo va egzekite tan konplèt Pwogram Entèkansyon pou Konpòtman (Behavior Intervention Program), ke elèv-la dwe swiv.

Elèv lekòl segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou uit (8) jou epi yap mete elèv-la nan pwogram kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract (PSC)*. Elèv-la dwe konplete tout kondisyon ekzijib kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract, pandan lap kontinye swiv pwogram regilye lekòl li. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va refere elèv la pou patisipasyon nan yon plan tretman Distri a apwouve avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon, plase elèv la sou kontra pwobasyon Probationary Substance Contract epi kontwòle si elèv-la ap respekte kondisyon kontra Probationary Substance Contract.

Si elèv-la vyole/pa respekte kondisyon kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract, lè pandan aktyèl kontra PSC li komèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik oswa akseswa pou dwòg, alò yo va bay elèv la yon sispansyon dis (10) jou ak rekonmandasyon obligatwa pou espilasyon .Epi apre desizyon administratif, elèv la dwe swiv pwogram espilasyon tanporè, Expulsion Abeyance, avèk Substance Workback pou yon peryòd tan yon (1) ane apatide dat konferans pre-espilasyon. Espilasyon ap kenbe tanporèman si elèv-la konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Elèv-la ka retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman ki rekòmande. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere va kontwòle/verifye si elèv-la fini pwogram-la. Si elèv-la pa konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa pwogram tretman, yo va egzekite epi enpoze tan konplèt pou espilasyon tanporè.

Pwosedi pou katriyèm ofans ak lòt ofans ki vin apre

Elèv lekòl primè (Klas K-5): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou dis (10) jou epi yap refere elèv-la nan Behavior Intervention Program (Pwogram Entèkansyon pou Konpòtman) avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office, pou yon peryòd tan k'ap dire yon (1) ane apati dat reyinyon/konferans Behavior Intervention avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office, ak Sibstans Workback. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa pwogram tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye pou tretman toksimani/adiksyon. Elèv la ka retoune swiv pwogram regilye lekòl li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman ki rekonmande.

Elèv lekòl segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou dis (10) jou epi yap rekonmande espilasyon. Apre yon desizyon administratif yap plase elèv-la nan pwogram espilasyon tanporè, *Expulsion Abeyance Program*, pandan yon peryòd tan yon (1) ane apati dat reyinyon/konferans pre-espilasyon, avèk Substance Workback. Espilasyon ap tanporè si elèv-la konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Distri a oswa Leta apwouve oswa konplete tretman avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman toksikomani. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans ak ka toksikomani va kontwòle/verifye si elèv-la konplete pwogram-la. Elèv la ka retoune lekòl si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman ki rekonmande.

F. UTILIZE/POSEDE SIBSTANS KI PA OTORIZE ENTÈDI

Nan regleman sa, sibstans ki pa otorize fè referans ak medikaman doktè pa preskri men elèv-la genyen medikaman-an, oubyen medikaman preskri ki pa otorize anba Policy 6305, sibstans/dwòg ki konsidere kòm ilegal anba Chapit 893, se dwòg oswa sibstans Leta kontwòle e reglemante ki konstitye yon krim dapre dispozisyon lwa Florid, se pwodi derive plant cannabis enkli men pa limite ak mariwana ak hemp, epi pwodi derive, tankou pwodi THC e CBD. Gen lòt pwodi ki pa mansyone.

Note: Elèv ki pa respekte direktiv Policy 6305: Bay yon elèv Medikaman/Tretman, an vyolasyon regleman Policy 6305 ak règ Policy sa, lè yo posede oswa itilize medikaman doktè preskri-yo andedan lekòl-la, nan transpòtasyon lekòl,

oswa nan aktivite sou patwonnaj lekòl-la, kapab resevwa yon sispansyon 10-jou. Men apre verifikasyon preskripsyon pa direktè lekòl-la/reprezantan administratif, lekòl la ka petèt deside pa rekonmande espilasyon.

Elèv ki pa respekte direktiv Policy 6305.1: Medical Marijuana/Low THC Cannabis Use to Qualified Students in Schools/ Izaj mariwana medikal/THC Cannabis ti dòz pou elèv ki elijib nan lekòl yo), elèv elijib, an vyolasyon regleman Policy 6305 .01 epi ak règ Policy sa, ki posede oswa itilize pwòp sibstans pa l, andedan lekòl la oswa nan aktivite sou patwonnaj lekòl la, va resevwa yon sispansyon dis (10) jou. Men apre verifikasyon preskripsyon pa direktè lekòl-la/ reprezantan administratif, lekòl la ka petèt deside pa rekonmande espilasyon.

Pwosedi pou Premye Ofans

Elèv lekòl primè (Klas K-5): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou uit (8) jou epi yap mete elèv-la nan pwogram kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract (PSC). Elèv-la dwe konplete tout kondisyon ekzijib kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract, pandan lap kontinye swiv pwogram regilye lekòl li. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va refere elèv la pou patisipasyon nan yon pwogram tretman Distri a apwouve avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon, plase elèv la anba kontra pwobasyon Probationary Substance Contract epi kontwole si elèv-la ap respekte kondisyon kontra Probationary Substance Contract.

Si elèv-la vyole/pa respekte kondisyon kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract, lè pandan aktyèl kontra PSC li komèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik oswa akseswa pou dwòg, alò yo va bay elèv la yon sispansyon dis (10) jou epi administrativman avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office, otorize pou li ale nan pwogram entèvansyon pou konpòtman (Behavior Intervention Program) avèk Substance Workback pou yon peryòd tan yon (1) ane apatide dat konferans Behavior Intervention, avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa konplete yon plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Elèv-la kapab retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman yo preskri a. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere va kontwole/verifye si elèv-la fini pwogram-la. Si elèv-la pa konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa pwogram tretman, yo va enpoze/enplimante tan konplèt Pwogram Entèvansyon pou Konpòtman (Behavior Intervention Program), ke elèv-la te dwe swiv.

Elèv klas segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou uit (8) jou epi yap mete elèv-la nan pwogram kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract (PSC). Elèv-la dwe konplete tout kondisyon ekzijib kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract, pandan lap kontinye swiv pwogram regilye lekòl li. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va refere elèv la pou patisipasyon nan yon pwogram tretman Distri apwouve avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon, plase elèv la anba kontra pwobasyon Probationary Substance Contract epi kontwole si elèv-la ap respekte kondisyon kontra Probationary Substance Contract.

Si elèv-la vyole/pa respekte kondisyon kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract, lè, pandan aktyèl kontra PSC, li komèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik oswa akseswa pou dwòg, alò yo va bay elèv la yon sispansyon dis (10) jou avèk rekonmandasyon pou espilasyon. Yo va otorize elèv la ale nan yon pwogram, Expulsion Abeyance Program, avèk Substance Workback ,pou yon peryòd tan yon (1) ane. Espilasyon an ap tanporè si elèv la konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa konplete yon plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Elèv-la kapab retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman yo preskri a. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere va kontwole/verifye si elèv-la fini pwogram-la. Si elèv-la pa konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa pwogram tretman, tan konplèt pwogram expilasyon tanporè elèv-la te dwe swiv, ap egzekite.

Pwosedi pou dezyèm ofans ak ofans ki vin apre

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou dis (10) jou, epi ak èd biwo Expulsion Abeyance, lekòl la va rekòmande pou elèv-la ale nan yon Behavior Intervention Program (Pwogram Entèvansyon pou Konpòtman) pou yon tan k'ap dire yon (1) ane apati dat reyinyon/konferans Behavior Intervention, avèk

asistans biwo Expulsion Abeyance Office, ak Substance Workback. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa Distri-a apwouve oubyen konplete plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere ak toksikomani va kontwole/verifye lè elèv-la fini pwogram-la. Elèv-la ka retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman yo te preskri.

Pou elèv k'ap fè klas segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou dis (10) jou epi espilsyon-an ap vin obligatwa. Apre yon desizyon administratif, yap plase elèv-la nan pwogram espilsyon tanporè/Expulsion Abeyance Program pou yon tan k'ap dire yon (1) ane apatide dat reyinyon/konferans pre-espilsyon, opsyon Workbak entèdi. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta oswa Distri-a apwouve oubyen konplete plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans ak toksikomani va kontwole/verifye si elèv-la fini pwogram-la.

G. ANBA ENFLIYANS SIBSTANS KI PA OTORIZE, ENTÈDI

Nan regleman sa, sibstans ki pa otorize fè referans a medikaman doktè pa preskri men elèv-la an posesyon medikaman-an, oubyen preskripsyon medikaman ki pa otorize pa Policy 6305, sibstans/dwòg yo konsidere kom ilegal anba Chapit 893, se dwòg oswa sibstans Leta kontwole e reglemante ki konstitye yon krim (feloni) anba Lwa Florid, se pwodi derive plant cannabis enkli men pa limite ak mariwana ak hemp, ak pwodi derive THC epi CBD. Gen lot pwodi ki pa mansyone.

Pwosedi aplikab pou premye ofans

Elèv k'ap fè klas primè, (Ane/Grades K-5) : Elèv-la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li pandan dis (10) jou epi lekòl-la va refere ka elèv la bay Manadjè nan Distri a ki jere ka abi sibstans ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram ki ofri konsèy ak asistans (counseling) apwopriye. Men yo ka wete sis (6) jou sou 10 jou sispansyon-an si elèv-la konsanti patisipe nan yon pwogram counseling, ke Manadjè Distri a, ki jere ka abi sibstans danjere ak toksikomani, otorize. Si elèv-la pa rete pou konplete pwogram counseling ki rekòmande, yap enpoze rès jou tan sispansyon-an.

Elèv k'ap fè klas segondè, (Ane/Grades 6-12): Elèv-la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li; lap resevwa yon sispansyon pou dis (10) epi lekòl-la va refere ka elèv-la bay manadjè Distri-a ki jere ka abi sibstans ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram apwopriye ki ofri sèvis konsèy ak asistans (counseling). Men yo ka wete jiska kat (4) jou sou 10 jou sispansyon-an si elèv-la konsanti patisipe nan yon pwogram counseling ke Manadjè Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere ak toksikomani, otorize. Si elèv-la pa rete pou konplete pwogram counseling ki rekòmande a, yap enpoze rès jou tan sispansyon-an.

Pwosedi aplikab pou dezyèm ofans

Elèv lekòl primè (Klas K-5): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou uit (8) jou epi yap mete elèv-la nan pwogram kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract (PSC). Elèv-la dwe konplete tout kondisyon ekzijib kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract*, pandan lap kontinye swiv pwogram regilye lekòl li. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va refere elèv la pou li patisipe nan yon plan tretman Distri a apwouve avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon, plase elèv la anba kontra pwobasyon Probationary Substance Contract epi kontwole si elèv-la ap respekte kondisyon kontra Probationary Substance Contract.

Si elèv-la vyole/pa respekte kondisyon kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract, lè, pandan aktyèl kontra PSC, li komèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik oswa akseswa pou dwòg, alò yo va bay elèv la yon sispansyon dis (10) jou epi administrativman avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office, rekonmande pou li ale nan pwogram entèvansyon pou konpòtman (Behavior Intervention Program) avèk Substance Workback pou yon peryòd tan yon (1) ane apatide dat konferans Behavior Intervention, avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office. Espilsyon kenbe tanporèman si elèv-la konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa konplete yon plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Elèv-la kapab retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman yo preskri. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere va kontwole/verifye si elèv-la fini pwogram-la. Si elèv-la pa konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa pwogram tretman, yo va aplike/enplimante tan konplèt espilsyon tanporè elèv-la dwe fè.

Elèv klas segondè (Ane/Grades 6-12): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou uit (8) jou epi yap mete elèv-la anba pwogram kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract (PSC)*. Elèv-la dwe konplete tout kondisyon ekzijib kontra pwobasyon, *Probationary Substance Contract*, pandan lap kontinye swiv pwogram regilye lekòl li. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va refere elèv la pou elev la patisipe nan yon pwogram tretman Distri awpouve avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman adiksyon, plase elèv la anba kontra pwobasyon Probationary Substance Contract epi kontwole si elèv-la ap respekte kondisyon kontra Probationary Substance Contract.

Si elèv-la vyole/pa respekte kondisyon kontra pwobasyon, Probationary Substance Contract, lè, pandan aktyèl kontra PSC, li komèt yon lòt vyolasyon règ Policy 5006, Section III pou nenpòt dwòg oswa sibstans, ekskli nikotin, nikotin sentetik oswa akseswa pou dwòg, alò yo va bay elèv la yon sispansyon dis (10) jou avèk rekonmandasyon obligatwa pou espilasyon. Apre yon desizyon administratif, yo va otorize elèv la ale nan yon pwogram espilasyon tanporè, Expulsion Abeyance Program, avèk Substance Workback, pou yon peryòd tan yon (1) ane apati dat reyinyon/konferans pre-espilasyon. Espilasyon kenbe tanporèman si elèv la konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa konplete yon plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Elèv-la kapab retounen swiv pwogram regilye lekòl-li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman yo preskri a. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans danjere va kontwole/verifeye si elèv-la fini pwogram-la. Si elèv-la pa konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg/alkòl Leta apwouve oswa pwogram tretman, yo va egzekite/enplimante tan konplèt pwogram espilasyon tanporè.

Pwosedid pou twazyèm ofans ak lòt ofans ki vin apre

Elèv lekòl primè (Klas K-5): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou dis (10) jou epi yap rekomande elèv-la patisipe nan Behavior Intervention Program (Pwogram Entèkansyon pou Konpòtman) avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office, pou yon peryòd tan k'ap dire yon (1) ane apati dat konferans/reinyon Behavior Intervention avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office, ak Sibstans Workback. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg Leta oswa Distri a apwouve oswa plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye pou tretman toksimani/adiksyon. Manadjè ki jere ka abi sibstans va kontwole/verifeye elèv la fini pwogram la. Elèv la ka retoune swiv pwogram regilye lekòl li si li konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa tretman ki rekonmande.

Elèv lekòl segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Yap ba-li yon sispansyon pou dis (10) jou epi espilasyon obligatwa. Apre yon desizyon administratif yap plase elèv-la nan pwogram tanporè, Expulsion Abeyance Program, pandan yon peryòd tan yon (1) ane apatide dat konferans pre-espilasyon, opsyon Workback entèdi. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilitasyon pou dwòg Distri a oswa Leta apwouve oswa konplete plan tretman avèk yon pwofesyonèl sètifye nan tretman toksikomani. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va kontwole/verifeye si elèv-la fini pwogram-la.

POSEDE AVÈK ENTANSYON POU VANN, VANT, ESEYE VANN, AK/OSWA FÈ PASE (MWENSKE 20g), VANN, ESEYE VANN, AK/OSWA FÈ PASE DWÒG, OSWA SIBSTANS SIKOAKTIF, KI CHANJE ETA EMOSYONEL, SIBSTANS KI PA OTORIZE, OSWA Lòt SIBSTANS OU KA OFRI OSWA PWOPOZE SIBSTANS KI KA DWÒG OSWA SIBSTANS SIKOAKTIF, ALKÒL OSWA BWESON KI GEN ALKÒL LADANN, ENTÈDI

Note: Anplwaye Broward School dwe rapòte ofans sa bay Department of Children and Families (F.S. § 39.201), lè sa apwopriye.

H. PWOSEDI POU VANT, ESEYE VANN, AK/OSWA FÈ PASE ALKÒL OSWA BWESON KI GEN ALKÒL, IKONPRI OFRI SIBSTANS OSWA PWOPOZE ALKÒL OSWA BWESON KI GEN ALKÒL

Pwosedid aplikab pou premye ofans

Elèv k'ap fè klas primè, (Klas K-5): Lekòl-la dwe refere ka elèv-la bay Manadjè nan Distri a ki jere ka abi sibstans ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram ki ofri konsèy ak asistans (counseling program) ki apwopriye. Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl li. Elèv la pap ka ale nan pwogram regilye lekòl-li; lap gen yon sispansyon pou yon a de (1-2) jou.

Pou elèv k'ap fè klas segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl-li, lap gen yon sispansyon pou dis (10) jou epi espilasyon-an ap vin obligatwa. Apre desizyon administratif, yap plase elèv-la nan pwogram espilasyon tanporè, Expulsion Abeyance Program, pou yon tan ki pap depase yon (1) ane apati dat konferans/reyinyon pre-espilasyon, avèk Substance Workback. Espilasyon kenbe tanporèman si elèv-la konplete pwogram reyabilitasyon pou alkòl Leta oswa Distri a apwouve, oubyen konplete plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans ak toksikomani va kontwole/verifye si elèv-la fini pwogram-la. Elèv-la ka retounen nan pwogram regilye lekòl li apre li fin konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon oswa pwogram tretman ki rekonmande.

Pwosedi aplikab pou dezyèm ofans

Elèv k'ap fè klas primè, (Klas K-5): Lekòl-la dwe refere ka elèv-la bay Manadjè nan Distri a ki jere ka abi sibstans ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram ki ofri konsèy ak asistans (counseling program) ki apwopriye. Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl li; lap gen yon sispansyon pou yon a de (1-2) jou.

Pou elèv k'ap fè klas segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl-li, lap gen yon sispansyon pou dis (10) jou epi espilasyon ap vin obligatwa. Apre desizyon administratif, yap plase elèv-la nan pwogram espilasyon tanporè, Expulsion Abeyance Program, pou yon tan k'ap dire yon (1) ane apatide dat reyinyon/konferans pre-espilasyon, avèk Workback. Espilasyon kenbe tanporèman si elèv-la konplete pwogram reyabilitasyon pou alkòl Leta oswa Distri-a apwouve, oubyen konplete plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon ak tout lòt konpozan pwogram Workback ki preskri. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va kontwole/verifye si elèv-la fini pwogram-la.

Pwosedi aplikab pou twazyèm ofans ak lot ofans ki vin apre

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Yo va refere elèv-la bay Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans ak toksikomani, ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram apwopriye ki ofri konsèy ak asistans (counseling). Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl-li; lap gen yon sispansyon pou kat (4) jou.

Elèv lekòl segondè, (Klas 6-12): Elèv-la pap kapab swiv pwogram regilye lekòl-li. Lap gen yon sispansyon pou dis (10) jou epi espilasyon ap vin obligatwa. Apre desizyon administratif, yap plase elèv-la nan pwogram espilasyon tanporè, Expulsion Abeyance Program, pou yon tan k'ap dire ennan (1 ane), apati dat reyinyon/konferans pre-espilasyon, pap gen opsyon Workback. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilitasyon pou alkòl, Leta sètifye oswa Distri-a apwouve, oubyen konplete yon plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va kontwole/verifye lè elèv-la konplete pwogram-la.

I. PWOSEDI KI APLIKAB LÈ ELÈV POSEDE FÈY MARIWANA (MWENSKE 20g) AVÈK ENTANSYON VANN, ESEYE VANN, AK/OSWA FÈ PASE MARIWANA A, VANT, ESEYE VANN AK/OSWA FÈ PASE DWÒG OSWA SIBSTANS SIKOAKTIF, KI CHANJE ETA EMOSYONÈL, SIBSTANS KI PA OTORIZE OSWA OFRI OSWA PWOPOZE SIBSTANS POU DWÒG OSWA SIBSTANS SIKOAKTIF.

Nan regleman sa, sibstans ki pa otorize fè referans a medikaman doktè pa preskri elèv la rmen elèv-la an posesyon medikaman-an, oubyen nenpòt preskripsyon medikaman ki pa otorize selon Policy 6305, sibstans/dwòg ki konsidere ilegal anba Chapit 893, se dwòg oswa sibstans Leta kontwole ki konstitiye yon krim (feloni) anba lwa Florid, se pwodi derive plant cannabis, enkli men pa limite ak mariwana ak hemp, epi pwodi derive de THC epi CBD. Gen lòt pwodi derive ki pa mansyone.

Pwosedi aplikab pou premye ofans

Elèv lekòl primè, (Klas K-5): Lekòl-la va refere elèv-la bay Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans ak toksikomani, ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram apwopriye ki ofri konsèy ak asistans (counseling). Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl-li; lap gen yon sispansyon pandan de (2) jou.

Pou elèv k'ap fè klas segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl-li, lap gen yon sispansyon pou dis (10) jou epi espilasyon ap vin obligatwa. Apre desizyon administratif, yap plase elèv-la nan pwogram espilasyon tanporè,

Expulsion Abeyance Program, pou yon tan k'ap dire yon (1) ane apatide dat reyinyon/konferans pre-espilasyon, avèk Substance Workback. Espilasyon kenbe tanporèman si elèv-la konplete pwogram reyabilite pou dwòg Leta sètifye oswa Distri-a apwouve, oubyen konplete plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon ak tout lòt konpozan pwogram Workback ki rekonmande. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va kontwòle/verifye si elèv-la fini pwogram-la.

Pwosedi aplikab pou dezyèm ofans

Elèv k'ap fè klas primè, (Klas K-5): Lekòl-la dwe refere ka elèv-la bay Manadjè nan Distri a ki jere ka abi sibstans ki li-menm va refere elèv-la nan yon pwogram ki ofri konsèy ak asistans (counseling program) ki apwopriye. Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl li; lap gen yon sispansyon pou twa a senk (3-5) jou.

Pou elèv k'ap fè klas segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl-li, lap gen yon sispansyon pou dis (10) jou epi espilasyon ap vin obligatwa. Apre desizyon administratif, yap plase elèv-la nan pwogram espilasyon tanporè, Expulsion Abeyance Program, pou yon tan k'ap dire yon (1) ane apatide dat konferans pre-espilasyon, avèk Substance Workback. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilite pou dwòg Leta sètifye oswa Distri-a apwouve, oubyen konplete plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va kontwòle/verifye si elèv-la fini pwogram-la.

Pwosedi aplikab pou twazyèm ofans ak lot ofans ki vin apre

Pou elèv k'ap fè klas primè (Klas 6-12): Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl-li, lap gen yon sispansyon pou dis (10) jou epi yap rekonmande pou elèv la ale nan pwogram entèvansyon pou konpòtman (Behavior Intervention Program) avèk asistans biwo Expulsion Abeyance Office, pou yon tan k'ap dire yon (1) ane apatide dat konferans Behavior Intervention avèk asistans Expulsion Abeyance Office, avèk Substance Workback. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilite pou dwòg Leta sètifye oswa Distri-a apwouve, oubyen konplete plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va kontwòle/verifye si elèv-la fini pwogram-la.

Pou elèv k'ap fè klas segondè (Klas 6-12): Elèv-la pap ka swiv pwogram regilye lekòl-li, lap gen yon sispansyon pou dis (10) jou epi espilasyon ap vin obligatwa. Apre desizyon administratif, yap plase elèv-la nan pwogram espilasyon tanporè, Expulsion Abeyance Program, pou yon tan k'ap dire yon (1) ane apatide dat reyinyon/konferans pre-espilasyon, pap gen opsyon Workback. Elèv-la dwe konplete pwogram reyabilite pou dwòg Leta sètifye oswa Distri-a apwouve, oubyen konplete plan tretman avèk yon pwofesyonèl ki sètifye nan tretman adiksyon. Manadjè nan Distri-a ki jere ka abi sibstans va kontwòle/verifye si elèv-la fini pwogram-la.

Lòt ofans (nan ka ki pa dwòg ak sibstans ki pa toksik) ki ka lakòz Sispansyon ak Espilasyon Posib

Ensidan akimile selon nivo eskolè (Klas K-2, 3-5, 6-8 ak 9-12) esepite si direktiv founi prezizyon siplemantè. Direktiv *School Environmental Safety Incident Reporting (SESIR)* egzije nou fè rapò ensidan, achemine yo bay Depatman Edikasyon Florid.

Note: Selon lwa F.S. §1006.07(7)(e), si yo sispèk yon sitiyasyon kote elèv-la ap fè yon kriz mantal oswa an kriz akòz abi yon sibstans, anplwaye dwe swiv direktiv ekip evalyasyon gravite mennas tabli pou aji touswit epi itilize resous swen konpòtman.

Sispansyon lekòl epi rekòmande ekspilasyon si elèv-la:

1. Komèt souvan vyolasyon regleman 5.9 kont bullying (Policy 5.9: Anti-Bullying). Bully vledi nwi, atake, agrese, elatriye
2. Komèt souvan vyolasyon regleman kont arasman (harassment)
3. Komèt epi patisipe nan goumen sou volonte pa-li (major mutual combat)
4. Kraze brize pwopriyete/donmaj sou pwopriyete (egal oswa pliske \$1,000)
5. Komèt nenpòt zak sou kanpis oswa andeyò kanpis, zak ki deranje gravman lòd ak disiplin saldeklas oswa aktivite lekòl
6. Komèt ti vòl/vòl - gwo vòl (egal oswa pliske \$750)
7. Komèt zak kase kay, kanbriyolaj /antre nan kay yon fason ki pa legal

8. Komèt yon atak fizik (sou kò) - bat yon moun(battery)
9. Komèt yon atak seksyèl/agresyon seksyèl
10. Voye mesaj tèks sou sèks (sexting)
11. Komèt yon zak arasman seksyèl
12. Komèt enkonwit seksyèl (Ofans seksyèl)
13. Fè fo akizasyon kont manm estaf lekòl-la
14. Tire sonnèt alam pou dife san rezon/rele 911
15. Antre san otorizasyon sou yon pwopriyete (trespassing)
16. Fè mennas/entimidasyon

**Note: Si ensidan SESIR satisfè definisyon an, konsidere pwen swivan sa yo pou detèmine ki tip ensidan:*

- *Mennas/entimidasyon reyèl ki enpòtan – Si dapre definisyon an kritè a satisfè epi nan evalyasyon gravite mennas dapre Behavioral Threat Assessment (BTA) risk mennas la elve anpil epi montre se yon mennas reyèl, yo va bay elèv la yon sispansyon 10-jou epi yon rekonmandasyon pou espilasyon*
 - *Mennas/entimidasyon reyèl ki enpòtan - Nan sikonstans kote definisyon SESIR satisfè epi dapre evalyasyon BTA lekòl la detèmine risk mennas la reyèl e enpòtan, lekòl la dwe swiv sa Plan Disiplin prevwa*
- Ensidan SESIR anrapò ak Mennas/Entimidasyon pa aplikab nan sikonstans kote definisyon SESIR pa satisfè.*

17. Posede/montre/itilize/vann/fè pase yon zam kategori B (Class B weapon), ikonpri plim/pwentè lazè ak lòt aparèy lazè ki itilize yon fason ki ka potansyèlman blese oswa donmaje yon lòt moun.

Note: Nan reyinyon Konferans Pre-Espilasyon, yon elèv pap resevwa espilasyon obligatwa pou posesyon zam kategori B/Class B Weapon, pou espere gaz lakrimojèn/pwaw (Mace/Pepper Spray) nan yon respidan ki kenbe omaksimòm de (2) ons oswa mwens, epi Direktè Lekòl la verifye epi detèmine elèv la te posede objè a, li pat montre, itilize oswa fè pase objè a.

18. Kòmèt zak kòmmanse dife** - kòmmanse dife, sou kanpis, nan yon evènman lekòl, sou pwopriyete lekòl ak/oswa nan estasyon bis lekòl.

***Pran nòt: Administratè lekòl-la dwe refere elèv-la pou lal patisipe nan yon pwogram lokal, ki rele Fire Starter, pwogram edikatif sou dife. Si paran/gadyen dakò kite pitit-li patisipe nan pwogram Fire Starter, yap wete twa (3) jou sou sispansyon-an. Si elèv la pa konplete avèk siksè pwogram-la, lap blije rekòmanse epi ale pou twa (3) jou ankò nan pwogram-la.*

19. Dirije, rekrute, oswa patisipe sou kanpis lekòl-la dirèkteman ou endirèkteman, pou devlope **aktivite gang jenn moun**. Aktivite-sa-a ka fèt ann asosiyasyon oswa an gwoup twa (3) moun oswa plis; jenn k'ap mennen aktivite gang swa poukont yo swa an gwoup e ki adopte menm modèl kondwit oswa aktivite gang jenn nan lari; pote non komen oswa yon estil komen ki idantifye-yo tankou rad, bijou, bouton, koulè, siy, senbòl oswa mak, tatou, avèk entansyon mennase ak/oswa yo ka yon danje pou sekirite ak lòd piblik.
20. Aparèy elektwonik – itilize aparèy elektwonik pou posede, montre, oswa distribye imaj/foto ki dekri moun nikò oswa aktivite seksyèl; videyo sou vwayeris, oswa itilize yon aparèy elektwonik pou kapte foto-sa-yo, oswa imaj/foto ki vyole dwa moun e moun sila atann aske yo respekte lavi prive-yo.

Note: Montre imaj ki ofanse/choke pap lakòz sanksyon ak konsekans disiplinè si yo detèmine elèv-la touswit' te rapòte oswa te remèt imaj/foto ki ofanse (plizyè imaj/foto) bay yon manm estaf-la.

21. Lòt Gwo - Ensidan Grav/Zak Delenkan - nenpòt move ensidan ak donmaj ki lakòz lekòl bezwen enplike fòsdelòd pou yon konsiltasyon sou ensidan an, direktiv SESIR oswa regleman pat prevwa yon ensidan konsa ta rive; ensidan an pase sou pwopriyete School Board oswa diran aktivite oswa evennman lekòl, oswa diran transpòtasyon lekòl òganize.
22. Itilizasyon teknoloji ak/oswa lojisyèl (sòfwè) distri eskolè-a pou bi ki pa otorize. Sa enkli itilize konpitè ak teknoloji ki pa otorize, epitou san limitasyon, rantr nan oswa san otorizasyon chache aksè nan kont (konpitè) oswa rezo konpitè ki gen restriksyon, kreye, modifiye, oswa detwi san pèmision, fichye/dosye, kopye sòfwè, rantr, distribye, oswa enprime fichye ak dosye ki pa otorize, upload (telechaje) nan Entènèt ak/oswa pataje oswa distribye materyèl chokan ki pa apwopriye, ikonpri videyo ak tout lòt move itilizasyon oswa vyolasyon regleman Itilizasyon aseparab teknoloji Policy 5306 Seksyon VI (School Board of Broward County Technology-Acceptable Use Policy 5306, Section VI).

23. Komèt chantaj - ekstòsyon, mande yon bagay sitou lajan avek fòs oswa mennas

*Note: Pa anrapò ak lekòl - Lòt ensidan grav/Lwa sou delenkan - Anba lwa F.S. §1006.09 (2) yo ka enpoze transfè administratif diferan de Espilsyon/Espilsyon tanporè lè nenpòt elèv koupab yon krim, oswa koupab yon zak delenkan konsidere kòm yon krim si se te yon adilt ki komèt krim la, yon pwokirè deklare elèv la koupab pou yon ensidan ki sipozeman te pase sou **pwopriyete ki pa pwopriyete lekòl piblik**, yo ka mande elèv la ale nan yon sant altènatif, selon regleman State Board of Education (State Board Rule 6A-1.0956) adopte epi règ devlope selon s.1001.54, paske se posib gen yon enpak negatif sou pwogram edikatif, disiplin, oswa byennèt nan lekòl kote elèv la anwole.*

Espilsyon obligatwa

Ensidan akimile selon nivo eskolè (Klas K-2, 3-5, 6-8 ak 9-12) esepite si direktiv founi prezizyon siplemantè. Direktiv *School Environmental Safety Incident Reporting (SESIR)* egzije nou fè rapò ensidan, achemine yo bay Depatman Edikasyon Florid.

Si direktè lekòl-la jije yon elèv te itilize yon enstriman oswa yon bagay pou li defann tèt-li, yo ka pa bay elèv-la yon sispansyon oswa espilse-li. Defans tèt-ou vledi seye “pare” yon atak oswa yon mennas reyèl ki ka lakòz donmaj oswa rete yon konfwontasyon. Sa pa rele defans tèt-ou, lè yon elèv itilize yon enstriman/objè pou vin ou-menm yon agresè oswa kontinye konfwontasyon-an byen lontan apre premye agresè-a kite sa.

Note: F.S. §§776.012, 776.013 ak 776.032, lwa konni sou non Florida Stand Your Ground law, pa aplikab nan ka enkilpasyon konsènan vyolasyon regleman Liv Kòd Kondwit pou Elèv ak/oswa Board Policy 5006.

Dapre atik F.S. §1006.07 (7)(e), si yo sispèk yon sitiyan kote yon elèv ap fè yon kriz mantal oswa an kriz akòz abi yon sibstans, anplwaye lekòl-la dwe swiv direktiv ekip evalyasyon gravite mennas, tabli, epi itilize resous swen pou konpòtman.

Ofans ki lakòz espilsyon obligatwa

Konfòmman ak atik (F.S. §1006.13(3)) si yo detèmine nenpòt elèv k’ap fè klas K-12 komèt youn nan ofans/zak sa yo ki enplike nenpòt elèv, manm estaf, lekòl, zak ki fèt sou pwopriyete lekòl, nan transpòtasyon lekòl, oswa nan aktivite sou patwonaj lekòl-la, avèk oswa san kontinyasyon sèvis edikatif, yo va espilse elèv la, nan lekòl regilye li pou yon tan mwenske ennan (1) epi lekòl-la va refere ka a lajistis oswa nan sistèm jistis jivenil epitou refere elèv-la nan sèvis sante mantal, ke distri eskolè a idantifye pou evalyasyon ak tretman, lè sa nesèsè, konfòmman ak atik F.S. §1006.04 ak atik F.S. §1006.07(7).

1. Zam kategori Class A - Pote yon zamafe oswa zam selon definisyon nan Chapit 790 vledi posede, ap montre, ap itilize, ap vann oswa fè pase zam la.
 - Konfòmman ak atik 790.161, yon moun volontèman epi ilegalman fè, posede, lanse, voye, plase, dechaje oswa eseye fè, posede, lanse, voye oswa plase, dechaje yon aparèy destriksyon.
 - Konfòmman ak lwa atik 790.1615, yon moun ki komèt yon zak ilegalman tankou voye, lanse, plase, oswa dechaje yon aparèy destriksyon oswa yon bonb ki lakòz donmaj nan kò yon lòt moun, kèlkeswa entansyon oswa mank entansyon pou koze yon donmaj konsa.

Pran nòt: Yo ta dwe kòmanse pwosedi espilsyon obligatwa kont yon elèv pou posesyon zam kategori A (Class A Weapon), sòf si yo detèmine nan reyinyon pre-Espilsyon, zam kategori A te nan men elèv-la san li pat konnen, kan li dekouvri oswa pran konsyans de zam-la, elèv-la “touswit” rapòte gen yon zam oswa delivre zam kategori A bay yon manm estaf lekòl-la.

**Mo “touswit” vledi san pèdi tan epi ansanm Direktè lekòl ak Chief Officer for Student Support Initiatives & Recovery/Anplwaye ki deziye ka detèmine sikonstans-yo. Nan ka-sa-yo apwobasyon Sipèntandan lekòl-yo nesèsè.*

2. Fè mennas tiye/Fiziyad an mas - Threat to Kill/Mass Shooting – Konfòmman ak lwa atik F.S. §§836.10, se nenpòt moun ki nan pale l klèman fè yon mennas ak entansyon tiye oswa koze donmaj nan kò, ekri oswa konpoze ak/oswa

1. Mo “touswit” vledi san pèdi tan jan direktè lekòl la detèmine sa apre li te analize tout sikonstans yo nèt epi anvan menm yon lòt moun te gen tan rapòte ensidan an.

voye oswa pwokire yon lèt, kominikasyon ak mo grave, oswa nan kominikasyon elektwonik, kit lèt oswa kominikasyon an siyen oswa anonim, bay nenpòt moun, lèt la ki mansyone **entansyon tiye** oswa **koze donmaj nan kò**, bay moun lèt la oswa kominikasyon an oswa yon lòt moun wè mesaj la, oswa yon mennas tiye oswa koze donmaj nan kò yon manm fanmi, moun ki resevwa lèt oswa kominikasyon an oswa yon lòt moun ki wè mesaj la, oubyen nenpòt moun ki fè, poste, transmèt, yon mennas alekri oswa nan lòt dosye, enkli kominikasyon entènèt/elektwonik pou fè yon **fiziyad** oswa poze yon zak teworis epi moun la ekri sa oswa nan tout lòt dosye yon fason ke yon lòt moun ka wè mennas la, selon definisyon F.S. §§836.10 790.161, 790.1615, 790.162, 790.163, 790.165, ak 1006.13 ki aplikab.

Note: Dapre atik 790.162, li ilegal pou nenpòt moun mennase voye, lanse, plase, oswa dechaje nenpòt aparèy destriksyon avèk entansyon koze donmaj nan kò yon moun oswa ak entansyon koze donmaj sou pwopriyete yon moun.

3. Fè fo rapò/Konplo kòm si se yon blag/Fè fo rapò gen yon bonb - Konfòmman ak atik 790.163, li ilegal pou nenpòt moun fè yon fo rapò/fè fo rapò gen yon bonb, avèk entansyon twonpe, oswa bay nenpòt moun move enfòmasyon, konsènan kote yon bonb, dinamit, oswa lòt anjen eksplozif ki lakòz destriksyon plase, oswa yon zam destriksyon masiv, selon definisyon atik §790.166, oswa konsènan itilizasyon zam yon fason vyolan kont yon moun oswa plizyè moun, ak/oswa annakò ak atik §790.164 konsènan nenpòt zak ensandi oswa vyolans kont pwopriyete.
 - Konfòmman ak atik 790.165, “hoax bomb” “yon bonb fwòd” vledi tout aparèy oswa objè depi nan konsepsyon, konstriksyon, kontni, oswa karakteristik sanble, kenbe, oswa reprezante yon fason se yon aparèy oswa eksplozif destriksyon jan sa defini nan chapit sa, men, anreyalite, se yon kopi ou imitasyon aparèy oswa eksplozif ki pa fonksyone, sou aparans aparèy la se yon aparèy oswa eksplozif destriksyon ki pa gen oken efè destriksyon.
4. Diplis, nenpòt elèv yo jwenn ki komèt youn nan zak-sa-yo sou pwopriyete lekòl-la, nan transpò sou patwonaj lekòl-la, oswa diran yon aktivite sou patwonaj lekòl-la, ap resevwa konsekans/sanksyon ki pi grav pi prevwa nan regleman sa-a, ki se sipansyon obligatwa ak yon transfè administratif pou pwogram Entèkansyon pou konpòtman avèk èd biwo Expulsion Office oswa espilasyon, referal pou al lapolis ak referal pou sèvis konsèy ki apwopriye (counseling), lè sa nesese.
 - a. Maspinen yon moun sa ki lakòz kou ak blesi grav anpil - Aggravated Battery
 - b. Ensandi kriminel oswa eseye mete dife
 - c. Patisipe nan inisyasyon nouvo elèv - Hazing (F.S. §1006.135)
 - d. Tiye yon moun - homicide
 - e. Kidnapin oswa Anlèyman/Fo anprizonman/sekestre
 - f. Atak fizik, nan kò (Battery) sou Anplwaye School Board, Ofisyèl Espò, Ofisyèl Lapolis, Ponpye, Founisè Swen Medikal lè l jans, Anplwaye oswa ajan tranzit piblik, oswa lòt kategori fonksyonè ki espesifye (F.S. §§1006.13(5), 784.081, ak 784.07).
 - g. Vòl oswa komèt yon vòl
 - h. Vyòl (fè kadejak sou yon moun) oswa seye vyole (fè kadejak sou yon moun) (*rape*)

Ensidan asosye ak mennas potansyèl egzije manb ekip ki evalye gravite mennas reyini pou detemine si yo dwe rapòte zak la bay lapolis.

Note: Yon rekonmandasyon pou Pwogram entèkansyon pou konpòtman avèk asistans Ofis Expulsion Abeyance Office, aplikab lè yon elèv lekòl primè komèt yon ofans, anba seksyon sa, si se te yon elèv lekòl segondè ki te komèt zak la li ta jwenn yon espilasyon obligatwa anba direktiv regleman sa.

Konsèy edikasyon Distri ka mande elèv la patisipe nan yon pwogram disiplinè pou rezon kontinye sèvis edikasyonèl diran tan espilasyon. Sipèntandan Distri ka konsidere kòm kondisyon yon (1) ane espilasyon epi adapte sityasyon an dapre chak ka endividyèl epitou mande konsèy edikasyon distri a modifiye kondisyon espilasyon lè lap transfere elèv la nan yon pwogram disiplinè oswa nan yon lekòl ki ofri dezyèm chans; demann modifikasyon dwe alekri epi yo detemine sa nan enterè elèv la ak sistèm eskolè la. Si yon elèv komèt youn nan ofans ki mansyone nan souseksyon sa epi se yon elèv andikape, konsèy edikasyon distri a dwe respekte règ ki aplikab, Komisyon Eskolè adopte (State Board of Education rules (F.S. §1006.13(3)).

KENENPÒT MOMAN nenpòt elèv pa dwe janm posede oswa pote yon zam kèlkeswa kalite zam la sou kanpis lekòl la. Sa pa

yon bagay apwopriye. Lwa federal ak lwa leta mande distri eskolè lokal pou notifiye fanmi, nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, si yo detèmine yon elèv pote yon zam, zam oswa aparèy ak dispozitif elektrik, oswa pistolè ki voye siyal detrès/limiyè (flare gun) nan lekòl-la, nan nenpòt reyinyon nan lekòl la, oswa nan transpòtasyon lekòl la otorize, yo va espilse elèv la, avèk ou san kontinyasyon sèvis edikatif, nan lekòl regilye elèv la pou yon peryòd tan mwenske yon ane epi refere li pou pouswit lajistis.

Posede yon zam, zam oswa aparèy ak dispozitif elektrik, oswa pistolè siyalizasyon, selon definisyon an se lè an tout konesans, ak fèm entansyon, san ou pat fè espere (vledi san ou pat vle fè sa) ou pote yon zam sou pwopriyete lekòl la, nan transpòtasyon sou patwonaj lekòl la oswa nan aktivite lekòl la òganize.

Espilasyon/Espilasyon Tanporè

1. Espilasyon-an ap antre an vigè nan dat School Board pran dènye desizyon-ni, oswa nan ka yon elèv andikape, nan dat Ekip IEP/504 fikse. Men dire tan espilasyon-an pa dwe depase yon ane eskolè apatide dat ofans-la. Diplis, espilasyon ka tanporè, epi yo dwe bay elèv-la opòtinite patisipe nan yon pwogram espilasyon tanporè, ki ofisyèl.
2. Si yon elèv anwole nan yon pwogram espilasyon tanporè/*Expulsion Abeyance Program* oswa nan yon pwogram Sipèrentandan/reprezantan-li rekòmande epi elèv-la konplete avèk siksè pwogram-la epi elèv-la gradye ayeskoul ak yon diplòm, lekòl-la pa dwe dokimante espilasyon an sou relvednòt (transkrip) ofisyèl elèv-la.
3. Manadjè nan Distri a ki jere ka abi sibstans/espilasyon va kontwòle/verifiye si elèv la konplete pwogram espilasyon tanporè oswa selon sa ki konvni ak pwogram la, li va fasilite tranzisyon ak re-entegrasyon/retou elèv la nan pwogram regilye lekòl-li, esepite si sa endike otreman nan regleman sa (policy).
4. Refize oswa pa satisfè kondisyon espesifye nan Kontra espilasyon tanporè/*Expulsion Abeyance Agreement* ka lakòz yo elimine opsyon espilasyon tanporè pou elèv la, epi yo va espilse elèv-la nan Lekol Piblik Broward County ak nan tout pwogram jiskaskè tan espilasyon inisyal an espire. Antre kòd espilasyon apwopriye-a nan dosye pèmanan elèv-la. Lekòl la va transmèt dosye-sa-a bay lekòl ki fè demann lan pou rezon admisyon elèv-la.

Note: Nan ka yon elèv andikape, retounen nan yon plasman eskolè ka ekzije ke Ekip IEP/504 Team pran yon aksyon.

Yo dwe pran tout etap nesèsè pou pwoteje viktim-la de nenpòt zak yo dekri nan regleman-sa-a, pou anpeche elèv-la viktim piplis. Avèk enfraksyon ki ekzije espilasyon obligatwa (Gade nan Seksyon V Policy 5006) oswa zak bully grav ki repete, aksyon-sa-yo kapab fè yo transfere elèv-la (elèv ki komèt zak-la) nan yon lòt lekòl ki pa menm ak lekòl kote ofans-la te kòmet. Se sèl sipèrentandan-an/anplwaye ki deziye, ki kapab transfere yon elèv nan yon lòt lekòl apre li fin ranpli kondisyon obligatwa pou espilasyon tanporè (expulsion abeyance) oswa apre konfòmite avèk pwosedi konplèt kont aksyon bully. Si distri-a deside transfè elèv-la, se Distri-a k'ap bay transpòtasyon. Fè respekte tout "òdonnans pa pran kontak" (no contact orders) Tribinal-la òdonnen. Distri-a pap bay transpòtasyon lè Tribinal-la rann yon òdonnans "pa pran kontak", ki mande transfè elèv-la nan yon lòt lekòl, sòf si gen transpò disponnib epi sa pap koute Distri-a anyen.

Opòtinite pou Pwogram Workback

Konfòmman ak lwa F.S. §1006.13, konsèy edikasyon Distri ka mande yon elèv patisipe nan yon pwogram disiplinè pou sèl rezon elèv-la ka kontinye resevwa sèvis edikatif diran tan espilasyon an. Sipèrentandan lekòl Distri a ka konsidere yon (1) ane espilasyon pou chak ka endividyèl epi mande konsèy edikasyon distri a modifiye kondisyon sanksyon an lè li mande pou elèv-la patisipe nan yon pwogram disiplinè oswa anwole elèv-la nan yon lekòl ki ofri dezyèm chans, demann modifikasyon dwe alekri epitou yo detèmine sa va nan meyè enterè elèv-la ansanm ak sistèm eskolè a.

Elèv k'ap fè klas primè, Klas K-5, apre yon desizyon administratif yo ka plase elèv la nan Pwogram entèvansyon pou konpòtman (Behavior Intervention Program) avèk asistans ofis Expulsion Abeyance Office, pou yon peryòd tan k'ap dire (1) ane eskolè. Elèv klas primè ka konplete pwogram Workback nan 45 jou lekòl epi re-entegre pwogram regilye lekòl-li. Elèv ki pa konplete pwogram Workback nan karantsenk (45 jou), ap gen opòtinite konplete Program Workback nan 90 jou. Si apre 90 jou, elèv-la toujou pa reyisi fini pwogram-la, elèv-la ap fè tan konplèt ki prevwa, baze sou desizyon administratif ki te pran.

Elèv k'ap fè klas segondè, Klas 6-12, lekòl-la va espilse elèv-la pou yon (1) ane. Pou ensidan ki elijib pou Workback konsiderasyon, elèv-la kapab konplete Pwogram Workback nan katrevendis (90) jou, epi re-entegre pwogram regilye lekòl-li. Si apre 90 jou, li toujou pa reyisi fini pwogram-la, elèv-la va fè tan konplèt ki prevwa pou espilasyon-an.

Substance Workback vledi elèv elijib pou retounen nan pwogram regilye lekòl-yo, lè yo konplete avèk siksè pwogram reyabilitasyon Leta sètifye oswa plan tretman. Manadjè nan Distri-a ki jere ka toksikomani va detèmine, baze sou akò anrapò ak egzijans pwogram la, si elèv yo konplete avèk siksè pwogram Workback.

Elèv ki komèt nenpòt nan ofans sa-yo, pap elijib pou Pwogram Workback:

ENSIDAN ESPILSYON OBLIGATWA

1. Fè mennas tiye moun/fiziyad an mas
2. Fè fo rapò/fè fo rapò gen yon bonb (Hoax)
3. Mete dife/Eseye mete dife espre
4. Agresyon seksyèl (Vyòl) (Rape) oswa eseye agresyon seksyèl (Rape)
5. Zam - Kategori A - Weapons - Class A
6. Tiye yon moun (Homicide)
7. Kidnapin oswa Anlèvman/Sekestre
8. Vòlè oswa eseye vòlè
9. Maspine yon moun avèk kou e blesi (Aggravated Battery)
10. Patisipe nan inisyasyon nouvo elèv - Hazing
11. Atak fizik (nan kò) (Battery) sou anplwaye School Board, Ofisyèl espò, Ofisyèl polis, Ponpye, Founisè swen medikal ann ijans, anplwaye oswa ajan tranzit piblik, oswa lòt kategori fonksyonè espesifye (F.S. §§1006.13(5), 784.081, ak 784.07).

Lè elèv-la konplete Pwogram Workback avèk siksè, li dwe re-entegre pwogram regilye lekòl-li, sòf si yo endike diferaman nan regleman-sa-a. Nan ka yon elèv andikape, retounen nan yon plasman eskolè, se yon chanjman nan plasman ki neseste Ekip IEP/504 pran aksyon.

Espilasyon andeyò Distri a ak lòt Aksyon

Omoman premye enskripsyon nan yon lekòl, elèv ki soti nan nenpòt lòt lekòl piblik, prive, charter, oswa yon sant rechèch nan Leta Florid oswa nan yon lòt Eta, elèv sila dwe divilge tout espilasyon li resevwa nan lekòl li te frekante anvan, arestasyon lakòz enkilpasyon, aksyon lajistis jivenil te pran, ak referal nan sèvis sante mantal.

School Board of Broward County, Florida, ap rekonnèt espilasyon oswa ranvwa yon elèv ki te frekante nenpòt lòt lekòl piblik, prive, charter oswa yon sant rechèch nan Eta Florid oswa nan yon lòt Eta, depi zak elèv-la te komèt la jistifye espilasyon-an anba direktiv policy sa.

Si yo te espilse oswa ranvwa yon elèv ki tap frekante lekòl yon lòt distri, lekòl endepandan (charter) oswa lekòl prive epi elèv sila ap chèche admisyon nan distri a, yo pral plase elèv-sa-a nan yon bon pwogram espilasyon tanporè oswa nan yon pwogram Sipèrentandan-an/reprezantan li, rekòmande pou yon tan ki menm ak kondisyon premye ekspilasyon-an. Konfòmman ak lwa Florid F.S. §1012.584(4), yo va refere elèv-la bay sèvis sante mantal ke distri eskolè a te idantifye, depi School Board distri a òdone pou elèv la resevwa sèvis, lè sa apwopriye.

Note: Selon F.S. §1006.07(1)(b), lè yon distri eskolè resevwa yon òdonans final sou espilasyon, ki soti andeyò distri a, anrejistre òdonans final espilasyon nan dosye distri eskolè ki resevwa l epi mete elèv yo espilse a okouran de òdonans final sou espilasyon.

Definisyon Zam

Lekòl-yo dwe fè rapò tout ensidan disiplinè epi achemine rapò yo bay Depatman Edikasyon Florid (FLDOE) konfòmman ak egzijans règ Rule 6A-1.0017 School Environmental Safety Reporting (SESIR) grasa mwayen kominikasyon School Board apwouve. Pou plis oryantasyon adisyonèl konsènan definisyon SESIR ak Lwa Florid ki apwopriye, tanpri konsilte sit <https://www.fldoe.org/safe-schools/discipline-data.shtml>.

Note: Lè Depatman Edikasyon Florid (FLDOE) revize definisyon SESIR epi policy (direktiv) sa poko konplete pwosesis reglemantasyon/adopsyon reg epi aliye avèk chanjman-yo, definisyon FLOE ki sou sit <http://www.fldoe.org/safe-schools/discipline-data.shtml> va ranplase definisyon ki nan direktiv sa.

Nan kad regleman-sa-a, yo klase zam an de kategori, kategori "A" (Class "A") oswa kategori "B" (Class "B"). Yon objè yo defini kòm yon zam kategori "A" konfòmman ak regleman-sa, yo dwe pwouve yon fason definitif se yon zam kategori "A" epi pa konsidere okenn lòt klasifikasyon.

Zam – Kategori A (Posede/Montre/Itilize/Vann/Fè pase) enkli, tout Zam ak Zamafe definisyon-yo nan Chapter 790, Florida Statute

Yon zamafe, enstriman oswa objè ki ka fè yon moun mal grav oswa zam la fè li gen yon krent rezonab li ka blese grav.

Kategori sa, enkli, men pa limite ak:

- Zamafe, (kit li tire kit li pa tire, chaje oswa pa chaje) tankou, men se pa yo sèlman, pistolè amen, ak resò oswa ak elastik, fizi, fizi chas, revolvè yo itilize pou bay siyal kòmansman yon konpetisyon (starter gun)
- Eksplozif pwopilsif oswa anjen destriksyon (kit li mache oswa pa mache), bonb ladann tou.
- Ponya
- Pwen ameriken ak jwenti metalik, fopwen metal enkli nenpòt aparèy oswa enstriman fabrike ak metal oswa lòt materyèl, adapte pou antre nan jwenti dwèt. Gen lòt aparèy ki pa mansyone.
- Baton lapolis
- Gaz lakrimojèn
- Zam oswa aparèy ak dispozitif elektrik tankou stun gun ak taser gun ak lòt zam avek dispozitif elektrik ki pa mansyone.
- Slungshot - yo ka itilize l kòm yon zam. Se yon pwa oswa lòt objè di mare nan bout yon kouwa fleksib
- Zam oswa aparèy chimik ki gen kapasite kenbe pliske de (2 onz) yon pwodi chimik
- Pistolè siyalizasyon ki voye siyal detrès - Flare guns
- Pikaglas
- Kouto – nenpòt kalite kouto yo itilize pou blese yon lòt moun oswa pou entimide/mennase yon lòt moun, enkli men pa limite avèk kouto ak lam fiks (fixed blade knives), kèlkeswa lajè, kouto otomatik (switch blade knives), razwa, oswa koup bwat (box cutter), men kouto tab ki pa file ak kanif òdinè pa ladann (gade zam kategori B/atik pou lòt kouto).

Zam - Kategori B (Posede/Montre/Itilize/Vann/Fè pase) gen restriksyon sou izaj yo sou teren lekòl/pwopriyete lekòl, aktivite ak transpòtasyon sou patwonaj lekòl.

Kategori sa enkli, men pa limite ak:

- Chenn (vledi ki itilize nan kay, nan endistri)
- Tiyò - yon silenn oswa tib kre ki fèt ak metal, bwa, plastik oswa materyèl similè
- Enstriman pwenti oswa objè file, apa founiti klasik (vledi, kreyon, bousòl)
- Nunchakus, Chinese stars (zetwal chinwa)
- Zam oswa aparèy chimik tankou vaporizatè, espre pwav (pepper spray), yon aparèy mace ki ka kenbe de (2) ons pwodi chimik oswa mwens
- Aminisyon nenpòt kalite, tankou bal, katouch fizi, katouch, magazin/magazine clips, men se pa yo sèlman
- Fistibal (Slingshot) - yon kalite zam pou lanse pwojektil. Li fèt pou kenbe nan men oswa aktive ak yon fòs manyèl.

- Likid enflamab oswa materyèl konbistib
- Pwojektii* enkli, men pa limite ak BB guns, fizi plon (di oswa pa di), paint ball guns (revolvè itilize nan jwèt lagè e ki voye bal penti)

**Pran nòt: Lè yon premye ofans komèt, pou elèv nan lekòl primè (Klas K-2), pwojektii la pa dwe fè pati zam/objè kategori B si kondisyon-sa-yo satisfè:*

1. pwojektii la pat chaje; epi
2. elèv la pat an posesyon aminisyon pou pwojektii.

Si tout kondisyon satisfè, pou elèv nan lekòl primè (Klas K-2), pwojektii la pa dwe fè pati zam/objè, kategori B selon regleman (policy) sa.

- Tout lòt kouto** ki fèt ak sibstans ki pa tonbe nan Kategori A zam

Pran nòt: Lè gen yon premye ofans ki komèt, selon diskresyon Direktè lekòl la, li ka deside si yon kouto pa file, bout la won, ki nòmman entèdi, pa dwe fè pati kategori zam Class B si sikonstans sa-yo satisfè:

1. objè-a te itilize sèlman pou konsome manje kòm yon istansil; epi
2. objè-a pa reprezante yon danje pou anviwonman-an

***Pran nòt: Yon istansil an plastik ki sèvi pou manje atab (fabrike pou yon sèl izaj epi ki jetab) pa dwe antre nan okenn kategori, ni lakòz yon sanksyon, pa konsidere kòm yon zam/objè dapre Policy-sa oswa Policy 5006: Suspension and Expulsion.*

- Nenpòt enstriman, zouti, objè, oswa sibstans itilize yon fason mennasan vizavi yon lòt moun

Note: Lwa Florid F.S. §1006.07(2)(g) deklare, fè sanblan w ap jwe ak yon zamafe oswa yon zam se pa yon rezon pou yon aksyon disiplinè, pou yo refere ou nan sistèm jistis penal oswa sistèm jistis jivenil. Fè sanblan wap jwe ak zam, enkli men pa limite ak aksyon sa yo:

1. Leve anlè yon patisri konsome an pati oswa lòt manje pou fè sanblan se yon zamafe oswa zam
2. Posede yon jwèt zamafe oswa yon jwèt zam ki gen 2 pous longè oswa mwens
3. Posede yon jwèt ki gen fòm yon zam, oswa yon zam ki fèt an plastik avèk blòk ki anpile fasil
4. Itilize yon dwèt oswa men w pou fè sanblan wap kenbe yon zamafe oswa yon zam
5. Pale yon fason imajinè de yon zamafe oswa zam imajinè
6. Fè desen, oswa posede yon imaj/foto yon zam
7. Itilize yon kreyon, plim, oswa lòt zouti ekriti oswa desen pou fè sanblan se yon zamafe oswa zam

Sepandan, yon elèv ka sibi sanksyon disiplinè si li fè sanblan lap jwe ak yon zamafe oswa zam epi sa deranje anviwonman aprantisaj lòt elèv, lakòz yon moun blese nan kò-li, oswa fè yon lòt moun gen yon krent rezonnab li ka blese.

Lòt Definisyon nan Regleman sa

Anba enfliyan se lè yon elèv ki frekante yon lekòl oswa prezan nan yon evènman lekòl òganize, li itilize oswa konsome sibstans sikoaktif/ki chanje eta emosyonèl oswa sibstans ki pa otorize dapre definisyon Policy 5006: Suspension and Expulsion **Atak/bat/agresyon grav (aggravated battery)** entansyon reyèl pou fè youn moun mal nan kò-li, maspinen li. Yon agresyon kote agresè a entansyonèlman e an tout konesans lakòz gwo donmaj ak blesi: nan kò, dizabilite pèmanan, lakòz moun lan defigire yon fason pèmanan, itilize yon zam mòtèl; oswa agresè a konnen oubyen li ta dwe konnen viktim la te ansent.

Note: Aplikab nan ka agresyon atak/agresyon, bat yon anplwaye School Board of Broward County, ofisyèl espò, oswa lòt ofisyèl espesifye e ki liste nan F.S. §784.07 ak 1006.13(5), aplikab nan ka yon ofisyèl polis, ponpye, founisè swen sante pou ijans medikal, ak lòt pwofesyon ki liste nan F.S. §784.07. Si ensidan an enplike zam kategori A oswa B (Class A or Class B Weapon), selon direktiv SESIR dokimante zam ki te itilize diran ensidan an.

Alkòl definisyon an se posede, vann, achte, fè pase, distribye oswa itilize bweson alkòl. Itilize vledi yo bare moun nan zak itilize (bwè), li admèt li itilize (bwè) oswa pandan yon investigasyon yo dekouvri li konn itilize (bwè) alkòl.

Note: Selon direktiv SESIR, pa achemine rapò sou ensidan alkòl bay FLDOE kòm ensidan anrapò ak dwòg .

Ankouraje dezòd, pouse fè dezòd se lè gen ankourajman oswa yon moun ede nan konfwontasyon, goumen, dezòd, ak/ oswa vyolasyon nenpòt regleman liv Kòd Kondwit pou Elèv, evènman previzib ki ka afekte abiltè yon elèv pou li aprann, abiltè yon pwofesye pou li anseye oswa gen yon enpak sou kominote lekòl, transpòtasyon lekòl, ou evenman sou patwonaj lekòl.

Pou ensidan ki pase andeyò lekòl-la menm move kondwit la kreye yon koneksyon dirèk avèk kominote lekòl la afekte abilite yon elèv pou li aprann, yon pwofesè pou li anseye, oswa lakòz dezòd sou kanpis lekòl, nan transpòtasyon lekòl oswa nan evennman sou patwonaj lekòl. Ankouraje/kontribye diran ensidan an, pa limite ak:

- anrejistre, montre, poste sou aparèy elektwonik/medya sosyo oswa nan kominikasyon vèbal oswa alekri va pouse fè dezòd **Atak/agresyon seksyèl** se yon ensidan kote ka gen mennas vyòl (kadejak), karese, kontak endesan, abi seksyèl sou timoun (child molestation). Gason kou fi ka viktim agresyon seksyèl.

Arasman seksyèl (Sexual Harassment) vledi fè avans seksyèl, dezagreyab, vèbal ou san pawòl, oswa enkonndwit seksyèl ak jès, sigjere sèks; kondwit la grav oswa pèsistan ase pou kreye yon anviwonman edikatif mennasan, ostil oswa chokan, anbarasan oswa imilyan, oswa entèfere yon fason ki pa aseptab avèk pèfòmans oswa patisipasyon lekòl, selon definisyon Rule 6A-19.008, F.A.C. Yon granmoun oswa elèv ka manifeste enkonndwit seksyèl nou fèk site.

Atak/agresyon seksyèl grav, vyol (rape) se yon ensidan kote gen penetrasyon oral, anal, oswa vajinal, fòse oswa eseye, moun nan itilize yon ògan seksyèl oswa yon objè ki imite yon ògan seksyèl, oswa gen penetrasyon anal oswa vajinal avèk yon lòt pati nan kò oswa yon objè etranje. Gason kou fi ka viktim agresyon seksyèl.

Blesi ki pa grav - Injury minor - se yon donmaj ki egzije sèlman swen premye sekou

Note: ¹Dizabilite/andikap mantal oswa fizik vledi viktim la soufri de yon kondisyon fizik oswa enkapasite mantal akòz yon andikap nan devlopman, twoub òganik serebral oswa maladi mantal, epi gen youn oswa plis limitasyon fizik oswa mantal avèk restriksyon nan abilite viktim la pou li akonpli aktivite nòmal nan lavi toulejou.

Blesi grav anpil - Injury Serious - se yon donmaj ki ekzije se pwofesyonèl swen sante ki kapab trete blesi a oubyen donmaj ak blesi enplike risk lanmò, doulè nan kò ki fè mal anpil; moun lan defigire sa evidan oswa pou yon bon bout tan; pèt oswa andikap pwolonje nan fonksyon yon manm lekò, ògan oswa fakilte mantal (18 U.S.C. 1365(h)(3)).

Bat/Atak fizik (sou kò) definisyon an se frape yon lòt moun kont volonte li, entansyonèlman oswa aktyèlman, oswa aksyon entansyon lakòz andonmaje yon lòt moun.

Bat/Atak fizik (sou kò) Note: Sa aplikab nan ka, bat yon anplwaye School Board of Broward County, yon ofisyè espò, oswa polis, ponpye, sekouris, anplwaye oswa ajan tranzit piblik, oswa lòt fonksyonè nan kategori espesifik ki liste nan atik lwa F.S. § 1006.13(5), F.S. §784.081, F.S. §784.07 definisyon bat se frape yon lòt moun kont volonte li, entansyonèlman oswa aktyèlman, oswa aksyon entansyon lakòz andonmaje yon lòt moun.

Bullying vledi fè yon elèv oswa plizyè elèv oswa anplwaye soufri nan kò oswa gen lapenn ki afekte lespri. Sa kapab fèt sistematikman oswa konstaman, konpòtman ki gen ase potansyèl pou kreye yon anviwonman entimidan, ostil oswa chokan; oswa ki entèfere enjisteman avèk pèfòmans eskolè oswa patisipasyon yon elèv. Bullying enkli sityasyon sibèntimidasyon epi manifeste souvan avèk yon pouvwa dominan.

Deranjman, twoub disiplin enpòtan sou kanpis lekòl, se yon gwo ensidan ki lakòz tout aktivite oswa yon pòsyon enpòtan nan aktivite sou kanpis lekòl, evennman sou patwonaj lekòl, oswa transpòtasyon nan bis lekòl, pètibe. Konpòtman ki deranje disiplin ak lòd poze yon mennas grav nan anviwonman aprantisaj, sante, sekirite, oswa byennèt lezòt. Egzanp gwo deranjman se mennas sote bonb, ensite fè brigandaj oswa tire sonèt alam dife, fè mennas lime ensandi san rezon.

Dwòg, vann, eseye vann, distribye oswa fè pase - definisyon an se vant ilegal oswa distribisyon dwòg. Fabrikasyon, kiltive plant dwòg, vant, distribisyon, oswa fè pase nenpòt dwòg, fèy mariwana, nakotik, sibstans leta kontwole, oswa sibstans prezante kòm dwòg, nakotik oswa sibstans reglemante, Sa enplike posede dwòg avèk entansyon vann.

Enkonndwit seksyèl / Ofans seksyèl (Lòt) -se vilgarite, endesans oswa espoze pati entim kò. Lòt kontak seksyèl, enkli gen rapò seksyèl, san fòse oswa ak mennas enpoze lafòs Enkli tou fòse yon moun fè jès seksyèl endesan, aktivite seksyèl, oswa espoze pati entim kò yon fason endesan.

Fè pase (transmittal) se transfere yon objè, yon bagay, mesaj oswa imaj elektwonik, oswa yon sibstans de yon moun pase a yon lòt. Fè pase yon bagay pa rive nan ka lè moun nan retounen bagay la touswit* bay moun ki te ba-li l la oswa li te remèt bagay la touswit bay yon pwofesè oswa yon administratè lekòl-la. *Mo "touswit" vledi san reta, san pèdi tan.

Goumen/Batay (affray) goumen nan yon espas piblik, batay la deranje lapè piblik

Gwo goumen (Mutual Combat)/altèkasyon / patisipasyon mityèl nan goumen - Se lè de oswa plis moun patisipe sou pwòp volonte-yo nan izaj lafòs oswa fè vyolans fizik ki egzije pwofesyonèl lasante swayen epi trete donmaj ak blesi nan kò.

Goumen-Mwayen (Fighting-Medium) patisipasyon mityèl nan goumen. Se lè de oswa plis moun patisipe sou pwòp volonte yo nan izaj lafòs oswa fè izaj vyolans fizik ki egzije entèvansyon fizik pou restrenn mouvman ak/oswa ekzije swen premye sekou.

Hazing vledi patisipe nan inisyasyon nouvo elèv, nenpòt aksyon oswa sityasyon ki mete andanje sante mantal oswa sante fizik oswa sekirite yon elèv nan yon lekòl, elèv k'ap fè nenpòt klas 6zyèm rive 12zyèm ane, nan bi inisyasyon oswa admisyon oswa afilyasyon nan nenpòt òganizasyon lekòl-la apwouve.

Hazing enkli men pa limite ak fè presyon, kontrenn, oswa fòse yon elèv patisipe nan kondwit dangere oswa ilegal, oswa nenpòt fòm brutalite, move tretman sou kò, tankou fwete, bat, tanpe (branding) oswa espoze nan eleman lanati.

Jounen/jou dwe entèprete kòm jounen pase nan lekòl (jan sa detèmine nan kalandriye eskolè ki aplikab), chak fwa jou/ jounen mansyone nan regleman sa.

Kase kay, kanbriyolaj definisyon an se antre nan yon bildin yon fason ki pa legal. Antre ilegalman oswa rete nan yon kay, yon bildin, oswa transpò avèk entansyon komèt yon krim sou plas.

Kidnapin definisyon an se swa avèk fòs, oswa mennas, konfine, anlve, oswa anprizone yon lòt moun kont volonte li epi san otorite legal.

Komantè/Aksyon diskriminatwa Konfòmeman ak chapit 775.085 F.S. ak Manyèl rapò krim rayisab Polis Depatman Florid, Rapò anyèl/rapò krim rayisab Pwokirè/Premye Janvyè – 31 Desanm, 2008, definisyon an se izaj mo, fraz, medya sosyo, aksyon/revanch, jès, senbòl oswa imaj diskriminatwa ki kalomnye/denigre oswa demanyè rezonab, previzib gen yon enpak negatif sou yon moun, oswa kominote, moun/gwoup. Sa enkli, men pa limite ak, sèks, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, ras, koulè po, relijyon, etnisite, nasyonalite, konviksyon politik, eta sivil, laj, oryantasyon seksyèl, milye sosyal ak famiyal, langaj, gwosès, oswa preferans lengwistik, oswa andikap mantal/fizik¹, oswa lòt gwoup minoritè.

Kondwit/konpòtman vyolan defini kòm izaj fòs fizik ki koze donmaj, blesi, vyole oswa fè abi sou yon lòt moun oswa sou pwopriyete.

Laj majorite yon elèv se yon elèv ki gen dizwitan (18 ane) oswa plis.

Lòt ensidan grav/zak delenkan - lòt gwo ensidan definisyon an se nenpòt moun ki komèt nenpòt zak diran yon ensidan, grav epi danjere, ki debouche sou yon konsiltasyon avèk lapolis, konsiltasyon ki pat prevwa nan direktiv SESIR oswa nan regleman Direktiv sa; ensidan an te pase sou pwopriyete School Board, pandan evennman oswa aktivite eskolè, oswa diran transpòtasyon eskolè.

Lòt zak oswa deli minè enkondwit se zak ki pa konstitiye yon mennas pou sekirite lekòl epi ki pa ekzije lekòl la antre an konsiltasyon ak lapolis/fòsdelòd (F.S. §1006.12(2)(c)). Zak yo enkli, men pa limite ak:

1. Elèv dezobeyi delibereman;
2. Defye otorite yon manm estaf;
3. Itilize langaj vilgè oswa endesan; oswa
4. Souvan manifeste yon kondwit ki entèfere ak abiltè pwofesè a pou kominike efikasman;
5. Ensidan ki esplike nan Plan Disiplin (Discipline Matrix)

Note: Yon elèv ka sibi yon sanksyon disiplinè ak/oswa patisipe ekzijbleman nan yon pwogram entèvansyon School Board apwouve, konfòmeman ak Policy 5.8: Plan Disiplin Kòd Kondwit pou Elèv. Kritè patisipasyon nan pwogram la, enkli, tip ensidan selon vyolasyon regleman, frekans, laj elèv epi karakteristik esepasyonèl.

Lot ensidan grav/zak delenkan - ki pa anrapò ak lekòl Konfòmeman ak atik F.S. §1006.09(2), yo ka enpoze transfè administratif ki fèt andeyò Espilasyon/Espilasyon tanporè lè yon elèv koupab yon krim, oubyen koupab yon zak delenkan konsidere kòm yon krim si se te yon adilt ki komèt krim la, yon pwokirè deklare elèv la koupab pou yon ensidan ki sipozeman te pase sou yon pwopriyete ki pa pwopriyete yon lekòl piblik, yo ka mande elèv la ale nan yon sant altènatif, konfòmeman ak règ State Board of Education (State Board Rule 6A-1.0956) epi règ devlope selon s. 1001.54, paske se posib ka gen yon enpak negativ sou pwogram edikatif, disiplin, oswa byennèt nan lekòl kote elèv la anwole

Maltrete kamarad klas definisyon an se pawòl oswa aksyon ki fèt dirèkteman oswa endirèkteman vizavi yon lòt kamarad sa lakòz kamarad la mal/blese nan santiman li; se posib pawòl oswa aksyon ka afekte pèfòmans nan edikasyon, opòtinite oswa benefis elèv-la. Sa enkli tou deklarasyon elektwonik.

Mennas/entimidasyon definisyon an se fè lezòt gen laperèz. Yon ensidan kote pa gen oken kontak fizik ant koupab e viktim, men viktim la resanti li te andanje fizikman, danje ki ta reyalize, senpleman baze sou kominikasyon vèbal oswa nonvèbal de koupab la. Sa enkli mennas nonvèbal (egzanp montre yon zam) epitou mennas vèbal yon moun fè an-pèsonn swa elektwonikman oswa selon lòt mwayen kominikasyon.

Mennas pasaje definisyon nan Policy 2130: Evalyasyon gravite mennas dapre konpòtman (BTA) kòm rezilta yon risk.

Mennas reyèl grav defini nan Policy 2130: Evalyasyon gravite mennas dapre konpòtman (BTA) kòm rezilta yon risk.

Mennas reyèl trè grav defini nan Policy 2130: Evalyasyon gravite mennas dapre konpòtman (BTA) kòm rezilta yon risk.

Mete dife (arson) definisyon an se mete dife entansyonèlman. Se lentansyon koze donmaj oswa fè yon donmaj rive, swa avèk dife oswa esplozyon, nan yon kay, bildin, oswa transpò, kit espas la okipe oswa pa okipe, oubyen detwi tout bagay nan yon espas. Lekòl la pa blije fè rapò dife ki pa entansyonèl, ki rive nan sikonstans aksidantèl, oswa ki pa koze donmaj epi rantrè raoò a nan sistèm elektwonik SESIR.

Paran/Fanmi fè referans a manman oswa papa ou toude paran yon elèv, gadyen legal, fanmi sibstitisyon oswa nenpòt moun ki gen relasyon fanmi ak yon elèv, oswa nenpòt moun ki gen otorite sipèvizè elèv-la nan plas fanmi-li.

Posesyon se kontwòl atik, objè, sibstans, byen oswa pwopriyete, an tout konesans, entansyonèlman, volontèman oswa envonlontèman.

Trespassing se antre ilegalman sou kanpis lekòl. Antre oswa rete sou teren lekòl, nan transpòtasyon sou patwonnaj lekòl, oswa nan evenman sou patwonnaj lekòl, san otorizasyon oswa envitasyon epi pa gen yon rezon valab pou sou plas.

Tabak - Definisyon: Sigarèt oswa lòt kalite tabak/nicotin. Posesyon, izaj, distribisyon, fè pase oswa vant tabak oubyen lòt kalite pwodi nikotin sou kanpis lekòl la, nan evènman ak aktivite lekòl la òganize, oswa nan transpòtasyon lekòl la òganize. Tout aksyon sa yo entedi pou elev, anba laj 21 ane.

Nòt: Selon direktiv SESIR pa rapòte bay FLDOE ensidan tabak kòm ensidan dwòg.

Sibstans sikoaktif/ki chanje eta emosyonèl se nenpòt sibstans ki nwizib oswa ki ka nwizib pou konsomatè a oswa pou lezòt, enkli men pa limite ak, alkòl oswa bweson alkòl, fèy mariwana (mwenske 20 gram), alisinòjèn/entoksikasyon chimik, inalan, medikaman achte sou kontwa, ke elèv la pran plis pase dòz ki preskri a. Medikaman achte sou kontwa, [Over-the-counter (OTC) medications] se medikaman yo vann konsomatè a dirèkteman san preskripsyon doktè oswa san preskripsyon yon founisè swen sante ki gen lisans.

Sibstans ki pa otorize definisyon an se nenpòt nakotik, sibstans leta reglemante, oswa sibstans/dwòg itilize pou entoksikasyon chimik. Itilize vledi yo bare moun lan ap pran sibstans la, li admèt li itilize sibstans la oswa yo dekouvri diran yon envestigasyon li te itilize sibstans la. Sa enkli:

1. nenpòt sibstans/dwòg ki konsidere ilegal anba Chapit 893
2. nenpòt dwòg oswa sibstans leta reglemante epi konwole ki konsidere kòm yon krim anba Lwa Florid
3. derive cannabis, enkli men pa limite ak, mariwana epi hemp, ak derive plant, enkli, men pa limite ak, pwodi THC epi CBD
4. medikaman doktè pa preskri elèv-la men elèv la gen medikaman an an posesyon-li, oubyen nenpòt preskripsyon medikaman Regleman, Policy 6305 pa otorize.

Tiye, touye yon moun (homicide) definisyon an se lè yon moun tiye yon lòt moun, zak la pa jistifye.

Ti vòl/vòl (Mwenske \$750) se lè san otorizasyon, ou pran, pote, ale ak, oswa kache pwopriyete yon lòt moun, machin ladann tou, san mennas, vyolans oswa donmaj nan kò. Atik/objè dwe gen yon valè mwenske \$750.

Vòl (Egal oswa pliske \$750) se lè san otorizasyon, ou pran, pote, ale ak, kache pwopriyete yon lòt moun, machin ladann tou, san mennas, vyolans oswa domaj nan kò. Atik/objè dwe gen yon valè de \$750 oswa plis.

Vòl (robbery) se lè gen izaj fòs pou pran yon bagay nan men yon lòt moun. Pran oswa eseye pran yon bagay de valè ke yon lòt moun oswa òganizasyon posede, nan sityasyon konfli, swa ak fòs, mennas fòs oswa vyolans, ak/oswa fè viktim la efawouche

Vandalis (Egal oswa pliske \$1,000) defini kòm destriksyon, gwo domaj, oswa vandalis sou pwopriyete yon lekòl. Se destriksyon, domaj oswa vandalis entansyonèl sou yon pwopriyete piblik oswa prive/pèsonèl san konsantman pwopriyete a oswa moun k'ap siveye oswa jere pwopriyete a.

Vandalis (Mwenske \$1,000) defini kòm destriksyon, gwo domaj, oswa vandalis sou pwopriyete yon lekòl. Se destriksyon, domaj, oswa vandalis entansyonèl yon pwopriyete piblik oswa prive/pèsonèl san konsantman pwopriyete a oswa moun k'ap siveye oswa jere pwopriyete a.

Nou kite paj sa vid espre.



SEKSYON

X

**Dwa pou fè Apèl/Rekonsidere
Desizyon Administratif ak Pwosedi
pou Pote Plent**

PWOSEDI APÈL EPI PWOSEDI POU POTE PLENT

Gendelè yon elèv kwè li pa merite yon pinisyon/sanksyon yo ba-li. Pifò pwoblèm ka regle si elèv-la pale ak pwofesè oswa ak manm pèsonnèl ki konsènen-an. Si elèv-la pa santi li alèz ak moun-sa li ka mande yon reyinyon ak otorite konpetan ki vin sou tèt moun-sa-a. Elèv-la gen dwa mande pou yon twazyèm moun prezan nan reyinyon-an tankou yon konseye, soudirektè, yon lòt manm pèsonnèl, yon tradiktè, yon entèprèt oswa yon avoka. Paran andwa prezan nan reyinyon-an.

Si apre diskisyon pwoblèm nan pa rezoud, elèv la gen dwa fè demach sa yo:

1. Elèv la dwe ekri Direktè/Direktris lekòl la (principal) yon lèt avèk yon deklarasyon, nan senk (5) jou, apre dènye notifikasyon/kominikasyon konsènan konsekans disiplinè oswa ensidan. Deklarasyon nan lèt la dwe esplike sa ki te pase, kilè sa te pase, ki moun ki te enplike nan sitiyasyon an, epi kouman paran/elèv ta renmen wè nou rezoud pwoblèm la. Yon kopi lèt avèk deklarasyon an dwe klase epi konsève nan dosye edikasyon. Direktè lekòl la oswa administratè ki okouran plis de ensidan an, gen 5 jou lekòl pou bay elèv la yon repons ekri.
2. Si pwoblèm la pa rezoud nan senk (5) jou apre ou resevwa repons ekri de lekòl la, paran (toute paran)/elèv kapab ekri Sipèrèntandan Rejyonal oswa Asosye/reprezantan li (*Regional or Associate Superintendent/designee*) adrese lèt la nan ofis rejyonal espesifik ki reprezante lekòl la, pou mande yon randevou. Yon kopi premye lèt-la avèk deklarasyon ou te fè epi repons lekòl la, si ou te resevwa youn, dwe akonpanye lèt demann randevou. Ou va jwenn annapre ofis Sipèrèntandan Rejyonal ak Asosye pou Lekòl Piblik Broward County:
 - North Regional Office (Ofis Rejyonal Nò) - Pompano Administrative Center
 - Central Regional Office (Ofis Rejyonal Sant) - Lauderdale Manors Early Learning & Community Resource Center
 - South Regional Office (Ofis Rejyonal Sid) - Walter C. Young Middle School - Ofis Rejyonal Sid
 - Non-traditional Schools (Lekòl Non-tradisyonèl) - Pompano Administrative Center - Lekòl non tradisyonèl

Nan ka Lekòl Charter: Si pwoblèm-nan pa rezoud nan senk (5) jou lekòl konte apre dat repons ekri ou resevwa de lekòl-la, paran/elèv lekòl Charter dwe fè yon demann, alekri, pou mande yon reyinyon avèk Governing Board-la (Komite direksyon).

Demach 3-5 ki dekri anba a pa aplikab nan ka elèv ki frekante lekòl Charter.

3. Lè li resevwa lèt-sa, Sipèrèntandan Rejyonal oswa Asosye/reprezantan li, k'ap travay nan ofis rejyonal espesifik ki reprezante lekòl la, va fè yon reyinyon avèk elèv Distri-a epi manman oswa papa (ou toulede) nan senk (5) jou lekòl. Moun oswa plizyè moun ki konsènen avèk pwosedè apèl, Direktè lekòl-la, elèv Distri a, manman oswa papa (ou toulede), epi reprezantan paran chwazi, dwe prezan nan reyinyon an. Avoka gen dwa prezan kòm reprezantan swa elèv Distri-a/manman oswa papa (ou toulede) ak/oswa avoka reprezantan lekòl-la. Sipèrèntandan Rejyonal oswa Asosye/reprezantan li, k'ap travay nan ofis rejyonal espesifik ki reprezante lekòl la gen senk (5) jou lekòl apre dat reyinyon-an pou achemine yon repons ekri bay elèv Distri a ak paran-li.
4. Apre li fin fè tout demach sa-yo, si paran/elèv Distri a pa satisfè toujou, yo gen dwa pote pwoblèm la devan biwo Sipèrèntandan/anplwaye ki deziye, epi swiv pwosedè ak esplikasyon anwo paj la.
5. Sipèrèntandan-an/anplwaye ki deziye va fè yon lòt reyinyon pou chache solisyon epi eseye rezoud pwoblèm-la. Apre dat reyinyon-la, Sipèrèntandan-an/anplwaye ki deziye gen senk (5) jou lekòl pou achemine yon repons ekri bay elèv-la. Desizyon Sipèrèntandan an/anplwaye ki deziye se yon desizyon final tout deklarasyon apèl (appeal) kenepòt sanksyon ki te fikse pou mwens pase dis (10) jou sispansyon. Pou deklarasyon apèl sispansyon dis (10) jou, paran/elèv Distri a gen dwa ale devan School Board pou konteste desizyon an; soumèt yon deklarasyon apèl nan ofis Sipèrèntandan an.
6. Yon elèv dwe fè tan sispansyon-li annatandan dezisyon otorite konpetan ki resevwa apèl-la Si elèv-la ganyen kòz-la, yo dwe pote koreksyon nesèsè nan dosye elèv-la epi wete tout endikasyon sispansyon epi tout absans-yo kounyea ap repòte kòm absans "ki eskize," pou tan ki te an diskisyon. Konsilte Seksyon I, osijè devwa ratrapaj (make-up work.)

PWOSEDI POU POTE PLENT/KONPLENT kont DISKRIMINASYON, BULLYING ak/oswa ARASMAN, enkli SECTION 504 DISKRIMINASYON POU RAPOTE DISKRIMINASYON, BULLYING ak/oswa ARASMAN

Nenpòt elèv Distri a ki kwè li viktim diskriminasyon oswa arasman baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonnalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksèl, elèv la ka kontakte Direktè Equal Educational Opportunities (EEO)/ADA Compliance Department & Kodonatè Ekite Distri a/Kodonatè Distri Title IX, poste lèt la, adrès 600 Southeast Third Avenue, 14th Floor, Ft. Lauderdale, Florida 33301, telefòn 754-321-2150, Teletype Machine (TTY): 754-321-2158 ak/oswa voye yon imel nan adrès elektwonik EEO@Browardschools.com. Pou konplèt konsènan diskriminasyon ou kapab kontakte biwo Office for Civil Rights, 61 Forsyth Street, S.W., Suite 19T70, Atlanta, GA 30303, oswa Office for Civil Rights, biwo federal oswa biwo Leta pou dwa sivil.

JAN POU RAPOTE DISKRIMINASYON SECTION 504


Yo tabli demach-sa-yo pou konfòme ak lwa sou rezolisyon plent/(konplèt endividyèl anba Section 504/ADA. Moun ki aflije e ki pa satisfè avèk aksyon Distri-a, lalwa pa anpeche-li pote plent, si li vle, nan biwo federal oswa nan biwo Leta, anvan menm li fin epwize tout pwosedè konplèt ak Distrik eskolè a.

Nan diskisyon enfòmèl pou w jwenn rezolisyon sou kesyon Section 504/ADA avèk asistans manm pèsònèl Distri eskolè a, ki otorize patisipe, si diskisyon yo pap abouti, konsidere fè lòt demach-sa-yo ki mansyone anba. Kenbe tout dokiman ki rapòte sa ki te pase nan reyinyon, diskisyon, elatriye. Manm pèsònèl Distri eskolè a ki otorize patisipe se pwofesè, moun ki lyezon pou Section 504, konseye, administratè lekòl, elatriye.

1. Si yo pa pran okenn desizyon pou rezoud pwoblèm la nan diskisyon enfòmèl preliminè, paran/gadyen oswa elèv Distri a ka ranpli fòm Grievance Filing Form (fòm pou pote plent) ke direktè a ba-li. Soumèt fòm ou konplete a bay direktè lekòl Distri a nan kenz (15) jou lekòl.
2. Direktè lekòl la distri a gen kenz (15) jou lekòl apre li resevwa konplèt ekri, pou fè pleyan an konnen desizyon li sou fòm Grievance Resolution Notice (Notifikasyon rezolisyon konplèt). Nan desizyon-an direktè a ka apwouve, modifye, oswa refize solisyon/rezolisyon yo pwopoze a.
3. Si paran/gadyen oswa elèv Distri eskolè a pa satisfè ak repons ki soti apre li fè demach nimewo 2, li ka pote plent devan Direktè, Equal Educational Opportunities (EEO)/ADA Compliance Department & Kodonatè Ekite Distri a/Kodonatè Title IX, kontakte li swa pa lapos, adrès 600 Southeast Third Avenue, 14th Floor, Fort Lauderdale, Florida 33301, telefòn 754-321-2150, Telephone Machine (TTY): 754-321-2158 ak/oswa voye yon imel, nan adrès elektwonik, EEO@Browardschools.com, Direktè a va enfòmè paran/elèv de dwa-yo anba Section 504/ADA, san bliye dwa-li pou yon chita tande/odyans (hearing) san patipri konfòmeman ak regilasyon federal epi Leta a. Depatman *Equal Educational Opportunities* va mennen yon envestigasyon, reyini pati ki konsènen ansanm ak avoka-yo, epi detèminen si gen rezon vre, kòz pwobab pou kwè te gen diskriminasyon kont elèv Distri-a. Detèminasyon kòz posib va enkli rekòmandasyon espesifik pou amelyore konpòtman epi pran aksyon korektif.



Dwa pou fè apèl, rekonsidere desizyon administratif



A stylized graphic featuring a grey city skyline silhouette against a background of diagonal grey stripes. Below the skyline is a silhouette of a beach with several palm trees. A signature, possibly 'Edi Aj', is visible on the right side of the beach silhouette.

ANÉKS

Plan Disiplin

Nou kite paj sa vid espre.

Kisa Plan Disiplin ye?

Plan Disiplin: Se yon zouti pou Administratè-yo kapb fikse epi aplike konsekans ak sanksyon pou move kondwit ki grav anpil

Plan Disiplin (Discipline Matrix) se yon zouti pou pèmèt administratè yo reyaji selon sikonstans lè elèv-yo komèt vyolasyon grav, dapre Liv Kòd Kondwit pou Elèv (Code of Student Conduct.) Plan sa a prepare pou kenbe menm estanda disiplin nan tout nivo atravè Distri a konsa yo va disipline elèv-yo avèk jistis nan chak lekòl lè konpòtman yo ekzije sanksyon disiplinè andeyò saldeklas. Gen kat vèsyon diferan. Plan an fikse entèvansyon ak konsekans pou elèv k'ap fè klas sa yo: Grades K-2; 3-5; 6-8 ak 9-12.

Ou va jwenn nan paj swivan, kopi Plan Disiplin-la (Discipline Matrix) ki va ede ou-menm ak pitit-ou konprann konsekans ki ka rive lè gen gwo vyolasyon regleman lekòl. Alòske pifò fanmi pa bezwen familiarize li ak Plan Disiplin-lan, School Board ak Distri-a vle asire fanmi-yo byen enfòmè sou aksyon administratè lekòl kapab pran lè elèv-yo gen move kondwit. Plan Disiplin-nan (Matrix) otorize administratè-yo fikse menm konsekans-yo, kèlkeswa lekòl pitit-ou ale.

KIJAN MWEN KA LI EPI KONPRANN TABLO PLAN DISIPLIN LA (MATRIX)?

Plan Disiplin la eslike vyolasyon regleman-yo; menmjan ak kopi Liv Kod Kondwit pou Elèv ou resevwa-a. Chak tip ensidan gen entèvansyon ak konsekans pou chak vyolasyon. Lèt andedan kare konsekans koresponn ak “Lejann - Aksyon ak sanksyon disiplinè”. Lè yon elèv komèt yon premye ofans (vyolasyon regleman) pou yon ensidan, yo kapab pran aksyon disiplinè ki mansyone andedan kare pou Premye Konsekans. Yon dezyèm ofans va nan kare pou 2^{zyèm} Konsekans, ensidswit. Li enpòtan pou note, administratè lekòl-yo gen gran libète pou aplike lòt sanksyon ak pinisyon ki apwopriye e ki diferan de direktiv Plan Disiplin-la. Kidonk, administratè a ka bay yon sanksyon si li jije gen sikonstans espesyal ki apeze oswa agrave yon sitiyasyon.

ÈSKE GEN LÒT BAGAY MWEN TA DWE KONNEN?

Wi. Plan Disiplin-lan pa aplikab nan ka sipèvizyon ak jesyon saldeklas etandonne yon pwofesè responsab tabli règ disiplin nan saldeklas li, men Plan disiplin-la ofri etap disiplin pwogresif. Lè yon elèv vyole regleman-yo, yon direktè lekòl ak/oswa anplwaye deziye oblije nan sitiyasyon sa bay elèv la konsekans ak sanksyon disiplinè ki prevwa. Lyore règ saldeklas souvan, va blije yon pwofesè mande refere yon elèv bay yon administratè men kèk vyolasyon regleman, egzanp posesyon zam, atak, arasman seksyèl, ekzije administratè inisye yon premye aksyon administratif.

Chak ane, yo revize Liv Kòd Kondwit pou elèv. Diferan gwoup nan Distri-a ki enterese, fanmi, pwofesè, administratè, konseye ak lòt reprezantan kominote-a revwa Plan Disiplin-la.

KI KOTE POU MWEN ALE SI MWEN BEZWEN PLIS ESPLIKASYON SOU DOKIMAN SA?

Tanpri rele administratè lekòl ou, si ou bezwen plis esplikasyon sou Plan Disiplin la (Discipline Matrix).

Nou kite paj sa vid espre.

Broward County Public Schools

Plan Disiplin Administratif - Administrative Discipline Matrix

PRAN NOT: Plan Disiplin tabli direktiv ki fikse konsekans pou vyolasyon regleman School Board. Direktè lekòl kapab aplike lòt konsekans/sankasyon ki pa nan Plan Disiplin la selon si li jije gen sikonstans ki apeze oswa agrave yon sityasyon. Direktè-yo gen otorite bay yon pinisyon/sankasyon, yon nivo ki pi ba lè yap aplike konsekans selon Plan Disiplin, sòf pou ensidan anrapò ak dwòg/sibstans epi ensidan anrapò ak disiplin pwogresif ki ekzije rekonmandasyon pou espilasyon oswa entèvansyon pou konpòtman avèk asistans biwo espilasyon tanporè, Expulsion Abeyance Office, selon espikasyon plan disiplin.

Konfòmman ak lwa F.S. §1006.04 ak F.S. §1006.07(7), referal pou sèvis sante mantal dwe fèt an konsiltasyon ak ekip evalyasyon gravite mennas.

Dapre lwa F.S. §1006.13, ekip evalyasyon gravite mennas dwe konsilte ak lapolis lè yon elèv manifeste menm tandans move kondwit ase souvan baze sou zak li te komèt anvan, oswa sou gravite zak-la ki ta koze yon mennas pou sekirite lekòl la. Konsilte Policy 2130: Threat Assessment (Evalyasyon Mennas) pou plis enfòmasyon anrapò ak mennas.

Note: Yon ekip evalyasyon gravite mennas kapab itilize lòt mwayen altènatif ki ranplase espilasyon oswa voye yon referal bay lapolis, sòf si itilizasyon mwayen altènatif va poze yon mennas pou sekirite nan lekòl la.

PROMISE se yon pwogram eskolè prearestasyon/divèsyon; elèv ki elijib dwe gen omwens 11zan ak/oswa anwole nan yon pwogram eskolè 6-12 Distri a. Pou elèv sa yo ensidan PROMISE akimile avèk maksimòm twa (3) referal nan pwogram la; pwogram la asepte yo jouk rive klas 12zyèm ane. Patisipasyon elèv yo dwe byen dokimante nan sistèm enfòmasyon, Juvenile Information System Prevention Web.

Yon rekomandasyon pou Pwogram entèvansyon pou konpòtman avèk asistans Ofis Expulsion Abeyance Office aplikab lè yon elèv lekòl primè (Klas K-5) komèt yon ofans (vyolasyon regleman) si se te yon elèv lekòl segondè ki te komèt zak-la li tap resevwa yon espilasyon obligatwa anba regleman School Board Policy 5006.

Sèl administratè nan lekòl-yo anchaj adrese ensidan SESIR tout nivo. Pou ensidan nan kategori sa, ensidan ka akimile selon nivo eskolè (Klas K-2, 3-5, 6-8 ak 9-12), esepite si direktiv la ofri espesifite adisyonèl. Lekòl la dwe fè yon rapò ensidan epi achemine rapò a bay Depatman Edikasyon Leta Florid selon direktiv Rapò ensidan sekirite nan anviwonman lekòl [School Environmental Safety Incident Reporting (SESIR)].

Note: Sa entèdi pwopoze pwogram altènatif ki ranplase sispansyon eskètèn (AES) oswa sispansyon andeyò lekòl (OSS) nan plas sispansyon anndan lekòl (ISS) lè Plan Disiplin la rekonmande aksyon sa.

**LEJANN - AKSYON AK SANKSYON DISIPLINÈ
KONSEKANS/ENTÈVANSYON ADMINISTRATIF**

Pou vyolasyon regleman ki ekzije yon aksyon administratif, dokimantasyon nan DMS ak kontak fanmi obligatwa. Lekòl ki konsène e idantifye va dokimante konsekans disiplinè nan TERMS C26 Panel. Lè yap disiplinè elèv andikape ESE/504, yo dwe swiv lwa Leta ak lwa gouvènman federal epi regleman ak direktiv School Board.

A. Kontak/Konferans, reyinyon ak Paran (Obligatwa pou chak ofans)	AA. Sispansyon nan lekòl: 3-5 Jou
A1. Reyinyon tranzisyon onivo administratif (Manm estaf fè demann lan)	AA1. Sispansyon andeyò lekòl: 1 Jou (AES otorize)
A2. Ekip kolaboratif pou rezoud pwoblèm-(MTSS/Rtl) Referral (avèk entèvansyon dokimante kòm Nivo I-Tier I- estrateji nan BASIS)	BB. Sispansyon andeyò lekòl: 1-2 Jou (AES otorize)
B. Referral a Ekip kolaboratif pou rezoud pwoblèm (MTSS/Rtl)	BB1. Sispansyon andeyò lekòl: 1-2 Jou (PROMISE AES Obligatwa)
B1. Konsidere referral a Ekip evalyasyon mennis nan konpòtman-BTA (Administratè dwe konsilte (omwen) avèk yon lòt manm ekip BTA nan lekòl la pou detèmine nan yon desizyon final si evalyasyon BTA te justifye)	CC. Sispansyon andeyò lekòl: 2 Jou (AES otorize)
	CC1. Sispansyon andeyò lekòl: 3 Jou (AES otorize)
C. Swiv potokòl evalyasyon mennis/ Behavioral Threat Assessment Team (BTA)	DD. Sispansyon andeyò lekòl: 3-5 Jou (AES otorize)
D. Konfiske/sezi (lè sa aplikab)	DD1. Sispansyon andeyò lekòl: 3-5 Jou (PROMISE AES Obligatwa)
E. Restitisyon (lè sa aplikab)	EE. Sispansyon andeyò lekòl: 4 Jou (AES)
E1. Refere elèv la bay Sèvis Sante Mantal (lè sa nesèsè)	EE1. Sispansyon andeyò lekòl: 4-5 Jou (AES otorize)
F. Referral elèv la a Manadjè ki jere ka abi sibstans danjere	FF. Sispansyon andeyò lekòl: 6-9 Jou (AES otorize)
G. Refere elèv la a Travayè sosyal	GG. Sispansyon andeyò lekòl: 2 Jou (PROMISE AES Obligatwa)
H. Refere elèv la bay Konseye lekòl la	HH. Sispansyon andeyò lekòl: 3 Jou (PROMISE AES Obligatwa)
I. Refere elèv la bay Konseye lafanmi - Family Counselor	II. Sispansyon andeyò lekòl: 4 Jou (PROMISE AES Obligatwa)
J. Kontra kolaborasyon soutni prezans elèv lekòl (enkli Paran, administrasyon, elèv, konseye lekòl, & travayè sosyal)	JJ. Sispansyon andeyò lekòl: 6 Jou (PROMISE AES Obligatwa)
	JJ1. Sispansyon andeyò lekòl: 6 Jou (AES otorize)
K. Kontra kolaborasyon pou konpòtman (enkli Paran, administrasyon, elèv, konseye lekòl, & travayè sosyal)	KK. Sispansyon andeyò lekòl: 9 Jou (PROMISE AES Obligatwa)
L. Konsiltasyon pou konpòtman avèk sipò kourikoulòm (konsiltasyon disponib tou pou nenpòt tip ensidan avèk sipò leson)	KK1. Sispansyon andeyò lekòl: 9 Jou (AES otorize)
M. Avètisman vèbal	LL. Sispansyon andeyò lekòl: 10 Jou (PROMISE AES Obligatwa)
N. Detansyon/pinisyon (1)	MM. Sispansyon andeyò lekòl: 10 Jou (AES otorize)
N1. Pinisyon lesamdi	NN. Rekonmandasyon pou Pwogram entèvansyon pou konpòtman avèk asistans ofis espilasyon tanporè/Expulsion Abeyance Office
O. Detansyon/pinisyon miltip (2-3)	OO. Rekonmandasyon pou espilasyon obligatwa
P. Ensidan elijib PROMISE (Elèv Distri a 11 ane oswa pigran oswa nan klas Anne 6-12)	PP. Kontra altènatif avèk sipèzisyon -Alternative Probationary Contract
	QQ. Kontra pwobasyon abi sibstans - Probationary Substance Contract (PSC)
	QQ1. PSC - Sispansyon andeyò lekòl: 8 Jou (AES otorize)
	QQ2. PSC - Sispansyon andeyò lekòl: 8 Jou (PROMISE AES Obligatwa)
Q. Travay ak sèvis kominotè nan lekòl/kominote	RR. Bis – Reprimann vèbal oswa ekri
R. Konsekans espesifik lekòl la apwouve	SS. Bis – 3 Jou sispansyon - Elèv la pap ka monte nan bis la
S. Rapòte kòd ensidan bay Leta	TT. Bis – 1 a 10 Jou - Elèv la pap ka monte nan bis la
	UU. Bis – 10 Jou sispansyon - Elèv la pap ka monte nan bis lekòl la
T. Sispansyon nan lekòl (mwenske yon jou)	VV. Bis – Espilasyon pou rès ane eskolè a - Elèv la pap ka monte nan bis la
U. Pinisyon/diipline elèv (Time Out)	WW. Pandan 1 ane, pèt privilèj patisipasyon nan tout aktivite eskolè lekòl la apwouve
V. Entèvansyon adisyonèl (lè sa apwopriye)	XX. Pandan 1 ane, pèt privilèj patisipasyon nan tout aktivite eskolè lekòl la apwouve
W. Pèt privilèj	YY. Refere elèv la nan pwogram prevansyon ensandi ak sekirite (Fire Starter Program)
X. Sispansyon nan lekòl (1-3 jou) & Pèt privilèj patisipe nan aktivite paraskolè (1-30 jou)	ZZ. Konplete fòm notifikasyon imedyat - Immediate Notification Form (SIU)
Y. Pèt privilèj patisipasyon nan aktivite andeyò lekòl (jiska 5 jou)	AAA. Konsiltasyon avèk lapolis -Law Enforcement ¹
Z. Sispansyon nan lekòl: 1-2 jou	BBB. Distri a refere elèv la nan pwogram divèsyon sipò pou jenn nan kominote a (lè sa aplikab)
Z1. Sispansyon nan lekòl: 1 jou	CCC. Transfè desizyon adminiistratif - Administrative Reassignment

